A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Mektepke shekemgi ta’lim kafedrası

# “Uliwma psixologiya ”

pa`ni boyinsha

# lektsiya tekstleri

No`kis -2017 j

Uliwma psixologiya pa`ninin` tarixi

**Joba:**

1. Uliwma psixologiya pa`ninin` tarixi ha`m rawajlaniw basqishlari.
2. Pa`nnin` predmeti ha`m waziypalari.
3. Shaxs ha`m jamiyet

***Tayanish tu`sinikler***: psixologiya, psixologiyanin` qurilisi, psixikaliq protsessler, psixikaliq jag`daylar, psixikaliq o`zgeshelikler, psixologiyanin` tarmaqlari: eksperimental psixologiya, arnawli psixologiya, jas ayirmashiliq psixologiyasi, differentsial psixologiya, yuridikaliq
psixologiya, arnawli psixologiya h.t.b.

**A`debiyatlar.**

1. Davletshin M.G. Umumiy psixologiyaT., TDPU, 2002.
2. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
3. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
4. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.

**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz
6.www. psychology.net.ru

**Psixologiya predmeti ha`m onin` a`hmiyeti.** Ha`r bir adam aspannin` ko`k, tereklerdin` jasil ekenligin ko`redi, ko`sheden shig`ip atirg`an seslerdi esitedi, zatlardin'` issi yamasa suwiq ekenligin sezedi, yag`niy ha`r bir insan qorshag`an ortaliqti sezedi ha`m qabil etedi. Insan oylaydi ha`m so`yleydi, pikir ju`ritedi. O`tmishti eslep, keleshek haqqinda a`rman etedi. Bular este saqlaw ha`m ko`z aldimizg`a keltiriw ja`rdeminde a`melge asiriladi. Ko`plegen qubilislar insandi tolg`andiradi, kewlin ko`teredi yamasa qapa etip, qanday-da bir sezimlerdi payda etedi. Insan bir na`rselerge umtiladi, go`zlegen maqsetine jetiw ushin talapshan`liq ha`m eriklik ko`rsetedi.

Bizin` seziwimiz, qabil etiwimiz, este saqlawimiz, pikir ju`ritiw ha`m so`ylewimiz, ko`z aldimizg`a keltiriwimiz, sezimimiz **psixikaliq protsess** dep ataladi.

Ayirim waqitlari psixologiyaliq protsessler quramali ha`m uzaq dawam etiwshi xarakterge iye bolip, ko`terin`ki yamasa pa`s jedellikte ko`rinedi, belgili bir ta`sirleniwler menen o`tedi. Bul **psixikaliq jag`day** dep ataladi.

Oqiwshinin` sabaq waqtinda diqqatli yamasa diqqatsiz otiriwi, adamlarda bolatug`in kewli ko`terin`kilik yamasa ashiwli jag`daylar usinnan. Ha`r bir insan o`zinin` jeke, turaqli ayirmashiliqlari, psixikaliq qa`siyetleri menen basqalardan o`zgeshelenedi. Bir adamda qizig`iwshiliq (misali kitap oqiwg`a yamasa texnikag`a) ku`shli bolsa, basqa bir adam uqiplilig`i (matematika yamasa muzikag`a) menen o`zgeshelenedi. Ashiwshaq adam haqqinda onin` temperamenti qizg`in (jigerli) desek, ja`ne bir adamnin` minezi jaqsi, jatiq deymiz.

Qizig`iwshiliq, uqip, temperament, xarakter-bul **adamnin` psixikaliq qa`siyetleri**.

Adamlar arasindag`i bunday a`piwayi ayirmashiliqlar haqqinda tu`sinik bizde kishkene waqtimizdan payda boladi ha`m turmisliq ta`jiriybe toplaniwi menen artip baradi. Psixikaliq protsessler, psixikaliq jag`day ha`m psixikaliq qa`siyetler bir-biri menen baylanisli ha`m birgelikte psixikani (ayirim waqitlari oni adamnin` ishki du`n`yasi yamasa psixikaliq o`miri, jan du`n`yasi dep ataydi) quraydi. Solay etip, psixologiya predmeti ha`m bir jeke adamnin` psixika ha`m psixikaliq qubilisi, sonday-aq topar ha`m ja`miyette baqlanatug`in psixikaliq qubilislar bolip esaplanadi.

Insan psixikasin, onin` psixikaliq ha`reketlerinin` nizamshilig`in u`yrenetug`in ilim **psixologiya** dep ataladi. **Psixologiya shaxstin` (jeke adamnin`) psixikaliq protsess, jag`day ha`m qa`siyetlerin su`wretlep g`ana qoymastan, onin` payda boliw sebeplerin tu`sindiredi.**

Qa`legen ilim insan sanasinin` o`z aldina bir tarawi sipatinda o`zinin` ayriqsha u`yreniw predmetine iye. Uliwmaliq ma`niste psixologiyanin` u`yreniw predmeti psixika dep aytiw mu`mkin. **Psixika**- haqiyqatinda u`yreniwdin` ayriqsha predmeti. Joqarida aytip o`tkenimizdey, ïsixika-miydin` qa`siyeti. Ìiy- ko`plegen qa`siyetlerge iye, biraq psixika-ayriqsha. Bul qorshag`an a`tiraptag`i haqiyqatliqti sa`wlelendiriwshi qa`siyet. Sa`wlelendiriw qa`siyeti ta`biyatta ken` berilgen, sondada psixologiyaliq sa`wleleniw o`zinin` spetsifikaliq o`zgesheliklerine iye.

Psixologiya ilim sipatinda tek g`ana psixikanin` ha`r qiyli qubilislarin u`yreniw ha`m tu`sindiriwge g`ana emes, al olardin'` negizin ashiw ha`m uliwmalastiriw, yag`niy sebebin aniqlaw ha`m olardin'` keleshektegi payda boliwin boljaw mu`mkin bolatug`in belgili bir nizamshiliqti ornatiw.

**Psixologiya- (psuñhe-jan, Logîs-ilim)** insan haqqindag`i tiykarg`i ilimlerdin` biri. Ol A`yyemgi Gretsiyada bizin` eramizg`a shekemgi VII-IX a`sirlerde, adamlar jan ma`nisin, onin` haywanatlar janinan o`zgesheligi, jannin`

funktsiya ha`m uqiplari haqqinda sorawlar bere baslagan waqitta payda bolg`an. Psixologiya predmetin du`ziw boyinsha jumislar a`yyemgi grek filosofi, b.e.sh. IV a`sirde jasag`an, jandi psixologiyaliq bilim predmeti sipatinda tu`siniwde jan`a da`wirdi ashqan Aristotel`ge tiyisli. Fizikaliq dene yaki denesiz ideyalar emes, al dene ha`m jan ayirilmas bir pu`tinlikti qurag`an organizm onin` ushin bilim deregine aylandi. Aristotel`din` pikirinshe jan o`z aldina bir mazmun emes, al janli deneni sho`lkemlestiriw usili, formasi. Jan (denesiz) jasay almaydi, biraq ol dene emes, dep oylawshilar duris pikirleydi-degen edi ol. Onin` psixologiyaliq ta`limi mediko-biologiyaliq faktlerdin` jiyindisinan qurilg`an. Biraq bul uliwmalastiriw psixologiyanin` tiykarg`i printsiplerinin`, sho`lkemlestiriw (sistemaliq), rawajlaniw ha`m sebepliliktin` qayta du`ziliwine alip keldi. Aristotel`di ilim sipatindag`i psixologiyanin` atasi dep esaplawg`a boladi. Onin` Jan haqqindag`i jumisi uliwma psixologiyanin` birinshi kursi, bunda ol sorawdin` tariyxin, o`zinen alding`ilardin`` pikirin, olarg`a o`z ko`z-qarasin bildirgen, son` olardin`` jetiskenlik ha`m kemshiliklerinen paydalanip o`z sheshimin using`an. Ilim sipatinda psixologiyanin` maqseti psixèêàliq o`mirdin` tiykarg`i nizamlarin u’yreniwden ibarat. Bul nizamlardi biliw ha`r bir zamanago`y adam ushin za`ru`r. Psixologiyani u`yreniw adamg`a basqalardi jaqsiraq tu`siniw, olardin`` psixikaliq jag`dayin esapqa aliw unamli ha`m unamsiz ta`replerin ko`riw adamlardag`i anaw yamasa minaw jeke o`zgeshelikler qalay ha`m ne ushin payda bolatug`inlig`in aniqlaw, a`tiraptag`ilar menen baylanisti ornatiwg`a ja`rdem beredi.Psixologiyani teren` u`yrenip atirg`an ha`r bir adam o`zinin` ku`shli ha`m a`zzi ta`replerin ko`re aliwi, o`z u`stinde islew mu`mkinshiligin alip, kemshiliklerin saplastirip, jaqsi qa`siyetlerin jetilistire aladi. Psixologiyani biliw adamlarg`a oqiw ha`m jumis protsessinde ja`rdem beredi, yag`niy jaqsiraq tu`siniw, este saqlaw, diqqat ha`m oylaw qa`biletin jaqsilaydi. Psixologiya adamnin` psixologiyaliq turmisin sa`wlelendiretug`in a`debiyat, til, tariyx ha`m basqa da ja`miyetlik ilimlerdi u`yreniwde u`lken a`hmiyetke iye.

**Psixologiya ilim sipatinda**. Ilimiy ha`m turmisliq psixologiya bar ekenligi bizge belgili. Psixologiya predmeti tiri jannin` ha`r qiyli ishki ha`m sirtqi ko`rinislerindegi psixikasi, onin` bul ko`rinisler ha`m protsessler arasindag`i korrelyatsiya, sub`ekttin` sotsialliq qatnasindag`i psixikasinin` sebepshi boliwi, onin` jeke qa`siyetlerinin` roli usi ha`m basqada psixikanin` fenomen (siyrek ushirasatug`in, tan` qalarliq qubilis) belgili bir nizamshiliqqa boysing`an bolip oni ashiw ilimiy psixologiyadan talap etiledi. Bul oni fiziologiya, sotsiologiya yamasa basqa pa`nlerden shekleydi.

Endi psixologiya ilim sipatinda ne u`yrenetug`inlig`in anig`iraq ko`remiz. Zamanago`y psixologiya u`yrenetug`in tiykarg`i tu`siniklerdin` sxemaliq tu`ri to`mendegishe.




Bul tu`sinikler arqali psixologiyada u`yreniletug`in qubilislardin`` a’g’ klass atamasi qa`liplesedi. Olar to`mendegi kestede ko`rsetilgen (psixologiyada u`yreniletug`in qubilislardin`` ko`pshiligin tek a’ toparg`a jatqariw qiyin). Olar ha`m jeke ha`m toparliq boliwi, protsess ha`m jag`day tu`rinde shig`iwi mu`mkin. Sol sebepli kestenin` on` bo`leginde atap o`tilgen fenomenlerdin` birazi qaytalanadi).

«Shaxs» tu’sinigi psixologiyada en’ ko’p qollanılatug’ın tu’sinikler qatarına kiredi. Psixologiya u’yrenetug’ın barlıq fenomenler mine usı tu’sinik atırapında ju’rtiledi. İnsan ruwh’ıy a’lemi nızamlıqları menen qızıqqan h’a’r qanday alım yag’nıy izertlewshide shaxstın’ sotsiallıg’ı h’a’m usı ja’miyet penen bolg’an baylanısı ma’selesin shetlep o’talmag’an.

Shaxs penen ja’miyet ortasındag’ı o’z-ara baylanıslar ma’selesi birden-bir sheshimge kelinbegen. Bul o’z-ara mu’na’sibetler tiykarınan w polyar ko’z-qarastan kelip shıg’adı.

*<u>Nativizim</u>* bag’darının’ ta’reptarları insanlardag’ı ba’rshe qa’siyetlerin tuwma xarakterge iye dep ko’rsetedi. (Lents, Grubber h’.t.b).

*<u>Empirizm</u>* ta’reptarlarının’ pikirinshe, jan’a tuwılg’an bala «tap-taza taxta» og’an o’mir h’a’m ondag’ı talaplar o’zinin’ nızamlıqların jazadı h’a’m olarg’a so’zsiz boysınıwg’a ma’jbu’r. Bul bag’dardın’ tiykarın salıwshılardın’ biri DJ.Lokk bolıp (qyew-qu0r) onın’ pikirinshe tuwma pikirler yag’nıy ideyalar bolıwı mu’mkin emes, olar tilek h’a’m awrıw sıyaqlı elementar sezgilerdin’ qayta isleniw na’tiyjeleri esaplanadı. O’mirde mine sog’an uqsas ideyalarının’ assotsiyatsiyaları bolıp o’tedi. G.Leybnits (qyry-quqy) Lokkqa tilek bildirip o’mirde ulıwma taza, pa’k doskanın’ o’zi bolmaydı, h’a’tteke en’ jaqsı tegislengen mıramır betinde de sezilerli tesikler, do’n’likler yag’nıy tuwma izler boladı, olar qa’biletler sıyaqlı insan tag’dirinde ma’lim rol oynaydı. Bul eki iri bag’dar ortasındag’ı tartısıwlarg’a sheek qoyıw maqsetinde F.Galton qatar eksperimental izertlewler o’tkizip h’a’r bir individke ta’n differentsial qa’siyetler bar ekenligin «egizikler metodı» ja’rdeminde tiykarlawg’a h’a’reket qıldı.

İnsan ja’miyet ag’zası sıpatında onın’ normaları boysınadı, onın’ ku’tiwlerine juwap beriwge h’a’reket qıladı h’a’m o’z qulqın onın’ talaplarına maslastırıwg’a umtıladı. Usı ko’z-qarastan kelip shıg’ıp shaxsqa tu’sinik beremiz.

**Shaxs** – sotsiallıq h’a’m shaxslararalıq mu’na’sebetlerdin’ miywesi sanalı xızmetinin’ subekti bolg’an individ esaplanadı.

Shaxsqa tiyisli bolg’an en’ za’ru’r sıpatlama h’a’m onın’ ja’miyettegi qıyın sotsiallıq mu’na’sebetlerge tikkeley baylanıslıq sotsialıq xızmetine qarata h’a’m obekt, h’a’m subekt bolıwı esaplanadı.

Shaxs sotsiallıq qulqına tu’rli sırtqı ku’shler ta’sir qıladı` siyasiy, ideyalogiyalıq, ma’deniy, minez-qulıq h’.t.b.

Shaxs tu’rli sotsiallıq mu’na’sebetler dizimi ta’sirinde boladı h’a’m ko’plep sotsiallıq institutlar (shan’araq, sho’lkemler, din, sanaat, ma’deniyat h’.b.) menen baylanıslı boladı.

Ja’miyettlik norma – shaxs o’mirinde sonday kategoriya, ol ja’miyettin’ o’z ag’zaları minez-qulqına qarata islep shıqqan h’a’m ko’pshilik ta’repinen atap o’tilgen h’a’reketler talapları esaplanadı. Ma’selen, oqıwshının’ oqıtıwshı bergen tapsırmaların orınlaw lazımlıg’ı-norma, insanlardın’ xu’rmettin ornına qoyıw norma h’a’m tag’ı da basqalar. Bul normalardı adam islep shıqpaydı ja’miyetlik  sanktsiyalar – normalardın’ shaxs minezinde ko’rinetug’ın tekseriwshi jaza h’a’m eskertiw (rag’badlandırıw) mexanizmleri bolıp, olardın’ bar ekenligi sebepli biz h’a’r bir ayrıqsha jag’daylar da sotsiallıq qulıq normaların buzbawg’a, ja’miyetshiliktin’ qarsı pikiri obektine aylanıp qalmawına h’a’reket qılamız.

Ha’r bir ayrıqsha shaxs ja’miyet ta’repinen islep shıg’ılg’an h’a’m qabıl qılıng’an ja’miyetlik normalar h’a’m sanktsiyalardı ol yamasa bul ja’miyetlikrollerin orınlawshı dawamında qulıqında ko’rsetedi.

*Rol* – shaxsqa qarata sonday tu’sinik, onın’ kokret o’mirlik jag’daylardag’ı h’uquq h’a’m wazıypalarınan ibarat h’a’reketleri jıyındısın bildiredi.

Ja’miyetlik normalar, sanktsiyalar, roller ja’miyetlik mexanizmler sıpatında shaxs minez-qulıqın ma’lim mag’ınada basqarıp, saplastırıp turıwg’a ja’rdem beredi. Biraq insan ka’milligi onın’ minez – ja’miyetlik normalar shen’berindegi h’a’reketi onın’ o’zine de baylanıslı.

Shaxstın’ o’zi o’z minez-qulıq qa’siyetleri, ja’miyettegi ornı ko’z aldına keltiriwden payda bolg’an obraz – «Men» obrazı dep atalg’an, onın’ qa’nsheli adekvatlıg’ı h’a’m reallıqqa jaqınlıg’ı shaxs barkamallıg’ının’ mizanlarınan esaplanadı.

«Men» obrazının’ sotsiallıq psixologiyalıq a’h’miyeti sonda, ol shaxs ta’rbiyasının’ h’a’m ta’rbiyalang’anlıg’ın za’ru’r faktorlar menen esaplanadı. «Men» obrazının’ jaqsı yaamasa jamanlıg’ı tag’ı sol shaxstı orap turg’an sırtqı muh’it, o’zgeler h’a’m olardın’ mu’na’sebeti u’lken rol oynaydı. Adam o’zgege qarap, aynada o’zin ko’rgendey ko’z aldına keltiredi. Bul protsess psixologiyada refleksiya dep atalad. Onın’ mazmunı – o’zine uqsas adamlar obrazı arqalı o’zi h’aqqındag’ı obrazdı qa’liplestiri, bag’darlaw refleksiya «men»-obrazı iyesinin’ sanasına tiyisli protsess.

Men – obrazı h’a’m o’zin-o’zi baqlaw.

«Men» - obrazı tiykarında da bir shaxsqa o’z-o’zin qarata baqlaw dizimi qa’liplesedi, bul dizimde obrazg’a say tu’rde h’a’r tu’rli bolıwı mu’mkin. O’zi-o’zine qarata bah’a-tu’rli ko’rsetkishler h’a’m shaxstın’ arttırılg’an ta’jiriybes, usı ta’jiriybe tiykarında jatqan jetiskenliklerge baylanıstı qalda tu’rlishe boladı.

O’zi-o’zine bah’a h’aqıyqatqa jaqın (adekvat) tuwrı bolıwı, ba’lki ol ju’da’ to’men yamasa joqarı bolıwı mu’mkin.

**O’z - o’zine bah’anın’ to’men bolıwı** ko’binese atırapımızdag’ı shaxsqa qarat qoyıp atrıg’an talaplardın’ ju’da’ artıqlıg’ı, olardı orınlay almaslıg’ı, tu’rli qarsılıqlardın’ h’a’r dayım bildiriliwi, jumısta, oqıwda h’a’m so’ylewsiw dawamında jen’iliwlerge ushıraw aqıbetinde payda bolıwı mmkin.

**O’z-o’zine bah’a ju’da’ joqarı** da shaxs minez-qulıqına jaqsı ta’sir ko’rsetpeydi. Sebebi ol da shaxs jetiskenlikleri yag’nıy onda sıpatlardın’ basqalar ta’repinen jasalma ta’rizde bo’rttiriliwi, orınsız maqtawlar, tu’rli qıyınshılıqlardı shetlep o’tiwge umtılıwı sebebli qa’liplesedi.

**Realistik bah’a** shaxstı orap turg’an - ata-ana, jaqın qarındaslar, pedagog h’a’m trinerler, qon’sılar h’a’m jaqınlardın’ orınlı h’a’m tiykarlı bah’alawları, real jaqsı mu’na’sebetler jemisi bolıp, shaxs usı mu’na’sebetlerdi da’slepki jasında–aq tuwrı qabıl qılıwg’a, o’z waqıtında kerek bolsa du’zewlewge u’yretilgen boladı. Bunda shaxs ushın etalon, ibratlı esaplang’an insanlar toparı – referent topardın’ roli u’lken boladı. O’z-o’zi bah’alaw o’z-o’zin ta’rbiyalawdın’ fundamental h’a’m za’ru’r mizanı. O’z-o’zin ta’rbiyalaw faktorları h’a’m mexanizmlerine bolsa, to’mendegiler kiredi`

■ O’z-o’zi menen sa’wbet (o’zin kokret ta’rbiya obekti sıpatında qabıl etiw h’a’m o’zi menen mu’na’sebet uyımlastırıw sıpatında)~

■ O’z-o’zine isendiriw (o’z imkaniyatları, ku’sh h’a’m erkine iseniw arqalı, jaqsı minez normalarına boysındırıw)~

■ O’z-o’zine buyrıq beriw (tıg’ız h’a’m ekstremal jag’daylarda o’zin qolg’a alıw h’a’m o’zin jolg’a salıp biliw sıpatı)~

■ O’z-o’zine ta’sir yag’nıy autosuggestiya (ja’miyetlik normalardan kelip shıqqan jag’dayda o’zine maqul ustanovkaların qa’liplestiriw)~

■ İshki ta’rtib – o’z-o’zin basqarıwdın’ za’ru’r ta’repi, h’a’r waqıt h’a’r jerde o’zinin’ barlıq h’a’reketlerin muntazam ra’wishte korrektsiya qiliw h’a’m basqarıw ushın za’ru’r sıpat.

Joqarıda o’z-o’zin basqarıw mexanizmleri arasında psixologiyalıq ko’z-qarastan o’z-o’zi menen a’melge asırılatug’ın *ishki dialog* ayrıqsha orın iyeleydi. O’z-o’zi menen dialog – a’pıwayı til menen aytqanda, o’zi menen o’zi so’ylsesiw. Bul qa’bilet bizlerdin’ basqalar menen a’melge asıratug’ın sırtqı dialoglarimiz tiykarında rawajlanadı, biraq ishki dialog za’ru’r regulyativ rol oynaydı. E.Klimov bunday dialogtın’ u’sh basqıshın ko’rsetip o’tedi.

Shaxs onın’ du’nyanı biliw, o’zin h’a’m a’tiraptag’ı insanıylıq mu’na’sebetlerdi biliw, tu’siniw h’a’m o’z-ara mu’na’sebetler protsessin de o’zine de ta’krarlanbas individuallıqta ko’rsetiwi h’a’mde sol protseslerdin’ jasqa yamasa jınısqa baylanıslı ayrım ta’replerin analiz etiw bizge ulıwma ra’wishte shaxs-ja’miyette jasaytug’ın ja’miyetlik tiri jan esaplanadı, degen pikirdi qaytarıwg’a imkan beredi.

Demek, h’a’r birimizdin’ ja’miyettegi ornımız, onı qashan h’a’m qanday sharayatlarda payda bolg’anı, ja’miyetke qoılıp jasawımızdın’ psixologiyalıq mexanizmleri pa’nnin’ za’ru’r wazıypalarının’ biri. Bul protsess psixologiyada sotsiallasıw yag’nıy sotsializatsiya dep ataladı.

**Shaxs autodialogtın’ za’ru’r belgileri**

| İshki dialogtın’ qa’liplesiw da’rejesi | Basqı shlar | İshki dialogtın’ da’rejeli belgileri (autokommunikatsiya) |
|---|---|---|
| ***Joqarı*** | *6*-basqısh | Jeke mazmundag’ı dialog (o’zindegi jeke sıpatların ba’sekelesiw, shaxsiy ornatıw) |
| ***da’reje*** | *5*–basqısh | Na’rse h’a’m qa’diselerge baylanıslı bolg’an sıpatlar jeke ishki dialog |
| ***Orta*** | *4*-basqısh | Jeke sıpatlar ba’sekelesiwge qaratılg’an sorawlar o’zine talaplar |
| ***da’reje*** | *3*-basqısh | Basqalardın’ bah’aları ta’sirindegi ishki ba’sekelesiw, jeke a’h’amiyet ka’sip etken o’zgeler pikiri tiykarında ishki dialog |
| ***To’men*** | *2*-basqısh | Jeke sıpatlarg’a baylanıslı bolmag’an o’zgeler pikirleri tiykarında dialog (na’rse h’a’m qa’diseler baylanıslı pikirler) |
| ***da’reje*** | *1*-basqısh | Kimdir ne h’aqqında so’ylew mu’mkin bolg’an jag’daylarında ko’z aldına keltiriw, biraq anıq pikir yamasa mu’na’sebet joq. Autokommunikatsiyag’a qa’jet joq. |

Demek, sotsializatsiya yag’nıy sotsiallasıw – insan ta’repinen ja’miyetlik ta’jiriybeni iyelew h’a’m o’mir-xızmet protsessinde onı aktiv ta’rizde o’zlestiriw protsessi. !piwayı til menen aytqanda, ja’miyetlesiw h’a’r bir shaxstın’ ja’miyetke qosılıwı, onın’ normaları, talapları h’a’m ta’sirin qabıl etken h’alda h’a’r bir h’a’reketi h’a’m so’ylesiwi onın’ ko’rsetiwi h’a’m kerek bolsa, sol ja’miyetlik ta’jiriybesi menen o’z na’wbetinde o’zgelerge ta’sirin o’tkize alıw protsessi esaplanadı.

**Ja’miyetlesiw protsessinde shaxs bag’darının’ qa’liplesiwi.**

Ja’miyetlesiw protsessinde shaxs xızmetin bag’darlar turatug’ın h’a’m real jag’daylarg’a qarag’anda turg’ın, turaqlı mativler jıyındısına iye bolıw shaxstın’ bag’darlang’anlıg’ı dep ataladı. Bag’darlang’anlıqtın’ en’ za’ru’r quramı to’mendegiler quraydı.

**Juwapkershilik**- bul sotsiallasıw protsessinde shaxstın’ ko’rsetkishlerden esaplanadı. Bunda h’a’r bir insanda w tipli juwapkershilik boladı.

1-tipli bunda insan o’zinin’ o’mirinde bolıp atırg’an barlıq h’a’diyselerdin’ sebepshisi tek g’ana o’zi dep biledi. (Men o’zim barlıq na’rselerge o’zim juwapkermen. Menin’ o’mirimde h’a’m jetiskenliklerim tek o’zime baylanıslı, sonın’ ushın o’zim h’a’m shan’arag’ım ushın h’a’m o’zim juwap beremen).

2-tipli bunda insan barlıq na’seler h’a’m h’a’diyseler ju’z berip atırg’an waqiyalardın’ sebepshisi sırtqı faktorlar h’a’m basqa adamlar dep biledi. (ata-ana, oqıtıwshılar, kollektiv, baslıqlar, tanıslar h’.t.b.).

**Maqsetler h’a’m ideyalar.** Sotsiallasıwdın’ juwarkershilik tuyg’ısına baylanıslı bag’darlarına ja’ne biri shaxsqa qa’liplesetug’ın maqsetler h’a’m ideyalar esaplanadı. Olar shaxstın’ keleshegin boljau, ertengi ku’nin ko’z aldına keltiriw h’a’m uzaq h’a’m jaqıng’a jobalastırıw rejelerin a’melge asırıwg’a tayarlıg’ın ta’miyinleydi. Maqset h’a’m jobasız insan – ruwxıysız pessimist esaplanadı. İdeyalar – shaxstın’ h’a’zirgi real imkaniyatları shegarasına arzıw-a’rmanları, olar sanada bar, biraq h’a’r dayım da a’melge aspaydı.

**Qızıg’ıwlar h’a’m du’niyaqaras.** №ızıg’ıwlarda tu’sinip jetilgen motivlerden bolıp, olar shaxstın’ atrapında bolıp atırg’an barlıq h’a’diyseler, a’lemler, olardın’ o’z-ara mu’na’sebetleri, jan’alıqlar barısında faktler toplaw, olardı u’yreniwge imkan beriwshi faktor esaplanadı.№ızıg’ıwlar mazmunan ken’ yamasa tar maqset ta’repinen professional h’a’r dayımlı h’a’m waqtınshalıq bolıwı mu’mkin.

Qızıg’ıwlar h’a’r birimizdegi du’niyaqarastı qa’liplestiredi. Du’niyaqaras ta’rtipke salıng’an sanalı dizimge aylandırılg’an bilim ko’z aldına keltiriwler h’a’m idealar jıyındısı. Shaxstın’ ma’lim bir qa’lipte, o’z shaxsiy ko’rinisine iye ta’rizde ja’miyette mu’na’sip orın iyelewge shaqıradı.

Du'niyaqaras – shaxstın' shaxs ekenligi (individ emes) onın' ruwxıylıg'ı, sotsiallasıw, da'rejesin ko'rsetiwshi ku'shli mativlerden. Sonın' ushın da onın' qa'liplesiwi h'a'm o'zgeriw ma'selesi za'ru'r ma'selelerden bolıp, h'a'mme waqıt h'a'm da'wirlerde de ju'da' za'ru'r bolıp kelgen.

**1. Ruwxıy-ag'artıwshılıq.** Ag'artıwshılıq - adamnın' ta'biyat, ja'miyet h'a'm isnarlar h'aqqındag'ı tu'rli bilimleri, tu'sinikleri, onın' mazmunı tikkeley shaxs du'niyaqarasının' mazmun a'h'miyetin belgileydi.

**2. Shan'araq.** Shan'araq ja'miyetlesiwdin' tiykarg'ı h'a'm za'ru'r oshag'ı bolg'an u'shın da onın' usı muxitta ta'rbiyalanıp atırg'an jaslar du'niyaqarasındag'ı roli sezilerli.

**3. İdeyalogiya.** Ha'r bir da'wirdin' o'z ideyalogiyası boladı h'a'm ol shaxs ja'miyetlesiw protsessinde onın' sanasına ta'sir ko'rsetiwshi za'ru'r faktorlardan esaplanadı.

**4. Sotsiallıq ustanovkalar.** Pa'k psixologiyalıq mag'ınada jan'asha pikir ju'ritiw h'a'm du'niyaqarastı qa'liplestiriwshi h'a'm o'zgertiwshi sotsiallıq psixologiyalıq mexanizm – bul sotsiallıq ustanovkalar esaplanadı.

Bul – shaxstın' a'tirap-muxitta bolıp o'tip atırg'an sotsiallıq h'a'diyselerdi, obektlerdi, sotsiallıq toparlardı ma'lim ta'rizde oylaw, qabıl qılıw h'a'm olar menen mu'na'sebet ornatıwg'a ruwxıy ishki h'a'zirlik sıpatında adamdag'ı du'niyaqarastı da o'zgertiwge baylanıslı kategoriya esaplanadı.

**Ta`kirarlaw ushin sorawlar**

- Psixologiya so`z qanday ma`nini an`latadi.
- Psixologiya neni u`yrenedi. Onin` aniqlamasin berin`.
- Psixologiyanin` waziypasina neler kiredi.
- Psixikaliq jag`daylar degende neni tu`sinesiz.
- Psixikaliq qubilislar degenimiz ne.
- Insannin` psixikaliq qubilislar ha`m psixikaliq qa`siyetlerin atap o`tin`. Olardin`` psixikaliq jag`daydan ayirmashilig`i nede
- Psixologiyaliq ilimnin` tiykarg`i ma`seleleri neden ibarat
- Onin` a`hmiyetleri qanday.
- Zamanago`y psixologiyada tiykarg`i bag`darlar qanday
- Shaxs ham jamiyet muxit maselesi. Qyliq normalari.
- Shaxstin oz-ozin anlaw. «Men» obrazi.
- Shaxs, onin jamiyetlesiw faktorlari.
- Jamiyetlesiw basqishlari. Shaxs ham jamiyet.
- Shaxs bagdarinin psixologiyaliq dizimi.
- Shaxs duniyaqarasi.

Janasha oi-pikir ham saw awlat ta'rbiyasi

**Tema: Uliwma psixologiya pa`ninin` predmeti.**

**Joba:**

1. Psixologiya tabiiy ha`m ja`miyetlik ilimiy pa`n sipatinda.
2. Psixologiyaliq bilimlardin`` o'zine say tamanlari.
3. Miy ha`m psixika. Psixika ha`m sana
2. Psixikanin` filosofiya quraminda rawajlaniwi Shig`is oyshillari.

***Tayanish tu`sinikler***: nerv sistemasi du`zilisi, miy, miydin` du`zilisi, miy bo`lmesheleri, orayliq miy, arqa miy, ortan`g`i miy, ko`pirshe, on` yarim sharlari, shep yarim sharlari

**A`debiyatlar**


**1.** Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .

**2.** İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.

**3.** G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.

**4.** Xaydarov F.İ. Xalilova N., Umumiy psixologiya. T.: 2009

**5.** Yugay A.X. Laboratorno-prakticheskie zanyatiya po psixologii. T.: TDPU, 2008.

**6.** G`oziev E. «Ontogenez psixologiyası»-T.: Noshir. 2010.


**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz

Psixologiya tarawında anıq sabaqlıqlar jazıla baslag'an da'wirge de sa'l kem qy0-jıl boldı. Sol da'wirge de ju'da' ko'plep ilimiy–izertlew na'tiyjesinde o'z ishine alg'an monografiyalar, sabaqlıqlar qollanbalar jazıldı. Biraq usının' menen pa'ninin' ja'miyet turmısında tutqan ornı ju'da' o'sip keldi, dep bolmaydı. Sebebi psixologiya tarawında jumıs islegen ba'rshe alımlar ko'birek dıqqatların oyların shaxstın' individual psixologiyasına qaratadı. Mısal` insan onın' barkamallılıg'ın ja'miyettin' rawajlanıwına bir qansha ta'siri ma'selesi o'tip baratırg'an a'sirimizdin' aqırına kelip ju'da' anıq h'a'm tiykarg'ı mashqalalar qatarınan jay aladı.

XX a'sir h'a'm onın' erisilgen jetiskenliklerinen en' a'h'miyetlisi sonnan ibarat texnika, elektronika h'a'm usıg'an uqsas quramalı texnologiyalardı jaratqan insan h'a'm onın' ku'ndelikli turmısı menen tikkeley baylanıslı mashqalalar ko'beyip barıwı menen xarakterlenedi. ?aqıtı kelgende, sonday faktke dus kelemiz, o'zimizdin' a'tirapımızdag'ılardın' ruwxıy keshirmelerin durıs bah'alay almag'anlıg'ı sebepli o'zin sharasız h'a'm ku'shsiz seziwi mu'mkin ekenligin turmıs da'liyllep berdi.

XXI a'sir bosag'asında ko'plegen ma'mleketlerde bolg'anı sıyaqlı O'zbekistanda h'a'm ba'rshe tarawlarda reformalar baslandı. Bul reformalardın' h'a'mmesi insan ta'sirin h'a'r qashang'ıdan da joqarı da'rejede ko'terip, onın' ku'shi, sezimi ruwxıy wa'mde aqılıy barkamallıg'ı tikkeley rawajlanıw h'a'm tsivilizatsiya menen tıg'ız baylanıstıradı. Bunnan insan h'a'm onın' jedelligi, o'z u'stinde islewi, o'zinin' jedelligi h'aqqında qayg'ırıw mashqalası h'a'r qashang'ıdan da a'h'miyetli biraq psixologiyalıq qubılıslar menen h'a'r qanday insan h'a'm tanıs bolıwı h'a'm ol insan o'mirinin' tiykarın qurawı kerek.

İnsan psixologiyasının' biliw, o'z jetiskenliklerin h'a'm bilimlerin sho'lkemlestiriwdi biliw, h'a'r qanday jaslıq da'wirde de optimal ra'wishte jumısqa jaramlılıqtı, tu'rli o'zgerislerge psixologiyalıq ta'repten tayarlıqtı ta'miynlew, jan'asha pikirlew h'a'm oylap biliw, ju'z berep atırg'an waqıyalardı obektiv h'a'm tuwrıdan-tuwrı alıw qa'biletin rawajlandırıw mashqalasın alg'a su'rdi. Jan'a da'wir h'a'm onın' o'zgerislerge bay turmısı endi h'a'r bir kisinin' psixik waqıyalar nızamlıqların biliw h'a'm sog'an say ta'rizde aqılana h'a'm qag'ıydalar tiykarında is ju'ritiw za'ru'rligi talap qılınbaqta.

**Shig`is oyshilarinin` psixologiyaliq ko`z-qaraslari:**

**Xorazmiy-** Turannin` pu`tkil du`n`yag`a taniqli alimlarinan biri Muha`memed Ibn Mussa Xorazmiy bolip, ol shama menen wh'q-jilda tuwilip, h'o'0-jilda Bag`dadta qaytis bolg`an. Onin` atin tariyxta qaldirg`an shig`armalarinan – biri «Al muqabama» bul shig`arma Batis ha`m Shig`is alimlarina algebra pa`ni boyinsha da`stu`r sipatinda xizmet etedi. «Algoritm», «Algebra» degen atamalar Xorezmiy ati menen baylanisli Xorazmiy sezimlik ha`m aqiliy biliwdin` o`zine ta`n o`zgesheliklerinin` ma`nisin, o`z-ara baylanisin aytip o`tedi. Aqiliy biliw sezimsiz bolmaydi. Sezimlik biliw barliqtin` sirtqi ta`repleri haqqinda bilim beriw o`zegi. Aqiliy biliw ja`rdeminde insan na`rse ha`m ha`diyselerdin` quramali ishki du`zilisin, a`hmiyetin, nizamliqlarin bilip aladi.

Mussa Xorazmiydin` shig`armalari jaratqan ta`liymati psixologiyaliq, filosofiyaliq ko`z-qaraslari ha`zirgi da`wir ushin u`lken g`a`ziyine, erkinliginin` ushin xizmet etetug`in biybaha ruxiy bayliq bolip tabiladi.

**Farabiy -** Pu`tkil du`n`yanin` u`lken hu`rmetine iye ulli alimlarinin` biri Abu Nasr Farobiy h'wq-jili Forob awilinda du`n`yag`a kelgen. Aristotelden keyingi ekinshi mug`allim, Shig`is Aristoteli degen at penen tanilg`an. Farabiy biliwde eki basqishti sezimlik ha`m aqiliy biliwdi ayiradi, sezimlik biliw barliqtin` sirtqi qa`siyetleri haqqinda bilim beriw o`zegin, aqiliy biliw sezimlik biliwsiz payda bolmaydi deydi. Farabiy insan onin` seziwi aqili materialliq du`n`ya rawajlaniwinin` o`nimli dep esaplaydi.

**Ibn Sina** - Abu Ali Ibn Sina (980-1037) «Shayxur Rais», «Olimlar olimi» pu`tkil du`n`ya pa`ninin` ulli arbabi. Ibn Sina seziwdi sirtqi ha`m ishki seziwlerge bo`ledi. Sirtqi seziwler insandi sirtqi du`n`ya menen baylanistiradi. Ishki seziwler aqil oylawi eslep qaliwi, u`lken a`hmiyetke iye ekenligin aytip o`tedi.

Ibn Sina miydi barliq seziwlerden bariwshi nervler orayi uliwma insan nerv sistemasinin` orayi ekenligi haqqindag`i ta`limattin aldi su`redi. Organizmde ju`z berip atirg`an protsessler menen sonin` ishinde nerv sistemasi menen ko`plegen emotsional jag`daylar, stressler baylanisli. Birinshilerden bolip buni X a`sirdin` belgili ilimpazi Ibn Sina da`lillegen. Psixiologiyaliq qubilislardin`` fiziologiyaliqlardan g`a`rezliligin izertley otirip, zamanago`y psixologiyada **«assotsiativ eksperiment»** dep atalg`an metodikani islep shiqti. Bul eksperiment adam ushin emotsional a`hmiyetli bolg`an so`z yamasa oy, dem aliw, pul`s, reaktsiya waqti ha`m t. basqani payda etetug`inlig`in aniq ko`rsetti. Bul faktke belgili shinliq detoktorlari da qurilg`an, bunda somatikaliq protsesslerdegi buriliw (qiysayiw), o`tirik juwaplardi diagnostiqalaydi.

Ibn Sina sonday-aq, «eksperimental nevroz» dep atalg`an qubilisti izertlewdi aldin ala sezgen, ta`jiriybeni o`tkergen.

Eki qoyg`a birdey ot-sho`p berildi. Biraq birinshisi normal jag`dayda, al ekinshisi bolsa qasina qasqir baylang`an jag`dayda awqatlang`an. Qorqiw bul qoydin` minez-qulqina ha`m as sin`iriwine ta`sir etti. Ol birinshi qoy menen ten`dey awqatlansa da, tez arada ju`da` azip, o`lip qaldi. Solay etip, teren` somatikaliq qozg`alista qarama-qarsi emotsional ta`shwishlerdin` (awqatqa talap bir ta`repten, ekinshi ta`repten-qorqiw) rolin aniq ko`rsetken.

Beruniy- **Xorezmli alim Abu Rayxan Beruniy (9wq-a'0n'h') onin` psixologiyaliq ko`z qaraslari – biliw protsessleri seziwden baslaniwi ha`m oylawg`a ko`teriledi belgili na`rselerden belgisiz na`rseler ha`m ha`diyselerdi biliwge qaray rawajlanip baradi. Biliw protsesslerinde sezimlik biliw-seziw, qabil etiw, este saqlawg`a bularsiz tabiyat ha`diyselerin haqqinda pikirdi payda etiw mu`mkin emes dep keltiredi.**

**Biliw protsessinde baqlaw, salistiriw u`lken a`hmiyetke iye ekenligin aytadi. Insannin` este saqlawinin` jaqsi boliwi ha`mme na`rselerge jaqsi tez, ha`m an`sat este qaladi deydi.**

**Navoiy-** Alisher Navoiy (1441-1501) du`n`ya ju`zi pa`ninde o`shpes iz qaldirg`an ulli o`zbek shayiri, alimi oyshili bolip tabiladi. Onin` filosofiyaliq – insan o`zinin` bes seziw ag`zalari arqali sirtqi du`n`yani bilip aladi. Duris aniq mag`liwmatlarg`a iye boladi, olardi miyde oylaw ja`rdeminde uliwmalastiradi, qayta isleydi, keyin ala juwmaq shig`aradi deydi.

Psixikanin` is-ha`reket nizamlarin tu`siniwde seziw organlari ha`m nerv sistemasi jumisin u`yrengen fiziologlardin'` jetiskenlikleri u`lken a`hmiyetke iye. Qabil aliwdin` psixofiziologiyalari boyinsha birinshi izertlewler XI a`sirde arab ilimpazi **Ibn al`-Xaysam** ta`repinen baslandi, ol ko`riw arqali qabillaw protsessinde tuwri optik na`tiyjelerge sanali tu`rde bolmasa da qosimsha psixikaliq aktler qosiladi, ha`m na`tiyjede qorshag`an a`tiraptag`i zatlardin'`, onin` ko`lemi h.t.b. formasin qabil aliw payda bolatug`inlig`in ashti. Ob`ektlerdi toliq qabillaw ushin ko`zler ha`reketi-ko`riw ko`sheri awisiwi za`ru`r. Usinin` na`tiyjesinde organizm avtomatik tu`rde operatsiyani a`melge asiradi.

**Psixologiyanin` basqa pa`nler menen baylanisi**. Filosofiya, sotsiologiya, pedagogika, biologiya, fiziologiya, ximiya, fizika. matematika h.t.b.

**Ta`kirarlaw ushin sorawlar.**

1. Psixikanin` rawajlaniwi degenimiz ne
2. Joqari nerv xizmeti ha`m psixika
3. Psixikanin` rawajlaniw basqishlarin aytip berin`.
4. Filogenez degenimiz ne
5. Ontogenez degenimiz ne
6. Instinkt degenimiz ne. Onin` fiziologiyaliq tiykari qanday.
7. Haywanlar uqiplari degenimiz ne.
8. Haywanlardin'` intellektualliq minez-qulqina qisqasha minezleme berin`.
9. Biz neni adam sanasi dep ataymiz, ol haywanlardin'` psixikasinan nesi menen ayriqshalanadi.
10. Adam sanasinin` rawajlaniwi nege baylanisli.
11. Sha`rtsiz refleks degenimiz ne.
12. Sha`rtli refleks degenimiz ne.
13. Pavlov neni birinshi signalliq sistema dep atag`an. Bul sistemalardin'` ha`r birinin` adam ushin a`hmiyeti qanday.
14. Ekinshi signal sistemasi degenimiz ne. Bul sistemalardin'` ha`r birinin` adam ushin a`hmiyeti qanday.
15. Siz baqlag`an haywanlardag`i instinktiv ha`reketlerdi su`wretlep berin`.
16. Adam ha`m haywanlardin'` intellektual minez-qulqin arasindag`i ayirmashiliqti misallar menen tu`sindirin`.
17. Sanasizliq adamda qanday jag`daylarda payda boladi.
18. Canasizliqqa misallar keltirin`.
19. Zigmund Freydtin` «Sanasizliq» psixologiyasi atli miynetinde ne haqqinda aytilg`an

## Tema: Psixologiyanin` du`zilisi ha`m ilimiy metodlari

**Joba:**

1. Psixologiyanin` du`zilisi (tarmaqlari).
2. Psixologiyanin` izertlew metodlari ha`m ilimiy printsipleri.
3. Psixologiyanin` ilimiy bag`darlari.

***Tayanish tu`sinikler***: psixikaliq protsessler-diqqat, oylaw, qabil etiw, so`z, este saqlaw., psixikaliq jag`daylar-apatiya, ja`bir shegiw, turaqli qizig`iwshiliq., psixikaliq o`zgeshelikler-bag`darlaniwshiliq, temperament, xarakter, uqipliliq.

**A`debiyatlar.**

5. Davletshin M.G. Umumiy psixologiyaT., TDPU, 2002.
6. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
7. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
8. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.

**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz
6.www. psychology.net.ru

1. Ha`zirgi zaman psixologiyasi usi ilimnin` tariyxiy rawajlaniwi qubilisinda bo`linip shiqqan, biraq, biri-biri menen tig`iz baylanisqan sol ilimnin` ha`r qiyli tarawlarinin` quramali sistemasinan ibarat. Usilardin'` ishindegi en` a`hmiyetlileri minalar: egerde adamnin` psixikaliq xizmetinin` uliwma nizamliliqlarin u`yrenetug`in *uliwma psixologiya*; Psixologiyanin` arnawli tarawlari bala ta`rbiyalaw ha`m oqitiwdin` teoriya ha`m praktikasi menen tig`iz baylanisli bolip, ha`r qiyli jas basqishlarinda psixikanin` rawajlaniwinin` o`zgesheliklerin, ha`r qiyli jastag`i balalardin'` ha`m mektep oqiwshilarinin` psixikaliq o`zgesheliklerin (jas psixolgiyasinin` bul tarawi *balalar psixologiyasi* dep ataladi) izertlewdin` jas psixologiyasi, jas a`wladqa ta`lim (ta`lim psixologiyasi) ha`m ta`rbiya psixologiyasi, ta`rbiya beriwdin` psixologiyaliq nizamliqlari menen shug`illanatug`in pedagogikaliq psixologiya, izertlew predmeti toparlardin'` ha`m kollektivlerdin` psixologiyasi. Olar arasindag`i o`z-ara qatnaslar bolg`an sotsialliq psixologiya, miynet xizmetinin` ha`rqiyli tu`rlerinin` – injenerlik psixologiyasi, genetikaliq psixologiya, psixofiziologiya, differentsial psixologiya, jas o`zgesheligi psixologiyasi, sotsialliq psixologiya, pedagogikaliq psixologiya, meditsinaliq psixologiya, patopsixologiya, yuridikaliq psixologiya, psixodiagnostika ha`m psixoterapiyani o`z ishine qamtiydi.

2. Psixologiyaliq izertlew usillari.

Ilimiy izertlew metodlari- bul ilimpazlar son` ilimiy teoriyalar du`ziw ha`m praktikaliq usinislar islep shig`iwda paydalanilatug`in isenimli mag`liwmatlardi jiynawda ja`rdem beretug`in metod ha`m qurallar. Ilimnin` ku`shi ko`binese izertlew metodlardin'` jetiskenligine, olardin'` qanshelli da`rejede isenimliligine, basqa ilimler usillarinda payda bolg`an jan`aliqlardi bilimnin` bul tarawi qanshelli tez ha`m na`tiyjeli qabillawi ha`m paydalaniwina baylanisli. Usilarg`a erisilgen jerde alg`a ilgerilewshilik ko`zge taslanadi.

Joqarida aytilg`anlar psixologiyag`a da tiyisli. Onin` qubilislari sonshelli da`rejede quramali ha`m ha`r qiyli, u`yreniw ushin ju`da` qiyin bolg`anlig`i sebepli bul ilim tariyxi dawaminda onin` tabislari, jetiskenlikleri tikkeley izertlew usillarin qollaniwdi jetilistiriwge baylanisli edi. Waqittin` o`tiwi menen onda ha`r qiyli ilimlerdin` usillari integratsiyalandi. Bul filosofiya ha`m sotsiologiya, matematika ha`m fizika, informatika ha`m kibernetika, fiziologiya ha`m meditsina, biologiya, tariyx ha`m tag`i basqa bilimler usillari.

Ta`biyiy ha`m aniq ilimler usillarin qollaniw na`tiyjesinde psixologiya o`tken a`sirdin` ekinshi yariminan baslap o`z aldina ilim sipatinda ajiratilip shig`ip, jedel rawajlana basladi. Sol waqitqa shekem psixologiyaliq bilimlerdi tiykarinan o`zi baqlaw (introspektsiya) oy juwirtiwg`a tiykarlang`an talqilaw, basqa adamlardin'` ha`reketlerin baqlaw jollari menen alinatug`in edi. Usinday turmisliq faktlerdi tallaw ha`m duris uliwmalastiriw psixologiya tariyxinda o`zinin` unamli rolin oynadi. Olar psixologiyaliq fenomen ha`m adamnin` minez-qulqi negizin tu`sindiriwshi da`slepki ilimiy teoriyalardi du`ziwge tiykar boldi. Biraq bul usillardin'` sub`ektivizmi, olardin'` jeterli da`rejede isenimli bolmawi ha`m quramalilig`i aqibetinde psixologiya psixikaliq ha`m basqa qubilislar arasindag`i sebep-aqibet baylanislarin da`lillewshi emes, al shamalawshi, eksperimental emes, filosofiyaliq ilim bolip qaldi. Sonin` menen birge og`iri teoretizatsiyalang`anlig`i sebepli praktikadan u`zilip qaldi.

Psixologiyaliq qubilislardi sanliq bahalawg`a uriniwlari XIX a`sirdin` g'-yariminan baslap a`melge asirilmaqta. Bunday uriniwlardin'` da`slepkilerinen biri adam seziwinin` ku`shin, organizmge ta`sir etiwshi fizikaliq ko`lemde ko`rsetilgen stimul menen baylanistiriwshi nizamlar toparin ashiw ha`m formulirovkalaw (aniq aytilg`an pikirlew) boldi. Bug`an Buger-Veber, Veber-Fexner, Stivens nizamlari kiredi. Olar adamnin` seziw ha`m fizikaliq stimuli arasindag`i baylanisti aniqlawg`a, sonda-aq seziwdin` absolyut ha`m do`rendi bosag`asi ja`rdem beretug`in matematikaliq formuladan ibarat.

Differentsial-psixologiyaliq izertlewdi rawajlandiriwdin` baslang`ish etapin da usig`an jatqariwg`a boladi, (XIX a`sirdin` aqiri) bunda adamlardi bir-birinen ayiriqsha etetug`in uliwma psixologiyaliq qa`siyet ha`m uqiplardi aniqlawda matematikaliq statistika usillari qollanila basladi.

Son`, XX a`sirde matematikaliq model` ha`m esaplardi qollaniw tendentsiyasi psixologiyanin` ha`r qiyli tarawlarinda ken` qollanila basladi. Ha`zir onisiz hesh bir ilimiy psixologiyaliq izertlewler o`tkerilmeydi.

XIX a`sirdin` h'0-jillari psixologiyada laboratoriyaliq ilimiy eksperimental izertlewlerdi o`tkeriw ushin arnawli texnikaliq a`sbap ha`m qurilmalar payda bolip ha`m qollanila basladi. Bul bag`darda Leyptsigte birinshi psixologiyaliq laboratoriya jumisin sho`lkemlestirgen nemets ilimpazi V.Vund da`slepkilerden boldi. Texnikaliq a`sbap ha`m u`skeneler izertlewshige qadag`alaniwshi ha`m basqariwshi ilimiy-eksperiment o`tkeriwge, adam ta`sirleniwi kerek bolg`an fizikaliq stimuldin` ta`sirin dozirovkalaw (mo`lsherlew), onin` reaktsiyasin o`lshew

mu`mkinshiligin berdi. Da`slep olar a`piwayi, a`dette mexaniqaliq a`sbaplar edi. XX a`sirdin` basinda og`an elektr a`sbaplar qosildi, ha`zirgi ku`nde zamanago`y radio, video, elektron ha`m EVM apparaturalari qollaniladi.

Izertlewlerdin` matematizatsiya ha`m texnizatsiyalaniwi menen birge ilimiy mag`liwmat jiynawdin` baqlaw, o`zi baqlaw ha`m soraw-juwap siyaqli da`stu`riy usillari o`z a`hmiyetin joytpadi. Olardin'` saqlanip qaliw sebepleri bir neshe. Birinshiden psixologiyada u`yrenilip atirg`an qubilislar quramali ha`m unikal, olardi barliq waqitta da basqa ilimlerden aling`an usillar menen izertlep bolmaydi. Psixologiya shug`illanatug`in na`zik qubilislardi izertlewge ko`pshilik waqitta ta`biyiy ha`m aniq ilimlerdin` usillari jaramaydi. U`skeneler ko`re almag`an na`rseni baqlaw arqali aniqlaw mu`mkin.

Biraq, baqlaw, a`sirese o`zi baqlaw ha`r dayim isenimlilik ha`m durisliliqqa tekseriwdi talap etedi. Ilaji bolg`an jerde bul mag`liwmatlardi ob`ektiv, a`sirese matematikaliq esap usillari menen tekseriw kerek. To`mende da`slepki, yag`niy son` aniqlaw ha`m qayta toliqtiriwdi talap etetug`in mag`liwmatlardi toplawda qollanilatug`in tiykarg`i usillar ko`rsetilgen.

**1.Baqlaw-sirtqi-sirttan baqlaw, ishki-o`zi baqlaw.**

**2.Soraw-juwap awizsha, jazba, erkin,**

**3.Testlar test-soraw-juwap, test-tapsirma,**

**4.Eksperiment ta`biyiy, laboratoriyaliq.**

**Baqlawdin` bir neshe varianti bar.** *Sirtqi baqlaw*- bul sirtinan tikkeley baqlaw arqali psixologiya ha`m adamnin` minez-qulqi haqqinda mag`liwmat jiynaw usili. *Ishki baqlaw* yamasa o`zi baqlaw psixolog-izertlewshi o`zin qiziqtirg`an qubilisti sanasinda qalayinsha elesletetug`in bolsa sol turisinda u`yreniw ma`selesin maqset etkende qollaniladi. Psixolog tiyisli qubilislardi ishten qabil ete otirip olardi (misali, o`z obrazlarin, sezimlerin, oylarin, uayimlarin) baqlaydi yamasa onin` tapsirmasi menen introspektrlaw o`tkerip atirg`an basqa adamlardin'` usinday mag`liwmatlarinan paydalanadi. Introspektsiyanin` ha`zirgi ku`ndede o`z a`hmiyetin saqlap qaldirg`an jetiskenliklerinen biri bul tuwridan-tuwri tikkeley baqlaw uqiplilig`i. Biraq bul usildin` kemshiligi de bar, bul aling`an mag`liwmatlardin'` sub`ektivligi, olardi tekseriw yamasa na`tiyjelerdi ta`kirarlaw mu`mkinshiliginin` bolmawinda.

**Soraw-juwapta (opros)** adam o`zine berilip atirg`an bir neshe sorawlarg`a juwap beriw usili qollaniladi. Bunin` bir neshe tu`rleri bolip, olardin'` ha`r birinin` o`zine ta`n jetiskenlikleri ha`m kemshilikleri bar. Olardi ko`rip shig`amiz.

**Awizsha soraw-juwapti** juwap beriwshi adamnin` sol waqittag`i o`zin uslap tutiwi ha`m reaktsiyasin baqlaw kerek bolg`anda qollaniladi. Soraw-juwaptin` bul tu`ri jazbag`a qarag`anda adam psixologiyasina teren`irek kiriw mu`mkinshiligin beredi, biraq ol arnawli tayarliq, oqiw ha`m a`lbette izertlewdi o`tkeriw ushin ko`p waqitti talap etedi. Awizsha soraw-juwap o`tkergende juwap beriwshinin` juwaplari ha`m soraw beriwshi adamnin` shaxsina ha`m juwap beriwshinin` jeke o`zgesheliklerine baylanisli.

**Jazba soraw-juwap** ko`birek adamdi qamtiw mu`mkinshiligin beredi. Onin` ken` tarqalg`an formasi-anketa. Biraq onin` kemshiligi, anketani qollana otirip juwap beriwshinin` reaktsiyasin aldinnan bilip, demek oni o`zgertip te bolmaydi.

**Erkin soraw-juwap**-awizsha ha`m jazba soraw-juwaptin` bir tu`ri, bunda berilip atirg`an sorawlar ha`m mu`mkin bolg`an juwaplardin'` dizimi aldinnan sheklenbegen. Bunday usildag`i soraw-juwapta izertlew taktikasin, berilip atirg`an sorawlar mazmunin o`zgertiw ha`m olarg`a standart bolmag`an juwaplar aliw mu`mkin. O`z gezeginde standartlastirilg`an soraw-juwapta soraw ha`m ku`tilip atirg`an juwaplar aldinnan belgili, sonliqtan erkin soraw-juwapqa salistirg`anda waqit ha`m materialliq jaqtan tejemli.

**Testlar** psixodiagnostikaliq izertlewdin` arnawli usili esaplanadi, olardi qollana otirip u`yrenip atirilg`an qubilistin` aniq sanliq ha`m sapaliq sipatlamasin aliwg`a boladi. Testtin` izertlewdin` basqa usillarinan o`zgesheligi sonnan ibarat bunda baslang`ish mag`liwmatlardi jiynaw ha`m qayta islewdin` aniq protsedurasi, sonday-aq olardin'` son`g`iliqli interpretatsiyasi ha`r qiyli. Testlar ja`rdeminde ha`r qiyli adamlardin'` psixologiyasin o`z-ara salistiriw, differentsiyalang`an ha`m salistirmali bahalar beriw mu`mkin.

**Testlar varianti**-soraw-juwap testi ha`m tapsirma test. *Test-soraw*-juwapta sorawlar aldinnan oylang`an, iqsham saylap aling`an ha`m tekserilgen sistemag`a tiykarlang`an bolip, olarg`a qaytarilg`an juwap boyinsha sinalip atirg`an adamnin` psixologiyaliq qa`siyetleri haqqinda pikir aytiwg`a boladi.

*Tapsirma-testta* adamnin` ne islep atirg`anina qaray onin` minez-qulqi ha`m psixologiyasina baha beredi. Bunday tiptegi testta sinaliwshig`a arnawli tapsirmalar tu`rkimi beriledi, olardi orinlap bolg`an son`, onda u`yrenilip atirilg`an qa`siyetlerdin` bar yamasa joq ekenligi, onin` rawajlaniw da`rejesi haqqinda pikir ju`ritedi. Soraw-juwap testi ha`m test-tapsirma ha`r qiyli jastag`i ha`m ma`deniyattag`i, bilim da`rejesi, ka`sibi, turmisliq ta`jiriybesi ha`r qiyli bolg`an adamlarg`a qollaniwg`a boladi. Bul onin` unamli ta`repi. Al, kemshiligi bolsa sonnan ibarat, bunda sinalip atirg`an adam o`z qa`lewi boyinsha, a`sirese eger ol testtin` qalay qurilg`anlig`i, onin` na`tiyjeleri boyinsha onin` psixologiyasi ha`m minez-qulqi qalay bahalanatug`inlig`in bilse sanali tu`rde test na`tiyjelerine ta`sir etiwi mu`mkin. (Bul kemshilik, o`zi qadag`alawg`a tiykarlang`an, yag`niy so`z ha`m qiliqlar menen sanali tu`rde qadag`alawg`a bolatug`in izertlewdin` barliq usillarina tiyisli).

Sonday-aq, test-soraw-juwap ha`m test-tapsirma sinalip atirg`an adam o`zinde sonday psixologiyaliq qa`siyet ha`m xarakteristikanin` bar ekenligin bilmegen, an`lamag`an yamasa sanali tu`rde moyinlag`isi kelmegen jag`daylarda qollanilmaydi. Misali, ko`plegen keri qa`siyetler ha`m o`zin uslap-tutiw sebepleri.

Eksperimenttin` eki tu`ri bar- *ta`biyiy ha`m laboratoriyaliq.*

**Laborotoriyaliq ta`jiriybe** arnawli tu`rde sho`lkemlestirilge ha`m belgili ma`nide jasalmali sharayatlarda ju`rgiziledi, ol arnawli u`skenelerde, al geyde texnikaliq qurallardi qollaniwdi talap etedi.

Ta`biyiy ta`jiriybe o`zinde baqlaw metodinin` ha`m laboratoriyaliq ta`jiriybenin` unamli ta`replerin biriktiredi. Ta`biyiy eksperiment sinalip atirg`an adamlar (atap aytqanda balalar) o`zleri psixologiyaliq jaqtan izertlenip atirg`anin sezbeytug`in etip sho`lkemlestiriledi -bul olardin'` minez-qulqinin` ta`biyiy boliwin ta`miyinleydi. Ta`biyiy eksperimentte aling`an mag`liwmatlar adamlardin'` real psixologiyasi, individtin` tipik minez-qulqina say biraq, izertlewshide u`yrenilip atirg`an qa`siyetke ha`r qiyli faktorlardin'` ta`sirin qatan` qadag`alaw mu`mkinshiligi bolmag`annan keyin barliq waqitta da aniq emes. Laboratoriyaliq eksperiment bolsa kerisinshe, aniq jen`ip shig`adi, biraq ta`biyiliqta-turmisqa sayliqta sheginedi.

Zamanago`y psixologiyanin` tiykarg`i printsipleri ha`m onin` da`rejeleri.

Psixologiyanin` u`sh a`hmiyetli tiykarg`i printsipleri bar-determenizm printsipi, sistemaliq printsip ha`m rawajlaniw printsipi.

<u>**Determenizm printsipi**</u> **degend**e- sebep-aqibetlik qatnasiqlar nizamshilig`ina baylanisli barliq psixikaliq qa`siyetler tu`siniledi, yag`niy bizin` janimizda ju`z berip atirg`an na`rseler qandayda bir sebepke iye, ol aniqlaniwi ha`m u`yreniliwi, sonday-aq ne ushin anaw yamasa minaw aqibettin` payda bolg`anlig`in tu`sindiredi. Bul baylanislar ha`r qiyli tiykarlar menen tu`sindiriledi ha`m psixologiya tariyxinda oni tu`sindiriwdin` birneshe usili bar. Determenizmnin` son`g`i psixologiyaliq dep ataw mu`mkin bolg`an tu`ri, psixikanin` rawajlaniwi belgili maqset penen tu`siniliwi ha`m bag`darlaniwinan kelip shig`adi. Biraq antik da`wirdegi maqset tu`sinigi psixika ushin (ideya yamasa forma) sirtqi bolg`an bolsa, ha`zirgi waqitta maqset jan mazmunina, konkret tiri jannin` psixikasina preyuditsiya ha`m onin` real turmista-so`ylesiwde, qatnasta, do`retiwshilikte o`zin ko`rsetiwge umtiliwin aniqlaydi. Psixologiyaliq determenizm-qorshag`an ortaliq tek g`ana adam jasaytug`in aymaq bolip qalmastan shaxstin` qa`liplesiw protsessin o`zgertetug`in a`hmiyetli bilim ha`m tolg`anislardi o`zine ja`mlegen ma`deniyat sipatinda da kelip shig`adi. Solay etip ma`deniyat psixikanin` rawajlaniw protsessine ta`sir etetug`in, ja`miyet ag`zasi sipatinda, ruwxiy bayliq ha`m qa`siyetlar iyesi sipatinda o`zin an`lawg`a ja`rdem beriwshi a`hmiyetli faktorlardin'` biri boladi. Psixologiyaliq determenizmde-janda ju`z berip atirg`an protsessler qorshag`an ortaliqqa tek g`ana ko`nligiw emes, al eger adamnin` potentsial uqiplarin ashiwg`a tosqinliq etse og`an qarsi da shig`adi dep tu`siniledi.

<u>**Sistemaliq printsipi**</u>**-** psixika, psixologiyaliq tarawdin` ha`r qiyli ta`repleri arasindag`i baylanislardin'` tiykarg`i tu`rlerin su`wretleydi ha`m tu`sindiredi. Ol, ayirim psixologiyaliq qubilislar ishten bir-biri menen baylanisli pu`tinlikti payda etip, usinin` na`tiyjesinde jan`a qa`siyetler ashti dep shamalaydi. Psixologiyaliq qubilislar arasindag`i baylanislardi da`slepki izertlewler psixikani bir neshe elementlerden-seziw, ko`z aldina keltiriw ha`m sezimlerden quralg`an sensor mozayka sipatinda ko`rsetti. Belgili nizamlar boyinsha, birinshi gezekte assotsiatsiya nizami boyinsha bul elementler o`z-ara baylanisadi. Baylanistin` bunday tu`ri <u>**elementarizm**</u> atamasin alg`an.

Psixika tu`siniginde sistemaliliq onin` pu`tinligin an`lawg`a, xolizm ideyasina qarsiliq etpeydi, o`ytkeni ha`r bir psixikaliq sistema (birinshi gezekte a`lbette, insan psixikasi) unikal ha`m pu`tin. <u>**Rawajlaniw printsipi**</u>**-** bunda psixika rawajlanadi dep aytiladi, sonliqtan oni u`yreniwdin` en` adekvat usili, usi genezistin` nizamshiliqlarin onin` tu`rlerin ha`m basqishlarin izertlew dep aytadi. Sonliqtan da en` ken` tarqalg`an psixologiyaliq usillardin'` biri bul-genetikaliq. Psixikaliqqa rawajlaniwdin` qaysi tu`ri ta`n ekenligin aniqlay otirip, bul printsip psixikanin` rawajlaniwinin` eki tu`ri-filogenetikaliq ha`m ontogenetikaliq tu`rleri bar ekenligin tastiyiqlaydi, yag`niy adamzattin` qa`liplesiw protsessinde ha`m bala o`miri protsessinde psixikanin` rawajlaniwi. Izertlewdin` ko`rsetiwinshe rawajlaniwdin` bul eki tu`ri o`z-ara belgili bir masliliqqa iye.Psixikaliq rawajlaniwdin` ha`r qiyli ta`repleri de aniqlanadi-ha`m shaxstin` rawajlaniwi, ha`m intellekttin` rawajlaniwi, ha`m sotsialliq rawajlaniw. Bul V.Shtern, J.Piaj, L.S.Vigotskiy. P.P.Blonskiy h.t.b. lardin'` izertlew predmeti boldi.

<u>**Zamanago`y psixologiyanin` tiykarg`i bag`darlari, bixeviorizm, teren` psixologiya, geshtal`tpsixologiya h.t.b.**</u>Sol waqitta payda bolg`an mekteplerdin` derlik barlig`i tez arada jabildi, olardi o`zgertiw ob`ektiv jag`daylarg`a baylanisli bolg`an. Olar jan`a bolg`ani menen tartisiwda payda bolg`an eski, assotsiativ psixologiya menen baylanisli edi. Sonin` menen birge olardin'` payda boliwi ha`m jan`a izertlewler na`tiyjelerin talqilawda payda bolg`an diskussiyalar, psixologiya ushin psixikaliqti tu`siniwde jan`a qatnas kerek ekenligin ko`rsetti ha`m XX a`sirdegi psixologiya iliminin` kelbetin belgilep bergen sol mekteplerdin` payda bolwina alip keldi. a'9g'0-jilg`a kelip psixologiya o`z aldina mekteplerge bo`linedi, olar psixika qurilisi ha`m mazmuni haqqinda ha`r qiyli o`z kontseptsiyalarin alg`a su`rip, sol waqitta u`sh tiykarg`i bag`dar payda bolg`an bixeviorizm, geshtal`tpsixologiya ha`m teren` psixologiya, olardin'` ha`r biri psixologiyanin` jeke predmeti ha`m psixologiyaliq izertlewdin` o`z usilina iye edi.

<u>**Bixeviorizm**</u> ushin psixologiyaliq ilim predmeti-minez-quliq boldi, bul onin` qa`liplesiwine ta`sir etiwshi yag`niy stimul ha`m reaktsiya arasindag`i baylanisti payda etetug`in faktorlardi eksperimental u`yreniw joli arqali izertlew.

**Geshtal`tpsixologiya** psixologiyaliq maydannan turiwshi pu`tinlik strukturani izertledi, bunda (birinshi gezekte sana maydani) bul geshtal`tlardi u`yreniwde fizikaliq maydandi u`yreniw usili anologiyasi menen islep shig`ilg`an jan`a usillar qollanilg`an.

**Teren` psixologiya**-o`z predmeti etip teren`, psixikanin` sanasiz qurilisin alg`an, u`yreniw usili psixoanaliz bolg`an.

Son` XX a`sirdin` g'-yariminda jan`a-gumanistikaliq ha`m kognitiv psixologiya mektepleri payda boldi.

**Ta`kirarlaw ushin sorawlar.**

- Psixologiya tarmaqlari degenimizde nenii tu`sinesiz.
- Psixologlar qalayinsha faktlerdi tabadi ha`m nizamliqlardi belgileydi
- Qanday psixologiyaliq metodlardi bilesiz
- Baqlaw usilini qisqasha aniqlama berin`
- Laboratoriyaliq eksperimenttin` ta`biyiden ayirmashilig`i nede
- Psixologiyaliq turmisti u`yreniwdin` basqa qanday usillari bar. Olarg`a qisqasha aniqlama berin`.
- Psixologiyanin` ilimiy bag`darlari haqqinda aytip berin`.

**Tema: Psixika ha`m sananin` rawajlaniwi.**
**Joba:**
1. Psixikanin` filogenetik rawajlaniwi.
2. Adam psixikasinin` payda boliwi ha`m onin` rawajlaniwi.
3. Adam psixikasinin` ontogenez rawajlaniwi

**1. Adam nerv sistemasinin` du`zilisi, xizmeti ha`m qa`siyetleri.**

Psixika nerv sistemasinin` qa`siyeti (funktsiyasi) bolsa, psixikaliq is-ha`reketti duris tu`siniw ushin insan ha`m haywan psixikasinin` materialliq tiykari bolg`an joqari nerv sistemasinin` o`zgesheliklerin biliw kerek.

Adamlardin'` miyi haywanlardin'` miyine salistirg`anda quramaliraq du`zilgen. Onin` salmag`i da u`lkenirek. Maymildin` miyi n'00-o'00 gramm bolsa, adamnin` miyinin` salmag`i ortasha a'n'00 gramm. Miy adam denesinin` g' protsent salmag`in quray otirip, organizmge kelip tu`setug`in kislorodtin` a'h' protsentin paydalanatug`inlig`in esapqa alsaq, organizmnin` is-ha`reketinde miy funktsiyasinin` qanshelli quramali ekenligin ko`riw mu`mkin.

Miydin` joqarg`i bo`limleri-u`lken yarim shar-ha`r qiyli haywanlarda qanday rol` atqaratug`inlig`i to`mendegi faktlerde ko`rinedi. Baliqtin` yarim shari uriqlarin alip taslag`an son` onin` minez-qulqi azg`ana o`zgeredi. Eger kepterdin'` yarim sharin alip taslasan`, ol ushiwdi bilmeydi, awqat izlewdi de toqtatadi. Yarim sharinan ayirilg`an iyt te derlik meshel bolip qaladi. Demek, miyinin` bul bo`liminen ayirilg`an adam uliwma jasay almaydi.

**Miydin` reflektor ha`reketi.** Qorshag`an ortaliq turaqli tu`rde nerv sistemasina, miyge ta`sir etedi (seziw organlari arqali). Organizm bul ta`sir etiwlerdi qabil aladi ha`m og`an juwap reaktsiya qaytaradi. Bul protsess ***refleks*** dep ataladi. (latin tilinen aling`anda *sa`wleleniw*).

Bunan q00 jil ilgeri frantsuz ilimpazi Dekart ta`repinen alg`a su`rilgen refleks ideyasin ulli rus fiziologi I.M.Sechenov rawajlandirdi. «Bas miyinin` refleksleri» atli kitabinda Sechenov adamnin` barliq minez-qulqi reflektorliq aktlerdin` quramali sistemasi bolip sanalatug`inlig`in ko`rsetti. Bul I.P.Pavlov miynetlerinde reflektorliq teoriyanin` elede rawajlaniwi ushin mu`mkinshilik ashti. Ol joqaridag`i tiptegi keltirilgen reflekslerdi sha`rtsiz dep atadi. O`ytkeni olar, eger organizmge sirtqi yamasa ishki (organizmde payda bolg`an) qozdiriwshi ta`sir etse erksiz (sha`rtsiz) payda boladi. Bul refleksler tuwma bolip esaplanadi. Olarg`a instinktler kiredi, misali, awqatliq (du`n`yag`a kele sala bala ash bolg`anin sezedi ha`m soriw ha`reketin isley baslaydi), awiriw seziw, qorg`aniw (adamg`a qaray qolin`di ko`tersen`, ol erksiz tu`rde o`zin qorg`aw ha`reketin isleydi).

Biraq sha`rtsiz reflekslerden basqa belgili bir jag`dayda payda bolatug`in refleksler de bar. Olardi Pavlov sha`rtli dep atag`an. Misal keltiremiz. Eger bala ashshi da`rinin` aq poroshogin bir neshe ma`rtebe ko`rgen ha`m oni son` balag`a bergen bolsa, endi bala sol da`rini ko`riwden, oni awzina salmay turip da`rinin` ashshilig`in awzinda sezedi.

Sha`rtli refleksler tuwma esaplanbaydi, olar turmis protsessinde ha`m organizmnin` jumis barisinda islep shig`iladi. Demek, sha`rtli refleks o`mirde tek g`ana arttirilip g`ana qalmastan, waqittin` o`tiwi menen jog`aliwi da mu`mkin. Sonliqtan Pavlov oni waqitshaliq nerv baylanisi dep te atag`an.

Ko`pshilik sha`rtli refleksler u`lken yarim shar qabig`inda payda boladi ha`m eger ol haywanda alip taslansa, ol barliq turmisliq ta`jiriybesin jog`altadi. Onda sha`rtsiz reflekslerdin` barlig`i saqlanip qalsa da haywan sharasiz bolip qaladi.

Joqarida aytip o`tkenimizdey adam miydin` u`lken yarim sharisiz uliwma jasay almaydi.

Miyge kelip tu`siwshi signallar, predmet ha`m qubilislardi payda etedi, seziw organina ta`sir etiw na`tiyjesinde seziw, qabil aliw, ko`z aldina keltiriw payda boladi, Pavlov **birinshi signal sistemasi** dep atag`an, ol adamda ha`m haywanda boladi.

Biraq adamda Pavlovtin` jaziwinsha, nerv sistemasi mexanizmine ayriqsha qosimta bolip o`tken. Bul qosimta- adam so`ylesiwi. «So`z-birinshi signaldin` signali bolip, haqiyqatliqtin`, ekinshi, arnawli bizin` signalliq sistemamizdi quradi»

*Buni a`piwayi misalda ko`remiz.* Ta`nepistin` son`inda qon`iraw qag`iladi ha`m balalar klassqa kiredi. Qon`iraw dawisi olar ushin-birinshi signalliq sistema. Biraq u`lken ta`nepis waqtinda balalar mektepten uzag`iraqta oynawi ha`m qon`iraw sestin esitpewi mu`mkin. Al, usi waqitta bir bala kelip «Qon`iraw boldi» dese barlig`i klassqa juwiradi, bunda so`z qon`iraw sestinin` ornin basti. Oqiwshinin` so`zi bul-**ekinshi signalliq** sistema.

Yamasa, misali, pedagog oqiwshilarg`a o`simlik-paqal, japiraq ha`m tamirdan turadi dep aytti. Son` ol balalarg`a o`simliktin` su`wretin ko`rsetedi. Bul jag`dayda u`yreniw protsessinde tek g`ana ekinshi emes, al birinshi signalliq sistema (su`wretti ko`riw arqali qabillaw) qollanilg`an.

Eki signalliq sistema da tig`iz baylanista boladi. Eger ekinshi signalliq sistema signallari (so`zler) birinshi signalliq sistemada tirenishi bolmasa (ol arqali aling`an na`rseni sa`wlelendirmese), olar tu`siniksiz bolip qaladi. Misali, shet tilindegi so`z bizler ushin hesh na`rseni an`latpaydi, o`ytkeni so`zdin` artinda konkret mazmun joq. Biraq tek birinshi signallardin`` o`zi de du`n`ya haqqinda toliq ha`m teren` bilimdi bermeydi. Tek ekinshi signalliq sistema (so`ylesiw) arqali adamzat ayirim faktlerdi uliwmalastirip, o`zi ushin a`hmiyetli bolg`an nizamshiliqlardi belgiley otirip, o`z mag`liwmatlarin ken`eytiriwdi u`yrendi. Ekinshi signalliq sistema ja`rdeminde adamlar o`z bilimin teren`lestiredi ha`m saqlap qaladi.

**<u>Psixika du`zilisi haqqinda:</u>**

Psixikaliq ilimnin` rawajlaniwin analizley otirip Uotson psixikanin` ishki mazmuni, sananin` mazmunin izertlewdin` tuwri ha`m ob`ektiv usillari joq degen juwmaqqa keldi. Sonliqtan ol psixologiya predmetin oni o`zgertip, qayta ko`rip shig`iw za`ru`rligi haqqinda pikirdi alg`a su`rdi. Adamnin` psixikaliq sferasi menen baylanisli boladi ha`m bir waqitta ob`ektiv baqlawg`a ha`m eksperimental izertlewge boladi. A`yne usinday A.Ben, G.Cpenser, I.M.Sechenov ha`m basqa ilimpazlar.

Geshtal`tpsixologiya wa`killeri psixologiyaliq ilim predmeti psixika mazmuni dep esaplag`an. Biraq, psixologiya predmetin derlik qol tiygizbesten qaldirip, geshtal`tpsixologiya sana ha`m kognitiv protsessler du`zilisinin` eski tu`sinigin biraz o`zgertedi. Bul mekteptin` basli ideyasi-psixikanin` tiykarinda sananin` ayriqsha elementleri jatirg`an joq, biraq bul bo`leklerdin` qa`siyetlerinin` pu`tinlik summasi. Solay etip, psixikanin` rawajlaniwi ko`z aldina keltiriw ha`m tu`sinikke ayirim elementlerdi o`z-ara baylanistiratug`in jan`a assotsiativ baylanislardin`` qa`liplesiwine tiykarlanadi degen eski tu`sinik biykar etildi. Bunin` ornina jan`a ideya alg`a su`rildi-u`yreniwdin` o`zgeriwi, qorshag`an du`n`yani qabil aliw ha`m ondag`i minez-quliq xarakterin belgilep beretug`in pu`tinlik geshtal`tlardin`` o`zgeriw protsessi menen baylanisli.

Adlerge psixikanin` rawajlaniwinin` jan`a mexanizmi-kompensatsiyani, yag`niy Freyd ta`repinen kiritilgen identifikatsiya mexanizmi menen ten`dey psixikanin` rawajlaniw protsessi dinamikasin tu`sindiriwde jetekshi bolg`an jan`aliq ashiliw da tiyisli. Bunda identifikatsiya (ten`lestiriwshilik) tiykarinan eliklew ushin u`lgi tan`lawdi tu`sindiredi. Al kompensatsiya bolsa adamnin` jedelligin, onin` o`z kemshiliklerin jen`iwge umtiliwin atap o`tedi. Teren`lik psixologiya o`z predmeti etip psixikanin` teren`, sanasiz du`zilisin alg`an, onin` u`yreniwinin` usili psixoanaliz bolg`an.

**<u>Haywanat du`n`yasinda psixikanin` rawajlaniwi</u>** qorshag`an ortaliqti sa`wlelendiriwdin` ha`m onin` o`zgerislerine maslasiwdin` jetilisken formasin beriwshi quramali psixikaliq protsesslerdin` payda boliwi menen baylanisli. Haywanlarda seziwdin` rawajlaniwi menen qabil aliw (predmetlerdin` olardin`` qa`siyetleri menen sa`wleleniwi) payda boldi. Joqari omirtqalilarda tu`sinik payda boladi (zatlar obrazi, sol waqitta qabil etilmegen, usilay etip maymil ha`zir g`ana ko`rgen, jasirilg`an banandi izleydi). Haywanlardin`` este saqlawi jetilisedi (onin` baslang`ish formalari haywanat du`n`yasinin` a`piwayi wa`killerinde de bar). Omirtqalilarda *oylaw uriqlari* bar, biraq adamnin` oylaw is-ha`reketinen <u>a`piwayiraq</u>.

Psixikanin` rawajlaniwi ushin haywannin` qorshag`an ortaliqtan g`a`rezli bolg`an turmis ta`rizi u`lken a`hmiyetke iye. Hawada ushiwshi quslar, suwda ju`ziwshi baliqlar jerde ju`retug`in haywanlarg`a salistirg`anda kemirek rawajlang`an psixikag`a iye (bul olardin`` jasaw ortalig`ina baylanisli). Biraq quslar jaqsi ko`riw qa`biletine iye, olar alistan-aq jewge mu`mkin bolg`an na`rselerdi ko`re aladi.

Psixikaliq rawajlaniw da`rejesi haywannin` minez-quliq formasi- **instinkt** (ta`biyi sezim), **ko`nlikpe**, **intellektualliq ha`reket** penen belgilenedi.

**<u>Haywanlardin`` instinkti</u>**. Instinkt dep ataliwshi ha`m ba`rhama ilim tariyxinda birneshe qiyinshiliq ha`m tartisiwlardi payda etken is-ha`reketler formalarina bizler bu`gin toqtaymiz.

**<u>Instinkler</u>**- *bul haywanatlardin`` quramali ta`biyi is-ha`reketleri bolip, olardin`` ja`rdemi menen haywanatlar o`z talaplarin qanaatlandiradi.* Fiziologiyaliq jag`inan instinktler sha`rtsiz reflekslerdin` quramali dizbeklerinen ibarat bolip, reflekstin` bir ushi endigi reflekstin` qozdiriwshisi boladi.

Instinkt degende, ayirim avtorlar formulirovka etetug`in «maqsettin` sanasi bolmag`anda, maqsetke muwapiq is-ha`reket» dep tu`sinilgen. Yag`niy aytqanda, bunda ga`p haywanlar arnawli u`yretiwsiz qorshag`an ortaliq jag`daylarina ko`nlige baslaydi. Is-ha`rekettin` bul formasi omritqasizlardin`` rawajlaniwinin` da`slepki basqishinda ko`birek, misali, nasekomalarda is-ha`reketinin` bul formalari tiykarg`i ha`m ko`pshilik jag`dayda jalg`iz boladi, basqa haywanlarda- to`mengi omritqalilarda- ko`birek ushirasatug`in bolip qaladi ha`m waqittin` o`tiwi menen g`ana turmisliq u`yreniw protsessinde payda boladi, quramali jeke o`zgeriwshen` is-ha`reket formalarina o`z ornin bosatip beredi.

Bunday instinktlerdin` bir neshe misalinda toqtap o`temiz, son` zamanago`y izertlewshiler qalayinsha is-ha`rekettin` bunday formalari tiykarinda jatirg`an mexanizmlerdi tu`sindirmekshi bolip atirg`anlig`in ko`rsetiwge urinamiz.

Ha`mmege belgili, su`yir shibin waqti kelgende o`z ma`yekshelerin suw u`stine qoyadi. Eger ol ma`yekshelerin suwg`a emes, al qurg`aq jerge qoysa olar o`lip qalg`an bolar edi. Su`yir shibin buni hesh qanday aldin ala u`yreniwsiz isleydi. Ko`plegen qon`izlardin'` qurtlari o`z ko`leminen bir neshe ese u`lken bolg`an jipek pille isleydi, bunda en` qizig`i pillenin` u`lkenligi erten`gi ku`ni onnan shig`atug`in qon`izdin` ko`lemine ten` boladi. Ha`rre ma`yek qoyiwdin` tan` qalarliq texnikasin a`melge asiradi. Olardin'` ishinde o`z ma`yegin gu`belek qurt denesine qoyatug`inlari bar. Bul ma`yekler uzaq waqit saqlaniwi ha`m onnan shiqqan qurtlar awqatlaniw mu`mkinshiligine iye boliwi ushin ha`rre tan` qalarliq operatsiyani a`melge asiradi. Ol gu`belek qurttin` u`stine shig`ip, nishteri menen onin` ha`reket gangliyasina shanishadi. Gu`belek qurt o`lmeydi, biraq ha`reketsizlenip qaladi, solay etip ma`yekten qurtlar shiqqan waqtinda-olar ushin awqat yag`niy gu`belek qurttin` denesi tayar boladi.

Bunday quramali is-ha`rekettin` barliq sho`lkemlesiwleri o`z maqsetine bag`darlang`anlig`i menen tan` qaldiradi. Ha`rre, gu`belek qurttin` qay jerinde ha`reket gangliyalari bar ekenligin esaplay aladi ha`m esabina su`yene otirip, o`z shag`iwin a`melge asiradi dep oylaw mu`mkin.

Maksimal u`nemli jobada o`z pal uyalarin du`ziwshi ha`rreler (izertlewshi-geometrlar aq mumnan islengen pal uyanin` bunnan tejemli formasin oylap tabiw mu`mkin emes ekenligin esaplap shiqqan) buni qanday da bir esap penen isleydi dep oylaw mu`mkin. Japiraqti kesip onnan truba (naysha) tayarlaytug`in qurttin` bir tu`ri haqqinda da usinday pikirde boliwi mu`mkin. Sebebi ol buni tan` qalarliq geometriyaliq esap penen isleydi, buni tek g`ana japiraqti kesiwdin` en` u`nemli formasin esaplap shiqqan matematik islewi mu`mkin.

*Men a`piwayi haywanlar- nasekomalardin'` quramali, bir qarag`anda olardin'` is-ha`reketlerinin` aqilli ta`sirin payda etetug`in ha`reketinen tek bir neshe misallar keltirdim.*

Biraz haywanlardin'` is-ha`reketlerin baqlay otirip, olar ju`da` aqilli ha`reketler islewge mu`mkinshilik beretug`in joqari rawajlang`an psixikag`a iye dep oylaw mu`mkin.

Haywanlardin'` bunday aqilli is-ha`reketleri boyinsha ko`plegen misallar keltiriw mu`mkin. Biraq bul aqil emes. Bul tuwma esaplanatug`in ha`m sirtqi ta`sir na`tiyjesinde a`wladtan a`wladqa ta`rbiyalanip keletug`in ha`m ta`biyi irikleniw joli menen bekkemlenetug`in ha`reketler, yag`niy instinktler. Instinkt tiykarinda, miyras bolip o`tetug`in ha`reketler sipatinda sha`rtsiz refleksler jatadi. Sonliqtan instinktler haywannin` jeke ta`jiriybesinde azg`ana o`zgeredi. Instinktiv is-ha`reket omirtqasiz, baliq, qus ha`m basqa da haywanatlardin'` psixikaliq is-ha`reketinin` tiykarg`i formasi esaplanadi. Instinkt adamlarda da bar, biraq adamlarda bul ha`reketler intellektke-aqilg`a boysinadi.

**Haywanlardin'` ko`nlikpeleri**. Is-ha`rekettin` bul jeke- o`zgeriwshen` formasi qalay mu`mkin ha`m ol qanday nizamshiliqlar menen a`melge asiriladi. Men bu`gingi lektsiyani is-ha`rekettin` bul quramaliraq jeke-o`zgeriwshen` formasinin` analizine bag`ishlayman.

**Ko`nligiw-***bul jeke turmista qolg`a kirigizilgen ha`m shinig`iwlardin'` na`tiyjesinde bekkemlengen qiliqtin` usili boladi.* Ko`nligiwdin` tiykarin sha`rtli refleksler sistemasi quraydi.

Is-ha`rekettin` jeke- o`zgeriwshen` formasi nasekomalarda da bar, ha`m olar oqitiliwi ha`m qayta oqitiliwi mu`mkin, ha`m bul awil xojalig`inda u`lken tabislar menen qollanilmaqta. Misali, ha`rreni o`simliktin` jan`a tu`rine u`yretiw kerek bolsa, bul mu`mkin ekenligi belgili. Bunin` ushin jan`a o`simlik ha`rrede reaktsiyanin` tuwma sistemasi bar bolg`an o`simliktin` iyisine iye suyiqliq jag`amiz. Ha`rre eski iyis bar jan`a o`simlikke qona baslag`an son` bul iyis alip taslanadi, ha`m reflektorli tu`rde ha`rre bul iyisi bolmag`an jan`a o`simlikke qona baslaydi.

Demek, ha`rreni qayta u`yretiw mu`mkin, biraq bul ju`da` a`ste bolatug`in ha`m tiyisli turaqliliqqa iye bolmag`an protsess. A.N.Leont`ev xizmetkerleri amerikali somik penen o`tkergen ta`jiriybesinde de ko`riwge boladi.

Akvariwmg`a siyleden jasalg`an ekran menen tosiq islengen, awqatqa baratirg`an baliqlar og`an soqlig`isqan. Waqittin` o`tiwi menen olar bul ekrandi aylanip o`tip u`yrengen, aradan biraz waqit o`tip, bul siyle alip taslang`an son` da baliqlar usi jerge kelgende aylanip, endi kereksiz bolg`an aylanshiqti islep ju`zetug`in bolg`an.

Haywanlardin'` ko`plegen is-ha`reket formalari a`wladtan o`tken emes, al o`mirde, jeke ta`jiriybede arttirilg`an esaplanadi. Bunday ha`reketlerdin` qaytalaniwi na`tiyjesinde a`ste-aqirin ta`rbiyalang`an ha`reketler ko`nlikpe dep ataladi. Olardin'` fiziologiyaliq tiykari sha`rtli refleks boladi.

Haywan nerv sistemasinin` rawajlaniwi boyinsha qanshelli joqari tursa, ol sonshelli quramaliraq ko`nlikpelerdi iyelewi mu`mkin. Ko`nlikpe instinktqa salistirg`anda minez-quliqtin` iykemlesiwshi formasina iye. Ol sirtqa jag`day ta`sirinde o`zgeriwi mu`mkin. Ko`nlikpe a`ste-aqirin, duris orinlang`an ha`reketti ko`p ma`rtebe qaytalaw na`tiyjesinde payda boladi.

**Haywannin` intelektual is-ha`reketi**. Haywanat du`n`yasinin` joqari wa`killeri (qurg`aqliqta jasawshilarda-adam ta`rizli maymillar, suwda jasawshilardan-del`finler) intellektual is-ha`reket dep ataw mu`mkin bolg`an quramali ha`reketlerdi orinlaydi.

*Haywanat burin o`z ta`jriybesinde bolg`an qiliq formasin tabiwi tiyis. Bunday jag`daylarda joqari haywanlar (adam ta`rizli maymillar, del`fin)* ***aqilg`a ug`ras qiliq dep atalg`an qiliqti islewge***-oylaw xizmetinin` zatlardin'` arasindag`i baylanislardi aniqlawg`a tiykarlang`an en` a`piwayi formalarin a`melge asiriwg`a uqipli boladi.

Bul is-ha`reket formasinin` tiykari nede degen soraw payda boladi. Bul is-ha`reket qanday formada ko`rinedi, onin` shegaralari neden ibarat.

Bu`gingi lektsiyani usi ma`selelerdi ko`rip shig`iwg`a bag`ishlawg`a ruxsat etin`. Haywanlardin'` jeke is-ha`reket intellektual is-ha`reketnin` quramali formasinin` tiykarin ne quraydi. Intellektual is-ha`rekettin` tiykarin, sirtqi du`n`ya predmetleri arasindag`i quramali qatnas.

Bir neshe misallar keltiriwge ruxsat etin`. Nemets psixologi Keler tawiqlar menen o`tkergen sa`wleleniwdin` elementar formalarin analizlewden baslaymiz.

Tawiqtin` aldina eki kvadrat qoyilg`an-birinshi kvadrat aqshil ku`lren`, ekinshisi toyg`in ku`lren` bolg`an. Eki kvadrattin` da ishinde da`nler bolip, olardin'` birinshisindegi da`nler erkin, yag`niy shoqip aliw mu`mkin bolsa, ekinshi kvadrattag`i da`nler jelim menen tu`bine jabistirilip, shoqig`anda ilinbeytug`in bolg`an. Waqittin` o`tiwi menen tawiq basqa ren`degi kvadrattan da`n jegen son` endi ol eki kvadrattin` tek g`ana basqa ren`lisine baratug`in bolip u`yrengen.

Usi jerde soraw kelip shig`adi, tawiq kvadrattin` ren`ine qaray bardi ma, yamasa ol ekinshisinen aqshilraq bolg`ani ushin sog`an qaray bardi ma.

Bul sorawg`a juwap beriw ushin Keler tawiqqa basqa- alding`i ta`jiriybede da`nler astina jelimlengen ha`m onnanda toyg`in ren`degi eki kvadratti usindi. Alding`i toyg`in ku`lren` kvadrat endi bunda qasindag`isinan aqshilraq edi. Endi tawiq qaysi kvadratqa qaray bardi dep oylaysiz, a`lbette ol tazadan payda bolg`an kvadratqa qaramastan, burin keri bolg`an, yag`niy da`nler jelim menen jabistirip, shoqig`anda ilinbeytug`in bolg`an kvadratqa qaray ju`rdi. Demek ol absolyut ren`ge emes, al eki kvadrat arasindag`i qatnasqa ta`sirlendi. O`z shamalawlarin aniq tastiyiqlaw ushin Keler u`shinshi ta`jiriybeni o`tkerdi, ol birinshi ta`jiriybede on` (polojitel`niy) bolg`an aqshil ku`lren` kvadrattin` qasina onnanda aq bolg`an ja`ne bir kvadratti qoydi, tawiq sonsha waqittan berli o`zi da`n jegen kvadratqa qaramastan jan`adan payda bolg`an aqshil kvadratqa qaray ju`rdi.

Demek tawiq ren`ge emes, al ren`ler arasindag`i qatnasqa ta`sirlenedi.

Fiziolog-professor L.V.Krushinskiy a`melge asirg`an ha`m ekstrapolyatsion refleksi menen ta`jiriybe dep ataliwshi misaldi keltiremen.

Biz so`z etip otirg`an ta`jiriybede ko`rsetilip atirg`an apparat eki ishi ko`rinbeytug`in naysha dan ibarat. Olardin'` birewine haywannin` ko`z aldinda jemtik-go`sh bo`legi yamasa da`ndi jip penen tartip saladi. Bul jemtik jabiq truba boylap tartip ju`rgiziledi. Haywan jemtiktin` trubag`a kirgizilgenin, ekinshi ta`repinen shiqqanin, az g`ana jer basqa jerden tartip o`tilip ja`ne ekinshi trubag`a kirip ketkenin ko`redi. Haywan bunday jag`dayda o`zin qalay tutadi. Ta`jiriybelerdin` ko`rsetiwinshe, rawajlaniw da`rejesi ha`r qiyli bolg`an haywanlar birdey ha`reket etpeydi. Rawajlaniwdin` to`mengi da`rejesinde bolg`anlari (misali tawiqlar) jemtik qasinan o`tip ketkenine qaramastan, san`laq arqali o`tip atirg`an jemtikke taslanadi oni aliwg`a urinadi, yag`niy tek g`ana tikkeley ta`sirleniwge juwap qaytaradi. Olardan parqi bolg`an, joqari da`rejedegi turg`an haywanlar basqasha reaktsiya ko`rsetedi, olar san`laq arqali o`tip atirg`an jemtikke qaraydi ha`m trubanin` aqirina barip jemtiktin` trubanin` basqa bolg`an aqirinda payda boliwin ku`tedi.

Quslardin'` ishinde, jabayilari, sonday-aq pishiq ha`m iyt usinday isleydi.

**Filogenezde psixikanin` rawajlaniwi.** Ontogenezde psixikanin` rawajlaniwin izertlewde payda bolatug`in birinshi soraw, bul psixikaliq o`mirdi psixikaliqqa shekem ayiratug`in ob`ektiv kriteriya (belgi) haqqindag`i soraw. Sub`ektiv tu`rde bul belgi sezimlilik, yag`niy **seziwshiliktin`** bar boliwi esaplanadi. Biraq seziw ha`tteki en` a`piwayi haywanlarda da bolatug`inlig`i izertlewshilerge sirttan baqlawdan basqa jol qaldirmaydi, o`ytkeni bul tiri janlardin'` reflektsiyasi joq. Demek, is-ha`rekettin` o`zgesheliklerinen kelip shig`ip qoziw ha`m sezimlilikti ayiriw kerek. **Qoziw**- bul o`mirlik a`hmiyetli stimulg`a qa`legen tiri jannin` (psixikag`a iye ha`m psixikag`a iye bolmag`an) reaktsiyasi. Misali, a`piwayi infuzoriya olar ushin o`mir da`regi bolg`an jaqtiliqqa qaray su`zedi, o`simlikler quyashqa qaray ashiladi. **Sezimlilik-**bul sezip ta`sirleniwge uqipliliq ha`m ol tek psixikag`a iye organizmlerde boladi.

Seziwdin` payda boliwi bul ja`nlik **sensor** (sensorika-sezim) dep atalg`an psixikanin` rawajlaniwinin` ***birinshi basqishinda*** turg`anlig`in bildiredi. Bul basqishta a`piwayilar-amebalar, infuzoriyler, qurtlar, baliqlar, nasekomalar turadi. Olardin'` ko`pshiliginin` minez-qulqi derlik a`piwayi, al psixikaliq o`miri bolsa tek g`ana seziw menen yag`niy predmettin` ayirim sapa ha`m qa`siyetlerinin` sa`wleleniwi menen sheklenedi.

**Pertseptiv** (pertseptsiya-qabil aliw) atamasin alg`an ***ekinshi basqishta***, minez-quliq biraz quramalasadi. Psixikaliqtin` sferasi da ken`eyedi- seziwden basqa, qabil aliw, yag`niy predmet obrazinin` pu`tinlik sa`wleleniwi uqiplig`i rawajlanadi. Sonliqtan tiri janlar predmet ha`m jag`day obrazlarin sa`wlelendire aladi, qiyin jag`daylarda jaqsi bag`darlanadi, awqat tawip, qiyinshiliqtan jasirina aladi. Ko`pshilik haywanlar psixikasinin` rawajlaniwinin` a`yne usi basqishinda. Olardin'` minez-qulqinin` quramalasiwi ko`nlikpe, u`yreniwge uqipliliqtin` payda boliwi na`tiyjesinde ju`z beredi. Ko`nlikpe bolsa bul basqishta qabil aliwdan basqa ja`ne yad, birinshi gezekte ha`reketke yad (motorliq) payda boliwi na`tiyjesinde qa`liplesedi. Haywanlar a`hmiyetlirek bolg`an emotsional uwayimlardi da saqlap qaladi ha`m bul o`z is-ha`rketin retlestiriwge ja`rdem beredi.

Su`t emiziwshiler, psixikanin` rawajlaniwinin` ***u`shinshi basqishinda*** bolip olar tek g`ana seziw, qabil aliw, yad emes, al oylawg`a da iye. Sonliqtan da bul basqish intellekt basqishi atamasin alg`an. Bul jerde payda boliwshi oylaw-ko`rgizbeli- ha`reketli, predmetler menen manipulyatsiyalaw (ko`z boyaw, aldaw) za`ru`rligi menen baylanisli. Usinin` na`tiyjesinde haywanlarda jag`daydin` a`piwayi sxemasi payda boladi, bunda tek g`ana predmetler emes, al olar arasindag`i baylanis ha`m qatnaslar sa`wlelenedi. Sonliqtan joqarg`i haywanlar is-ha`reketi quramali sistemasin du`ziwi, a`piwayi ma`selelerdi sheshiwi mu`mkin. Biraq olar sanag`a iye emes. Retlestiriw, ne haqqinda oylap, uwayimlap atirg`anlig`i, qiyin jag`daydan shig`iwdin` qanday jolin tapqanlig`i haqqinda o`zine ha`m a`tiraptag`ilarg`a esap bere almaydi.

Haywanlarda psixikanin` qa`liplesiw nizami barliq waqitta tek g`ana qorshag`an ortaliqqa maslasiw za`ru`rligi menen baylanisli, biologiyaliq bolip qaladi.

Adamnin` psixikasinin` qa`liplesiwine bolsa basqa da faktorlar (misali ma`deniy) ta`sir etedi. Sonliqtan da, adam psixikasinin` rawajlaniwi tek g`ana biologiyaliq emes, al sotsioma`deniy faktorlar menen baylanisli.

Psixikanin` en` joqarg`i formasi- **adam sanasinin`** rawajlaniwi.

*Jamanliqti an`law-demek da`rhal onin` menen gu`resiwdi baslaw.*
*M.Kol`tsov.*

Psixologiyada **sana** su`wretlengen psixikaliq funktsiyalardin’` uliwma sapasi bolg`an sa`wleleniwdin` ayiriqsha formasi sipatinda ko`riledi. Barliq psixikaliq funktsiyalardin’` olardin’` o`z-ara ha`reketinde rawajlaniwi, adamda sirtqi du`n`yanin` ishki sa`wleleniwin qanday da bir ma`niste modelin qa`liplestiredi. Bul modeldin` adam is-ha`reketine bag`darlawshi ta`siri ol ta`repinen sana sipatinda sa`wlelenedi.

Sanani paydalaniw adamg`a miynetinen ol bul protsesstin` basinda na`zerde tutqan aldina qoyg`an na`tiyjesin aliwg`a mu`mkinshilik beredi. Haywanlardan pariqli ra`wishte adam tek g`ana biologiyaliq talap penen belgilenetug`in tu`rlik ta`jiriybe menen engizilgen minez-quliq bag`darlamasin a`melge asirmaydi, al niyet ha`m maqsetlerin alg`a su`riw joli menen o`z bag`darlamasin islep shig`adi.

Adam is-ha`reketinin` an`li, maqsetke bag`darlang`an ha`m erkin retlestiriw onda sirtqi du`n`yanin` ishki modeli qa`liplesip atirg`anlig`i na`tiyjesinde g`ana mu`mkin.

Real du`n`yanin` sa`wleleniwi sipatinda, tek g`ana adamg`a ta`n bolg`an ha`m onda ja`ma`a`tlik miynet protsessinde rawajlanatug`in psixikanin` en` joqarg`i formasi-sana dep ataladi. Adam sanasinin` haywanatlar psixikasinan en` a`hmiyetli ayirmashilig`i sonda an`-sezimnin` de, yag`niy tek sirtqi du`n`yani emes, al o`zin-o`zi, o`zinin` tipik ha`m jeke o`zgesheliklerin bilip aliw uqibinin` da bar ekenliginde boladi. Bul o`zin-o`zi jetilistiriw, o`zin-o`zi baqlaw ha`m o`zin-o`zi ta`rbiyalaw mu`mkinshiligin aship beredi.

Solay etip, *sanani so`ylewdin`, tildin` ja`rdemin menen haqiyqatliqtin` ob`ektlerin sa`wlelendiriwdin` joqari formasi dep belgilewge boladi.*

**Sanasizliq**. Sanasizliq minez-quliqtin` retlesiwine ta`sir etiwshi, sananin` tikkeley qatnasiwi menen o`tiwshi barliq faktorlardi birlestiredi.

Ha`r bir adamnin` ishki du`n`yasin qurawshi bilim, *qatnaslar*, *uwayimlar* onin` ta`repinen an`lanbaydi ha`m ol payda etken talap o`zine de, a`tiraptag`ilarg`a da tu`siniksiz bolg`an minez-quliq sebepshisi boladi. Erksiz retlesiw, tek belgili bir maqsetke eriskennen an`-sezimnin` basqariwdag`i siyaqli basimnin` pa`seiwi ju`z beriwi ma`nisinde g`ana maqsetke bag`darlang`an dep esaplaniwi mu`mkin. Freyd erksiz talaplar ko`plegen jasirin basimlar oshag`i tiykarinda jatirg`anlig`in ha`m olar maslasiwdin` psixologiyaliq qiyinshiliqlarin ha`tteki kesellikler payda etiwi mu`mkin ekenligin ko`rsetti.

Freyd, sanasizliq- bul diqqat awdarilmay atirg`an protsessler g`ana emes, al sana ta`repinen bastirilip taslang`an, sana bug`an qarsi ku`shli tosqinliqti alg`a su`retug`in *uwayimlar* dep esapladi.

Insan ko`plegen sotsialliq qàäàg`àí åòèw ha`m sheklewler- *tabu menen konfliktke* tu`siwi mu`mkin. Konflikt jag`dayinda onda ishki basim ku`sheyip, miy qabig`inda qoziwdin` izolyatsiyalang`an oshag`i payda boliwi mu`mkin. Qoziwdi tu`siriw ushin birinshi gezekte konflikttin` o`zin ha`m onin` sebeplerin àn`ëàw kerek, biraq an`law awir uwayimlarsiz mu`mkin emes ha`m adam an`lawg`a tosqinliq etedi. Misali, teren` jek ko`riwshilèk, ha`tteki qarsilasin o`ltiriw tilegi qizg`anshaq adam ta`repinen jasiriladi ha`m onda ishki basim oshag`inin` ïàéäà áîëûwûíûn` ñåáåáè áîëûwû ìu`ìêèí. Bunday quramali uwayimlar olardin’` an`lawi qiyin ha`m qa`lemegen bolg`anlig`i sebepli toqtatiladi ha`m saplastiriladi yag`niy, an`laniwshi tarawinan shig`arip taslanadi. Biraq bul qoziw oshag`inin` buziliwin an`latpaydi. Uzaq waqitqa shekem olar toqtatilg`an jag`dayda saqlaniwi ha`m belgili bir jag`dayda, tiyisli ta`sir aqibetinde olar aktuallasiwi ha`m sana ha`m an`-sezim jaraqatlawshi real faktor boliwi mu`mkin. Bunday kemsitilgen oshaq ju`da` teren`ge jasiriliwi mu`mkin, biraq ol qolaysiz jag`dayda ko`riniwi ha`m adamnin` jag`dayina jaraqatlawshi ta`sir etiwi, ha`tteki psixikaliq keselliktin` rawajlaniwina alip keliwi mu`mkin. Bunday awir ta`sir etiwdi boldirmaw ushin jaraqatlawshi faktordi an`law ha`m oni ishki du`n`yanin` basqa faktorlari ha`m bahalari du`zilisine kiritiw kerek.

Sanasizliq- ha`r bir adamnin` psixikaliq is-ha`reketinin` øa`ðòëè qurawshi bo`legi. Qa`legen psixikaliq akt erksiz sipatinda baslanadi ha`m tek keyin g`ana àn`ëàíààû, biraq eger an`law jolinda tosqinliq ushiratsa, àn`ëàíààg`àí bolip qaliwi mu`mkin. Izertlewshileräèn` øàìàëàwûíøà, sanaliq tu`sinik o`z ishine predmetlik tu`sinikti ha`m tiyisli so`zlik bildiriwdi aladi, al erksiz, tek g`ana predmetlik ko`rsetiwden turadi. Eriksizdi G`BiliwG` protsessi predmetlik ko`rsetiwdi so`zlik formag`a awdariw menen baylanisli. Ïsixoanaliz-bul yad terapiyasi. Ol o`z ishine-oshag`in izlew (onin` eske tu`siriwi), onin` àøûëûwû (mag`liwmatti so`zlik formag`a aylandiriw), qayta bahalaw (ko`rsetpe sistemasin o`zgertiw), jan`a a`hmiyetlilikke muwapiq ówàéûìëàw, umitiw (qoziw oshag`in saplastiriw)äû àëààû.

**Tema: Xizmet ha`m motivatsiya**

**Joba:**

1. Xızmet haqqında tu`sinik
2. Xızmettin` strukturası
3. Xızmettin` kompanentleri
4. Xızmettin` tu`rleri
5. Jetekshi xızmet

***<u>Tayanish tu`sinikler</u>***: xizmet ha`m onin` tu`rleri, xizmettin` interiorizatsiyasi ha`m eksteriorizatsiyasi, motiv, motivatsiya, ko`nlikpe, tajiriybe, jetekshi xizmet.

**A`debiyatlar.**


1. Davletshin M.G. Umumiy psixologiyaT., TDPU, 2002.
2. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
3. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
4. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.


**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz

**<u>Xizmet haqqinda tu`sinik</u>**. O`tken bapta insan o`z talaplarin qàíaatlanäûðûw maqsetinde jedellik ko`rsetedi dep aytqan edik. Biraq bul qanaatlaniw barliq waqittada tek o`zlerinin` organiqaliq talaplarinin` tikkeley ta`siri astinda ha`reket etiwshi haywanlardag`i siyaqli, tikkeley xarakterge iye emes. Insanda bolsa, ha`tteki awqatqa bolg`an talap siyaqli ta`biyiy talap ta adamzat ta`repinen ta`rbiyalap shig`ilg`an, ja`miyetlik ta`jiriybe ta`sirinde a`melge asiriladi.

*«Ashliq bul ashliq, biraq pisken go`shti pishaq ha`m vilka menen jew, shiyki go`shti qol, tirnaq ha`m tis ja`rdeminde jewdegi ashliqtan pariq qilad»`.*

*Egerde adam tek uyiqlap qalg`an bolmasa, onin` normal` tu`rdegi jag`dayi- bul aktiv tu`rdegi, onin` normal` tu`rdegi jag`dayi- bul aktiv tu`rdegi, jigerlilik jag`dayi boladi. Adam tiri eken, ol mudami ha`reket etedi, bir na`rse isleydi, bir na`rse menen shug`illanadi, oynaydi, miynet etedi, oqiydi, sport penen shug`illanadi, adamlar menen qatnas jasaydi h.t.b. Qullasi, ol aktivlilik sirtqi (is-ha`reket operatsiyalari, bulshiq etlerdin` ku`sh saliwi yamasa) ishki aktivlilik (bul psixikaliq aktivlilik bolip ol qilt etpey jatqan adamdi oylang`anda, kitap oqig`anda bir na`rseni yadina tu`sirgende h.t.b. baqlanadi) ko`rsetedi. Biraq sirtqi ha`m ishki aktivlilikte tek sha`rtli tu`rde g`ana ayrip taniwg`a boladi. Pikirdin` jumisi ha`tte adam ko`zge ko`rinerlik aktivlilik jasalmag`an jag`dayda da so`ylewdi ta`miyinleytug`in mikroha`reketler (olardi esapqa aliwg`a boladi) menen baylanisli boladi, o`ytkeni, normal` tu`rdegi egerde adamnin` oylawi so`ylew formasinda boladi. Sonliqtanda adamnin` ha`rqanday xizmeti ba`rqulla sirtqi ha`reket, bulshiq etlerdin` ha`reketi menen baylanisli boladi.*

***Xizmet- bul adamnin` za`ru`rliklerin ha`m ma`plerin qanaatlandiriw menen baylanisli bolg`an o`z aldina sanali tu`rde qoyg`an maqsetlerine erisiwge, og`an ja`miyet ha`m ma`mleket ta`repinen qoyilatug`in talaplardi orinlawg`a bag`darlang`an aktivligi boladi.***

Haywanlar a`melge asirip atirg`an ha`reketlerge bul termindi qollanip bolmaydi. Adamnin` is-ha`reketinin` haywanlardin’` is-ha`rektinen o`zgesheligi sonnan ibarat, haywanlar ta`biyatqa maslasadi, al adam bolsa o`zinin` is-ha`reketi protsessinde o`z talaplarin qanaatlandiriw ushin qorshag`an ortaliqti o`zgertip jiberedi.

Adam is-ha`reketinin` na`tiyjesi qanday da bir ja`miyetlik yamasa sanali xarakterge iye belgili o`nim boladi. Adam o`zi islegeninin` ko`pshilik bo`legen o`zi ushin emes, ja`miyet ushin isleydi.

Xizmetsiz adamnin` turmisi mu`mkin bolmay qaladi. Xizmet protsesinde adam do`gerek a`tiraptag`i du`n`yani bilip aladi. Xizmet adam turmisinin` materialliq sharayatlarin do`retedi. Xizmet protsesinde ruxiy o`nimler: ilim, a`debiyat, muzika. Adamnin` xizmeti onin` o`zin jigerliligin, xarakterin uqiplarin qa`liplestiredi ha`m o`zgertedi.

Adamnin` xizmeti haywanatlardin’` qilig`i ha`tte anag`urlim quramali bolsa da olardin’` qilig`ina printsipial` tu`rde ayirilip turadi.

- Birinshiden, adamnin` xizmeti sanali xarakterge iye boladi, adam og`an erisiwdin` maqseti ha`m usillarin an`g`iradi, na`tiyjesin aldin ala boljay biledi.
- Ekinshiden adamnin` xizmeti miynet qurallarin sog`iw, jumsaw ha`m saqlaw menen baylanisli boladi.
- U`shinshiden, adamnin` xizmeti ja`msiyetlilik xarakterge iye boladi, ol kollektivtin` o`zinde ha`m kollektiv ushin a`melge asiriladi.

Adam xizmetinin` za`ru`rli sha`rtleri- bul psixikaliq protsessler boladi. Olar, bir jag`inan adamnin` ha`rqanday xizmetinin` buljimaytug`in minezlemesi boladi, bala oynap, mektep oqiwshisi oqip, adam miynet etip atirsa da-xizmettin` barliq tu`ri barqulla diqqat, zeyin, ilgirlik, yad, oylaw, qiyal etiw menen ajiralmas baylanisli boladi, al olarsiz adamnin` heshqanday xizmeti a`melge asiwi mu`mkin emes. Ekinshi jag`inan psixikaliq protsessler xizmette ju`zege keledi, qa`liplesedi ha`m ta`rtipke salinadi. Psixikaliq protsesslerdin` ha`m adam xizmetinin` arasindag`i o`z-ara baylanis usilayinsha a`melge asiriladi.

Xizmettin` stukturasi. A`dette xizmetti onin` strukturasi (sostavi) ko`z-qarasinda alip qaraydi. Ba`rinen de burin xizmettin` maqsetlerin ha`m sebeplerin ayirip shig`aradi.

Adamnin` ha`rqanday xizmeti ol o`z aldina qoyatug`in maqsetleri, waziypalari menen belgilenedi. Maqset joq jerde xizmet te bolmaydi. Xizmet adamdi anaw yamasa minaw maqsetti o`z aldina qoyiwg`a ja`ne og`an erisiw ushin xizmetti sho`lkemlestiriwge iytermelegen belgili bir motivlerden, sebeplerden kelip shig`adi.

*Ma`qset degenimiz- bul adam sonin` ushin ha`reket etetug`in na`rse boladi: motiv degenimiz- bul adam ne sebepten xizmet etip atirg`anlig`i boladi.* Mine usi ko`z-qarasin`izdi med. intitutag`i oqiwin`izg`a alip qaran`iz. Sizin` maqsetin`iz qanday, bul oni tabisli tu`rde tamamlaw ha`m shipakerlik ka`sipti iyelip aliw. Al siz ne sebepten oqiy basladin`iz, ne sebepten med. instituti tamamlawdi o`z aldin`izg`a maqset etip qoydin`iz. Da`rhal sizin` yadin`izg`a sizdi usi sheshimge iytermelegen motivler tu`sedi.

A`dette adamnin` xizmeti tek g`ana qanday da bir motiv ha`m bir g`ana maqset penen emes, al en` jaqin ja`ne barg`an sayin uliwmasip ha`m uzaqlasa beretug`in maqsetler menen motivlerdin` pu`tin bir sistemasi menen belgilenedi.Ma`selen siz mine usi sabaqliqti u`yrenip otirsiz. En` jaqin maqset- usi baptin` mazmunin o`zdlestiri aliw boladi. Al onin` izin ala anag`urlim alis maqset- psixologiyani jaqsi bilip aliw turadi. Adamnin` tek g`ana en` jaqin perspektivalardi emes, al alislarin da ko`re biliwi a`hmiyetli boladi- bul na`rse og`an qiyinshiliqlarg`a qarsi gu`res ju`rgiziwde, ha`m tosqinliqlardi jen`ip shig`iwdi ku`sh bag`ishlaydi, al araliq na`tiyje erisiw adamdi alg`an bag`ittan qaytarmaydi.

Xizmetti motivatsiya da`rejesine qaray da motivler ja`miyetlik yamasa attan aniq tar jeke xarakterge iye boliwina qaray da bahalanadi. Jaqsi ta`rbiya ko`rgen adamda ja`miyetlik motivler jeke ma`nige iye boladi, onin` o`zinin` de jeke isi bolip qaladi.

Ku`shli sezimlerdin`, ko`binese ku`shli ta`siyir jasaytug`in qozdiriwshilardin’` usinday jete an`g`arilmag`anlig`i, tu`sinilmegen ha`reketlerdi *impul`siv* ha`reketler dep ataydi.

Ha`reketlerdi praktikaliq ha`m aqil ha`reketleri dep ayiradi. Olar o`z-ara tig`iz baylanisqan boladi. Praktikaliq ha`reketler (zatlardi manipulyatsiyalaw, konstruktivlik ha`reketler, mektep qasinda islenetug`in ha`reketler) bilip aliw xizmetinde (zeyin ilgirlikte ha`m oylawda) u`lken a`hmiyetke ten`.

Adamnin` ha`reketleri *so`ylew xizmetinen ajiralmag`an* halda boladi. So`ylew xizmeti, so`z (sonin` ishinde ishki so`ylew ishten aytiwda) adamnin` minez-qulqin ha`m xizmetin ta`rtipke saladi, og`an o`z ha`reketlerin an`g`ariwda, ha`rekettin` waziypalarin so`z benen bildiriwde ha`m onin` planin belgilewde, ha`rekettin` xarakterin o`zgertiwde, jol qoyilg`an qa`telerdi du`zetiwde ja`rdem beredi.

Ha`rqanday xizmet mina to`mendegi komponentlerdi (sostav bo`leklerdi, zvenolardi, basqishlardi) ajiratip shig`ariwg`a boladi: *ma`qsetti alg`a qoyiw* (konkret waziypani aniq tu`sinip aliw) basqishi, *jumisti planslatiriw basqishi:* ha`reket jasawdin` en` aqilg`a ug`ras usilin tan`lap aliw, egerde za`ru`r bolip qalg`an jag`dayda ag`imdag`i qadag`alaw ha`m xizmetti qayta quriw menen bir waqitta ju`rgiziletug`in *xizmetti orinlaw, a`melge asiriw basqishi*: bunnan son` egerde olar bar bolsa na`tiyjelerdi tekseriw, qa`telerdi du`zetiw, aling`an na`tiyjelerdi planlastirilg`an na`tiyjeler menen *salistiriw, jumistin` juwmag`in shig`ariw ha`m oni bahalaw ju`rgiziledi.*

**Xizmettin` tu`rleri**. Adamlardin’` xizmeti ko`p tu`rli boladi, biraq sonda da oni negizgi u`sh tu`rli: oqiw, miynet ha`m oyin tu`rlerine bo`liwge boladi. Geyde xizmettin` o`zine ta`n tu`ri retinde sport xizmetin, sonday-aq o`z-ara qatnasti ayirip shig`aradi.

Xizmettin` negigi tu`ri retindegi miynettin` son`g`i na`tiyjesi ja`miyetlik paydali o`nimdi do`retiw boladi.

Joqari ja`miyetlik qunliliqtag`i jan`a, original tu`rdegi o`nimdi beriwshi texnikaliq oylap tabiwshiliq ko`rkem muzikaliq, a`debiy shig`armani do`retiw, h.t. b xizmet tvorchestvoliq xizmet depte ataladi. A`lbette, tvorchestvoliq xizmet uqiplardin’`, og`ada tiyanaqli, teren` bilimlerdin`, iske qushtarliq penen qizig`iwshiliqtin` bar boliwin talap etedi. Bunnan tisqari tvorchestvoliq xizmet rawajlang`an qiyal etiwdi talap etedi.

**<u>Ta`lim aliw-</u>** bul ken` tu`rde bilimli boliw ha`m bunnan bilayg`i miynet xizmeti ushin za`ru`rli bilimlerdi, uqiplardi ha`m ko`nligiwlerdi iyelep aliwg`a bag`darlang`an xizmet boladi.

Ta`lim aliw, birinshiden, rawajlandirg`ish boladi. Na`tiyjede mektep oqiwshisi tek bilimlerge ha`m uqiplarg`a g`ana iye bolip qalmastan, onda aktiv tu`rdegi, o`z betinshe tvorchestvoliq oylaw rawajlanadi, oy-o`risi ken`eyedi, baqlawshilig`i qa`liplesedi, yadi ha`m diqqati jet`ilisip baradi.

Ekinshiden, ta`lim aliw ta`rbiyalawshiliq xarakterine iye boladi, ta`lim aliw protsesinde jeke adam qa`liplesedi, bir maqsetke bag`darlaniwshiliq, qatan`liq, o`z-ara ja`rdem beriw siyaqli bahali qa`siyetler ju`zege keledi.

**<u>Miynet xizmeti</u>**. Mekteptegi miynet ta`limi balani miynet etiwge psixologiyaliq jaqtan tayarlaydi. Ol miynettin` adam turmisindag`i a`hmiyetin tu`sinip, miynet quwanishin bilip aladi, onda miynet etiw tilegi ha`m uqibi, hu`rmet etiwge ta`rbiyalaydi.

**<u>Balalar oyini</u>**. Balalar turmisinda ayiriqsha u`lken a`hmiyetke iye boladi. Oyin- ta`rbiyalaw qurali. Oyin kollektivti do`retedi. Oyindag`i uliwma qisinispalar, tinishsizlaniwlar balalardi biriktiredi. Oinda joldasliq sezimi, biri-birin o`z-ara quwatlaw ta`rbiyalanadi.

Xizmettin` tu`rlerin analiz jasawdi juwmaqlay otirip, adam xizmetinin` barliq tu`rleri anaw yamasa minaw da`rejede so`ylew menen baylanisli ekenin atap ko`rsetiw lazim. Birinshiden xizmetti sanali tu`rde ta`rtipke saliw ha`m basqariw, oylaw, demek, so`ylew xizmeti arqali a`melge asiriladi ( basqasha etip aytqanda bul jerde xizmet ekinshi bir signal arqali ta`rtipke salinadi). Ekinshiden, adamnin` xizmeti, qa`de bolg`aninday-aq, kollektivlik xarakterge iye boladi ha`m so`z (til) adamlardin'` o`z-ara qatnasinin`, baylanisinin` (kommunikatsiyasinin`) qurali bolip xizmet etedi.

**<u>Ta`kirarlaw ushin sorawlar</u>**

- Xizmet degenimiz ne.
- Ol haywanlar is-ha`rektinen nesi menen ayriqshalanadi
- Is-ha`rekettin` maqseti ha`m sebebi degenimiz ne
- Olar arasindag`i qarim-qatnas qanday
- Jaqin ha`m uzaq motivatsiya arasindag`i ayirmashiliq nede
- Xizmettin` tiykarg`i komponentlerin atap o`tin`
- Teoriyaliq ha`m praktikaliq is-ha`reket neden ibarat
- Xizmettin` tiykarg`i tu`rlerine salistirmali sipatlama berin`

## Tema: Qarim-qatnas

**Joba:**

1. Qarım-qatnas tu`sinigi
2. Qarım-qatnas ma`deniyatı haqqında
3. Qarım-qatnas tu`rleri
4. Qarım- qatnastın` ta`repleri
5. Qarım-qatnas ha`m til. Til ha`m so`z

***<u>Tayanish tu`sinikler</u>***: insaniy qarim-qatnas, psixologiyaliq ta`sir, verbal ta`sir, noverbal ta`sir, paralingvistik ta`sir, qarim-qatnas ma`deniyati, qarim-qatnas ha`m til

**A`debiyatlar.**

1. Davletshin M.G. Umumiy psixologiyaT., TDPU, 2002.
2. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
3. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
4. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.

**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz
6.www. psychology.net.ru

**<u>Psixologiyada qatnas tu`sinigi.</u>** Adamlar arasindag`i qarim-qatnas ha`m onin` nizamliqlari adamlar turmis ta`rzinin` barliq tarawlarinda basqa adamlar menen bolatug`in o`z-ara qatnasiqlardin'` en` a`hmiyetli sha`rtlerinen biri bolip esaplanadi. Adamnin` aqili, erki, sezim ma`deniyati, ta`rbiya ko`rgenligi, iybeliligi ha`m sol siyaqli barliq qa`siyetler qarim-qatnas arqali qa`liplesken. Sonin` menen birge uyqizizliq, bas awiriw, nevrozlar, insul`tlar, infarktlr ha`m basqa da tu`rli kesellikler, sonday aq ishimlikke, narkotik zatlarg`a o`sh boliw, ha`tteki o`z janina qast qiliw, bulardin'` barlig`i sol qarim-qatnas na`tiyjesi esaplanadi. A`psanalarda aytiliwinsha, dana Ezop o`zinin` xojeyininin` «Mag`an birinshi, du`n`yadag`i en` mazali tag`amdi keltir ha`m onnan son` en` biymaza, jag`imsiz tag`amdi keltir», -dep buyirg`aninda, ol ekewinede qaynatilg`an tildi a`kelgen eken. Demek, til, qarim-qatnas, so`ylesiw insan o`mirinde onnan qanday paydalaniw, oni qanday isletiw, qanday sho`lkemlestiriwine qarap, onin` ushin en` a`ziz, en` qa`dirli boliwi yamasa kerisinshe en` qorqinishli, qayg`ili boliwi da mu`mkin.

Insaniyat rawajlaniwinin` ha`zirgi basqishinda adamlardin'` ku`ndelikli qarim-qatnasinin` tezlesiwi, xaliq tig`izlig`inin` artip bariwi, adamlardin'` turmis jag`dayinin` tez pa`t penen o`zgeriwi, olardin'` ku`sheyip bariwi siyaqli jag`daylar bu`gingi ku`nde qarim-qatnas ma`deniyatinin` joqari da`rejede boliwin talap etedi.

**Qarim-qatnas ma`deniyati.** Qarim-qatnas ma`deniyatina birinshiden, o`zin-o`zi biliw ha`m basqa adamlardi tu`sine aliw qa`biliyeti, yag`niy olardin'` psixologyaliq qa`siyetlerin duris bahalay aliw, ekinshiden, olardin'` minez-qulqina ha`m jag`daylarina say munasebette boliw, u`shinshiden ha`r bir adamg`a onin` individual qa`siyetlerine en` maqul keletug`in qarim-qatnas tu`ri, usili ha`m stillerin tan`lap biliw kiredi. Qarim-qatnas ma`deniyatin rawajlandiriw ushin adamg`a balaliqtan baslap basqa adamlarg`a hu`rmet ha`m shin kewlden mu`na`sebette boliw, olardin'` da`rtine sherik boliw, g`amxorliq qiliw qa`biliyetlerin qa`liplestirip bariw kerek boladi. Qarim -qatnas en` birinshi adamnin` adam ta`repinen qabil etiliwinen baslanadi, onda da`slepki o`zara bahalaw a`melge asiriladi,

da`slepki sezimler, intellektual mu`na`sebetler payda boladi ha`m bunnan son` tiyisli qarim -qatnas tu`ri a`melge asiriladi.

Psixologiyada belgilengen, qatnas quramali ha`m ha`r ta`repleme protsessti quraydi, ol bilimlendiriw, bunda ayirim ta`replerdi ayirip ko`rsetiw, yag`niy onin` du`zilisin su`wretlew mu`mkin. Qatnas du`zilisi minezlemesinde u`sh bir-biri menen baylanisli ta`replerdi atap ko`rsetedi.

- **kommunikativ.**
- **interaktiv**
- **pertseptiv.**

Qatnastin` bul ta`repleri funktsiya sipatinda belgilenedi, bunda qatnas adamlardin'` birgeliktegi turmisinda a`melge asiriladi.

Qatnastin` **kommunikativ ta`repi**, yamasa kommunikatsiya, so`ylesiwshi individler arasindag`i informatsiya bo`lisiwden ibarat. **Interaktiv ta`repi** so`ylesiwshi individler arasindag`i qatnasti, yag`niy tek g`ana bilim, ideyalar emes, al ha`reketler menen almasiwdi sho`lkemlestiriwden ibarat. Qatnastin` **pertsitiv ta`repi** partnerlardin'` so`ylesiwi boyinsha ha`m usi tiykarda bir-birin tu`siniwdi ornatiwda bir-birin qabillaw protsessin an`latadi.

Real shinliqta bul ta`replerdin` ha`r biri basqalardan bo`lek o`mir su`rmeydi ha`m tek g`ana tallawda olardi ayiriw mu`mkin. Qatnastin` atap o`tilgen barliq ta`repleri kishi toparlarda so`ylesiwdi sho`lkemlestiriw jag`daylarinda, yag`niy adamlar arasinda tikkeley baylanis jag`dayinda ko`rinedi ha`m ayiriladi.

Psixologiyada qarim-qatnastin` uliwma belgilengen aniqlamasi joq. A`dette, qatnastin` tiykarg`i ta`replerine (funktsiyalarina) ko`rsetiwshi su`wretlewshi aniqlama qollaniladi. **Qatnas**- bul G`bir waqittin` o`zinde individlerdin` ha`m birge ha`reket etiw ha`m informatsiyaliq protsess, ha`m adamlardin'` bir-bri menen qatnas, ha`m olardin'` bir-birine ta`sir etiwi, ha`m bir-birin tu`siniw ha`m birge bastan keshiriw protsessi sipatinda shig`iwi mu`mkin bolg`an ko`p qirli ha`m quramali protsessG`.

***Kommunikatsiya ha`qqinda aytqanda***, bul so`zdin` tar ma`nisinde, bunda adamlar birgeliktegi is-ha`reketlerinde bir-biri menen ha`r qiyli tu`sinikler, ideyalar, qizig`iwshiliqlar, keypiyatlar, sezimler menen bo`lisedi. Biraq qatnas ya xabar beriw, ya mag`liwmat almasiwg`a ten` bola almaydi. Qatnas protsessinde mag`liwmat tek g`ana jetkerilip qalmastan, qa`liplesedi, aniqlanadi, rawajlanadi. Sonliqtan-da, kommunikativ xabar-bul barliq waqitta sa`wbetlesip atirg`an adamlar ushin uliwma bolg`an ha`m olardin'` uliwmalig`in payda etetug`in jan`a mag`liwmat islep shig`iw protsessi.

Qatnastin` da`slepki sha`rti birinshi gezekte individtin` boliwi fakti, ol o`zinin` arasinda qanday-da bir kontakt du`ziwge shamasi keledi.

Qatnas psixologiyasin izertlewdi belgilengen qatnas elementlerin u`yreniw arqali usinilg`an modelge bag`darlanip o`tkeriw mu`mkin. Bul pozitsiyadan yuridikaliq qatnas ta analizleniwi mu`mkin. Yuridikaliq qatnastin` na`tiyjeliligi kommunikator, yag`niy yurist o`zgesheligisiz, onin` abiroyi, kompetentligi, qatnasti quriw usilisiz tu`sinip bolmaydi. Ekinshi ta`repten, auditoriyanin`-jasi, sotsialliq-psixologiyaliq, jeke-psixologiyaliq o`zgesheligi, a`sirese a`hmiyetli. Qatnas mazmuni (mag`liwmat, tekst h.t.b.) eki polyusti biriktiriwshi esaplanadi. O`z gezeginde, belgilengen elementlerdin` ha`r birin bahalaw ushin o`z kriteriya ha`m ko`rsetkishlerin usiniw mu`mkin.

Qa`legen mag`liwmatti belgiler (znak) sistemasi arqali jetkeriw mu`mkin. Psixologiyada **verbal kommunikatsiya** (belgi sistemasi sipatinda so`z qollaniladi) ha`m **ha`r qiyli so`zlik bolmag`an belgiler sistemasin qollaniwshi verbal emes kommunikatsiya** belgilenedi.

**So`ylesiw-** kommunikatsiyanin` en` universal qurali esaplanadi. So`ylesiw-bul adamnin` basqa adam menen ta`biyiy til arqali qatnas jasaw protsessi.

Til ja`miyetlik-tariyxiy ha`m sotsialliq. Ha`r qiyli ja`miyetlik jag`daylar, ha`r qiyli rawajlaniw jollari ha`r qiyli leksika, ha`r qiyli til du`zilisin payda etedi. Sonliqtan da qarim-qatnas na`tiyjeliligi uliwmalastiriwlar ushin uliwma tildi shamalaydi. Bilimlendiriw, uliwma ma`deniyat ha`m so`ylesw ma`deniyati siyaqli faktorlar da a`hmiyetli.

Psixologiyada ha`m **psixolingvistikada** so`ylesiwdi basqalarg`a arnalg`an sirtqi, ha`m o`zi ushin arnalg`a ishkige bo`ledi. O`z gezeginde, sirtqi so`ylesiw awizsha ha`m jazba boliwi mu`mkin. *Awizsha so`ylesiw monologiyaliq ha`m dialogiyaliq* bolip bo`linedi. *Monologiyaliq so`ylesiw* gu`walardin'` ko`rsetpesi, operativ doklad h.t.b formasinda boladi. Atap o`tilgen tu`rlerdin` ha`r biri o`zinin` sotsialliq-pixologiyaliq o`zgesheligine iye.

Qatnastin` a`hmiyetli usili *dialog*, yag`niy sa`wbetles ta`repinen qollap-quwatlanip otirg`an, birgelikte talqilanip atirg`an ha`m qanday da bir ma`seleni sheshiwge qaratilg`an so`ylesiw esaplanadi. Dialogtin` toliqlig`i, ken`ligi ha`m bo`lekleniwi ha`r qiyli boliwi mu`mkin. So`ylesiwde adamlar bir birin «yarim so`zden» tu`sinetug`in da`rejede qisqa boliwi mu`mkin. Bul olardin'` ne haqqinda ga`p ketip atirg`anlig`in qanshelli jaqsi tu`siniwinde, sa`wbetleslerdin` qanshelli jaqin, bir-birin tu`siniwge bolg`an umtiliwshilig`i qanshelli ku`shli ekenligine baylanisli. Misali, sa`wbetlesler arasinda ishki kontakttin` bolmawi, sa`wbet predmetine qatnastin` ha`r qiylilig`i, so`ylesiwdin` shin ma`nisin tu`siniwde qiynshiliq payda etip, so`zdin` toliq ha`m ken` du`ziliwin talap etedi.

Qatnas protsessinde jiyi dialogtin` fakticheskiy, informatsiyaliq, diskussiyaliq ha`m ishki sirin aytiw tipi ushirasadi.

**Fakticheskiy dialog**-bul tek g`ana dialogti, sa`wbetti uslap turiw ushin so`zlik viskazivanieler menen almasiw. Ayirim ma`deniyatlarda faticheskiy qarim-qatnas ritual xarakterine iye, o`ytkeni individke o`z qa`wimleslerine baylanisliliq sezimin payda etedi. **Informatsiyaliq dialog-**bul ha`r qiyli qa`siyettegi mag`liwmatlar menen bo`lisiw. Jiyi yurisprudentsiyada orin aladi (mag`liwmat, shig`iw ha`m keyingi talqilaw formasinda).

**Dialogtin` diskussiyaliq** tipi anaw yamasa minaw fakt, waqiya h.t.b tu`sinik beriw ayirmashiliqlari payda bolg`anda ha`r qiyli ko`z-qaraslar soqlig`isiwinda ju`zege keledi. Diskutantlar ayiriqsha usil menen bir-birine ta`sir etedi. Minez-quliqtin` belgili bir o`zgerisine erisiwge urinadi.

**Ishki sirin aytiw dialogi**-en` isenimli qatnas-adam o`zinin` teren` sezimleri ha`m bastan keshiriwleri menen bo`lisiwdi qa`legende payda boladi. Bul intim qatnas bolip, individtin` bir birin qabillawi, o`mirdin` bahaliliqlari ha`m uliwma ma`nisin bo`lisiwge tiykarlang`an.

**Verbal so`ylesiw** universal esaplang`an menen, ol qatnastin` so`zsiz, yamasa verbal emes qurallari menen toliqtiriladi. Psixologiyada verbal emes qarim-qatnastin` to`rt tu`rin ayiradi- ***kinesika, paralingvistika, proksemiku, vizual qatnas***. Qatnastin` ha`r bir formasi o`z belgilik sistemasin qollanadi.

***Kinesika-*** *jest, mimika, pantomimikani* o`z ishine alatug`in qatnas qurali sistemasi. Kinestik sistema denenin` ha`r qiyli bo`limlerinin` (qol-jestikulyatsiya, bet-mimika, poza-pantomimika) uliwma motorikasinin` aniq qabillaniwshi qa`siyetleri sipatinda turadi. Denenin` ha`r qiyli bo`limlerinin` uliwma motorikasi adamnin` emotsional reaktsiyasin ko`rsetedi. Kommunikatsiya jag`dayina optiko-kinetikaliq sistemanin` qosiliwi qatnasqa nyuans beredi. Bul nyuanslar ha`r qiyli millet ma`deniyatlarinda sol bir jestti qollaniw ha`r qiyli ma`nini bildiriwi mu`mkin. Misal basti iyzew rus ha`m bolgarlarda bir-birine qarama-qarsi ma`nini bildiredi, ruslarda awa, bolgarlarda yaq degeni. A`tirapta ju`z berip atirg`anlardi duris tu`siniw ushin ko`rkem ha`reketler ayirim tekstlerge biliw kerek bolg`an o`z aldina «teksttin` jasirin ma`nisin» usinadi. Ha`reket tili sirtqi ha`rekette ishki mazmundi ashadi. «Bul til-dep jazg`an edi L.Rubinshteyn-so`ylesiwdin` na`zik quralina iye. Bizin` ko`pshilik ha`reketlerimiz-bul tutas bir metaforalar. Adam basqalardan joqariraq boliw ushin ko`kiregin kerise, yamasa bas adamlar aldinda basin iyse ol o`z personasi menen awispali ma`ni beretug`in obrazdi su`wretleydi».

Belgilerdin` ***paralingvistikaliq ha`m ekstralingvistikaliq*** sistemasi sonday aq verbal kommunikatsiyag`a G`qosimshaG`ni ko`rsetedi. Paralingvistikaliq sistema-bul vokalizatsiya, yag`niy dawis sapasi, onin` diapazoni, toni sistemasi. Ekstralingvistikaliq sistema-so`ylesiwge pauza, basqa da qosindilar, misali jo`teliw, jilaw, ku`liw, so`ylesiwdin` o`zinin` tempin kiritiw.

**Proksemika-**qarim-qatnastin` ken`islik ha`m waqitliq sho`lkemlesiwi normalari menen shug`illaniwshi psixologiyanin` ayiriqsha tarawi. Protsessti sho`lkemlestiriwdin` ken`islik ha`m waqti ayriqsha belgilik sistemasi sipatinda shig`adi, ma`nilik nagruzkag`a iye, kommunikativ jag`day komponenti esaplanadi. Solay etip, partnerlardin’` bir-birine ju`zlesip jaylasiwi kontakttin` payda boliwina ta`sir etedi, so`ylewshige diqqatti bildiredi, arqadan baqiriw keri ta`rtiptegi ma`nige iye boliwi mu`mkin. Qatnasti sho`lkemlestiriwdin` ayirim ken`islik formalarinin` sa`wbettegi eki adam ushin da, massaliq auditoriyada da u`stinligi eksperimental da`lillengen.

Bul tarawdag`i bir qatar izertlewler kommunikativ jag`daylardin’` ken`islik ha`m waqitliq konstantinin` o`zine ta`n toplamin u`yreniw menen baylanisli. Bul bo`leklengen toplamlar «xronotip» dep atalg`an. Misali, «vagon jolawshisi» dep atalatug`in xronotip su`wretlengen. Qatnas jag`dayi o`zgesheligi bunda ayirim waqitlari ku`tilmegen ta`sir etiw na`tiyjelerin payda etedi-misali, eger bul «vagondag`i jolawshi» bolsa barliq waqitta da tu`sindirip bolmaytug`in birinshi ushirasqan adamin`a ashilisiw.

**Vizual qatnas**-bul da`slepki u`yreniw, intim qatnas penen baylanistirg`an ko`z benen kontakt. Biraq ha`zirgi waqitta bunday izertlewler spektri biraz ken`irek-ko`z ha`reketi menen ko`rsetiletug`in belgiler. Qatnas jag`daydin` ken`irek diapazonina kiritiledi. Bunday qatnas yuristlerdi jumisqa aliwda a`hmiyetli ma`niske iye bolip, bunday talqilawlar seminar sabaqlarinda talqilanadi.

**Qatnas o`z-ara baylanis sipatinda** Qatnastin` interaktiv ta`repi adamlardin’` birgelikte jumislardi sho`lkemlestiriwinde ko`rinedi. Bul is-ha`reket boyinsha bilim ha`m ideyalar menen bo`lisiw erisilgen o`z-ara tu`siniw birgeliktegi is-ha`reket.

Bul is-ha`rekette bir waqittin` o`zinde ko`plegen adamlardin’` qatnasiwi, ha`r kim og`an o`z u`lesin qosiwi kerek ekenligin bildiredi. Bul o`z ara baylanis birgeliktegi is-ha`reketti sho`lkemlestiriw sipatinda o`zinshe tu`siniw mu`mkinshiligin beredi.

Psixologiyada barliq mu`mkin bolg`an tu`rler eki qarama-qarsi tu`rlerge bo`linedi**- kooperatsiya** (birgelikte islew) ha`m **konkurentsiya** (konflikt). Kooperatsiya birgeliktegi is-ha`reket, toparliq maqsetke erisiwdi sho`lkemlestiriwge mu`mkinshilik beretug`in birgeliktegi ha`reket. **Konflikt-**bul birge ha`reket etiw sub`ektlerinin` bir-birine qarama-qarsi bag`darlang`an maqsetler, qizig`iwshiliqlar, pozitsiyalar, ko`z-qaraslardin’` soqlig`isiwi. Da`stu`riy tu`rde konflikt o`z ara baylanisinin` negativ tipi sipatinda qaraladi. Ha`zirgi waqitta psixologiyada konflikttin` pozitiv ta`replerin aniqlawshi ko`plegen izerlewler o`tkerilgen. Olardin’` uliwma lozungi «Konflikt-bunday a`jayip mu`mkinshilik».

**Ta`kirarlaw ushin sorawlar.**

- Qarim qatnas haqqinda tu`sinik ha`m onin` a`hmiyeti.
- Qarim-qatnas du`zilis
- Qarim-qatnas qurallari. So`z qarim-qatnas qurali ekenligin da`liylen.
- Qarim-qatnas tu`rleri.

**Tema: Shaxs**

**Joba:**

1. Shaxs haqqında tu`sinik.
2. Shaxstın` qa`liplesiwine ta`sir etiwshi faktorlar
3. Shaxstın` o`zin-o`zi bahalawı
4. Shaxstın` imkaniyatları

***<u>Tayanish tu`sinikler</u>***: shaxs, shaxstin` rawajlaniwi, shaxstin` qa`liplesiwi, shaxstin` rawajlaniw da`wirleri, individ, individualliq, shaxs teoriyalari,.

**A`debiyatlar.**


1. Davletshin M.G. Umumiy psixologiyaT., TDPU, 2002.
2. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
3. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
4. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.


**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz

**<u>Psixologiyada jeke shaxs haqqinda uliwma tu`sinik.</u>** «Jeke shaxs» termininde su`wretlenetug`in shinliq, usi terminnin` etimologiyasinin` o`zinde ko`rinedi. «Jeke shaxs» so`zi (latin tilinen) a`wel bastan antik teatrda ha`reket etiwshi adamlardin`` belgili bir tipleri menen bekitilgen («qizg`anshaq», «qaharman, h.t.b») akter maskalarina (niqabina) («lichina» (perde) so`zin salistirin`) tiyisli bolg`an.

Son` bul so`z akterdin`` o`zin ha`m onin` rolin an`lata baslag`an. Rimlilerde persona so`zi sha`rtli tu`rde onin` belgili bir sotsialliq funktsiyasin, rolin (a`ke shaxsi, patsha shaxsi, qazi shaxsi h.t.b) ko`rsetken halda qollanilg`an. Yag`niy aytqanda, jeke shaxstin` da`slepki ma`nisi-adamnin` belgili bir funktsiyasi yamasa sotsialliq roli.

Waqittin` o`tiwi menen jeke shaxs tu`sinigi belgili bir da`rejede sol konkret til ushin spetsifikaliq bolg`an ja`ne de ko`birek ma`nilik a`hmiyet, o`zgeshelik ha`m diapazon ha`rtu`rliligi menen toliqtirilip barilg`an.

Psixologiyada «adam» tu`siniginen tisqari anag`urlim tar ma`nisindegi jeke adam degen tu`sinik qollaniladi. Jeke adam degenimiz – bul tap sol adamnin` o`zi, biraq ol tek ja`miyetlik, sotsialliq tiri jan retinde qaraladi. Jeke adam degende biz onin` biologiyaliq, ta`biiy ta`replerin esapqa almaymiz.

Bunday jag`dayda sotsialliq ko`z-qarastan jetkilikli da`rejesi na`zerde tutiladi na`reste yamasa ruwxiy ag`iriq adam jeke adam dep esaplana almaydi.

Psixologiyada adam ha`m jeke adam degen tu`sinikler menen bir qatarda jeke minezli adam degen tu`sinik te qollaniladi. Ha`r bir adamnin` o`mir joli, onin` turmis ha`m xizmet, ta`lim-ta`rbiya aliw sharayatlari o`zine ta`n ta`kirarlanbaytug`in boladi, sonliqtan da bir-birine pu`tkilley usa ketetug`in eki jeke adam joq boliwi mu`mkin emes. Tap mine usi adamnin` jeke kelbeti jeke qa`siyetli adam dep ataladi. Bul o`zine ta`n psixologiyaliq o`zgesheliklerdin` ta`kirarlanbaytug`in birikpesi retindegi konkret varianttag`i jeke adam boladi.

<u>Jeke adamnin` en` a`hmiyetli u`sh minezlemesin atap o`temiz.</u>

- **Birinshiden,** *jeke adam qa`siyetlerinin` turaqlilig`i*. Jeke adamnin` psixikaliq ha`reketleri qanshama sa`nli, o`zgeriwshen` bolg`ani menen onin` psixikaliq du`zilisi belgili da`rejede turaqli ekenligi attan aniq ko`rinedi, al bul na`rse atap aytqanda usi jeke adamnin` minez-qulqin anaw yamasa minaw jag`dayda aldin boljap ko`riniwge imkaniyat beredi.
- **Ekinshiden,** *jeke adamnin` birligi*. Jeke adam bir pu`tin na`rseden ibarat boladi, onda ha`rbir qa`siyet basqalari menen tig`iz baylanisqan ha`m sonliqtan da jeke adamnin` ha`rbir qa`siyeti o`z a`hmiyetine, ko`binese jeke adamnin` basqa qa`siyetleri menen o`z-ara baylanisiwina qaray pu`tkilley ha`rqiyli a`hmiyetke iye boladi.
- **U`shinshiden**, jeke adamnin` aktivligi. Aktivlilik do`gereke a`tiraptag`i du`n`yani bilip aliwg`a, o`zgertiwge, qayta du`ziwge, o`z-ara basinin` ta`biyatina, o`zinin` psixikaliq du`zilisin (o`zin-o`zi ta`rbiyalawdi) o`zgertiwge bag`darlang`an ko`p tu`rli ha`m ha`r ta`repleme xizmette ko`rinedi.

**Jeke adam-**og`ada quramali bir pu`tin na`rse boladi. Biraq mine usi quramali bir pu`tin na`rsenin` u`sh tiykarg`i ta`repin yamasa, psixologlardin`` aytatug`ini siyaqli, u`sh bo`legin ajiratip shig`ariwg`a boladi.

- Bul jeke ***adamnin` bag`darlaniwshilig`i***, onin` do`gerek- a`tiraptag`i du`n`yag`a bolg`an qatnaslarinin` sistemasi. Bug`an jeke adamnin` minez-qulqinin` motivleri (jeke adamda anaw yamasa minaw minez-quliqqa, yaki xizmetke qushtarlandiratug`in sebeplerdi motivler dep ataydi), atap aytqanda onin` talaplari, sezimleri, ma`pleri jatadi.
- Bul jeke ***adamnin` mu`mkinshilikgi***, onin` xizmetinin` (atap aytqanda uqibinin`) tabisli bolip shig`iwinin` aldin ala psixologiyaliq sha`rtleri.
- Jeke adamnin` minez-qulqinin` stili, psixologiyaliq o`zgeshelikleri (temperamenti ha`m xarakteri) boladi. Basqasha etip aytqanda, jeke adam qanday ha`reket etetug`ini ha`m ol nege basqasha emes, al usilayinsha ha`reket etetug`ini menen sipatlanadi.

**Jeke shaxstin` en` a`hmiyetli sipatlamalarinin` biri-o`zin, o`z is-ha`reketin bahalaw**, topardag`i o`z ornin ha`m topardin` basqa ag`zalarina o`z qatnasin na`zerde tutatug`in-o`zine baha beriw. Adamnin` jedelligi ha`m o`zin jetilistiriwge umtiliwi usig`an baylanisli. Ol adamnin` o`z-o`zine talabinan ja`miyetlik talapta ko`rinetug`in sirtqi bahanin` a`ste-aqirin interiorizatsiyasi joli menen rawajlanadi.

Qatnasqa talap balalarda basqishpa-basqish rawajlanadi. Da`slep-bul u`lkenler ta`repinen diqqatqa umtiliw, son`-olar menen birge islesiwge, keyin ala bala olar menen bir na`rselerdi birgelikte islegisi kelip qalmastan, olardin’` hu`rmetin sezgisi keledi, ha`m son` bir birin tu`siniwge za`ru`rlik payda boladi. Balanin` ata-anasi menen qanday qatnas ornatatug`inlig`i, bul qatnasta onin` orni qanday bolatug`inlig`inan onin` o`zine bolg`an qatnasi baylanisli. Ata-analar sebepsiz o`z balasinin` real ha`m oylap tabilg`an jetiskenliklerin maqtanish etiwi balada ko`terin`ki umtiliwshiliq da`rejesinin` qa`liplesiwine alip keledi. Sonin` menen birge ata-ananin` balasinin` mu`mkinshiliklerine isenbewi, balanin` negatizmin bastirip taslaw balada o`z a`zziligin, jetilispegenligin seziwge alip keledi.

O`zine unamli baha beriwdi rawajlandiriw ushin, bala ha`zirgi waqitta qanday, jaqsi yamasa jaman (bu`gin qazan-tabaq juwdi ma yamasa kesani sindirip qoydi ma) ekenliginen qattiy na`zer muhabbat penen qorshalg`an boliwi kerek. Ba`rha ata-ana muhabbatin seziw balada jeke bahalilig`i sezimin payda etedi, bunda ata-ana onin` konkret bir is-ha`reketlerine haq niyetli bahasin beriwdi toqtatpaydi. Biraq ata-ana xosh ko`rmeytug`in qilig`in balag`a berilgen uliwma baha menen baylanistiriwi kerek emes. Misali, eger bala o`tirik so`ylese oni jazalaw kerek, biraq og`an aldawiqshisan` dep aytiwdin` keregi joq. Ata-analardin’` aytqan negativ ga`pi balanin` sanasinda bekkemlenedi ha`m o`zine baha beriwdi o`zgertedi.

Kishi mektep jasindag`i balalarda o`zine baha beriw a`tiraptag`ilardin’` pikir ha`m bahalarina tiykarlanadi ha`m kritikaliq analizsiz, tayar tu`rinde qabillanadi. Bunday sirtqi ta`sirler o`spirimlik jasina shekem ju`da` a`hmiyetli.

O`zin unamli bahalawshi o`spirimlerdin` tayarbiyalang`an shan`araqtag`a avmosferani u`yrengende, bunda bala menen ata-anasi arasinda tig`iz baylanis bar ekenligi aniqlang`an. Ata-analar balalarinin` mashqalalarina teren` qizig`iwshiliq bildirgen, olardin’` sheshiwinde qatnasqan ha`m o`z balalarin tek g`ana qizig`iwshiliq ha`m bawirmanliqqa emes, al hu`rmetke ilayiqli dep esaplaytug`inlig`in ko`rsetken. Ata-ananin` bunday qatnasi balani o`zin unamli dep ko`riwge iytermelegen dep shamalaw mu`mkin.

Balalar, a`dette mektepke unamli qatnas penen keledi. Waqittin` o`tiwi menen, uqiplilig`i az yamasa a`zzi tayarlang`an balalarda jaman baha aliw siyaqli ashshi ta`jiriybe toplanadi, sonda motivatsiya o`zgeredi-mektep ha`m oqiwg`a qatnas keri boladi, unamsizg`a aylanadi, oqiwdag`i o`sip baratirg`an qiyinshiliqlar o`zine beriletug`in bahani da to`menletedi.

O`zin bahalawdin` to`menlewinin` aldin aliw ushin N.A.Menchinskaya to`men oqiytug`in balalar kishkene balalarg`a oqitiwshiliq qiliwin maqsetke muwapiq dep esaplaydi. Sonda balada bilim aliwdag`i kemshilikleri toliqtiriw niyeti payda boladi, al bul tarawdag`i tabis onin` o`zin bahalawinin` normallasiwina ta`sir etedi. O`zin adekvat bahalawdin` buziliwi mektepke bariwg`a jaqsi tayarliq ko`rgen balalarda da boladi. Ko`rilgen jaqsi tayarliq penen bala kishi klasslarda qiynalmastan jaqsi bahalarg`a oqiydi. An`sat tabisqa erisiw arqali ol ba`rha maqtawg`a esitiwge u`yrenip, umtiliwshiliqtin` joqari da`rejesi ha`m o`zin joqari bahalaw payda boladi. Joqari klasslarg`a o`tken son`, bul oqiwshilar, miynet uqiplarina iye bolmag`anlig`i sebepli o`z joldaslarinan u`stinligin jog`alta baslaydi, ha`m aqibetinde olardin’` o`zin bahalawi birden tu`sip ketedi.

O`zin duris bahalawdin` qa`liplesiwinin` maqsetinin` g`a`rezliligine diqqat awdariw kerek. Amerikali psixologlar Rozental` ha`m Yakobson eksperiment qoydi-oqiw jilinin` basinda ayirim oqiwshilardan («kesh gu`llewshi») u`lken tabislardi tek jil aqirina barip ku`tiw mu`mkin dep ustazlardi isendirdi. Haqiyqattan da, «kesh gu`llewshi» dep belgilengen oqiwshilar tosattan alg`a shig`ip aldi. Bul eksperimentten keyin o`tkerilgen tekseriwdin` ko`rsetiwinshe, «kesh gu`llewshi» oqiwshilar o`z tabislarin basqa balalarg`a salistirg`anda haqiyqattan da jaqsilag`an. Bunday jaqsilawlar bir qansha da`rejege shekem ustazlardin’` ku`tiwi menen belgilendi, olar o`zleri bilmegen halda, «kesh gu`llewshi»lerge qatnasta belgili bir ko`rsetpeni a`melge asirg`an, buni olar qarim-qatnasta, ju`zinin`, dawis toninin`, manerasinin` ayiriqsha ko`rinislerinde, uliwma oqiwshig`a unamli qatnasin bildiriwshi barliq na`rsede bildirgen. Misali, eger ustaz oqiwshinin` joqari intellektual potentsialg`a iye ekenligin sezse, onnan juwapti ko`bireke, maqullawshi ju`z benen ku`tedi. Bunday eksperimentlerdi analizlewden ma`lim boliwinsha, eger ustaz oqiwshi menen qatnasta shidamsizliq etse, biypa`rwa tin`lasa, balada o`zin bahalawdin` pa`seyiwine ha`m u`lgeriwinin` real to`menlewine alip keledi eken.

Balanin` o`zine baha beriwinde u`lgeriwshiligi u`lken rol` atqaradi. Jaman oqiytug`in balalarda klasslaslari menen qatnasinin` buziliwi ha`m minez-qulqinin` deformatsiyasi baqlanadi. Olardin’` ayirimlari, o`zlerine biypa`rwaliqti sezse de bar ku`shi menen balalarg`a umtiladi, olardin’` diqqatin o`zine qaratqisi keledi. Biraq to`men oqiytug`in balalardin’` ko`pshiligi passiv pozitsiyani iyeleydi, jalg`izliq sezedi. Bunday balalar indemes, konfliktli bolip, mektepten tisqaridan qatnas izleydi.

O`spirimnin` tek bir ha`reketine berilgen ha`tteki en` jaman bahada onin` zeynine onshelli awir tiymeydi, o`ytkeni onin` o`z bahalawina qatnasi joq. Bul onin` jeke shaxsinin` kemsitiliwi sipatinda qabillanbaydi. Biraq oni uliwma bahalawda ha`tteki jen`il kritikanin` o`zi balani awir jaraqatlaydi, o`ytkeni bul unamsiz qatnas sipatinda qabillanadi.

Umtiliwshiliq da`rejesi ne ushin adam tabistan son` quwanbaytug`inlig`i ha`m sa`tsizliklerden son` qapa bolmaytug`inlig`in tu`siniw mu`mkinshiligin beredi. Bunday tan` qalarliq reaktsiya usi waqitta bar bolg`an

umtiliwshiliq da`rejesi menen tu`sindiriledi. Eger u`lken tabislarg`a niyiet etilgen bolsa quwaniwdin` keregi joq, al eger tabis ku`tilmegen bolsa onda qapa boliwg`a da sebep joq.

Umtiliwshiliq da`rejesi adamnin` o`z uqiplarina baylanisli ha`m belgili bir reputatsiyani jen`ip aliwg`a, o`zi ushin a`hmiyetli bolg`an adamlar toparinda hu`rmetke erisiwge umtiliwda ko`rinedi. Bug`an ya ja`miyet ushin paydali ha`reketler-do`retiwshilik ha`m miynette ayriqsha jetiskenlikler-yamasa bul tarawda hesh qanday ku`sh jumsamastan-qiyiniw, shash tu`rmegi, minez-quliq stilindegi ekstravagantliq penen erisiw mu`mkin.

O`zin hu`rmetlew da`rejesi tabis ha`m umtiliwshiliq da`rejesinin` o`z-ara qatnasina baylanisli. Umtiliwshiliq qanshelli joqari bolsa, adam o`zin qanaatlang`an seziwi ushin tabislar da sonshelli joqari boliwi kerek. A`dette, o`zin pa`s ha`m adekvat bahalawshi adamlarda o`z is-ha`reketleri na`tiyjelerinen uzaq waqit qanaatlanbaw, onin` na`tiyjeliligin pa`seytedi.

Umtiliwshiliqtin` joqari biraq ju`da` ba`lent bolmag`an da`rejesi adamnin` minez-qulqina unamli ta`sir etedi. O`ytkeni ol uzaq waqit dawam etiwshi sa`tsizlik ha`m o`zin ta`n aliwdin` bolmawini qarsi tura alatug`in o`z mu`mkinshiliklerine teren` isenim, o`zine isenimdi beredi. (Bunnan keyin «o`zin hu`rmetlew» ha`m «o`zin bahalaw» terminleri sinonim sipatinda qollaniladi).

**Ta`kirarlaw ushin sorawlar.**

- Jeke adam degenimiz ne
- Jeke adamg`a kimler kirmeydi.

Jeke adam bag`darlaniwshilig`i degenimiz ne.

## Tema:Topar ha`m jama`a`t

**Joba:**

a’. Topar haqqinda tu`sinik. Ja`miyetlik psixologiyada kishi toparlar mashqalasi.
g’. Kishi toparlar tasnifi. kishi toparlardag`i dinamik potsessler.
q. Jama`a`. Topar. Topar ha`m jama`a`degi lider
n’. Topardag`i shaxslar-ara mu`nasibetler. Topar ha`m jama`a`ni basqariw. Basqariw uslublari.
A) Auditoriya menen islewdin’ sotsial psixologiyalıq sha’rtleri
B) Aktiv oqıtıw tu’rleri h’a’m olardı sho’lkemlestiriw
V) Sabaqta pikirlesiw, breyingtorming h’a’m treninglerdi o’tkeriw
G) So’ylesiw tu’rleri. Jazba diskussiya o’tkeriw qag’ıydaları

**Tema boyınsha tayanısh so’zler:** Referent topar, agregatsiya, ra’smiy, ra’smiy emes topar, birleskenlik, psixologiyalıq sa’ykeslik, sotsiometriya. Bah’s, breynshtorming, trening, jazba a’sekelesiw, polilog, dialog, monolog, pikirlesiw.

***Paydalanılatug’ın a’debiyatlar:***


1. Karimov İ.A. Barkamol avlod - Uzbekiston taraqqietining poydevori.-T., 1997
2. Uzbekiston Respublikasining “Talim tug’risidagi qonuni”, T., 1997.
3. GozievE.G. Umumiy psixologiya. Toshkent. 2002.1-2 kitob.
1. V.M. Karimova, F.A. Akramova «Psixologiya», T-2000.
**2.** Drujinina V. «Psixologiya» Uchebnik. «Piter», 2003.
3. Goziev E.G. Muomala psixologiyasi. T-2001
4. Karimova V.M. İjtimoiy psixologiya va ijtimoiy amaliet.-T.: Universitet, 1999.- 96 b.
5. Karimova V.M. va boshk. Mustaqil fikrlash. - T.: Shark.-2000.- 112 b.


***1. Toparlar h’aqqında tu’sinik..*** Shaxslar aralıq mu’na’sibetler tiykarınan topar sharayatında, shaxs ma’lim insanlar ortalıg’ında, toparında, ja’ma’a’tte bolg’an taqdirde ju’z beredi. Sonın’ ushın h’a’m qa’niygeler ja’ma’a’tlerde ju’z beretug’ın shaxslar aralıq ta’sirdin’ nızamlıqları h’a’m mexanizmlerin biliwleri h’a’m olardı toparda adamlar miynetin sho’lkemlestiriwde a’lbette esapqa alıwları kerek.

Ha’r bir shaxstın’ minez-qulqında, qattı-h’a’rektelerinde ol ta’n bolg’an millet, xalıq, aymaq, professional tayıpa, miynet qılatug’ın ja’ma’a’ti, jaqın a’tıraptag’ı za’ru’r toparı, shan’araqtın’ ta’sirinde payda bolg’an sıpatları h’a’m o’zgeshelikleri boladı. Tariyxıy sha’rt-sharayat, da’wir, ma’mleket du’zimi h’a’m usı ja’miyettegi siyasiy, ekonomikalıq h’a’m ideologiyalıq ta’sirler h’aqqında joqarıda aytıp o’tilgen edi. Bul ta’sir makro basqıshtag’ı ta’sirler dep atalıp, jaqın ortalıqtın’ ta’siri-miro basqıshtag’ı ta’sirler dep ju’ritiledi. Eki basqıshtag’ı ta’sirler h’a’m sotsial psixologiyalıq qarasınan a’h’miyetli h’a’m ta’rbiyalıq ma’niske iye. Ha’r bir sharayatta shaxs o’zine ta’n sotsial rollardı orınlaydı h’a’m o’zinin’ «ko’rinisin» ko’rsetedi.

Sonday qılıp, shaxsqa bir waqıttın’ o’zinde tu’rli sotsial toparlardın’ ta’siri bolıp turadı. Tuwrı, ma’lim da’wirde bir sotsial topardın’ shaxsqa ta’siri sezilerlirek h’a’m a’h’miyetlirek, ekinshisiniki azraq boladı.

Ha’r bir ayrıqsha minutta biz ba’rqulla ma’lim toparlar ta’sirinde bolamız. Xosh, topardın’ o’zi ne? Topar-ma’lim sotsial xızmet maqsetleri tiykarında toplang’an, so’ylesiw za’ru’rlikleri qandırılatug’ın insan uyımı.

Ha’r bir shaxs ushın rawajlanıwının’ h’a’r bir ayrıqsha basqıshında sonday odamlar toparı boladı, ol olardın’ niyetleri, qızıg’ıwları, h’a’reket normaları, ideya h’a’m pikirlerine iyiriwge tayın boladı, h’a’reketlerinen

u'lgi aladı, olarg'a elikleydi. Bunday topar psixologiyada **referent topar** dep ataladı. Amerikalıq sotsiologlar referent toparlardın' bir neshe tu'rlerin parıqlaydı.

***Normativli toparlar-***bul shaxs ushın sonday insanlar toparı, olardın' normaların ol maqullaydı, olarg'a a'mel qılıwg'a ba'rqulla tayar boladı. Bunday toparlarg'a birinshi na'wbette shan'araqtı, diniy yaki milliy uyımlardı, professional toparlardı kiritiw mu'mkin. Mısalı, o'zbek xalqı da'stu'rxan a'tirapına otırg'an waqıtta betine patıh'a tartıw, miymanlarg'a «Xosh kelipsizler» deyiwleri norma esaplanadı h'a'm h'a'r bir shan'araqta sonday h'a'reketlerge jaqsı ustanovka qa'liplesedi. Bunda bala ushın referent rolin ata-anası, u'lkenler, ma'h'a'lledegi h'u'rmetli insanlar oynaydı.

***Salıstırıw toparları-***bul sonday topar, shaxs usı toparg'a kiriwi, onın' maqullawına mu'ta'j bolmaydı, biraq o'z h'a'reketlerin jolg'a salıwda og'an tiykarlanadı h'a'm korrektsiya qıladı. Talabalar toparında sonday jaslar bolıwı mu'mkinki, shaxs olar menen ulıwma so'ylesiwde bolmaydı, olardın' pikirleri h'a'm qarasların jaqlamaydı, biraq bull topar usılarg'a uqsamaslıq h'a'm o'z u'stinde ko'birek islewge tartıw kerek. Talaba jaslar sessiya jaqınlarına ko're differentsial stipendiya aladı.

***Negativli toparlar-***sonday, shaxs olardın' is-h'a'reketlerinen ataylap waz keshedi, olar shaxsiy qaraslarınan bir-birinen parıq qıladı. Mısalı, eki qon'sı bir-biri menen kelispese, diywallardı aqlawda h'a'm biri tan'lag'an ren'di ekinshisi tanlamaydı. Biri «aq» dese, ekinshisi «qara» dep turıp aladı.

***2.Toparlardın' tu'rleri.*** Ku'ndelik turmısta shaxs so'ylesiwinde bolatug'ın, waqıttı birgelikte o'tkeredi kisiler toparı h'a'm h'a'r tu'rli boladı. Mısalı, eger adamlar ko'shede tosınnan tamashago'y bolıp turg'an bolsa, olardı psixologiya tilinde topar emes, **agregatsiya** dep ataydı. Haqıyqıy topar ushın usı adamlardın' barlıg'ına alaqadar ulıwma xızmet h'a'm birge islesiwi, bir-birlerine ta'sir ko'rsetiw mu'mkinshiligi bolıwı kerek. Amerikalıq psixolog Ch.Kuli birge islesiwi da'rejesi o'lshemine ko're toparlardı birlemshi h'a'm ekilemshi toparlarg'a bolıw u'yreniwdi usınıs etken. Birlemshi toparda shaxslar aralıq o'z-ara ta'sir «ju'zme-ju'z, tikkeley» payda boladı. Mısalı, shan'araq ortasındag'ı, klasstag'ı, esapshılar xanasında o'tirg'anlar birlemshi toparga mısal.

Ekilemshi topralarda ba'rqulla adamlardın' tikkeley so'ylesiwinde bolıwı mu'mkinshilikleri bolmaydı. Olar ortasındag'ı mu'na'sibet h'a'm o'z-ara ta'sir tikkeley emes boladı. Mısalı, u'lken bir sho'lkemdegi dizimler arqalı so'ylesiw, ka'siplik awqamına birlesken adamlar, «watan» rawajlanıwı partiyası ag'zalarının' baylanıslıg'ı ekilemshi toparg'a mısal. Olarda h'a'm ulıwmalıq boladı, mısalı, usı partiyanı alatug'ın bolsaq, olar qashqadaryada bolama, Farg'anada bolama, ba'ribir ulıwma ideya a'tirapında birlesedi, ag'zalıq to'lemlerin waqtında to'lep turadı, saylaw aldı kompaniyalarında bir-birlerin qollap-quwatlap turadı.

Ko'pshilik toparlardı ra'smiy h'a'm ra'smiy emes tu'rlerine bolıp u'yrenedi. Ra'smiy topardag'ı mu'na'sibetler ra'smiy normalar h'a'm h'uqıq burıshlar dizimi menen belgilengen boladı. Mısalı, toparda baslıq menen xızmetkerler ortasındag'ı mu'na'sibetlerdi ta'miyinlewshi topar esaplanadı. Mısalı, doslar toparı, yaki talabalar toparındag'ı barlıq qızlardın' qon'ıraw waqtındag'ı so'ylesiw toparı.

Tu'rli toparlar insan turmısında bir neshe funktsiyalardı orınglaydı: a) sotsiallasıwshı funktsiya; b) instrumental, yag'nıy anıq miynet funktsiyalardı amelge asırıwg'a mu'mkinshilik beriwshi ortalıq; v) ekspressiv- adamlardın' o'zgelerdin' ta'n alıwları, h'u'rmetke sazawar bolıwı, isenim qazınıwın ta'miyinlew; g) qollap-quwatlaw, yag'nıy, qıyın waqıtlarda, mashqalalar payda bolg'anda adamlardı birlestiriw funktsiyası.

***q.Toparlardın' o'z-ara sa'ykeslik liderlik h'a'm konformizm jag'dayları.***

Toparlar olardag'ı adamlar sanına ko're u'lken h'a'm kishi toparlarg'a bo'linedi. Psixologiyada ko'birek kishi toparlar u'yreniledi. Onı neshe kishi qurawı, neshe kisi birgeliktegi xızmeti ko'birek na'tiyde beriwi ma'selesi a'meliy a'h'miyetke iye. Ko'pshilik adamlar topardın' baslawısh tochkası sıpatında mug'dar ta'repinen eki kisini- diadanı ta'n aladı. Polyak alımı Yan Shepanskiy bug'an qosılmasada (onın' pikirinshe keminde u'sh kisi – triadadan baslanadı), h'a'r qanday diada o'zine ta'n uyım sıpatında ta'n alıng'an. Mısalı, jan'a shan'araq qurıp, birge jasap atırg'an kisiler, su'yikliler, eki dos-o'zine ta'n kishi topar. Ha'r qanday kishi toparg'a ta'n sıpat sol, onın' ag'zaları bir-birleri menen tikkeley so'ylesiwge kirisedi, «ju'zme-ju'z» bolıw mu'mkinshiligine iye boladı. Ha'r qanday kisi ushın usı topar ju'da' a'h'miyetli bolıp, onın' normalarına o'zi qa'lep-qa'lemey boysına baslaydı. Kishi topardın' shegarası ma'selesi h'a'm ko'p dodalanadı.

G.M.Andreeva bul shegaranı a'g'-a'o' kisi dep esaplasa, amerikalıq Moreno o'z waqtında bul shegaranı q0-n'0 g'a shekem su'rgen edi. Biraq, bizinshe, onın' joqarı shegarası neshe kishi bolıwınan qatiy na'zer, o'z-ara tikkeley so'ylesiw mu'mkinshiligin beriwi h'a'm h'a'r bir ag'za bir-birine ta'sir ko'rsete alıwı kerek.

Ha'r bir o'zine ta'n psixologiyalıq dizimge iye. Onı qurawshı elementler turaqlı bolıp, olar topar ag'zaları minez-qulqın muwapıqlastırıp turadı.

Topardın' avtonomligi da'rejesi ma'lim a'h'miyetke iye faktor, h'a'r bir ag'za ulıwma makset tiykarında birlesken bolsap h'a'm, olardın' h'a'r birinin' o'z burısh h'a'm wazıypaları bar h'a'm usı qarasınan h'a'r adam o'z mu'mkinshiliklerin o'zinshe iske salıp, o'z-ara mu'na'sibetlerge sebep boladı.

Topardın' psixologiyalıq dizimge ta'sir etiwshi faktorlarına ja'ne olardın' jinisiy, jas ta'repinen, mag'lıwmatı h'a'm ko'nikpesi qarasınan parıq qılıwshı h'a'm uyg'ınlıqdı sho'lkemlestiriwshi faktorlar h'a'm kiredi.

Topardın' uyımlasqanlıg'ı dinamikalıq ko'rsetkishlerden bolıp, usı qarasınan h'a'r bir topar bir-birinen parıq qıladı. Mısalı, adamlar birgelikte orınlap atırg'an jumısının' qızıqlı h'a'm h'a'mme ushın ma'pli ekenligi, topar normalarının' ag'zalar ta'repinen ulıwma alg'anda qabıl qılınıwı, qa'diriyatlar dizimin oylawdag'ı pikirler maslıg'ı uyımlasqalıqtın' o'lshemleri.

Topardın’ dizimi onın’ u’lken-kishiligine h’a’m baylanıslı. Mısalı, o’-a’0 kisiden ibarat topardag’ı mu’na’sibetler jaqsıraq, uyg’ınroq h’a’m xızmet na’tiyjelirek esaplanadı.

***Topar sha’rayatında zamanago’y oqıtıwdın’ pedagogikalıq h’a’m psixologiyalıq texnologiyaları.*** Topar turmısı h’a’m ondag’ı ag’zalardın’ o’zlerin jaqsı seziwleri ko’p ta’repinen olardın’ birgelikte isley alıwları h’a’m bir-birlerine jaqsı mu’na’sibette bola alıwlarına baylanıslı. Bul h’a’diyseni tu’sindiriw ushın psixologiyada psixologiyalıq maslıq tu’sinigi bar. Psixologiyalıq maslıq degende, topar ag’zaları sıpatları h’a’m qaraslarının’ birligi emes, ba’lki olar ayırım sıpatlarının’ mas keliwi, qalg’anlarının’ kerek bolsa, qarama-qarsılıg’ı na’zerde tutıladı. Maslıqtın’ o’lshemi sıpatında N.Obozov to’mendegilerdi ajratadı: a) xızmet na’tiyjeleri; b) ag’zalarının’ jumsag’an ku’sh-energiyaları; v) xızetten qanıg’ıw.

Eki tu’rli o’z-ara maslıq parıqlanadı: psixofiziologiyalıq h’a’m sotsial psixologiyalıq. Birinshi h’alatta xızmet protsessinede adamlardın’ bir qıylı h’a’m mass ta’rizde h’a’reket qıla alıwları, reaktsiyalar maslıg’ı, jumıs ritmi h’a’m tempindegi uyg’ınlıqlar na’zerde tutıladı, ekinshisinde sotsial minezdegi maslıq–ustanovkalar birligi, ıqtıyaj h’a’m qızıg’ıwlar, bag’darlar birligi na’zerde tutıladı. Birinshi tu’rli maslıq ko’birek konveyer usılında islenetug’ın islep shıg’arıw karxanaları xızmetlerinde na’tiyjeli bolsa, bul joqarı oqıw orınları oqıtıwshıları, do’retiwshilik ka’sip iyellerinde ılajı joq h’a’m bolıwı mu’mkin emes, olarda ko’birek sotsial psixologiyalıq maslıqtın’ a’h’miyeti u’lken.

O’tkerilgen izertlewler psixologiyalıq maslıqtın’ ko’plep qırları bolıwı mu’mkinshiligin da’lileydi.

Toparda adamlardın’ bir-birlerin jaqtırıwları yaki kerisenshe, inkar qılıwları ko’pshilik h’a’r tu’rli qararlar qabıl qılıw protsessinde ju’z beredi. Toparlıq qararlar qabıl qılıw, individual qararlar qabıl qılıw protsessinen tu’pten parıq qılmaydı. Ekewinde h’a’m en’ aldı menen mashqala anıqlanadı, bir neshshe usınıslar aldıng’a su’riledi h’a’m akırı, en’ maqulı qabıl qılınadı. Biraq toparda bul protsess biraz basqasharaq keshedi h’a’m ja’njeller ko’bpshilik usı protsess menen baylanıslı boladı.

Xoffman o’z eksperimentlerinde toparlıq qararlar qabıl qılıwg’a topardın’ quramı ta’sir qılıw mu’mkinshilig da’lillegen. Onın’ pikirinshe, jaqsı, sıpatlı pikirler h’a’m qararlar topar quramı h’a’r qıylı (geterogen quram) bolg’an sharayatlarda onın’ quramı h’a’r qıylı (gomogen) bolg’anda ko’p h’a’m sıpatlı boladı. Gomogen toparlarda (mısalı, shama menen bir qıylı o’zlestiretug’ın talabalar toparı) qararlar qabıl qılıw dawamında konfliktlerdin’ az bolıwı h’a’m qararlar tez kabıl qılıwdı anıqlag’an.

Ha’r qanday qararlar qabıl qılıw protsessii psixologiyalıq ta’repinen ta’wekelshilikke tiykarlanıwı h’a’m da’lillengen. Biraq ta’wekelshilik da’rejesi topar sharayatında individual h’alatdag’ınad pa’s bolar eken. Ortasha topar ag’zasının’ bul orındag’ı pikiri: «Ta’wekel usı ga’pti aytay, maqul bolmasa, topar bar-ku, olar maqullag’an–ku?» Demek, topar sharayatında qabıl qılıng’an h’a’r qanday qarar ma’nisin sotsial xarakterli bolıp, onın’ tuwrı h’a’m paydalı, na’tiyjeli bolıwında basshının’ roli u’lken boladı.

***Topardag’ı psixologiyalıq ortalıq h’a’m onı u’yreniw.*** Topar h’a’m ja’ma’a’tler tuwrısında so’z ketkende, ko’pshilik onın’ «ruwxıylıq ortalıg’ı», «psixologiyalıq ortalg’ı» degen so’zler isletiledi. Bul na’rse usı jerdegi jumıstın’ jaqsılıg’ı, xızmettin’ na’tiyjesi menen baylanısadı. Sotsial psixologiyalıq ortalıq degende, biz usı topardın’ ag’zaları pikirleri, sezimleri, du’nyaqarası, ustanovkalar h’a’m o’z-ara mu’na’sibetlerinen ibarat bolg’an emotsional-intellektual h’alattı tu’sinemiz. Professional xızmetti orınlaw protsessinde ta’biyg’ıy birinshi tipli mu’na’sibetler u’stin bolıp, ekinshilerinin’ xarakteri birinshisinen kelip shıg’adı. Doslar toplang’an da’wradag’ı ortalıq kerisinshe, tikkeley simpatiyalarg’a tayanadı.

Sotsial psixologiyada a’ne sonday psixologiyalıq ortalıqtı eksperimental ta’rizde u’yreniwge u’lken itibar beriladi. En’ ken’ tarqalg’an usıllarınan biri sotsiometriya bolıp, onın’ tiykarshısı amerikalıq alım Jon Moreno esaplanadı. Sotsiometriya latınsha «so cietas»- ja’miyet, «metreo»-o’lsheymen so’zlerinen alıng’an bolıp, topardag’ı shaxslar aralıq mu’na’sibetlerdi o’lshewge qaratılg’an texnikadır.

To’mende miynet ja’ma’a’tinde qollanılıwı mu’mkin bolg’an sotsiometriyalıq testten birin usınıs etemiz.

Test ushın to’mendegi sorawlar beriledi:

1. Toparıng’ızdag’ı adamlar arasında tikkeley ba’rqulla ol menen islewdi qa’legen u’sh kisinin’ atın jazın’.
1. ____________________________________________________
2. ____________________________________________________
3. ____________________________________________________

2. Siz menen birge isleytug’ın ka’sipleringizden kimler menen birge bos waqtınızdı o’tkeriwdi qa’lerdin’iz (u’sh kisi)
1. ____________________________________________________
2. ____________________________________________________
3. ____________________________________________________

3. Ka’sipleslerinizden o’z jumısın zor sheberlik menen orınlaytug’ın u’sh kisinin’ atın jazın’.
1. ________________________________________________________
2. ________________________________________________________
3. ________________________________________________________

Metodika topardag’ı adamlar bir-birlerin jaqsı bilgen ta’qdirde g’ana o’tkeriledi. Mag’lıwmatlardı qayta islew h’a’r bir xızmetkerdin’ toplag’an tanlawların sanaw h’a’m talıqlawg’a tiykarlang’an. Olar tiykarında topardag’ı liderdi h’a’m liderlik stilin anıqlaw mu’mkin.

Sotsiometriya karxana quramında kadrlar zapasın qa'liplestiriw, h'a'r bir xızmetkerdin' reytngin anıqlaw arqalı olarda liderlik sıpatlarının' barlıg'ın u'yreniwge mu'mkinshilik beredi. Bul metodtı psixolog o'tkergeni maqul.

Etnopsixologiyanın' tiykarg'ı maqseti, xalıqlar h'a'm milletler psixologiyasındag'ı o'zine ta'nlikti u'yreniw arqalı, h'a'r bir shaxsta bir ta'repten, o'z milletine h'u'rmet, onın' ma'deniyatın ardaqlaw sezimin ta'rbiyalaw bolsa, ekinshi ta'repten, o'zge milletler psixologiyasın u'yreniw arkalı olar etnoma'deniyatın biliw h'a'm h'u'rmet qılıwg'a u'yretiw. Bul na'rse shaxstag'ı etnotsentrizmdi aldın aladı h'a'm milletparwarlıq psixologiyasın tuwrı qa'liplesiwine mu'mkinshilik beredi. **Etnotsentrizm**-bul o'z milletine ta'n o'zgesheliklerdi tek jaqsı, deb ta'n alıw arqalı, o'zgeler milliy o'zgesheliklerin mensinmeslik.

Demek, etnotsentrizm h'a'm millet parwarlıq bir qarawda bir-birine jaqın tu'sinikke uqsaydı, biraq millet parwarlıq-jaqsı sıpat bolıp, jurt h'a'm millet rawajlanıwına xızmet qılsa, ekinshisi-jaman bolıp, milliy ja'njellerge tiykar bolıwı mu'mkin. Demek, ideologiyalıq ta'rbiyanın' za'ru'r bag'darlarınan biri-jaslarda internatsionalizm h'a'm milletparwarlıq o'zgesheliklerdi ta'rbiyalaw h'a'm etnotsentrizmdin' aldın alıw tiyis.

A) **Auditoriya menen islewdin' sotsial psixologiyalıq sha'rtleri.** Ma'limki h'a'r qanday pedagogikalıq protsesstin' tiykarg'ı maqseti-ta'lim alıwshıdan bilim, eplilik h'a'm ko'nikpeler payda qılıw. Bul na'rse mag'lıwmatlar almasınıwı arkalı ju'z beredi. Pedagogikalıq so'ylesiw protsessindegi mag'lıwmatlar almasınıwın tiykarg'ı u'sh formada a'melge asırıladı:

- monolog;
- dialog;
- polilog;

***Monolog-***lektsiyashı yaki oqıtıwshının' tın'lawshılar yaki oqıwshı-talabalar qarshısına shıg'ıp so'ylewi, sabaqtı bayan etiwi. Usı usıl ta'lim-ta'rbiya protsessindegi tiykarg'ı qural ekenligi tuwrısında sanamızg'a ornasıp qalg'an oylaw bar. Bul h'alatta so'ylewshi mag'lıwmatlarının' tiykarg'ı tayanısh deregi esaplanadı h'a'm tek g'ana onda aktivlilik talap qılınadı. Monolog iyesi o'zi o'z betinshe ta'rizde mag'lıumat mazmunın tın'lawshılarg'a jetkeriw h'a'm o'z ornın aytıw mu'mkinshligine iye boladı. Biraq audtoriya, yag'nıy tın'lawshılar og'an qarag'anda passiv orında boladı h'a'm bul na'rse mag'lıwmattın' tek kishi bir bo'legin g'ana qabıl qılıw h'a'm eslep qalıwına sebep boladı. Sonın' ushın oqıtıwshı bul kemshiliktin' aldın alıw ushın auditoriyanı aktivlestiriwdin' basqa jolların qıdırıwg'a ma'jbu'r boladı.

***Dialog-***oqıw teması yaki mashqalanı topar sharayatında oqıtıwshı menen birgelikte dodalaw jolı. Sonın' ushın bul usıl tın'lawshılardı tek g'ana aktivlestiredi, ba'lki auditoriyada do'retiwshilik ortalıqtın' bolıwı h'a'm pikirler almasınıwınan h'a'r bir qatnasıwshının' ma'pdarlıg'ın ta'miyinleydi. Yag'nıy, tınlawshılar oqıw protsessinin obektinen onın' subektine aylanıwı.

Dialog protsessinde oqıtıwshı menen oqıwshılar ortasında pikirler almasınıwı, bilimlerdi o'z-ara dodalaw ushın real sharayat jaratıladı. Dialog protsessinde onı sho'lkemlestirgen shaxs auditoriyanın' ol yaki bul mashkala ju'zesinen bilimlerin diagnostika qılıw h'a'm sog'an mass ta'rizde o'z jumısın sho'lkemlestiriw mu'mkinshiligine iye boladı. Usı xalat dialogtın' en' za'ru'r psixologiyalıq a'h'miyeti.

***Polilog-***topar ishindegi pikirlesiw. Ol tın'lawshılar yaki oqıwshılardın' aktivligin ja'nede asırıw, olardag'ı do'retiwshilik qa'biletlerin rawajlantırıw maqsetinde isletiledi. Polilog protsessinde topar ag'zalarının' h'a'r biri dodalanıp atırg'an ma'sele ju'zesinen o'z pikirin bildiriw mu'mkinshiligine iye boladı, oqıtıwshı usı protsesstin sho'lkemlestiriwshisi sıpatında oqıwshılar yaki talabalar xızmetine tikkeley aralaspaydı. Bul usıl sabaq teması ko'birek teoriyalıq xarakterli bolıp, jan'a ideyalardan olardın' a'meliy ta'repleri keltirib shıg'arılıwı za'ru'rligi bolg'anda qol keledi. Dialog h'a'm polilog texnikasın jaqsı iyellegen mug'allim pikirlesiw yaki diskussiyani na'tiyjeli sho'lkemlestiriwge uqıbına iye boladı. Sonnı ayrıqsha aytıq tiyis, pikirlesiwdi na'tiyjeli sho'lkemlestiriw qa'bileti o'z-o'zinen qa'liplespeydi, bunın' ushın oqıtıwshı ulıuma pikirlesiwdi metodikalarının' ma'nisi h'a'm onı sho'lkemlestiriw jolların ilimiy-a'meliy ta'repinen biliwi kerek.

***B)Aktiv oqıtıw tu'rleri h'a'm olardı sho'lkemlestiriw.*** Aktiv oqıtıw metodlarına en' aldı menen diskussiya h'a'm pikirlesiw jolı menen bilim h'a'm ko'nikpeler payda qılıw tu'siniledi. Diskussiyanın' na'tiyjeli bolıwı en' aldı menen diskussiya qatnasshılarının' bir-birlerine qarag'anda kenislik jaylasıwlarına baylanıslı.

Ha'r bir h'alat diskussiya qatnasıwshılarında o'zine ta'n ruwxıy tayarlıq h'a'm juwapkershilik seziming keltirip shıg'aradı.

Sabaq dawamında oqıtıwshı temanın' xarakteri h'a'm ol qa'liplestiriw tiyis bolg'an bilim, eplilik h'a'm pa'ziyletlerge mass ta'rizde pikirlesiw sharayatın tanlawı h'a'm sonda g'ana shınıg'ıwdı baslawı kerek.

Kishi, tar ortalıqlardag'ı kompakt toparlarda uyımlastırılg'an pikirlesiwdin' erkin temalı, bag'darlang'an h'a'm anıq stsenariyli disput tu'rleri bar bolıp, bul tanlang'an temalar h'a'm pikirlesiw toparlarının' so'ylesiw ta'jiriybesine baylanıslı («disput» so'zinin' so'zlik ma'nisi- «pikirlep atırman», «tartısıp atırman», degen ma'nini bildiredi). Kishi toparlardag'ı pikirlesiwlerdegi tiykarg'ı na'rse-topar ag'zalarının' tanlag'an tema o'zgesheligine qarap, h'a'r birinin' o'z pikir oyların aqırına shekem bayan etiw mu'mkinshshiliklerinin' barlıg'ı. Bunday toparda baslawshı h'a'm qatarda otırıp, temanın' sheshimi sheshilgenshe aktiv so'ylesiwlerdin' qatnasıwshısı bolıwı mu'mkin.Biraq tiykarg'ı rol topardın' ag'zalarına ju'klengenligin h'a'm tikkeley ajıralıp shıqqa ra'smiy emes lider tiykarg'ı diskussiya ju'ritiwshi bolıwı mu'mkinligin unıtmaslıg'ı tiyis.

Eger diskussiya qatnasıwshıları toparı a'dettegiden u'lkenirek ko'lemde (mısalı, q0 kisige shekem) bolsa, onda pikirlesiwdi uyımlastırıwdın' o'zine ta'n ta'repi bar. Bul h'alda diskussiya toparı sha'rtli ra'wishte u'shge bo'linedi. Birinshi topar-«pikirlerdi ja'mlewshiler»-generatorlar toparı delinedi; ekinshisi-«kritikashılar» h'a'm

u'shinshi topar-«pikirlerde tezletiwshiler»-katalizatorlar» dep ataladı. Ha'r bir ajıralg'an topardın' o'zine ta'n funktsiyaları bar: «generatorlar» ortag'a taslag'an mashqala yaki diskussiya teması boyınsha o'zlerindegi barlıq pikirlerdi ortag'a taslaydı. Topar ag'zalarınan biri-lider-olardı ja'mlep, pikirler ekige bo'lingen ta'g'dirde h'a'm olardı ulıwmalastırıp bayan etedi. Son' oyıng'a «kritikashılar» kirisedi. Olardın' wazıypası- esitken pikirlerine kritikalıq mu'na'sibet bildiriw, yag'nıy–logikalıq qarasınan olar ishindegi «mag'ızın'» h'a'm «puchak» pikirlerin saylaw. Sonnan keyin jag'dayg'a qarap, ja'ne so'z «generatorlarg'a» yaki «katalizatorlar»g'a beriliwi mu'mkin. Bildirilgen pikuir yaki mira'tnama esapqa alınmay qalg'an ta'repler yaki orınsız pikir bolsa, yaki ma'nisin usı temag'a baylanıslı bolg'an, biraq eki ta'repin esapqa almag'an birar ta'rep anıqlansa, ta'repler dıqqatın sog'an qaratalıwı kerek. Son «tezletiwshiler» diskussiya dawam ettiriwge ruxsat berip, eger onı tamamlaw taqaza qılınsa, eki topardın' oyınına a'dil bah'a bergen h'alda pikirlesiwdi toqtatıwı mu'mkin. Olar ko'binese eki topar ushın a'dil orbitorlar – «h'a'kamlar» rolin oynaydı.

Mektepte bir klass ko'leminde yaki talabalar toparında a'dep-ikramlılıq ruwxıylıq temada diskussiya uyımlastırılg'anda, joqarıdagı usıldı qollaw mu'mkinshiligi bolsa, sa'wbetleslerdin' u'sh mu'yesh formasındag'ı jabıq stol a'tirapına otırıwları mu'mkin. Demek, diskussiyashilardın' jaylasıwları bul orında ma'lim a'h'miyetke iye boladı.

:lken toparlarda diskussiya yaki pikirlesiw uyımlastırılg'anda, baslawshının' roli aynıqsa u'lken. Ol h'a'r bir topardag'ı tartısıwlar h'a'm pikir almasıwlardın' basında turıwı kerek bolsa, olar xızmetin maqsetke muwapıq ta'rizde bag'darlap turıwı tiyis. u'lken toparlar uyımlastıratug'ın pikirlesiwdin' teması aldınnan tanlang'an h'a'm og'an baslawshı ma'lim ma'n'ide tayar bolıwı sha'rt.

***V) Sabaqta pikirlesiw, breyishtorming h'a'm treninglerdi o'tkeriw***

Pikirlesiw ju'ritiwdin' ja'ne bir forması bar, onın' atın rus tilinde «mozgovaya ataka», anglishansha «brain storming» dep ataladı. Bizin' tilimizde bul tu'siniktin' anıq analogiyalıq a'wdarması joq, biraq onı «miyge h'u'jim» yaki «pikirler toqnasıwı», «pikirler gu'resi (sawashı) maydanı» dep ataw mu'mkin. Metodtın' psixologiyalıq ma'nisi sonda, a'piwayı pikirlesiwde diskussiya qatnasıwshıları ko'birek sanalı, tiykarlı pikirlerdi bayan qılıwg'a h'a'reket qıladı. Bunda diskussiya qatnasıwshılarına miyge qanday pikir quyılıp kelse, og'an kritikasız h'a'm tiykarlamay erkin, «tilge ne kelse», biraq na'wbetme-na'wbet aytıw mu'mkinshiligi beriledi.

Bul usıldı birinshi ret amerikalıq alım A.Osbori q0-jıllarda usınıs etken h'a'm bul usıl ja'rdeminde u'lken proektlerdi rejelestiriw h'a'm aldınnan onın' na'tiyjelerin boljawda ma'lim tabıslardı qolg'a kiritken edi. Tuwrı sho'lkemlestirilgen breyshtormingtin' a'meliy a'pzallıqları ko'p. Tek bunda to'mendegi qag'ıydalarg'a a'mel qılıw kerek:

1. Ju'mleler ju'da' qısqa bolıwı kerek, olardın' tiykarlanıwı sha'rt emes.
2. h'a'r qanday ju'mle yaki pikir kritikalanıwı mu'mkin emes, yag'nıy pikirler kritikadan tiykarsız.
3. Logikalıq pikirlerden ko're, fantastikalıq yaki tosınnan miyden payda bolg'an pikir za'ru'r.
4. Pikir yaki bildirilgen qısqa oylaw esapqa alınadı.
5. Bildirilgen pikir yaki ideyalar ol yaki bul qatnasıwshınıkı, dep ajıratılmaydı, yag'nıy olar-atvorsiz.
6. Pikir yaki jaqsı ideyalardı tanlaw ayrıqsha «kritikashılar» yaki topardın' ra'smiy emes liderleri ta'repinen a'melge asırıladı.

Diskussiya qatnasıwshıları h'ayajanlanmaslıqları ushın shınıg'ıw baslanıwınan aldın olardın' o'zlerin erkin tutıwları ushın ayırım jen'illestiriwshi shınıg'ıwlar, basqasha qılıp aytqanda, psixogimnastikalıq shınıg'ıwlar o'tkeriw usınıs etiledi. Mısalı, a'ne usı maqsette o'tkerilgen psixogimnastikalıq shınıg'ıwlarg'a to'mendegilerdi kiritiw mu'mkin:

1. Oqıtıwshı topardı shen'ber formasında turıwların soraydı h'a'm ag'zaları na'wbetpe-na'wbet ortag'a shıg'ıp, topar menen qa'legen ta'rizde, biraq samimiy sa'lemlesiwdı soraydı. Keyin topardan kimnin' sa'lemi ko'birek jaqqanın soraydı.
2. Topar ag'zaları oqıtıwshı a'tirapında yarım shen'ber formasında turadı. Na'wbet menen topar ag'zaları ortag'a shıg'ıp, qa'legen ag'za menen so'zsiz, biraq ashıq ju'z menen mimika kuralında sa'lemlesiw h'a'm birar pikirde bildiriwi soraladı.
3. Ha'mme do'n'gelek formasında otıradı h'a'm oqıtıwshı alıp kelgen top na'wbet menen so'ylesiw qatnasıwshılarına atıladı, tek kimge atılsa, usı adamnın' ku'shli, jaqsı bir sıpatı aytılıp, son' irg'itiledi. Oqıtıwshı toptın' a'lbette h'a'r bir kisige tiyisligin qadag'alaydı.

Bul sıyaqlı shınıg'ıwlar pikirlesiw qatnasıwshıları ortasında o'z-ara ta'nliktin' bolmaslıg'ı h'a'm o'z pikirin bayan etkende oqıtıwshıdan tartınmaslıgı ushın o'zine ta'n trening esaplanadı.

4. Diskussiya tu'rleri. Jazba diskussiya o'tkeriw qag'ıydaları

Eger shınıg'ıwlar bir-birlerin jaqsı tanımaytug'ın baslawısh toparlarda baslang'an bolsa, «tanısıw» shınıg'ıwlardı o'tkeriw, a'lbette jumıstı kishi toparlardan baslaw tiyis. Bunda erkin bag'darlanmag'an diskussiya formasında qollaw orınlıraq. Bunda oqıtıwshı qatnasıwshılarg'a bir-birlerin jaqsı tanıp alsalar, birgelikte h'a'reket qılasalar, ulıwma jumıs ushın ma'npa'a'tli bolg'an na'tiyjelerge erisiw mu'mkinligin tu'sindiriwi tiyis.

Eger qatnasıwshılar birar jan'a mag'lıwmatlarg'a iye bolıw, quramalıraq ma'sele ju'zesinen ulıwma qarasına iye bolıw h'a'm logikalıq juwmaqlarg'a erisiwdi maqset qılg'an bolsalar, onda sabaq aldı menen oqıtıwshı yaki aldınnan tayarlıq ko'rgen topar ag'zası lektsiya qılıwı, lektsiya ju'zesinen keyin diskussiya uyımlastırıwı, sabaq aqırında mu'mkinshilik bolsa, oqıtıwshı o'z tayarlag'an tarqatpa materiallardan h'a'r bir ag'zag'a beriwi kerek. Aktivlestiriwshi usıllar materiallar qolg'a berilgennen keyin, iske salınadı.

Eger pikirlesiw sabaqlarının' maqseti-qatnasıwshılardın' jan'a, o'zbetinshe pikirlerge keliwi, olardı shaxsiy ta'jiriybe h'a'm jag'daylarg'a baylanıstırıp beriwlerine alıp kelse, onda oqıtıwshı «Men-pikirlesiwdemen» h'alatında toparlı diskussiyanı kishi toparlarda sho'lkemlestiriwi, olarda ayrıqsha xalatlar h'a'm jag'daylardın' talıqlanıwına h'a'mmenin' dıqqatın qaratıwı, qatnasıwshılardın' tu'rli rollardı oylawına ma'jbu'r qıla alıwı h'a'm aldınnan atyarlap qoyılg'an sorawnamalarg'a sabaq akırında tarqatıp, qa'liplesken jan'a ideyanı ajratıp alıwı kerek.

Diskussiya formasında shınıg'ıw o'tkergende, qabıl qılınatug'ın qararlardın' a'h'miyeti u'lken.

Pedagogikalıq a'meliyatta diskussiyanın' ma'nisi ko'binese tek awızeki dialoglar h'a'm tartısıwlar ta'rzinde oylanadı. Awızeki diskussiyalardın' ja'nede na'tiyjelirek h'a'm ta'sirshen bolıwı ushın jazba diskussiya forması h'a'm qollanıladı. Oqıtıwshı oqıwshı yaki talabalardın' bilimlerin tiykarlı bah'alaw h'a'm bilimdanlıqtı tolıq ma'nide talıqlaw mu'mkinshiligine iye boladı. Bul usıl ayrıqsha, milliy ideya h'a'm milliy ideologiyanı qa'liplestiriwshi pikirler-sotsial-gumanitar pa'nler ju'zesinen o'tkerilse ja'nede na'tiyjeli boladı.

Oqıwshılar aldınnan tema menen tanıstırıladı, u'yge berilgen tapsırmalar arasıgnda qay biri jazba ta'rizde o'tkeriliwi ma'lim qılınadı. Jazba diskussiya o'tkeriletug'ın ku'ni oqıtıwshı onı to'mendegi ta'rizde a'melge asıradı:

1. Oqıtıwshı topardı ekige bo'ledi h'a'm olardı aryıqsha qatarlarg'a o'tkeredi. h'a'r bir topar tema boyınsha qaysı qarastı qorg'awdı ma'lim qıladı.

2. Sonnan son' oqıtıwshı qarama-qarsı topar ag'zaların juplaydı h'a'm olarg'a

nomeri jazılg'an betlerdi tarqatadı. h'a'r bir qatnasıwshıg'a birar pikirdi jazba tiykarlawg'a o' minuttan beriledi. Jazba da'liller rawan tu'sinikli tilde, tiykarlı ta'rizde jazavlıwı kerek.

3. Jazılg'an betler qarama-qarsı sheriklerine beriledi. Olar o'z «qarsılasları» pikirine karsı pikirdi h'-a'0 minut dawamında oylap, jazıwları kerek h'a'm keyingi ta'repindegi sherigine beredi.

4. Jazba da'liller almasınıwının' bunday ta'rtibi 2-3 ret qaytalanadı, h'a'r sapar h'a'r bir oqıwshı shaxsının' da'lil-isbatın dıqqat penen u'yrenip shıg'ıp, juwap qaytaradı. Aqırg'ı raundta oqıwshılardın' o'zlerine juwmaqlaw mu'mkinshiligi beriledi h'a'm jazba jumıslavr jıynap alınadı.

5. Oqıtıwshı jazba bah'alardı juwmaqlawda ta'replerge «qarsı ta'reptin' en' jaqsı da'lil-isbatı qaysılar boldı» dep soraydı h'a'm oqıwshılar menen aldınnan kelisken h'alda olar bilimlerin jekke-jekke yaki toparlı bah'alaydı.

Joqarıda keltirilgen jazba diskussiyalardı o'tkeriw printsipleri Fred Nyumen materialları tiykarında tayanlanadı. Oylaymız, bizin' sharayatında h'a'm bul usıllar jaqsı na'tiyje beredi.

**<u>Glossariy:</u>**

***Topar –***adamlardın' birgeliktegi xızmet mazmunı yaki qarım-qatnasta bolıw xarakteri sıyaqlı qatar belgilerge tiykarlang'an ja'miyetlik ja'ma'a't.

***Ja'ma'a't***–maqsetleri ja'miyet maqsetlerine sa'ykes keletug'ın ulıwma xızmet penen birgelesken adamlar toparı.

***Ja'ma'a'ttin' negizi***-ulıwma pikir, maqset h'a'm islep shıg'arıwg'a tiyisli qararlardı qa'liplestiriwshi ja'ma'a't ag'zaları.

***Kichi topar***–ag'zaları birgeliktegi xızmet penen qa'liplestiriwshi h'a'm tikkeley shaxslarara qarım-qatnasta bolıwshı adamlar toparı.

***Referent topar***- shaxstın' h'a'r ta'repleme isengen, o'zine jaqın tutqan toparı.

***Monolog*** – lektor ta'repinen aytılatug'ın so'zler, lektor belsendi, tıg'lawshı passiv bolg'an protsess.

***Dialog*** – mashqalanı eki adam ortasında pikir alısıw protsessi.

***Polilog*** – topar ishindegi pikirlesiw bolıp, barlıq qatnasıwshılardın' belsendeligi gu'zetiledi.

***Breynshorming*** – aqılg'a h'u'jim–ba'sekelesiwdi payda etiwde qollanılıtug'ın interaktiv usıl.

***Trening*** – shug'ullanbaq, toparlarda qarım-qatnastın' na'tiyjeli sho'lkemlestiriw usılı bolıp, shaxstı pikirlesiwge u'yretiw h'a'm abıroylı bolıwın rawajlandırıw maqsetinde o'tkeriledi.

***<u>Tema boyınsha tapsırmalar:</u>***

1. Shaxs h'a'm topar mashqalası. Toparlar klassifikatsiyası.
2. Topar h'a'm ja'mta'a'ttin' psixologiyalıq o'zgeshelikleri.
3. Toparlarda minez-qulıq normaları h'a'm qa'diriyatlardın' qa'liplesiwi.
4. Toparlardag'ı dinamik protsessler.
5. Ja'miyetlik psixologiyalıq o'z-ara sa'ykeslik h'a'm onın' o'lshemleri.
6. Sotsiometriyalıq texnika h'a'm onı a'meliyatta qollaw.
7. Auditoriya menen birge islesiwdin' ja'miyetlik psixologiyalıq sha'rtleri.
8. İnteraktiv metodlar h'a'm olardı qollanıw .
9. Sabaq barısında pikir talası, breynshtorming h'a'm treninglardı o'tkeriw.
10. Sa'wbetlesiw tu'rleri. Jazba bah'stı o'tkeriw qag'ıydaları.

**Seminar sabag'inda beriletug'in sorawlar:**

1. Referent topar degenimiz ne? Referent topr tu'rleri?
2. Toparlardın' qanday tu'rleri bar?
3. Psixologiyalıq sa'ykeslik degende nenii tu'sinesiz?

4. Sa’ykesliktin’ qanday o’lshemleri bar?
5. Ja’miyetlik psixologiyalıq ortalıq degende nenii tu’sinesiz?
***6.*** Sotsiometriya usılı qalay qollanıladı?
***7.*** Etnopsixologiyalıq neni u’yrenedi?
8. Toparlardın’ birleskenligi degende nenii tu’sinesiz?
9. Pedagogikalıq qarım-qatnasta mag’lıwmatlar almasıwı qalay a’melge asırıladı?
10. Monolog, diolog h’a’m poliloglar qanday qollanıladı?
11. Ba’sekelesiwdin’ qanday tu’rleri bar?
12. Breynshtorming qanday talaplarg’a iye?
13. Trening qanday talablarg’a iye?

Jazba tu’rdegi sa’wbetlesiwdi o’tkeriw usılları qanday

## Tema:Dıqqat

**Joba:**

1. Dıqqat haqqında tu`sinik a`hmiyeti.
2. Dıqqattın` fiziologiyalıq tiykarları.
3. Dıqqattın` qa`siyetleri.
4. Dıqqattın` tu`rleri

***<u>Tayanish tu`sinikler</u>***: psixikaliq protsessler: diqqat, erkli, eriksiz, erikten keyingi diqqat, diqqat qa`siyetleri: toplang`anlig`i, turaqlilig`i, ko`lemi, bo`listiriliw, awdariliwi.

**A`debiyatlar**


1. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
2. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
3. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.
4. Xaydarov F.İ. Xalilova N., Umumiy psixologiya. T.: 2009
5. Yugay A.X. Laboratorno-prakticheskie zanyatiya po psixologii. T.: TDPU, 2008.
**6.** G`oziev E. «Ontogenez psixologiyası»-T.: Noshir. 2010.


**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz

**<u>Diqqat tuwrali tu`sinik</u>.** Adamg`a mudami og`ada ko`p ha`rqiyli qozdiriwshilar ta`sir jasap turadi. Adamnin` sanasi usi barliq ob`ektlerdi bir waqitta jetkilikli da`rejede aniq qamtiy almaydi. Qanday da bir na`rse ayqin sana shen`berinde boladi, qanday da bir na`rse toliq tu`sinilmey qaladi, qandayda bir na`rse og`ada gu`n`girt boladi, al ko`plegen na`rseler pu`tkilley sezilmey qaladi. Do`gerek a`tiraptag`i og`ada ko`p ob`ektlerden- zatlardan ha`m qubilislardan- adam o`zi ushin qiziqlarin, o`zinin` za`ru`rligine, turaqliliq planlarina sa`ykes keletug`inlarin ajiratip aladi. Adamnin` ha`rqanday xizmeti ob`ektti ajiratip shig`ariwdi ha`m pu`tkil oyin, diqqatin og`an ja`mlewdi talap etedi.

**Basqa ha`mme na`rselerge alan` bolmastan, sanani belgili bir ob`ektlerge yamasa belgili bir xizmetke bag`darlawdi ha`m ja`mlewdi diqqat dep ataydi.** Diqqat ba`rqulla og`ada ko`p basqa na`rselerden qanday da bir na`rseni ajiratip aliw boladi. Bir ob`ekttin` og`ada ko`p basqa ob`ektlerden ajiratip shig`ariliwda diqqattin` tan`lap aliwshilig`i dep atalg`an na`rse ko`rinedi: bir na`rsege diqqat awdariw bir waqittin` o`zinde basqasina kewil bo`liw boladi.

Mektep oqiwshilarinin` psixikaliq xizmeti sho`lkemlestiriw qalayinsha o`zgerip turadi?

En` da`slep psixikaliq xizmet jolg`a do`gerek-a`tiraptag`i jerge bag`darlang`an ha`m ja`mlengen edi, sayaxatshilar tap solardin’` o`zin attan-aniq qabil etip atirg`an edi- olardin’` pu`tkil diqqati tek usini qabil etiw menen ba`nt edi. Biraq, onnan son` diqqat uliwma o`simliklerge, onnan son` ot-sho`p o`simliklerine awip ketti.

Bag`darlawshiliq refleksi yamasa I.P. Pavlovtin` atag`ani siyaqli «bul ne» degen refleks diqqattin` da`slepki formasi retinde barliq jan`a ku`tilmegen, biyma`lim na`rseden ta`sirleniw boladi. Sabaqta oqiwshilar mug`allimdi qizig`iwshiliq penen tin`laydi. Qapi shiyqildaydi ha`m yarim ashiladi, ha`mme eriksiz tu`rde qapig`a jalt qaraydi. «Bul ne»

Diqqat degenimizdin` o`zi, ma`selen, tap qabil etiw, yadta saqlaw, oylaw yamasa qiyal etiw siyaqli psixikaliq protsess emes. Biz qabil etiwmiz yadta saqlawimiz, oylawimiz mu`mkin, biraq, «diqqat penen ba`nt» bola almaymiz. Diqqat- bul adam aktivliliginin` ayriqsha formasi, ha`rqanday xizmettin` za`ru`rli sha`rti boladi. Bala oynasa da, oqiwshi oqisada, ilimpaz oylasa da, jaziwshi bir na`rse do`retse de olardin’` xizmeti tabisli boliwinin`

buljimaytug`in sha`rti- jaqsi rawajlang`an diqqat boladi. Diqqat duris sho`lkemlestirilmese, oqiw materialin toliq qamtiy almaydi. Oqiwshi qanshama talantli bolsada onin` diqqati jaman sho`lkemlestirilgen, ol ko`binese iqlassiz ha`m umitshaq bolsa, onin` bilimleride ba`rqulla olqi boladi.

Adamnin` diqqati bag`darlang`an ob`ekttin` xarakterine qaray sirtqi ha`m ishki diqqatti ayirip shig`aradi. Sirtqi diqqat degenimiz- bul do`gerek a`tiraptag`i zatlarg`a ha`m qubilislarg`a bag`darlang`an diqqat boladi. Ishki diqqat degenimiz- bul o`z pikirlerine, sezimlerine ha`m tolg`anislarina bag`darlang`an diqqat boladi. Bunday etip bo`liw, a`lbette, belgili da`rejede sha`rtli boladi, o`ytkeni biz bir qatar jag`daylarda qanday da bir zatti yamasa qubilisti qabil etiwge baylanisli oni tu`sinip aliwg`a, onin` tup man`izina jetiwge umtilg`an waqitta diqqatti bir jerge ja`mlep pikir ju`ritemiz.

Diqqat ob`ektti en` jaqsi qabil etiw ushin jasalatug`in bir qatar iykemlestiriw ha`reketlerinde ju`z beretug`in sirtqi ko`riniske iye boladi. Adam spetsifikaliq tu`r-turbatqa enedi, tigilip qaraydi, berilip tin`laydi, artiqmash ha`reketler irkilip qaladi, tin`isi pa`sen`leydi- bir na`rsege qatti ishki diqqat awdarg`an waqitta adam qilt etpesten, demin «ishine tartip» qaladi, na`zeri heshna`rseni ilmegendey bolip, alislarg`a tigiledi, usinin` na`tiyjesinde ol do`gerek-a`tirapqa alan` bolmaydi.

Kerisinshe jag`daylar siyrek gezlesedi- oqiwshi sirttan qarag`anda iqlassiz bolip ko`rinsede ol teren` turaqli diqqatqa iye boladi. Sonliqtan da diqqattin` sirtqi ko`rinisine qaray pikir ju`ritiwden go`re oqiwshilardin’` xizmetin mudami ha`m u`ziliksiz qadag`alap bariwdi a`melge asiriw za`ru`r boladi. Bunin` ushin sirttan qarag`anda diqqatliday bolip ko`rinetug`in bazibir oqiwshini shaqiriw ha`m onnan mug`allim jan`a aytip bergenin ta`kirarlawdi o`tinish etiw paydali boladi.

**Diqqattin` fiziologiyaliq negizleri.** Bul o`z-ara baylanisliliq sizlerge ma`lim bolg`aninday aq I.P. Pavlov ta`repinen aniqlang`an nerv protsessleri induktsiyasinin` nizami tiykarinda ju`z beredi, al og`an muwapiq miy qabig`inin` bir uchastkalarinda ju`z beretug`in qozdiriwshiliq protsessleri miydin` basqa uchastkalarindag`i irkiw protsesslerin keltirip shig`aradi. Egerde adam diqqatin qanday da bir zatqa ja`mlegen bolsa, tap usinin` o`zi sol zat yarim sharlardin’` qabig`inin` tiyisli uchastkasinda qozdiriwshiliqti keltirip shig`aradi, qabiqtin` basqa uchastkalari bolsa, irkilip qaladi, na`tiyjede adam usi zattan basqa heshna`rseni ko`rmeydi, degendi bildiredi. Haqiyqatliqtin` ga` bir, ga` ekinshi ob`ekti adamnin` miyinde qozdiriwshiliqti keltirip shig`atug`inliqtan yarim sharlardin’` qabig`inda qozdirilg`an oray onda-olay-bilay awmasip ju`rgen siyaqli tu`sinik payda boladi, al usinnan diqqattin` bir zattan ekinshisine awmasip turiwi kelip shig`adi.

**Diqqat ha`m jeke adam.** Egerde adamda ba`rqulla diqqatli boliw a`deti qa`liplesken bolsa, onda diqqat onin` bekkemlengen, mudami o`zgesheligi bolip qaladi da, diqqatliliq dep ataladi. Diqqatliliq- jeke adamnin` a`hmiyetli sapasi boladi. Diqqatli adam baqlawshilig`i menen ayirilip turadi, ol do`gerek-a`tiraptag`i na`rselerdi anag`urlim toliq ha`m aniq qabil etip aladi, jeke adamnin` mine usi qa`siyetine iye bolmag`an adamg`a qarag`anda anag`urlim tabisli ta`lim aladi ha`m miynet etedi.

**Diqqattin` tu`rleri.** Diqqat erkin emes (aldin oylanbag`an) ha`m erkin (aldin oylang`an) boliwi mu`mkin. Erkin emes diqqat onin` o`zine ta`n formalarinda haywanatlarg`a da ta`n boladi. Erkin diqqat- diqqattin` spetsifikaliq insaniyliq formasi boladi, ol tariyxiy jaqtan adamnin` miynet xizmetinde payda boldi.

**Adamnin` heshqanday niyetsiz aldin ala qoyilg`an maqsetsiz payda bolatug`inin ku`sh jumsawdi talap etpeytug`in diqqat erkin emes diqqat dep ataladi.** Erkin emes diqqat, birinshiden sirtqi sebeplerdin`- bizge ta`sir jasaytug`in qozdiriwshilardin’` o`zgesheliklerinin` na`tiyjesinde ha`m ekinshiden, ishki tu`tkilerdin`, jeke adamnin` bag`darlaniwshilig`inin` na`tiyjesinde payda boladi. Adamg`a ta`sir jasawshi qozdiriwshilardin’` o`zgesheliklerine to`mendegiler jatadi:

**1.** ***Qozdiriwshinin` ku`shi ha`m ku`tilmegenligi***. Qatti ses, jaqtinin` qatti jarq etiwi, qatti iyis ba`rqulla diqqatti o`zine tartadi.

**2.** ***Qozdiriwshinin` jan`a, ayiriqsha qarama-qarsiliqli boliwi***. Oqiwshilar ele ko`rmegen jan`a markli a`dette tis jen`il mashinadiqqatin eriksiz o`zine tartadi.

**3**. ***Ob`ekttin` jiljimalilig`i***, sonday-aq qozdiriwshi ha`reketinin` baslaniwi yamasa, kerisinshe toqtap qaliwi.

**Sanali tu`rde qoyilg`an maqsettin` na`tiyjesinde payda bolatug`in ha`m belgili da`rejede erikti jumsawdi talap etetug`in diqqatti erkin yamasa aldin oylang`an diqqat dep ataydi**. Bunday jag`dayda en` qolayli qozdiriwshiliqqa iye bolg`an uchastkani ekinshi signal sistemasinan keletug`in signallar quwatlap turadi.

Oqiwshilardin’` turaqli erkin diqqatti ta`miyin etiw bir qatar sha`rtlerden g`a`rezli boladi.

*1. Usi xizmetti orinlawda parizin ha`m minnetin tu`siniw.*

*2. Orinlanip atirg`an xizmettin` konkret waziypasin aniq tu`siniw.*

*3. U`yrenshilikli jumis sha`rtleri.*

*4. Janapay qizig`iwshiliqlardin’` payda boliwi.*

*5. Xizmet ushin qolayli sha`rtlerdi du`ziw, yag`niy unamsiz ta`siyir jasaytug`in basqa qozdiriwshilardi (televiziyaliq ko`rsetiwlerdi, qatti muzikani, shawqimdi) saplastiriw.*

**Diqqattin` qa`siyetleri.** Tiyisli qa`siyetti diqqattin` ***ja`mlengenligi*** dep ataladi. Biraq tek, usi g`ana a`hmiyetli emes g`oy. Adam diqqatin qanshama uzaq waqit dawaminda ta`miyinley alatug`inlig`i da yag`niy diqqattin` ***turaqlig`i*** a`hmiyetli boladi. Diqqattin` ken`ligi ko`z-qarasinan da ol zatlardi ha`m qubilislardi qanshama ken` tu`rde qamtiytug`ini jag`inan da bahalaw a`hmiyetli boladi. Usig`an muwapiq diqqattin` ***ko`lemi*** ha`m ***bo`listiriw*** siyaqli eki qa`siyeti ayirip shig`adi. En` son`inda diqqat qanshama epshil, ol bir ob`ekten ekinshisine qanshama tez ***awisatug`inin*** biliw a`hmiyetli boladi.

## Ta`kirarlaw ushin sorawlar.

1. Diqqat dep neni ataymiz
2. Diqqattin` fiziologiyaliq negizleri tuwrali aytip berin`iz
3. Erkin emes ha`m erkin diqqat qalay ju`z beredi.
4. Diqqattin` tiykarg`i qa`siyetlerin sipatlap berin`iz.
5. Diqqatin ta`rbiyalawdin` tiykarg`i jollari qanday.

**Tema: Seziw**

**Joba:**

1. Seziw haqqında tu`sinik.
2. Seziwlerdin` klassifikatsiyası.
3. Seziwdin nızamlılıqları.
4. Seziwlerde adaptatsiya qa`siyetleri
5.

***<u>Tayanish tu`sinikler</u>***: Seziw nizamliqlari, iyis seziw, da`m, ko`riw, esitiw seziwleri, tiyip seziwler, ten`be-ten`likti seziwler, awiriwdi seziwler h.t.b

**A`debiyatlar**


1. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
2. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
3. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.
4. Xaydarov F.İ. Xalilova N., Umumiy psixologiya. T.: 2009
5. Yugay A.X. Laboratorno-prakticheskie zanyatiya po psixologii. T.: TDPU, 2008.
6. G`oziev E. «Ontogenez psixologiyası»-T.: Noshir. 2010.


**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz

Seziw barliq psixikaliq qubilislardin’` ishinde en` a`piwayisi esaplanadi. Ol adam basinda sub`ektiv bolg`an yamasa erksiz, biraq ta`sir etiwshi onin` is-ha`reketine o`nim qayta islew, orayliq nerv sistemasi a`hmiyetli qozdiriwshi, ishki yamasa sirtqi ortaliqta payda boliwshi. Nerv sistemasina iye barliq tiri ja`nlikler seziw uqibina iye. Sanali seziwlerge keletug`in bolsaq ol tek bas miyi ha`m bas miyi qabig`ina iye tiri janlarda g`ana bar. Misali adam uyqida, narko’zda, sananin` nawqasli buziliwlarinda ol du`n`yani sanali qabillaw mu`mkinshiligine iye bolmaydi.

Seziw o`z sapasi ha`m ko`p qiylilig`inda qorshag`an ortaliqtin` qa`siyetlerin adam ushin a`hmiyetli ha`r qiylilig`in sa`wlelendiredi. Seziw organlari yamasa adam analizatorlari tuwilg`annan baslap stimul-qozdiriwshi (fizikaliq, ximiyaliq, mexaniqaliq ha`m basqa ta`sirler) formasindag`i energiyanin` ha`r qiyli tu`rlerin qabillaw ha`m qayta islewge maslasqan.

*Miyde do`gerek a`tiraptag`i du`n`yanin` sa`wleleniwi qalayinsha ju`z beredi. Miy mudami o`zin qorshap turg`an du`n`yada ha`m organizmnin` o`zinde ne bolip atirg`ani tuwrali signallardi, do`gerek-a`tiraptag`i ortaliqtin` zatlari menen qubilislari tuwrali mag`liwmatlardi alip turadi. Do`gerek a`tiraptag`i du`n`yanin` zatlari menen qubilislari ha`rqiyli qa`siyetlerin sapalari menen ajiralip turadi ha`m miy usi zatlardi ha`m qubilislardi olardin’` qa`siyetlerin ja`ne sapalarin sa`wlelendirmesten turip sa`wlelendire almaydi. Seziw en` a`piwayi bilip aliw psixikaliq protsessi boladi.*

**Seziw- bul do`gerek a`tiraptag`i du`n`nin` zatlarinin` ha`m qubilislarinin` usi payitta adamnin` miyine ta`sir jasap turg`an ayirim qa`siyetlerinin` miy qabig`inda sa`wleleniwi boladi.**

Miy informatsiyani sirtqi du`n`yadan, organiznin` o`zinen de alip turg`anliqtan, **<u>analizatorlar sirtqi ha`m ishki</u>** boladi. Sirtqi analizatorlarda retseptorlar denenin` u`stin`gi betine shig`arilg`an boladi. Ishki analizatorlar ishki organlarda ha`m tkanlarda ornalasqan retseptorlarina iye boladi.

**<u>Seziwdin` tu`rleri.</u>**

Ba`rinen de burin sirtqi du`n`yadag`i zatlardin’` ha`m qubilislardin’` qa`siyetlerinin` sa`wleleniwi bolatug`in seziwlerdin` **bes tu`rden ibarat toparin- ko`riw, esitiw, da`m, iyis seziw ha`m teri seziwlerden** ayirip shig`ariwi lazim. Ekinshi topardi seziwlerdin` **organiqaliq, ten`be-ten`lik seziwler, ha`reketke keltiriwshi seziwler** dep atalatug`in, organizmnin` jag`dayin sa`wlelendiretug`in u`sh tu`ri quraydi. U`shinshi topardi seziwlerdin` eki **tiygizip seziw ha`m awiriwdi seziw tu`rleri** quraydi, olar ya birneshe seziwlerdin` jiyintig`inan (tiygizip seziw) ya ha`rqiyli tu`rde ju`zege kelgen (awiriwdi seziwler) seziwlerden ibarat boladi. Ishki organlardan tu`setug`in signallar

a`dette onsha bilinbeydi, awiriw seziminen basqasi ko`binese an`lanbaydi, biraq orayliq nerv sistemasi ta`repinen qabillanadi ha`m qayta islenedi. Bunday sezimler interotseptiv dep ataladi. Ishki organlardan mag`liwmatlar, og`an ishki ortaliq jag`dayi, yag`niy onda biologiyaliq paydali yamasa ziyanli zatlardin'` bar yamasa joq ekenligi, dene temperaturasi, onda bar suyiqliqtin` ximiyaliq qurami, basi ha`m t.b. haqqinda xabarlay otirip, tinimsiz tu`rde miyge kelip tu`sedi. Adamda sonday-aq, waqit, tezletiw, vibratsiya, belgili bir turmisliq a`hmiyetke iye siyrek gezlesetug`in qubilislar haqqinda mag`liwmatlardi qamtiytug`in seziwdin` bir-neshe spetsifikaliq tu`rleri bar. Zamanago`y mag`liwmatlarg`a qarag`anda adamnin` miyi og`an tu`sip turg`an mag`liwmatlar ta`sirinde tinimsiz jetilisip turatug`in genotipik sha`rtlesken ha`m bir o`mirge aling`an (jetisken) programma boyinsha islewshi quramali, o`zi oqitatug`in esaplaw ha`m sonin` menen bir waqitta sa`ykes mashina bolip sanaladi. Bul mag`liwmatti qayta isley otirip adamnin` miyi sheshim qabillaydi, buyriq (komanda) beredi ha`m olardin'` orinlaniwin qadag`alaydi.

**Ko`riw seziwleri**- jaqtini ha`m ren`li seziwler- adamnin` sirtqi du`n`yani bilip aliwinda jetekshi rol`di atqaradi.

**Esitiw seziwleri**- ses dereginen jan-jaqqa tarap ketetug`in hawa, bo`lekshelerinin` uzin boyinsha o`zgerip turiwi esitiw analizatorinin` qozdiriwshisi boladi.

**Da`m seziwleri-** tu`kirikti yamasa suwda erigen zatlardin'` da`m retseptorlarinan ta`sir jasawdan kelip shig`adi.

**Iyis seziwler**- murin boslig`inda ornalasqan iyisshil kletkalar iyis seziw organlari boladi.

**Teri seziwleri**- eki tu`rin- taktillik (bir na`rsenin tiygenin seziw) ha`m temperaturaliq (issinin` ha`m suwiqti seziw) seziwler dep ayirip shig`adi.

**Organiqaliq seziwler**- ashliqti, sho`ldi, toqliqti, ju`rek ayniwdi, buwliqqanliqti h.t.b. seziw jatadi.

**Ten`be-ten`likti seziwler.** Bastin` ha`reketi ha`m jag`dayi tuwrali xabar berip turatug`in ishki qulaqtin` vestibulyarliq apparati ten`be ten`likti seziw organi boladi.

**Ha`reket etiwdi seziwler**- bul dene bo`leklerinin` ha`reketin ha`m jag`dayin seziw boladi.

**Tiyip seziwler**- zatlarda quramalap ko`rgen, yag`niy olarg`a ha`reket etip turg`an qoldi tiygizgen waqitta teri ha`m ha`reket etiwshi seziwlerdin` jiyintig`inan birigiwinen ibarat boladi.

**Awiriwdi seziwler**-ha`rqiyli (terinin` u`stin`gi betinde ha`m ishki organlarda ja`ne bulshiq etlerde ornalasqan arnawla retseptorlari «awiriw noqatlari» bar) ta`biyatqa iye boladi.

**Seziwlerdin` uliwma nizamliqlari.**

Qozdiriwshinin` en` da`slep biliner-bilinbes seziwdi payda etetug`in en` kishi mug`darin seziwdin` **absolyut bosag`asi dep ataydi**. Analizatordin` ta`sirlengishligin, onin` ha`lsiz qozdiriwshilardi an`g`ariw uqibin bahalaw za`ru`rligi jiyi-jiyi payda boladi. Bunin` ushin usi **analizatordin` absolyut ta`sirlengishligi degen tu`sinikten** paydalaniladi. Analizatordi bayqay alatug`in qozdiriwshilar qanshama ha`lsiz bolg`an sayin olar sonshama ta`sirlengish bola beredi. Basqasha etip aytqanda seziw absolyut bosag`asi qanshama pa`s bolg`an sayin, analizatordin` absolyut ta`sirlengishligi ta`biyiy tu`rde sonshama joqari bola beredi.

Adam seziwdin` biliner bilinbes o`zgeriwin bayqawi ushin qozdiriwshinin` ku`shi qanshama bo`lekke artiwi tiyis ekenligin ko`rsetetug`in belgili da`rejedegi mug`dardi **ayirmashiliq bosag`asi** dep ataydi.

Analizatorlardin'` ta`sirlengishliginin` olardin'` ha`reket etiwshi qozdiriwshilarg`a iykemlesiwinin` ta`siriyri astinda o`zgeriwin **adaptatsiya yamasa iykemlesiw** dep ataladi.

**Ta`kirarlaw ushin sorawlar.**

- Seziw degenimiz ne
- Seziwdin` tu`rlerine minezleme berin`.

## Tema:Qabıl etiw

**Joba:**

1. Qabıl etiw haqqında tu`sinik.
2. Qabıl etiwdin` tu`rleri ha`m qa`siyetleri.
3. Ko`nikpe, bilim, a`det

***Tayanish tu`sinikler***: psixikaliq protsessler, qabil etiw, ko`nikpe, bilim, a`det, qabil etiw tu`rleri, ob`ektivatsiya, qabil etiw ob`ekti, fon h.t.b

**A`debiyatlar**

1. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
2. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
3. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.
4. Xaydarov F.İ. Xalilova N., Umumiy psixologiya. T.: 2009
5. Yugay A.X. Laboratorno-prakticheskie zanyatiya po psixologii. T.: TDPU, 2008.
6. G`oziev E. «Ontogenez psixologiyası»-T.: Noshir. 2010.

**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru

2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz

**QABIL ETIW.** Sirtqi qubilislar bizin` organimizg`a ta`sir ete otirip, seziw tu`rinde sub`ektiv effekt payda etedi. Seziw uqibi biz ha`m basqa barliq tiri jang`a tuwilg`annan berilgen. Du`n`yani obrazlar tu`rinde qabil etiw uqibi tek adam ha`m joqari haywanlarg`a ta`n, bul olarda turmisliq ta`jiriybede qa`liplesedi ha`m jetilisedi.

Adamnin` analizatorlarina ta`sir jasaytug`in zatlardin'` ha`m qubilislardin'` miy qabig`inda sa`wleleniwin **qabil etiw** dep ataladi. Seziw protsesinen ayirmashiliq adam qabil etken waqitta zatlardin'` ha`m qubilislardin'` ayirim qa`siyetlerin emes, al do`gerek a`tiraptag`i du`n`yanin` zatlarin ha`m qubilislarin bir pu`tin halinda bilip alatug`ininda boladi. Ma`selen, biz qara ren`degi, qattiliqtin` ha`m tuwri mu`yeshliktin` jiyindisin emes, al klass doskasin qabil etemiz. Biz qabil ete otirip, sezimler toparin ayirip shig`arip ha`m olardi bir pu`tin obrazg`a biriktirip qoymastan, al usi obrazin tu`sinip alamiz, oni tu`sinemiz, bunin` ushin o`zimizdin` etkendegi ta`jriybemizdi qollanamiz.

Qabil etiwdin` tiykarin nervlik baylanislardin'` quramali sistemasi quraydi. Da`slep biytanis zatti qabil ete otirip (ma`selen, limondi) bala onin` do`n`gelek formasin ha`m sari ren`in (ko`riw analizatori arqali), onin` o`zine ta`n xosh iyisti seziw analizatori arqali, jumsaq, gedir-budir u`stin`gi betin (teri ha`m ha`reket etiwshi analizatorlar arqali), onin` tu`rshik da`min (da`m seziw analizatori arqali) sezedi. Solay etip, zat usi jag`dayda limon, quramali, kompleks tu`rdegi qozdiriwshi boladi. Basqasha etip aytqanda, **qabil etiwdin` tiykarin analizatorlar araliq baylanislar dep atalatug`in baylanislar, ha`rqiyli analizatorlar arasindag`i baylanislar quraydi.**

**Qabil etiwdin` tu`rleri.** Qabil etiw protsessinde barliq analizatorlar birgelikli rol` atqara bermeydi. Qabil etiwde qaysi analizator tiykarg`i rol` atqaratug`inina qaray qabil etiwdin` ha`rqiyli tu`rlerin ayirip shig`aradi. Ko`riw, esitiw, tiyip seziw qabil etiw siyaqli tu`rleri en` ko`p taralg`an boladi.Qabil etiwdin` quramali tu`rleri qabil etiwdin` ha`rqiyli tu`rlerinin` jiyindisinan, birigiwinen ibarat boladi. Ma`selen, oqiw tekstin oni dawislap oqig`an waqitta qabil etiw ko`riw ha`m esitiw qabil etiwlerinin` birigip ketiwi boladi.

**Adamnin` onin` jeke kelbetinin` o`zgesheliklerinen g`a`rezli bolatug`in qabil etilip atirg`an na`rsege belgili bir qatnasi qabil etiwdin` tan`lawshilig`inda ko`rinedi.** Qabil etiwdin` tan`lawshilig`i- bul basqa ob`ektlerge qarag`anda tek bir ob`ektlerdin` basim ko`pshiligin ayirip shig`ariwi boladi. Ha`r bir qa`niyge zatlardag`i ha`m qubilislardan tiykarinan alg`anda o`zin qiziqtiratug`in, o`zi u`yrentug`in na`rseni qabil etiwge umtiladi, ol o`zi qiziqqan zatlardag`i ha`m qubilislardag`i mayda-shu`ydelerdi an`g`armaydi. Sonliqtanda ha`rqiyli qa`nigeliklerge iye bolg`an adamlarda ka`siplik qabil etiw tuwrali aytadi.

Qabil etken waqitta adamnin` diqqat orayinda turg`an na`rseni **qabil etiw ob`ekti,** al qalg`an barliq na`rseni **fon** dep ataydi. Adamlar ko`p ko`shede o`z dostin`iz benen so`ylesip turip, siz alaman arasinda o`z dostin`izdi attan-aniq ko`resiz, al barliq adamlar topari siz ushin tek fon bolip qaladi. Eger sol jerde qanday da bir waqiya bolsa, sizin` diqqatin`iz sog`an awisip ketedi ha`m siz endi so`ylesip turg`an adamin`izdi aziraq, al do`gerke a`tiraptag`in`izdi ko`birek qabil etesiz. (a' su`wret).


a


б


в


г

Ayirim seziwler spetsifikaliq analizatorlarg`a «baylang`an» esabi, ha`m seziw payda boliwi ushin olardin'` periferik organlari- retseptorlarina stimuldin` ta`sir etiwi jetkilikli boladi. Qabil etiw protsessi na`tiyjesinde qurilatug`in obraz o`z-ara qatnasti, bir waqitta bir neshe analizatorlardin'` muwapiqlasqan jumisin belgileydi. Kartinani ko`riw protsessinde na`zer ko`birek toqtag`an elementlerdi diqqat penen u`yrengenimizde, ko`z ha`reketi derlik adam oylawi protsessin sa`wlelendiretug`ini ma`lim boladi. Adam betine na`zer taslag`an waqitta baqlawshi ko`birek ko`z, erin ha`m muring`a diqqat awdaratug`inlig`i aniq. Adamnin` ko`zi ha`m erni haqiyqattanda bettin` en` ta`sirli ha`m shaqqan elementi esaplanip, olardin'` xarakteri ha`m ha`reketi boyinsha biz adam psixologiyasi ha`m onin` jag`dayi haqqinda so`z etemiz. Olar baqlawshig`a adamnin` keypiyati, onin` xarakteri, qorshag`an adamlarg`a qatnasi h.t.blar haqqinda ko`p na`rselerdi bildiriwi mu`mkin.

Seziw bizlerdin` o`zimizde, predmetlerdin` qabillanatug`in qa`siyetleri, olardin'` obrazlari bolsa ken`islikte sheklengen. Bul, seziwden ayirmashilig`i bolg`an, qabillaw ushin xarakterli protsess- **ob`ektivatsiya** dep ataladi.

Qabil etiwdin` onin` rawajlang`an formasinda seziwden ja`ne bir ayirmashilig`i sonnan ibarat, seziw payda boliwinin` juwmag`i qanday da bir seziw (misali, jariqliqti, dawisti, duzlini, dawis ba`lentligin, ten`salmaqliliqti seziw) boladi, al qabil etiw na`tiyjesinde predmet, qubilis, protsess penen insan sanasina awdarilatug`in ha`r qiyli bir-biri menen baylanisli sezimler kompleksin o`z ishine qamtiwshi obraz payda boladi. Qanday da bir predmet

qabillaniwi ushin og`an qatnasta onin` izertleniwine, du`zilisi ha`m obrazdi aniqlawg`a bag`darlang`an qanday da bir dus keletug`in (qarama-qarsi) jedellikti a`melge asiriw kerek. Sezim payda boliwi ushin a`dette bunin` keregi joq.

Ko`binese konturli ha`m shtrixli su`wretlerdi, sonday-aq real predmetlerdin` tiyisli elementlerin qabillag`anda adamda ko`riw illyuziyasi (eles) payda boliwi mu`mkin. Bunday illyuziyalar ko`plep belgili. Bul- shelpiwish siyaqli taraliwshi siziqlar foninda berilgen shen`ber konturinin` burmalaniwi ha`m kontsentrik shen`ber foninda kvadrat su`wretinin` burmalaniwi menen baylanisli illyuziyalar (eles).

Qabil etiw sferasinda illyuziyanin` bar boliwi ha`r qiyli, bul qabillawshi sistemanin` jag`dayinan, sonday-aq qabillanip atirg`an materialdin` sho`lkemlesiw o`zgesheliginen bag`inishli sebeplerden boliwi mu`mkin bolip, son`g`i waqitlari baspa so`zde ko`plep ja`riyalanip atirg`an Ushiwshi ob`ektlerdi «ko`riw» siyaqli ko`plegen qa`teler tu`sindiriledi. Konturlardi qabillaw usili ha`m jaziqliq tipindegi ma`nili figuralar mazmuni menen birge adamdi ku`ndelikli qorshag`an a`tiraptin` aq-qara pertseptiv dinamikaliq kartinasin payda etetug`in ken`islik, waqit ha`m ha`reketti qabillaw mexanizmine qisqasha toqtap o`temiz. Ken`islikti qabillaw predmettin` forma, mug`dar, araliq, predmetler aralig`in quraydi.

Predmetler formasin qabil etiwde faktorlardin’` u`sh tiykarg`i topari qatnasadi-

1.Bas miyi qabig`inin` nerv kletkalarinin` uqibi sonnan ibarat ol belgili bir mazmunliliq, bag`darlaniw, konfiguratsiya ha`m uzinliqqa iye su`wret elementine tan`lawli ta`sir etedi. Bunday kletkalar kletka- detektorlar dep ataladi. O`z retseptiv maydani qa`siyetlerine bola, olar ko`riw maydaninda belgili elementlerdi, misali konturli su`wret, konkret uzinliqtin` sizig`in, ken`lik ha`m jaypawit, su`yir mu`yesh, kontrastti ayirip ko`rsetedi.

2. Geshtal`tpsixologlar ta`repinen, belgilengen ha`m joqarida su`wretlengen figura, forma ha`m konturlardin’` payda boliw nizami

3. Ob`ekt konturi ha`m u`sti beti boyinsha qoldin` ha`reketi, ken`islikte adam ha`m onin` dene bo`leginin` awisiwi (o`zgeriwi) na`tiyjesinde aling`an turmisliq ta`jiriybe.

**O’zin-o’zi tekseriw ushin sorawlar, tapsirmalar ha`m testler**

1.Qabil etiw dep nege aytamiz?
2.Qabil etiwdin fiziologik tiykarlarin aytip berin.
3.Qabil etiw protsessinde adamnin jeke kelbeti menen baylanisi neden ibarat?
4.Qabil etiwdin qanday turleri bar?
5.Erikli ha`m eriksiz qabil etiw degenimiz ne?
6.Analizator dep nege aytamiz?
7.Analizatorlardin’ turleri ha`m xizmeti haqqinda soylep berin?
8.Baqlaw degenimiz ne?
9.Baqlaw menen baklagishliktin oz-ara baylanisi?
10.Naduris qabil etiw (illyuziya) degenimiz ne?
11.Kishi jas mektep oqıwshısının’ qabil etiwi qanday boladi?
12.Kishi jastagi mektep oqıwshısının’ qabil etiwine ko’rsetpe qurallardi tasiyri?
13.Kishi jastagi mektep oqıwshilarinin qabil etiwin rawajlandiriw jollari?

**T A P S I R M A L A R**

1. 1-klass oqiwshilarinin` birinshi sherekte ju`rgizgen dapterlerin alin, ha`riplerdi jaziw qadelerin saqlawin tallan` ha`m usinday qatelerdin qalayinsha aldin aliwg`a bolatug`inin oylanip ko`rin`.

2.Oqiwshilardin’` tiri ha`m usinday tiri emes zatlardi baqlaw protsessindegi, maselen suwrettegi konizakti baqlawdag`i ha`m tiri konizaktag`i baqlawdag`i pariqlardi aniqlaniz.

**T e s t l e r**

1.Qabil etiwdin negizin neler kqraydi?
a) oylawlar
v) qiyallar
s) xizmetler
d) seziwler
e) diqqatlar
g’.Baqlaw dep nege aytamiz?
a) belgili bir zatti ha`r tarepleme u’yreniw ha`m terenirek bilip aliw ushin uniliuge aytamiz
v) maqsetli, jobali qabil etiwge aytamiz
s) sol zattin sirtinan qarap otira beriwge aytamiz
d) sol u’yrenbekshi bolg’an narsemizdi qiyalimizdan otkeriwge (ko’z aldimizga keltiriwge) aytamiz
e) sol narseni bir neshe ku`n u`yreniwge aytamiz.

**Tema:Este saqlaw**

**J o b a i:**

1. Este saqlaw haqqında tu`sinik

2. Este saqlaw protsessleri
3. Este saqlaw tu`rleri
4. Este saqlawdın` jeke o`zgeshelikleri.

***Tayanish tu`sinikler***: Adam qabil etken, islegen, so`zshen` yamasa oylag`an na`rsesin yadinda tutiwda, saqlawg`a ha`m bunnan bilay eslewdi ko`rinetug`in adamzattin` oo`tmish ta`jriybesinin` sa`wleleniwin este saqlaw dep ataydi, assotsiatsiya , obraz, yad protsessi, este tutiw, Taniw ha`m eske tu`siriw, qisqa waqit este saqlaw,operativ este saqlaw, uzaq waqitliq, iyis, da`m ha`m este saqlawdin, emotsional este saqlaw, qiyal etiwdin` a`hmiyeti.

**A`debiyatlar**


1. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
2. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
3. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.
4. Xaydarov F.İ. Xalilova N., Umumiy psixologiya. T.: 2009
5. Yugay A.X. Laboratorno-prakticheskie zanyatiya po psixologii. T.: TDPU, 2008.
6. G`oziev E. «Ontogenez psixologiyası»-T.: Noshir. 2010.


**Elektron bilim resursları**

1. www.childpsy.ru
2. www.edu.uz
3. www.flogiston.ru
4. www.pedagog.uz
5. www.psychology.uz

Biz qabil etken zatlar ha`m uaqiyalardin’ bir neshe obrazlari, sonday-ak bul obrazlar menen baylanisli bolg’an pikirler, sezimler ha`m is-ha’reketler izsiz jok bolip ketpeydi. Olar bizin sanamizda saqlanip qaladi ha`m turmisimizdagi xizmetimizdin belgili sharayatlarinda kaytadan tiklenedi. Biz xatteki erte balaliq da’wirimizde juz bergen uaqiyalardi esley alamiz, buringi okilgan kitaptin mazmunin esimizde kaytadan tikleymiz, ertede biz benen gurrinlesken adamlardi esleymiz, gurrinnin qanday tu’rde bolg’anin sonday-ak usi gurrin waqtinda ozimizde payda bolg’an sezimlerdi keltire alamiz.

«Otmish tajiriybenin sanamizda iz qaldiriwi, saqlaniwi ha`m onin keyin ala kayta tikleuimizden ibarat bolg’an protsess este saqlaw dep ataladi».

Este saqlaw adamnin turmisi ha`m xizmetinde ayiriqsha a’h’miyetke iye: este saqlaw adamnin oz otmish tajiriybesin u’ziliksiz tu’rde keyeytip bariwina ha`m bunnan amelde paydalaniwga mu’mkinshilik beredi. Este saqlawdan ayirilgan adamdi ko’z aldimizga keltirip koreyik. Bunday adam basqa jumislardi ha`m dogerek-atiraptagi narselerdi taniw mu’mkinshiliginen ayirilgan boladi. Oz oz ana tilin umitkan bolip, bir gapti de ayta almagan bolar edi. Bunday adamda ha’reketli este saqlawi jogalip ol xesh bir ha’reketti de isley almagan bolar edi. Balaliqta payda etilgen oqıw ha`m konlikpelerden izde kalmagan, sonday-ak bunday adam xesh bir jana isti u’yrene almagan bolar edi. Bunday adam ushin otmishtin ozi jok, keleshegi bolsa umitsiz boladi. Ol mudami jana tuuilgan narestenin auxalinda boladi, xesh bir narseni u’yrene almaytug’in, xesh narseni iyeley almaytug’in makluk bolar edi, jane onin is-ha’reketleri tek instinktler menen gana belgilener edi. Este saqlaw bizin bilimlerimizdi, ukiplarimizdi, konligiulerimizdi doretedi, saqlaydi bayitadi, onisiz tabisli tu’rde oqıw da, jemisli xizmette mu’mkin bolmaydi. Adam qanshama kop bilse ha`m qanshama onin kolinan kop narse kelse, yagniy onin yadinda qanshama kop narse saqlanip kalsa, ol oz xalkina, oz uatanina sonshama kop payda keltire aladi.

Adam ozi ushin, ozinin xizmeti ushin ayiriqsha u’lken a’h’miyetke iye bolg’an daliyillerdi, uaqiyalardi, kubilislardi tiyanakli este saqlaydi ha`m kerisinshe adam ushin a’h’miyetsizleu barliq narse anagurlim jaman este saqlanadi, jane tez arada umitilip ketedi. Shaxsti sipatlaytug’in turakli qizig’iwlar este saqlawda u’lken a’h’miyetke iye boladi. Dogerek atiraptagi turmisti mine usi turakli qizig’iwshiliqlar menen baylanisli bolg’an barliq narse, olar menen baylanisli bolmagan narsege qaraganda jaqsi este saqlanip qaladi.

Adamnin este saqlanatug’in narsege degen emotsionallik qatnasi ku’shli ta’sir jasaydi. Adamda aykin emotsionallik ta’sir payda etiletug’in barliq narse sanada teren iz qaldiradi ha`m tiyanakli ha`m uzaq waqıt este saqlanadi.

Este saqlawdin na’tiyjeli boliwi kopshilik jagdayda adamnin jigerlilik sipatlarinan da garezli boladi. Jigersizlik jalkau ha`m uzaq dawam etetug’in jigerlilik jaginan kush jumsauga ukipsiz adamlar mudami ustirtin jane jaman este saqlaydi. Solay etip este saqlaw shaxstin ozgeshelikleri menen baylanisli boladi. Adam oz xizmetinde aldina koyatug’in maqsetlerge ha`m uaziypalarga tiykarlana otirip, oz este saqlawinin protsesslerin sanali tu’rde tartipke saladi jane basqarip baradi.

Bas miy kabiginda nerv baylanislarinin juzege keliui, bekkemleniwi ha`m keyin ala ha’r qiyli qozdiriwshilar tasiyrinde kaytadan janlaniwi este saqlaw protsessleri-eske aliw, este saqlaw ha`m eske tusiriwdin fiziologik tiykarin kuraydi.

Bas miy kabiginda juzege kelgen nerv baylanislar yagniy assotsiatsiyalar dep ataliwshi bul baylanislar xakiykiy atiraptagi zatlar ha`m uaqiyalardin' faza ha`mde waqıt jaginan oz-ara jakinlik baylanislardi ha`m sebep-na'tiyje baylanislarin payda ettiredi. Miydin oz-ara baylanislarin payda ettiriw xizmeti na'tiyjesinde gana adam zatlar ha`m uaqiyalardi sonday-ak olardi suuretleushi sozlerdi bir-birinen ajiratilgan xalda emes, mu'mkin belgili oz-ara baylanista este aladi, keyin bolsa eske tusiredi.

Biliw ob`ektleri jakin turgan yamasa izbe-iz kelgen jagdaylarda faza yamasa waqıt jaginan jakinlik assotsiatsiyasi juz beredi ha`m sol sebepten bunday ob`ektler tendey eske alinadi ha`mde tendey eske tusiriledi. Maselen, bireudin atin eslegenimizde, onin familiyasi, sirtki korinisi, ol kisi menen baylanisli bolg'an uaqiyalarda esimizge tusedi. Ozimiz jol qoyg'an qaysi bir katenin esimizge tusiui bizdi buringiday jane kaytadan oylawimizga majbur etedi. Bunday jagday tiyisli nerv baylanislari (shartli refleks baylanislari) juzege kelgenligi sebepli payda boladi.

Usaslik assotsiatsiyasinin a'h'miyeti sonnan ibarat, zatlar ha`m uaqiyalardin' obrazlari ha`m olar haqqindagi pikirler tap solarga usas obrazlardi ha`mde pikirlerdi esimizge keltiredi. Maselen, uship baratirgan samoletti ko'rgen waqıtimizda kus obrazi esimizge tusedi: kitap okip qanday da bir obraz haqqinda algan ta'sirlerimiz turmista ushiragan sogan usas uaqiyalardi esleuimizge alip keledi. Bunin sebebi payda etilgen baylanislardin' uliwmalaskan (generalizatsiyalaskan) xalda boliwinan. Jeterli darejede differentsiallaspagan shartli qozdiriwshilar adamdi bir qiyli xalda reaktsiya kiliuga alip keledi.

Qarama-qarsiliq assotsiatsiyasi biz qabil etip atirgan, ko'z aldimizga keltirip atirgan, pikir jurgizip atirgan uaqiyalarga qarama-qarsi uaqiyalardin' esimizge tusiuin tamiyinleydi. Sonin ushin biz ozimizge kerekli familiyani basqa sogan qarama-qarsi manistegi sozlerden quralgan familiya jaredminde eske tusiriwimiz mu'mkin (Qarabaev-Akbaev yamasa shol korinisi tau korinisin eske tu'siriw mu'mkin. Bunday jagday nerv protsesslerinin izbe-iz tu'rdegi oz-ara induktsiyasi na'tiyjesinde juzege keledi. Ku'shli qozdiriwshi ta'sir etkende, ku'shli ko'ziu payda boladi, keyinirek bolsa miydin ane sol ku'shli ko'zgan bolimlerinde amte-akirin tormozlaniw payda boladi.

Eske aliw ha`m eske tu'siriw protsesslerinde sebep-na'tiyje baylanislarinin roli ayiriqsha a'h'miyetli, bul baylanislar zatlar ha`m uaqiyalar ortasindagi en a'h'miyetli baylanislardi payda etedi. Maselen tariyx sabaginda oqıwshi a'h'miyetli bir waqiyani soylep beriwde daslepki sabakta bayan etilgen ane sol waqiyaga baylanisli dali-yillerdin ozin gana eske tusirip kalmay, mu'mkin sol waqiyani keltirip shigargan ekonomikaliq ha`mde siyasiy jagdaylardi, yagniy burinirakta otilgen sabak materiallarin de esleydi. Bul jagdayda oqıw materialin oqıwshinin esine tusiriw, basqa barliq baylanislardan tiskari pikirleudin quramali abstraktsiyalaw isi na'tiyjesinde juzege keliushi sebep-na'tiyje baylanislarina suyengenligi korinip turipti.

Sebep-na'tiyje assotsiatsiyalari shartli refleks baylanislarinin keyin ala janede quramalasiwi degen soz. Jigerli pikirleu xizmeti protsessinde ekinshi signal sistemasinin qatnasiui baylanislardin' payda etiliuine mu'mkinshilik tuudiradi. Adamnin este saqlaw protsesslerinde ekinshi signal sistemasi ayiriqsha a'h'miyetli rol` oynaydi. Bul signal sistemasi adamnin zatlar ha`m uaqiyalardi uliwmalastirgan xalda este alip qaliwina ha`mde ane sol uliwmalastirilgan bilimlerden paydalaniwina mu'mkinshilik beredi. Adamlardin' jamiyetlik tajiriybeni este alip qaliwlari ha`m eske tusiriwleri negizinde de ekinshi signal sistemasi jatadi, jamiyetlik tajiriybe bolsa mudami sozler turinde suuretlenedi. Ekinshi signal sistemasi tikkeley eske aliw ha`m eske tusiriwdi maqsetke qaratilgan kuramli xizmet protsessine aylandiradi, bunday xizmet belgili uaziypalarga boysingan boladi, oz boyina ha'r turli quramali pikirleu operatsiyalarin jiynap aladi. Mine usi aytip otilgenlerdin barligi tek adamnin este saqlawina gana tan bolg'an ozgeshelikler bolip tabiladi.

g'.Este saqlawdin tiykarin nerv tkaninin qozdiriwshilardin' ha'reketinin tasiyri astinda ozeriw, ozinde nerv qozdiriwshiliginin izlerin saqlaw qa'siyeti kuraydi. Albette buringi ta'sirlerdin izlerin qandayda bir tamgalar, adamnin igal kalgan izlerine usas bir narse dep tusiniwge bolmaydi. Usi jagdayda izler dep neyronlardagi belgili bir elektroximiyaliq ha`m bioximiyaliq ozgerislerdi tusinedi (izlerdin bekkemligi qanday ozgerisler elektroximiyaliq yamasa bioximiyaliq ozgerisler juz bergenliginen garezli boladi). Usi izler belgili bir sharayatlarda janlaniwi (yamasa adette aytatug'ini siyakli jedellesiui) mu'mkin, yagniy olarda ko'rsetilgen ozgerislerdi keltirip shigargan qozdiriwshi jok waqıtta ko'ziu protsessi payda boladi. Waqıtsha baylanislardin' juzege keliui-ha`m saqlaniwi, olardin' pasenleui ha`m janlaniwi assotsiatsiyalardin' fiziologiyaliq negizi boladi.

Xazirgi waqıtta este saqlaw mexanizmlerinin birden-bir teoriyasi jok.

Neyron teoriyasi anagurlim isenimli, ol neyronlar dizbeklerdi duzedi, usi dizbeklerden biotoklar otip turadi, degen tusinikke tiykarlanadi. Biotoklardin' tasiyri astinda sinaplarda (nerv kletkalarinin birikken jerlerinde) ozgerisler juzege keledi, bul biotoklardin' usi jollardan bunnan bilay otip turiwin jenillestiredi. Neyronlar dizbeklerinin ha'r qiyli xarakteri anau yamasa minau bekkemlengen informatsiyaga saykes keledi.

Basqa bir teoriya, este saqlawdin teoriyasi biotoklardin' tasiyri astinda neyronlardin' protoplazmasinda ayiriqsha belokli molekulalar juzege keledi, olarga miyge kelip tusetug'in informatsiya jaziladi dep esaplaydi (shama menen sozler ha`m muzika magnitofon lentasina jazilgan siyakli). Ilimpazlar xatte olgen xayuanattin miyinen ozleri «yad molekulalari» dep ataytug'in narseni shigarip aliwg'a umitilip atir. Al bunnan son bir waqıtlari yad molekulalarin laboratoriyalarda sintezlep yad kletkalarin yamasa in`ektsiyalar jasaw ushin arnawli suyiklikti tayarlaw ha`m solay etip bilimlerdi adamnin miyine koshiriw mu'mkin boladi, degen putkilley qiyaliy boljaular aytiladi.

q.Este qaldiriw protsessinde adamnin sanali tu'rde erikli jedellilik ko'rsetiw darejesi ha'r qiyli boliwi mu'mkin. Sol jaginan este qaldiriw eriksiz ha`m erikli turlerge ajiratiladi.

Eriksiz este qaldiriwda adam aldi burin xeshqanday maqsetti ko’zlemegen xalda ha`m arnawli usillardi kollanbastan este alip qaladi. Adam ushin qolaysiz ha`m kizik koriniwshi kop gana zatlar ha`m xadiyseler, ha’rqiyli uaqiyalar dogerek-atirapti korshap algan adamlardin’ is-ha’reketleri ha`mde sozleri adam xesh qanday kalemese de ha`m kush jumsamasa onin esinde o’zinen-ozi kalaberedi. Bunda adamnin turmisi ushin belgili a’h’miyetke iye bolg’an narseler este jaqsirak saqlanip qaladi.

Erikli este qaldiriw maqsetke qaratilgan boladi ha`m eske aliwdin arnawli usillarinan paydalaniwdi nazerde tutadi.

Talim protsessinde erikli este qaldiriw kobinese oqıw materialin puxta bilip aliwda korinedi, puxta bilip aliw ushin bolsa oqıwshinin materialdi bir neshe marte takirarlawina tuura keledi. Bunda oqıwshidan qaysi materialdi o’zlestiriw lazimligin, oni kay darejede toliq ha`m puxta o’zlestiriw za’ru’rligin aniq biliw talap etiledi. Bul uaziypalardin’ koyiliui oqıwshinin putkil dikkat itibarin eske aliniwi lazim bolg’an materialga qaratiladi, este qaldiriw protsessinde pikirleu xizmetinin barisina, este qaldiriw usillarina ta’sir ko’rsetedi. Maselen, uaziypa materialdi sozbe-soz yad aliwdan ibarat bolsa, materialdi bir neshe boleklerge ajiratip eske alinadi, kop takirarlawga tuura keledi, sozlerdin izbe-izligi yad alinadi, egerde materialdin tiykargi manisin bilip aliw talap etilse, oqıwshi daslep material tekstin analiz etip shigiuga tiykargi itibardi qaratadi.

Este qaldiriwdin na’tiyjeli boliwi kopshilik tarepinen adamnin materialdi puxta, toliq ha`m aniq este qaldiriwdi oz aldina maqset etip koyiuga baylanisli. Materialdi puxta juuap bergenshe bilip almakshi bolg’an oqıwshilardin’ este qaldiriwi omir boyi este qaldiriwga umtilgan oqıwshilardikine qaraganda jaqsi bolmaydi eken. Bul tajiriybede dalillengen: tajiriybe otkeriletug’in eki topar adamlarga tekst berilip, oni eki kun otkennen keyin, ekinshisinen bolsa aradan bir ha’pte otkennen keyin tekst materiali soralatug’inligi aytilgan. Aradan bir ay waqıt otkerip tekserilgende, ekinshi topar birinshi toparga qaraganda jaqsirak na’tiyje bergen.

Este qaldiriw-protsessinde oqıwshinin erikke kush saliwi, sonday-ak pikir jedelliligi, u’yreniletug’in materialdin a’h’miyetin tusiniwi u’lken rol` oynaydi.

Este qaldiriw pikirdin jedellilik darejesine qarap mexaniq ha`m manisine tusinip (logik) este qaldiriw turlerine ajiratiliui mu’mkin.

Mexaniq este qaldiriw jakinlik boyinsha jeke tartiptegi waqıtli baylanislarga tiykarlang’an bolip, bunday este qaldiriw adamnan kop waqıt sariplawdi talap etedi ha`m onshama bekkem bolmaydi.

Talim protsessinde, mazmunina tusinip este qaldiriwga suyenip is ko’riw kerek, bunday este qaldiriw u’yreniletug’in uaqiyalardin’ a’h’miyetin tusiniwge ha`m bul uaqiyalar ortasindagi sebep-na’tiyje baylanislarin aniqlawga tiykarlang’an boladi. Manisine tusiniw ha`m sebep-na’tiyje baylanislarin tabiw gana este qaldiriwdin joqari darejede na’tiyjeli ha`m puxta boliwin tamiyinleydi.

Sizilmali ha`m daliyil ustinde kunt penen isleu kop oylaw na’tiyjesinde jaqsi tusinip alingan teorema adette aniq, uzaq waqıt este saqlanip kalinadi ha`m za’ru’rlik payda bolg’anda ansatlik penen eske tusiriledi. Kitaptan qandayda bir mexanizm haqqinda bayan etilgen tusindiriwlerdi oqigan waqıtta olardin’ manisin tusiniw, bul mexanizm bolimlerinin oz-ara bir-biri menen baylanisliligin sizilmaga ha`m tabiyiy nuskasina qarap tusinip aliw ornina mexanizmnin duzilisi ha`m orinlaytug’in isi haqqinda kitapta jazilgan gaplerdi kuri yadlap aliwg’a ha’reket etken oqıwshilar ozlerin-ozleri aldagan boladi.

Kolemi u’lkenirek materialdi esinde qaldiriwda daslep onin manisin jaqsilar tusinip aliw, materialdi bolimlerge ajiratiu ha`m tusiniw ushin qiyinirak jerlerin anlap aliw za’ru’r. Sonin menen birge taza materialdi burin bilip algan material menen baylanistiriwga ha’reket etiw kerek. Tekstti tallaw tiykarinda onin bolimleri arasindagi manisli izbe-izlikti aniqlaw lazim. Ayirim jagdaylarda bul is mazmunin birlestiriwshi gaplerdi sizip shigiu ha`m belgiler arqali tartipleu joli menen orinlanadi.

Joba menen eske alingan material, jobasiz eske alingan materialga qaraganda, aradan 9 kun otkennen keyin g’ martebe kem umitiladi-bul tajiriybede daliyillengen. Materialdi joba boyinsha eske aliwdin abzalligi oni eske tusiriwde ko’zge taslanadi, oqıwshi jobanin ozin umitip jibergen jagdayda da materialdi jaqsi eske tusire aladi.

Tablitsa,sxema,diagramma ha`m tagi basqalardi asirese olardi oqıwshinin ozi duzip shiksa, oqıw materialin eske aliwda a’h’miyetli tayanish uaziypasin oteydi.

Solay etip manisine tusinip eske aliw este qaldiriwdin en na’tiyjeli turi. Ayirim jagdaylarda (zatlardi, shet el sozlerin, telefon nomerlerin ha`m sol siyaklilardi este qaldiriwda) mexaniq este qaldiriw usilinan paydalaniwga tuura keledi.

Sabakta eske alingan materialdi este bekkem saqlap qaliwda takirarlaw a’h’miyetli rol` oynaydi. Takirarlaw este alip qaliw lazim bolg’an materialdi bayitiu, sonday ak juzege kelgen nerv baylanislarin bekkemleu degen soz.

Takirarlawdin na’tiyjeli boliwi onin mugdarina emes, mu’mkin duris sholkemlestiriliuine kobirek baylanisli. Tek bir materialdi qabil etiwdin ozin takirarlay beriw (maselen tap bir narseni bir neshe martebe okip shigiu) ga qaraganda, materialdi eske tu’siriw tiykarinda takirarlaw maqsetke muuapik ekenligin arnawli otkerilgen tajiriybeler ko’rsetip berdi. Arnawli otkerilgen tajiriybede eki klass oqıwshilarina bir materialdin ozi eki turli usilda takirarlaw arqali yadda qaldiriw uaziypasi tapsirilgan «A» klass oqıwshilari materialdi 4 martebe okip shigiu arqali yadda qaldirip, aradan bir kun otkennen keyin usi materialdin 305 in eske tusire algan bolsa «V» klass oqıwshilari bolsa materialdi 2 martebe okip shikkan ha`m jazilgan materialga qaramagan xalda oni eslerine tusirip ko’rgen (materialdi okip takirarlaw menen yaddan takirarlaw almasip berilgen) ha`m na’tiyjede olar aradan bir kun otkennen son materialdin wh’,55 in eslerine tusire algan.

Soni nazerde tutiu kerek, materialdi bir qiyli usilda ha`m u'ziliksiz takirarlay beriw bas miy kabiginin tinimsiz tu'rde qozdirilip turilgan bir topar nerv kletkalarinda tormozlaniwjagdayin juzege keltiredi. Na'tiyjede este saqlaw xizmeti qiyinlasadi.

Ha'r qiyli usilda takirarlaw materialdi aniq ha`m puxta eske alip qaliwdin a'h'miyetli sharti bolip tabiladi. Maselen, nizamlardin' mazmunin aniq yadda alip qaliwda sol nizamlarga baylanisli misallar tabiw kerek, teoremalardi takirarlawda ha'r qiyli sizilmalar ha`mde daliyilleu usillarinan paydalaniw orinli. Bul jagdaylarda taza qozdiriwshilardin' ta'sir ko'rsetiwi burin bir qiyli usildagi qozdiriwshilardin' u'ziliksiz tasiyri sebepli juzege kelgen tormozlaniw xalatin azziletedi yamasa xatteki putkilley jok etedi, sonin menen birge este saqlaw xizmetin jedellestiredi.

Takirarlawdi waqıt jaginan akilga muuapik sholkemlestiriw de materialdi jaqsi este alip qaliwg'a jardem beredi. Arnawli tajiriybeler sani ko'rsetedi, kopshilik jagdaylarda material eske alingannan keyin aradan kop waqıt otpesten ak umitila baslar eken, sonin ushin material eske alingannan son aradan kop waqıt otkermey (izi suuimastan) takirarlaw ayiriqsha a'h'miyetke iye.

Takirarlawdi duris sholkemlestiriwde eske alip kalinatug'in materialdin mugdari ha`m sapasin esapka aliw kerek. Sebebi, kolemi kishirek materialdi toligi menen takirarlaw makul, kolemi kenirek materialdi bolsa bolimlerge bolip alip, ane sol bolimler boyinsha takirarlaw kerek.

Takirarlawda jana uaziypalardi sheshiu ushin buringi o'zlestirilgen materialdan qural sipatinda paydalaniw kerek, takirarlawdin bunday usili u'lken na'tiyje beredi. Maselen, turli mamleketlerdin sanaatin u'yreniwde oqıwshilarga ha'r bir mamlekettin sanaati ane sol mamleketlerdin burin u'yrenilgen tabiyiy sharayatlarina baylanisli ekenligin aniqlawdi usinis etiw lazim yamasa geometriyadan teoremani takirarlaw uaziypasin tapsiriw ornina, oqıwshilarga bir neshe masele beriw de mu'mkin, bul maselelerdi sheshiu oqıwshilardan usi teoremani biliwdi talap etsin. Takirarlawga bolg'an ane sonday munasibet gana materialdi puxta ha`m manisine tusinip este alip qaliwg'a ha`mde este qaldirilgan materialdan turmista ha`m xizmette na'tiyjeli paydalaniwga mu'mkinshilik jaratadi.

n'.Materialdin na'tiyjeli eske tusiui, daslep onin puxta, toliq, aniq eske alingan boliwina baylanisli. Eske aliw protsessinde juzege kelgen nerv baylanislarinin keyin ala belgili qozdiriwshilar tasiyrinde kayta janlaniwi eske tusiriwdin fiziologik tiykari esaplanadi.

Eske tu'siriw burin qabil narseler obrazinin ayteuir korinisi emes. Eske tusiriwde material xizmet protsessinde payda boliwshi aniq uaziypalar munasibeti menen kaytadan kuriladi. Ayirim jagdaylarda materialdi uliwmalastirilgan tu'rde eske tu'siriw talap etilse, kopshilik xallarda bolsa kerisinshe materialdi birqansha ay-kinlastiriw za'ru'r boladi. Sonin menen bir waqıtta, jalgiz bir materialdin ozi adamlardin' za'ru'rlikleri, qizig'iwlari, emotsional xalatlari ha`m shaxstin basqa ozgesheliklerine baylanisli tu'rde olar tarepinen ha'r qiyli tariyiplenedi.

Eske tusiriwdin en apiuayi korinisi-taniw, bunday xal burin qabil etilgen ob`ektti jane tazadan qabil etiwge tuuri kelgende juz beredi. Burin bir martebe qabil etken adam, jay ha`m muzika namasina aradan belgili waqıt otkennen keyin jane dus kelgen payitimizda biz olardi taniymiz.

Burin qabil etilgen ob`ektti keyinirek ekinshi martebe jane qabil etken uaktimizda, olardin' bir narse ekenligin anlaw darejesine sonday-ak este qaldiriwdin kanshelli puxtaligina qarap, taniw protsessinin tezligi ha`mde aniqligina qaray ha'r qiyli turlerge ajiratiu mu'mkinU` bunda qabil etilip turgan ob`ekt ayirim jagdayda ob`ekt adamga aniq tanis bolip korinedi, adam bul zattin barliq belgilerin ha`m bul zat penen qanday jagdayda taniskanligin aniq anlap turadi.

Biraq taza qabil etilip turgan ob`ekttin tez ha`m aniq taniw oni puxta este alip qaliwdin dalili bola almaydi. Oqıw materiali tekstin kayta-kayta okia u'yrenilgen waqıtta, adam oni jaqsi bilip alganday boladi. Bunday xal adamdi kobinese aldap koyadi. Oqıw materialin taniw jagdayi onin puxta o'zlestirilgenliginen xabar bere almaydi. Burin qabil etilgen materialdi kayta qabil etpegen xalda eske tu'siriw materialdi puxta o'zlestiriwdin za'ru'r sharti ha`mde tiykari esaplanadi.

Eske tu'siriw eki turge bolinediU`

1.Eriksiz eske tusiriw

2.Erikli eske tusiriw

1)Burin qabil etilgen materialdin adamda xesh bir maqsetsiz eske tusip qaliwi eriksiz eske tu'siriw bolip, bunda burin qabil etilgen zatlar ha`m uaqiyalardin' obrazlari adamda, onin kaleuine baylanisli bolmagan xalda sanasinda saulelenedi. Bunday eske tu'siriw xesh bir sebepsiz oz-o'zinen juz beretug'in waqiya emes. Eriksiz eske tu'siriw ha'r qiyli assotsiatsiyalir (baylanislar) na'tiyjesinde juzege keliui na'tiyjesinde adamlar qaysi bir shaxsti, narseni, waqiyani yamasa sozdi esine tusirgeninde, solar menen baylanisli bolg'an basqa waqiya da esinde eriksiz tu'rde janlaniwina mu'mkinshilik tuuiladi. Maselen aytilgan kosik (nama) otip ketken kesheni eske tusiredi, jaziushinin ati onin shigarmalarin eske tu'siriw mu'mkin x.t.b.

2)Eriksiz eske tu'siriw adamnin turmisinda belgili a'h'miyetke iye. Biraq qaysi bir isti orinlawda, sonin ishinde ta`lim protsessinde de kobinese erikli eske tusiriwge suyenip is alip bariwga tuuri keledi. Oqıwshi burin okip algan materialin erikli tu'rde eske tusirip, o'zine berilgen sorawga izbe-iz, belgili tartipte juuap kaytaradi, juuapti oz aldina qoyilg'an uaziypaga muuapik tu'rde duzediU` materialdin a'h'miyetinoz sozleri menen soylep beredi yamasa tekstke jakinlastirip bayan duzedi, tiykargi kagiydalar haqqinda gap jurgizedi yamasa misallar keltiredi.

Erikli eske tu'siriw mudami jedelli pikir jurgiziu menen baylanisli boladi. Erikli eske tu'siriw kopshilik jagdaylarda adamnan erkin iske saliwdi talap etedi. Eske tu'siriw qanday da bir jagday sebepli qiyinlaskan xallarda erikti iske saliw ayiriqsha za'ru'r boladi. Eger oqıwshi matematikaliq formulani yamasa grammatikaliq kagiydani aniq eske tusire almasa, este saqlaw isin janlandiriwga umtilip, bul material menen jakin baylanislardi tikleuge usi

material tiyisli bolg’an temani, material qanday tartipte otilgenin, onin turmiska engizilgenin eske tusiriwge urinip koredi x.t.b.

Eske tusiriwde adamnan erkke kush saliwdi talap etiwshi jedelli pikirleu protsessi esleu dep ataladi. Esleu erkli eske tu’siriw ha`m taniwdin en quramali korinisi bolip tabiladi.

Oqıwshilardin’ sharshaui yamasa tinishsizlaniwi, sonday-ak oz kulerine isenbeushilikleri olardin’ oqıw materialin eske tusiriwine kesent beredi. Sonin ushin da mugallim oqıwshilardin’ bilimlerin tekseriw protsessinde ayirim oqıwshilardi arkayinlastiriwdi, basqalar bolsa kenes beriwdi biliwi kerek. Materialdi eske tusiriwde, oqıwshilardi oz sozleri menen soylep beriwge, eske alingan materialdi tartiplestiriwge, uliwmalastiriwga, tartipti ozgertiuge adetlendiriw de a’h’miyetli rol` oynaydi.

Talim protsessinde oqıwshilardin’ bilimlerin teksergen waqıtta, materialdin yadta tikleniwi menen baylanisli bolg’an tomendegi waqiyani esapka aliw kerek. Quramali ha`m kolemi u’lken material menen isleuge tuuri kelgen ayirim jagdaylarda oqıwshilar materialdi darxal eske tusire almaydi, material aradan bir neshe kun otkennen keyin, ayirim waqıtlari bolsa 2-3 kunnen keyin olardin’ esine tuse baslaydi. Fiziologiyaliq ko’z qarastan qaraganda, bul waqiyanin sebebi miydin sharshagan bolimlerinde saqlawshi tormozlaniwdin juzege keliuinen ibarat, sonday-ak ya daslepki, ya keyingi material tasiyrinde payda boliwshi unamsiz instruktsiya bolip tabiladi. Tormozlang’an baylanislar aradan bir qansha waqıt otkennen keyin gana jane janlana aladi. Bul keshikken eske tu’siriw bolip, reministsentsiya dep ataladi, bunday waqiya asirese kishi jastagi mektep oqıwshilarinda qiyin materialdi kop martebe takirarlaw na’tiyjesinde juz beredi.

Ayirim jagdaylarda adamda eriksiz eske tusiriwdin jane bir turi-perseveratsiya waqiyasi juz beredi. Perseveratsiya waqiyasi ha’r qiyli obrazlardin’ erkimizge baylanisli bolmagan ha`m xatte erkimizge boysinbagan xalda sanamizda oz-o’zinen sauleleniwi. Bunday waqiya ha’r bir adamda azba-koppe ushirap turadi (maselen, kulagimizga shalingan qaysi bir kosik, basqa bir adamnin bizde ta’sir qaldirgan qkiymil ha’reketleri yamasa qaysi bir narsenin obrazi uzaq waqıt oz-o’zinen esimizge tusip tura beredi). Azanda u’ziliksiz tu’rde perseveratsiya obrazlarinin payda boliwi nerv keselliginin tasiyri esaplanadi.

Este saqlaw ha`m umitiu.

Eske alingan materialdin este saqlaniwi oni turli formalarda eske tusiriwdin za’ru’r sharti. Fiziologiyaliq ko’z-qarastan qaraganda, este saqlaw nerv sistemasinin ayiriqsha qa’siyeti-onin plastikligi menen baylanisli, bul qa’siyet nerv sistemasinin burin payda etilgen nerv baylanislarin ozinde saqlap qaliw ukibinda payda boladi.

Oz-o’zinen korinip turipti, biz ha’r kuni ha`m ha’r saatta eske tusiriwimiz lazim bolg’an ha`mde erikli tu’rde eske keltire alatug’in materialga qaraganda kop material esimizde saqlanadi eken. Ayirim waqıtta biz qaysi bir materialdi eske tusiriwge kanshelli urinsakta oni esimizge tusire almaymiz, biraq sonday material tosinnan o’zinen-ozi esimizge tusip qaladi ha`m biz oni tanip alamiz.

O’zlestirilgen material yadimizda mudami eske tuskenindey, maselen matematika formulalari, telefon nomerleri, kosiklar siyakli bir qiyli tartipte saqlanbaydi. Biz este qaldirgan material este saqlaw protsessinde jedelli oylaw isi na’tiyjesinde tartibi kaytadan kuriladi. Ane sogan usagan kayta islengen materialdin eske tusiui ayiriqsha a’h’miyetke iye bolip, bunday material jane shaxstin ruxiy turmisinin mazmunin belgileydi.

Umitiu este saqlawdin kerisinshesi bolg’an protsess. Umitiu burin este qaldirilgan materialdi toliq yamasa bolegin eske tusire almaushilik yagniy oni esley yamasa taniy almaushiliktan ibarat. Nerv baylanislarinin tormozlanip qaliwi umitiudin fiziologik tiykari esaplanadi. Bir tamannan qaraganda umitiu paydali esaplanadi, sebebi ol este saqlawdi kereksiz, oz kimbatin jogaltqan materiallardan qutqaradi. Ekinshi tamannan bolsa umitiu adamnin ozi ushin za’ru’r bolg’an materialdi o’zlestiriwge ayirim waqıtlari kesent etedi.

Psixologiyaliq tajiriybeler soni ko’rsetpekte este saqlap kalgannan material daslep tez, keyin ala astenlik penen umitilar eken, bunda mazmunsiz material ruuxiy baylanislarga iye materialga qaraganda bir qansha tez umitiladi.

Materialdi umitpaudin ilajin tabiw ushin daslep umitiudin tiykargi sebebi nerv baylanislarinin jeterli darejede bekkemlenbegenliginen. Este saqlang’an material takirarlamaganlik na’tiyjesinde umitiladi, bugan miyde juzege keliushi sondiriwshi (oshiriwshi) tormozlaniw sebep boladi. Eger este saqlang’an material turmislik kadirin joytip, adamda qizig’iwshiliq oyatpasa bunday jagdayda tabiyiy tu’rde oshiriwshi tormozlaniw kusheyip baradi ha`m sonday material jetkilikli darejede bekkem bolmaydi. Ozimiz kizigip okip shikkan kitapti, biz ushin a’h’miyetli bolg’an gurrindi yamasa turmisimizda juz bergen u’lkenirek waqiyani uzaq waqıtka shekem umitpaymiz, sebebi olardi tez-tez eslep turamiz, xesh qanday a’h’miyetsiz narseler bolsa yadimizdan tez shigip ketedi.

Materialdi qaldiriw ushin shennen tiskari kop ha`m kush salip isleu na’tiyjesinde bas miy nerv kletkalarinin sharshaui da umitiuga sebep boladi. Bunday jagdayda payda boliwshi saqlawshi tormozlaniw nerv baylanislarinin bekkemleniwine ha`mde janlaniwina toskinlik etedi. Sonin ushinda materiallardi imtixan aldinan kush salip eske aliw usinis etilmeydi. Oqıw materiallarin takirarlawda waqıtti duris bolistiriw, imtixanga kiriwden aldin adamnin o’zine biraz dem beriwi umitilgan narselerdin yadta tikleniwine jardem beredi.

Adamnin kiska muddetli umitiuina unamsiz induktsiya da sebep boladi, adette unamsiz induktsiya basqa ku’shli qozdiriwshilar ta’sir ko’rsetiwi na’tiyjesinde juzege shigadi.Maselen klasstagi shaukim oqıwshi juuap kaytarip turgan waqıtta mugallimnin qolaysiz ha’reketi yamasa jalasi xatteki jaqsi yadlap alingan materialdin da eske tuspeushiligine alip keliui mu’mkin.

Sonday-ak materialdi eske aliwdan aldin yamasa keyin adamnin is penen shugillang’ani da onin materialdi eske tusiriwine kesent etiwi mu’mkin. Unamsiz induktsiya endi gana payda bolg’an nerv baylanislarin tormozlaydi, sonday ak jana nerv baylanislarinin juzege keliwine irkinish jasaydi. Berilgen materialdi este qaldiriwdan burin

ha`m keyin sogan usas basqa material eske alinsa yamasa qanday da bir qiyin is orinlansa da tormozlaniw kusheyedi. Maselen shet tili sozlerin u'yreniwden keyin matematika tarauinan qiyin maseleni sheshiu shet tili sozlerin eske tusiriwdi bir qansha qiyinlastiradi.

Materialdi esten shigarmau ushin umitiuga alip keliushi sebeplerge mu'mkin bolg'aninsha irkinish jasaw kerek. Oqıw materialina qizig'iwshiliq oyatiu ha`m oqıw materiallarin takirarlawdi duris sholkemlestiriw joli menen oqıwshilardin' puxta o'zlestiriwlerine erisiu za'ru'r.

Oqıw materialin o'zlestiriw protsessinde oqıwshilardin' sharshauina, xalsireuine jol koymau kerek. Bunda oqıwshilarga qozdiriwshilardin' artiksha tasir ko'rsetiwine mu'mkinshiligi bolg'aninsha jol koymau, sonin menen bir waqıtta oqıwshilardin' dikkatin kerekli materialga qarata biliw kerek. Este qaldiriw lazim bolg'an materialga barliq itibardi qaratiu gana oni soninan aniq eske tusiriwge mu'mkinshilik beredi. Materialdi eske aliwdan burin yamasa keyingi xizmet sebepli juzege keliushi tormozlaniwga jol koymau ushin oqıw materialin ha`m oni este qaldiriw usillarin ha'r tarepleme ozgertip bariw za'ru'r.

5.Este alip kalingan materialdin mazmunina qaray este saqlaw 3 turge bolinedi:

1.Obrazli este saqlaw

2.Soz-logikaliq este saqlaw

3.Emotsional este saqlaw

Obrazli este saqlaw arqali material birinshi signallar siyakli, ko'riw, esitiu, ha'reket, tiyiu ha`m basqa seziu ta'sirleri turinde eske alip kalinadi. Maselen biz burin ozimiz ko'rgen kosikshinin obrazin ol atkargan kosik namasin, onin kosik aytkan waqıttagi manili is-ha'reketlerin ha`m ha'r qiyli analizatorlardin' isi na'tiyjesinde payda etilgen basqa ta'sirlerdi esimizde saqlaymiz. Obrazli este saqlaw oqıwshilardin' biliw xizmetinin sezim tiykarin tamiyin etedi.

Sozler arqali bildirilgen pikirler soz-logikaliq este saqlawi jardeminde este saqlanip kalinadi. Oqıwshilar ozleri u'yrenetug'in uaqiyalardin' a'h'miyetin ko'rsetiwshi tusiniklerdi o'zlestiriw, xukim ha`m juumak shigariw protsessinde este saqlawdin tap mine usi turine suyenip is alip baradi. Korkem ha`m ilimiy adebiyatlar tekstlerin este alip qaliw ha`mde eske tu'siriw tiykarinda soz-logikaliq este saqlawi jatadi. Bunda pikirler tap kitaptagiday sozbe-soz tu'rde de, sonday-ak pikirdin soz suuretleniwi aniq saqlanbagan xalda da este alip qaliniwi ha`m eske tu'siriliw mu'mkin.

Soz-logikaliq este saqlawin ayirimm waqıtlari logikaliq este saqlaw dep te jurgiziledi. Bul este saqlaw ken ha`m teren pikir jurgiziuge tiykarlanadi, adamnan materiallardi sistemali o'zlestiriwdi talap etedi.

Emotsional este saqlaw adamnin burin oz basinan keshirgen sezimlerin, emotsional jagdaylarin este alip qaliw degen soz. Sonin ushin qashan bolsa da qanday da bir u'lken ha`mde quramali isti amelge asirgan uaktimizda yamasa jaris jenimpazi bolg'aninizda xa sol siyakli basqa jagdaylarda sizde yosh urgan quwanish, maqtanish sezimi aradan bir qansha waqıt otkennen keyin de yadinizda tikleniwi mu'mkin. Imtixan uaktanda kanatlandirarsiz juuap kaytargan yamasa naduris orinsiz is-ha'reket sebepli qatti renjip, uyalgan bolsaniz siz oni uzaq waqıt esten shigarmauiniz mu'mkin.

Emotsional este saqlaw obrazlarinin adam is-ha'reketlerine ha`mde is isleuine ta'sir kushinin u'lken ekenligi ayiriqsha atap otiu kerek.

Balalarga talim ha`m ta'rbiya beriw protsessinde mu'mkin bolg'aninsha olardin' emotsional este saqlawina suyeniw kerek, bub balalardin' za'ru'r bilimler oqıw ha`m konlikpelerin birqansha ansatlik penen puxta ha`mde aniq o'zlestiriwlerin tamiyin etedi. Maselen mugallimnin oqıwshilarda ku'shli ta'sir qaldirgan gurrini, olardin' yadinda joni menen bayan etilgen materialga qaraganda bir qansha uzaq ha`m jaqsi saqlanip qaladi. Biraq shennen tiskari ku'shli ta'sirleniw kerisinshe este saqlaw jumisinin na'tiyjeliligin tomenletip jiberiwi mu'mkin.

Este saqlawdin bulardan basqada: erikli este saqlaw, eriksiz este saqlaw, kiska ha`m uzaq muddetli, operativlik este saqlaw, tusinip ha`m tusinbey este saqlaw degen turleri bar.

6. Turmista este saqlaw tarauinda adeuir daralik ayirmashiliqlardi baqlawga boladi.

Adam neni jaqsi este saqlaytug'inligina ha`m oni qalayinsha este saqlawdi abzal koretug'inligina qaray este saqlawdin ha'r qiyli turlerin ayirip ishgaradi.

Birinshiden adamlar ha'r qiyli materialdi turlishe este saqlaydi. Bireuler kartinalardi-albette zatlardi, renlerdi seslerdi en jaqsi este saqlaydi. Bul este saqlawdin korgizbeli obrazlik turinin uakilleri boladi. Basqa bireuler pikirlerdi ha`m soz aniqlamalarin, tusiniklerdi, formulalardi ha`m t.b. en jaqsi este saqlaydi. Bul este saqlawdin soylem-logikaliq turinin uakilleri boladi. Ushinshi bireuler korgizbeli-obrazli materialdi da soylem-logikaliq materialdi da birdey jaqsi este saqlaydi. Bul este saqlawdin garmonikaliq turinin uakilleri boladi.

Ekinshiden adamlar ha'r qiyli usillar menen este saqlawdi abzal koredi. Mine usi ko'z-qarastan tiykargi analizatorlardin' este saqlaw protsessine qatnasiu darejesine qaray este saqlawdin ha'r qiyli turlerin ko'riw, esitiu, ha'reket etiwshi ha`m aralas ko'riw-esitiu, ko'riw-ha'reket etiwshi ha`m esitiu ha'reket etiwshi turlerin ayirip shigaradi.

Bir adamlar ko'riw, basqa bireuler esitiu arqali ushinshi bireuler ha'reket etiwshi sezimlerdin jardemi menen, tortinshi bireuler kombinatsiyalang'an usil menen jaqsi esindey saqlaydi. Sonday-ak mektep oqıwshilarin baklay otirip, bireuleri oqıw materialin ishinen oqıw arqali, basqa bireuleri dauislap oqıw yamasa mugallimnin sozlerin tinlaw arqali tabisli este saqlaytug'inin, ushinshi bireuleri este saqlaw ushin jaziudi kollanatug'inin ko'riwge boladi. Este saqlawdin aralas tiypi en kop taragan boladi. Este saqlawdin sap tiypi siyrek ushirasadi.

Este saqlawdin korgizbeli-obrazli tiypinin boliwi birinshi signal sistemasinin belgili darejede basimliginan, soyleu logikaliq turinin boliwi ekinshi signal sistemasinin basimliginan, garmonikaliq turinin boliwi eki signal sistemasinin ten salmakliliginan kelip shigadi.

En akirinda adamnin este saqlawinda onda este saqlawdi ayirim protsessleri qanshama rawajlang’anina qaray sipatlawga boladi. Egerde adam: a’.este tez saqlawdi. g’.este tiyanakli saqlawdi.

q.sarras eske tusiui. n’.este saqlawdin tayar ekenligi menen ozgeshelenip tursa biz ol adamnin este saqlawi jaqsi eken deymiz. Este saqlawdin tayarligi degende sol waqıtta za’ru’r narseni eske tusire aliw ukibin, yagniy ekinshi signal sistemasinin signallarinin tasiyri astinda kerekli baylanislardi tez tiriltiudi tusinedi.

Tez este saqlay biletug’in da, uzaq waqıt este saqlaytug’in da, sarras eske tusire alatug’in da, en za’ru’r waqıttin ozinde eske tusire alatug’in da adamlar mudami ushirasa bermeydi. Bul ha’rqiyli material joninde ha’r qiyli adamnin qizig’iwshiliqlarina, onin kasibine qaray juz beredi. Bireuler bet-alpetti tez ha`m aniq matematikaliq materialdi gungirt este tutadi, basqalardi, muzikani, jaqsi turmistagi narselerdi gungirt este saqlaydi x.t.b.

Este saqlawdin en kop taralgan tiplogiyasi este saqlawdin tezligi ha`m yadta saqlawdin tiyanakliligin bahalaw menen baylanisli boladi. Tez este saqlawdi ha`m tiyanakli yadta saqlawdi biriktiriw en qolayli boladi.

Mektep oqıwshilarina arasinda sabakliktin bolimin bir ret oqıwdin yamasa mugallimnin tusindiriwin dikkat penen tinlawdin ozi-ak materialdi este saqlaw shin jetkilikli bolatug’in balalar jiyi-jiyi ushirasip turadi. Bundayda usi balalar yadlap algan narsesin tek este saqlap gana kyomastan, oni uzaq waqıt yadinda da saqlaydi, oni ansat ha`m toliq esine tusiredi. U’yrengen narsesin tez este saqlaytug’in ha`m uzaq waqıt yadinda saqlaytug’in mektep oqıwshilari basqa oqıwshilardin’ arasinda bilimlerdi o’zlestirip aliwdagi tabislari menen ajiralip turadi.

Mugallimge oqıw materialin aste-akirin este saqlaytug’in, biraq u’yrenip algan narsesin uzaq waqıt yadinda saqlaytug’in mektep oqıwshilari menen de jumis jurgiziuge tuura keledi. Bunday mektep oqıwshilarin oqıw materialin jedelli takirarlaw joli menen u’yrenip aliwg’a ha’r qiyli usillardi kollaniwgaU` tinlawga, oqıwga,esitkenin jazip aliwg’a,suuret saliwg’a,korgizbeli qurallarga suyeniwge x.t.b.koshametleui tiyis. Kayta-kayta takirarlawlar na’tiyjesinde bekkemlenip kalgan oqıw materiali usi mektep oqıwshilarinin yadinda tap tez este saqlaytug’in oqıwshilardagi siyakli uzaq waqıt ha`m tiyanakli saqlanip qaladi.

Oqıwshilardin’ arasinda oqıw materialin tez este saqlaytug’in, biraq u’yrenip algan narsesin sonshama tez umitip ketetug’in balalar da ushirasadi. Olar adette eki-ush kun otkennen son bekkemlengen materialdi gungirt, toliq ha`m aniq emes turinde eske tusiredi. Bunday mektep oqıwshilarinda barinen de burin uzaq este saqlawga bagdarlaniwshilikti, otilgendi belgili bir waqıttan son oz betinshe toliqtiriwga adetleniwshilikti ta’rbiyalap shigariw za’ru’r, olardi mudami tekseriPu’ kadagalap bariw tiyis. Jana materialdi o’zlestirgen waqıtta oqıwshilarga otkendegi bilimlerden kaysisi jana material menen baylanisli bolsa, soni takirarlaw boyinsha jeke tapsirmalar beriw za’ru’r.

Oqıw materialin aste-akirin este saqlaw ha`m oni tez umitip jiberiw en qiyin jagday boladi. Geypara balalar materialdi u’yreniwge kop waqıt ha`m kush jumsasa da, oni aniq eske tusire almaydi ha`m tez umitip jiberedi. Olirdin este saqlawi onshama na’tiyjeli bolmaui ha’rqiyli sebepler menen tusindiriledi. Kade bolaginday ak este gungirt saqlaw sabaklarga jiyi-jiyi kelmey kalatug’in oqıw tapsirmalarin sistemali tu’rde orinlamaytug’in, este saqlaw usillarin kollana bilmeytug’in mektep oqıwshilarinda baklanadi. Bul balalarga mudami jardem beriw, olardi maqsetke muuapik bilim iyeleuge shidamlilik penen u’yretiw za’ru’r. Tiyisli jumis jurgizilgen jagdayda olarda este saqlaw ha`m eske tu’siriw protsessleri anagurlim jaqsilanip ketedi.

Este saqlawdin onshama na’tiyjeli bolmaui awiriwlardan, qatti juda sharshaudin saldarinan kelip shigadi. Bunday balalarga jeke talim beriwden ha`m u’yreniwde tikkeley jardem ko’rsetiwden tiskari arnawli rejimU` oqıw xizmeti menen dem aliwdi aumastirip turiw, oqıw tapsirmalarin akilga muuapik bolistrip beriw ha`m t.b. za’ru’r boladi.

Este saqlawdin az gana na’tiyjeleri ogada jiyi oqıwshilardin’ jaman yadina emes, al jaman este saqlawina baylanisli boladi. Egerde oqıwshi sabakta alan bolip otirsa yamasa kunt penen jumis isleuge adetlenbegen bolsa, ol oqıw materialin jaman qabil etedi, demek ol xesh narseni este saqlay almaydi. Oqıwshinin dikkatli bolmaui yamasa dikqattin jetkiliksiz boliwi jaman este saqlawdin en a’h’miyetli sebeplerinin biri boladi.

7.Este saqlawdin belgileri adamda narestelik da’wirinde ko’zge taslanadi-este saqlaw taniw turinde, keyin ala bolsa sol waqıtlari jok shaxslar ha`m zatlar haqqindagi apiuayi tusinikler turinde payda boladi. Mektepke shekemgi jastagi balalardin’ este saqlawi eriksizligi ha`mde aniq obrazli xarakterge iye boliwi menen ajiralip turadi. Este saqlawdin bul ozgeshelikleri kishi mektep jasinda da kop tarepinen saqlanip qaladi, biraq sonin menen birge bala-lardin’ mektep talimine otiuleri na’tiyjesinde olardin’ yadinda a’h’miyetli ozgerisler juz beriwi ko’zge taslanadi. Oqıw materialin erikli este alip qaliw ha`m eske tusiriwdin roli keskin artip baradi. Biraq bala ele bul da’wirde este alip qaliwdin usillarinan paydalana bilmeydi. Bala materialdi sozbe soz, kop martebe takirarlaw joli menen este qaldiriwga ha’reket etedi. Sol sebepten de, bul da’wirde mugallimnin kishi jastagi mektep oqıwshilari oqıw xiz-metlerin duris o’zlestiriwi, oqıwshilarga este alip qaliw uaziypalari ha`m usillarin tusindiriwi sheshiushi a’h’miyetke iye.

Joqarida aytip otilgenindey baslawish klass oqıwshilarina asirese reministsentsiya, yagniy materialdi keshigip eske tu’siriw ozgesheligi tan. Bunin sebebi balalarda ele ku’shli bolmagan nerv sistemasinin tez sharshap qaliwinan.

Shet el ayirim psixologlarinin bala tap ospirimlik jaska shekem tiykarinan mexaniq este saqlawga iye boladi dep tusindiriwleri duris emes. Kishi jastagi mektep oqıwshilari da oqıw xizmeti protsessinde tiykarinan logikaliq este saqlawdan paydalanadi, biraq materialdin manisine tusiniwde zatlar ha`m uaqiyalardin’ ko’zge aniq taslanip turiwshi baylanislari ha`mde munasibetlerine suyenedi. Biraq kishi jastagi oqıwshilarda aniq obrazli este saqlaw

ustem bolsa da, olarda soz-logikaliq este saqlawi aniq obrazli este saqlawga qaraganda birqansha tez rawajlanadi. Sol sebepli baslawish klasslarda soz-logikaliq este saqlawin rawajlandiriwga barliq kushti qaratiu kerek.

Ospirimlik da’wirde este saqlaw juda tez pat penen rawajlanadi.

Osipirimlik da’wirde este qaldiriw usillarinda da a’h’miyetli ozgerisler juz beredi. Ospirim ozi este alip qaliwi lazim bolg’an materialdi tusiniwge ha’reket etedi, materialdi qanday bolsa sondayligina emes, mu’mkin oz sozleri menen este qaldiriw ha`mde eske tusiriwge umtiladi, oni ikshamlastiradi ha`m uliwmalastiradi. Bunda ospirim basqalarga kuri yadlap alganday bolip korinbeu ushin ayirim jagdaylarda materialdi aniq este alip qaliwdi makul kormeydi, onin bul katesin o’zine jatigi menen tusindirip qoyg’an makul.

Eger kishi mektep jasindagi oqıwshilar pandi u’yreniwde ko’rsetpeli qurallardan paydalansa, sanali tu’rde este qaldiriw usillarin o’zlestiriw sonsha na’tiyjeli bolip shigadi.

Oqıwshilarda tusinip este qaldiriwdi, lokaliq este qaldiriwdi rawajlandiriw ushin mugallim balalardin’ suuretleu-ko’rsetpeli este qaldiriwina bolg’an umtiliularinan mu’mkin bolg’aninsha paydalaniw kerek. Este qaldiriw ushin umtiliuda kishi jastagi mektep oqıwshilarinin ko’rsetpelilik ob`ektlerge suyeniwleri olardin’ pikir jurgiziulerin suuretli ko’rsetpeli xarakterge iye ekenligi menen tusindiriledi.

Okitiu tajiriybesi ha`m psixologiyaliq tekseriwler soni ko’rsetedi, bilimdi puxta bekkemleude puxta ha`m uzaq este qaldiriwga shamalaw u’lken a’h’miyetke iye.

Eki topar oqıwshilarga bir qiyli materialdi yadlaw tapsiriladi. Oqıwshilardin’ esinde qalay qaldirg’anliqlarin tekseriw birinshi toparda bir kunnen keyin, ekinshi toparda bolsa bir ha’pteden keyin otkeriletug’inligik aytadi. Biraq eki topardi da bir ha’pteden keyin tekseredi. Soraw na’tiyjeleri boyinsha yadlap alingan materialdi bir ha’pteden son soralatug’in ekinshi topar oqıwshilari jaqsirak biletug’inligi aniqlang’an.

Oqıwshilarda juda puxta este qaldiriw jol-jorigin ta’rbiyalaw tek gana sol waqıtlari u’yrenilip atirgan material boyinsha emes, mu’mkin burin u’yrenilgen material boyinsha da bilimdi barqulla ha`m sistemali tu’rde tekseriwge baylanisli.

Este saqlawdin na’tiyjeliligi kishi jastagi oqıwshilarda oz-ozin tekseriw darejesinin rawajlang’anligina, ozin teksere biliwine yagniy este saqlang’an materialdi qansha toliq ha`m aniq bayan ete biliwine baylanisli.

Oqıwshi shaxstin uliwma rawajlaniwina muuapik este qaldiriw 1 ha`m 2 klass oqıwshilarinda oz-ozin tekseriw q ha`m n’ klass oqıwshilarindagi O’zin-o’zi tekseriwden putkilley ajiralip turadi.

1-2 klass oqıwshilarinda oz-ozin tekseriw juda bos rawajlang’an xa adette olar este qaldiriw protsessinde ogan boysinbaydi. Baslawish klasslarda isleushi tajiriybeli mugallimler 1 ha`m 2 klass oqıwshilarinin O’zin-o’zi tekseriwlerine isenbey dikkat penen tekseriw kerekligin jaqsi biledi. Kishi jastagi oqıwshilarda jeterli rawajlanbagan O’zin-o’zi tekseriw olardi u’lkenlerden tez-tez berilgen uaziypani qanday u’yrengenliklerin tekserip ko’riwdi soranip otinish etiwleri menen tastiyiklanadi. Olar ozlerin tek gana tekseriwdi bilmeytug’in emes, mu’mkin berilgen uaziypani bilip algani yamasa almagani haqqinda ozlerine kobinese esap bermeydi.

1-2 klass oqıwshilari yadlap aliwda O’zin-o’zi teksergen waqıtlarda ozlerin sirttan tekseredi. 1-2 klass oqıwshilari okigan narselerinin barligin toliq yadinda saqlawga tirisadi, olar ozlerinin barliq dikkatlarin ha`mme narseni yadinda saqlawge xesh narseni tusirip qaldirmauga ha’reket etedi. Biraq olardan sabakta soraganda kobinese olar uyde bilip algan narselerin aytip bere almaydi. Bunday waqıtlarda olar uzaq kop okiganliklarin, ha’reket etkenliklerin ha`m basqalardi aytip, mugallimdi toliq shini menen isendiredi.

3-4 klass oqıwshilarinda O’zin-o’zi tekseriwde a’h’miyetli ha`m sapa ozgeshelikleri boladi. Oqıwshilar eki jillik oqıw dawaminda bilimin o’zlestiredi, aste akirin za’ru’r bolg’an O’zin-o’zi tekseriwdin usil ha`m konlikpelerin iyeleydi.

3-4 klass oqıwshilarinda O’zin-o’zi tekseriwdin birinshi ajiralip turatug’in ozgesheligi, olar tiykarinan takirarlap bayan etiwge suyenedi. O’zin-o’zi tekseriwdin ekinshi ozgesheligi sonnan ibarat, ol bul jastagi balalarda este qaldiriwdin maqsetine qarap ozgeredi. Ayirim bir jagdaylarda oqıwshilar materialdi jalpisina tekseriw ha`m toliq takirarlap bayan etiwge suyenedi,tagi bir jagdaylarda materialdin tiykargi manisi en qiyin jerlerin ha`m ayirim bir belgilerin qanday este qaldirg’anliqlarin tekserip koredi.

Bunin barligi q-n’ klass oqıwshilarinda materialdi este saqlawda O’zin-o’zi tekseriwde juda jedelli ha`m anli xarakter iyelegenligin ko’rsetedi.

**O’zin-o’zi tekseriw ushin sorawlar, tapsirmalar ha`m testler**

1.Este saqlaw dep nege aytamiz?
2.Este saqlawdin fiziologiyaliq mexanizmleri nelerden ibarat?
3.Erikli ha`m eriksiz este qaldiriwdi tariyiplep berin?
4.Sanali ha`m mexaniqalik este qaldiriw degenimiz ne?
5.Na’tiyjeli este saqlaw shartlerin umitiudin roli barma?
6.Adam turmisinda umitiudin roli barma?
7.Umitiuga qarsi guresiudin tiykargi usillari?
8.Umitiudan qanday turleri bar?
9.Este saqlaw ha`m umitiu ozgeshelikleri.
10.Adamlar este saqlawindagi jeke ayirmashiliklar nelerden ibarat?
11.Kishi jastagi oqıwshilarda erikli este saqlawdin rawajlaniwi haqqinday aytip berin?
12.Kishi jastagi oqıwshilarda sapali este qaldiriw usillari qalay jetilisedi?

13.Kishi jastagi oqıwshilardin' este qaldiriwinda O'zin-o'zi tekseriw ha`m takirarlap bayan etiw qalay rawajlanadi?

**Tapsirmalar**

1.Oqıw materialin jaman esinde qaldiratug'in bir eki jas oqıwshilarga este qaldiriwdin duris usili menen talim berin.

2.Ha'r qiyli klasstagi ayirim bir oqıwshilarda ko'rsetpeli oqıw qurallarinin materialin este qaldiriwga bolg'an tasiyrin u'yrenin.

**T e s t l e r**

1.Eriksiz este qaldiriw qalay payda boladi?
a) aldi burin este qaldiriwdi maqset etip koymastan, erkimizden tiskarida, oz-o'zinen payda boladi.
v) belgili bir narseni oylap atirganda birden payda boladi.
s) ekinshi bir adam menen soylesip turganda birden payda boladi.
d) adam uyiklap atirganda payda boladi.
e) adamnin keuil xoshligi, den sawlig'i jaqsi waqtinda payda boladi
2.Este saqlawdin onsha na'tiyjeli bolmaui nelerdin  sebebinen kelip shigadi?
a) adamnin biliminin jetkilikli darejede bolmauinin sebebinen
v) awiriwdan, qatti shennen tiskari sharshaudin saldarinan
s) kop soylegenlikten ha`m kidirganliktan
d) dene shiniktiriwlar menen shugillanbaganliktan
e) kayta-kayta kop okiy bergenlikten

**Tema: Qıyal**

**Joba:**

1. Qıyal haqqında tu`sinik
2. Qıyal tu`rleri.
3. Balalarda qıyaldın` rawajlanıwı
4. Qıyaldın` adam turmısındag`ı ornı

***Tayanish tu`sinikler*** Qiyal haqqında tu`sinik, qıyal tu`rleri: do`retiwshilik qiyal, iqtiyarsiz ha`m iqtiyarli qiyal, arman, tu`s ko`riw, qiyal sipatlari, kenligi ha`m tarlig`i, fantaziya shiyrin qiyal, adamnin psixik ozgesheligi, haqiyqatliq, ertek, apsana, dastan, keleshek, suw perileri, albasli, ruwx h.t.b

**A`debiyatlar.**


1. Davletshin M.G. Umumiy psixologiyaT., TDPU,  2002.
2. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
3. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
4. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.


**Elektron bilim resursları**


1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz


Burin qabil etilmegen narselerdi ko'z aldimizga keltiriwimiz,burin ushiramagan zatlar ha`m uaqiyalardin' obrazlarin doretiwimiz, keleshekte doretiletug'in zatlar tusiniginin juzege keliui psixik xizmettin ayiriqsha turi qiyaldan ibarat.

«Qiyal-burin qabil etilgen materiallar ha`m o'zlestirilgen bilimler tiykarinda jana obrazlar ha`m tusinikler doretiw».

Bala kizik bir kitap okia atir, ol xesh kimdi ha`mde xesh narseni kormeydi ha`m esitpeydi, ol oz kaha'rmanlarinin turmisi menen jasaydi, olardin' quwanishi ha`m mashkalasina sherik boladi, dushpanlari menen guresedi,olardi jenedi ha`m t.b. Kizikli, o'zine tartatug'in kitap balada qiyaldin jarkin obrazlarin doretedi-ol qiyal suredi.

Injener ozi kormegen mashinanin quramali sizilmasin ko'zden keshirmekte. Ol sizilmani ko'zden keshirip atirip islep turgan mashinani bargan sayin kobirek,terenirek kore baslaydi, onin sirtki korinisin jaqsirak oylaydi, ogan xatte ayirim waqıtlari mashina motorinin shaukimi esitiledi-bul da qiyal bolip tabiladi.

Qiyal protsessin biz adam xizmetinin kalegen tarauinan taba alamiz.

Qiyal-adamnin juda kimbatli psixik ozgesheligi bolip tabiladi.

Qiyal tek adamlarga gana tan bolip,ol adamda miynet etiw protsessinde juzege keledi ha`m osip baradi. Adam qandayda bir buyimdi isleuden aldin ne isleu kerekligin, qalay isleu lazimligin,buyim qanday koriniste boliw

kerekligin ko'z aldina keltiredi. Bunnan keyingi islenetug'in isler ha`m olar na'tiyjesinde kolga kirgiziletug'in narselerdi ko'z aldina keltiriw adam xizmetin xayuanlardin' is-ha'reketinen ajiratatug'in miynettin xarakterli ozgesheliklerinen biri bolip tabiladi.

«Ormekshinin isi-deydi Ulli oyshil-toqıwshinin isin esletedi,pal ha'rresi de mumiyadan uya salip,ayirim adamlardi-arxitektorlardi uyaldirip koyadi. Biraq en jaman arxitektor da en jaqsi pal ha'rrelerden barliginan burin sonin menen ajiralip `uradi ol mumiyadan uya saliwdan aldin,bul uyani miyinde sogadi. Miynet protsessinin akirinda bul protsess baslanbastan aldin-ak jumisshinin ko'z aldinda, yagniy agla tu'rde payda bolg'an na'tiyje korinip turadi».

Jana narsenin bul tarizde xakiykiy ornek turinde doretiliui de qiyal bolip tabiladi.

Qiyal haqiyqattan bir qansha shetke shigiu yamasa arragirakka ushiudan ibarat. Adam ele payda bolmagan,atirapta bolmagan narselerdi oylap shigaradi,biraq qiyaldin shigiu deregi barliq waqıt ob`ektiv haqiyqatlik,sirtki dun`ya.

Qiyal atirapti payda ettiriw turlerinen biri. Adam qiyali (fantaziyasi) menen doretilgen narse kanshelli janalik bolmasin, ol shartli tu'rde atiraptagi bir narseden kelip shigadi, ogan suyenedi.

Jaziushi ha`m suuretshi oz shigarmalarin doretkende turmistan alingan ozindegi bar baqlawlarga tiykarlanadi. Balalardin' ozleri oylap tapkan oyinlarda olardin' ko'rgen yamasa dogerek atiraptagilardan esitken narseleri payda boladi. Xatteki toliq qiyaliy (fantastik) obrazlar jaratilip atirganda da,ogan kirgiziletug'in narseler ha'r qashan ob`ektiv haqiyqatliktan alinadi,eger jana obraz ob`ektiv haqiyqatlikti obrazga sira tuuri kelmesede,ob`ektiv haqiyqatliktin ozin payda etedi. Maselen xalik erteklerinde tariplengen obrazlar ane sonday obrazlar. «Mastan kempir suyek ayaklari menen uship juredi, ha`mme narseni tayagi menen jok etip juredi» degen gaptegi obraz uliwma qiyaliy (fantastik),xakiykiy emes obraz, biraq ol juda xakiykiy narselerden payda bolg'an (suyek ayaklar-haqiyqat emes,juredi-haqiyqat,uship-haqiyqat emes,sipse-haqiyqat,sipse menen izerin oshirip juredi-haqiyqat emes).

Qiyal protsessinde gone,adamga otmish tajiriybesinen jaqsi belgili bolg'an narselerden jana obrazlar doretiledi,biraq bunda adam kobinese bul obrazlardin' turmista sira bolmaytug'in narselerin bir-biri menen birlestirip kosip jiberedi. Dogerek-atiraptagi ortaliqtan alingan narselerdi bul tarizde gayri tabiyiy birlestiriw adamda barliu waqıt qiyaliy (fantastik) tusinik payda etedi. Ayiriqsha narseler kanshelli gayri tabiyiy birlestirilse, obrazlar sonshelli qiyaliy (fantastik) bolip shigadi.

Fantastikaliq obrazlarda adamnin za'ru'rlikleri,sezimleri,keypiyatlari,tilekleri,jaktiriw-jaktirmaushilik sezimleri oz korinisin tabadi.

Ertek,apsana ha`m dastanlarda suuretlengen obraz ha`m uaqiyalarda tomendegiler tariyiplenediU` keleshekti aldinan kore biliwge umtiliu (ushar gilem-samolet,onimdar baglar,dalalar,esap-sanaksiz mallar),turmisti ozgertiu tilegi (adamlar ortasinda janasha munasibetlerdi ornatiu,jamanliktin kasapati ha`m haqiyqatti tantanasi,zalimlardi apatshilikka alip bariwshi sotsial audarispak), tusinip bolmaytug'in narselerdi tusindirip beriwge umtiliu (tunde ju-retug'in kuslardin' dauisi-suu perilerinin,albaslilardin' dauisi,otlardin' jalini-gayri tabiyiy tu'rde olgenlerdin ruxi).

Qiyaliy (fantastik) obrazlar atiraptagi narselerden jaratilganligi ushin gana atirap penen baylanispagan. En a'h'miyeti sonda, qiyaliy obrazda atiraptin qanday bir a'h'miyetlirek ha`m birqansha kop bolegi,qandayda bir tusinik,pikir qandayda bir qural jardeminde payda ettiriledi.Qiyal protsessinde shaxstin atirapka munasibeti aniq,obrazli ha`m jarkin tariyiplenedi.

Doretiwshilik qiyal oylap tabiwshinin xizmetinde ozinin jarkin korinisin tabadi, bunda onin tusinigi ha`m pikiri aniq obrazda saulelenedi ha`m atirapti ozgertiuge qaratilgan boladi. Maselen,injener uzaq waqıt oz-o'zinen otkirlesiushi jana keskish jaratiu haqqinday oylaydi,bul maselege tiyisli kop gana adebiyatlardi okiydi. Uksatiu manisinde onin qiyalina jolbaristin barliq waqıt otkir bolg'an ajayip tisi keledi. Ol usi jirtkish tistin duzilisin u'yrene baslaydi ha`m jolbaristin tisi organiq materialdin eki katlaminanU`birinshi qatti ha`m ekinshi bir qansha jumsak katlamnan ibarat ekenligin aniqlaydi.

Jolbaris suyekti gayzaganda tisinin ishki katlami,sirtki katlamina qaraganda birqansha tezirek jelinedi ha`m sonin ushin tisi mudami otkir bolip turadi.

Kop otpey jolbaris tisinin isleu printsipine tiykarlang'an oz-o'zinen otkirleniwshi keskishler tayarlay baslaydi. Metall kesiu sanaatindagi en a'h'miyetli ha`m paydali narse ane sol tarizde oylap tabiladi.

Adamda bilimler ha`m baqlawlar kanshelli kop bolsa,onin doretiwshilik qiyalinda mu'mkinshilikler sonshelli kop ashiladi.

Qiyal shinlik dun`yanin biliw protsessi menen juda tigiz baylaniskan. Taniw protsessin arnawli tekseriwler ha`mme waqıt taniwdin qiyal etiw protsessleri menen baylanisli ekenligin ko'rsetedi. Biz qandayda bir narseni aniq ha`m raushan kormegen uaktimizda mudami qiyalimizga boysinamiz ha`m shidamimiz jardeminde jaqsi kore almay atirgan narsemizdi bilip aliwg'a ha'reket etemiz. Bunda qiyal biliw protsessin tezlestiriw qurali bolip xizmet etedi. Sogan usas sabirliktan ayrim waqıtlari aniq emes tekstti oqıw ha`m sol siyaklilardi isleu protsessinde de paydalanamiz.

Qiyal adamnin qorshag'an ortaliqti jaqsirak bilip aliwina jardem beredi. Eger qiyal na'tiyjesinin kanshelli haqiyqat ekenligin tekserip ko'riwimizge za'ru'rlik tuuilsa biz haqiyqat qorshag'an ortaliqka garezli bolamiz.

Adamlar oz qiyallarinda qiyaliy (fantastik) mashinalardi jaratkan. Olardin' qiyallarinda bul mashinalar xakiykiy mashinalar bolip ha'reket eter edi,biraq ameliyat,ob`ektiv haqiyqat,tajiriybe ha`m aniqlaw bul pikirdin haqiyqat emes ekenligin ko'rsetti.

Oylap tabiwshinin teoriyaliq magliumatlar aniq esaplap shigiu tikarinda oz qiyalinda jana mashina jaratiui basqa gap. Biraq oni da amelde tekserip korilgende qandayda bir texnikaliq jetispeushilikler bar ekenligi belgili

bolip kaldi. Pikirdin tuuri boliwi,amelde bolsa oni amelge asiriwdin ilaji bolmaui mu’mkin. Sonda izleniwler,janadan-jana esaplawlar baslanip ketedi,ayirim belgilerdin jana variantlari doretiledi,ogan kerekli aniqlik kiritiledi ha`m ane sonnan keyin gana qiyal etilgen narse haqiyqatka aynaladi.

Ha’r bir jana obraz,jana pikir haqiyqat penen salistiraladi,olar haqiyqatka tuuri kelmegen jagdaylarda olardan natuuri obraz,pikir sipatinda uaz keshiledi yamasa olar duzetiledi,duzetilgennen keyin jane ob`ektiv ortaliq penen salistiriladi,olardin’ tuuri sauleleniwinin tabiliwina eriskenge shekem sonday islene beredi.

Ilimpaz oz gipotezasin turmista,tajiriybe ha`m eksperimentte baklagan shinlik dalilller jardeminde tekseredi.Konstruktor oylap tabiwshi oz aytkaninin duris ha`m paydali ekenligin aniqlap alip,qiyal obrazlarinin haqiyqatka tuuri keliuin tekseriwge kirisedi. Suuretshi,kompozitor,jaziushi oz shigarmalarinin turmislik boliwina,olarda turmis haqiyqatligin adamlarga ta’sir ko’rsetiwdin za’ru’rlik sharti sipatinda payda ettiriwge umtiladi.

Mugallim oz oqıwshısın ta’rbiyalaw ha`m onda belgili shaxsiy qa’siyetlerdi jobalastirar eken,ha`mme waqıt oz ta’rbiyaliq tasiyrinin na’tiyjelerine juda teren taliklaw jasaw menen qarap baradi ha`m olarga qarap, oqıwshiga bunnan keyin ko’rsetiletug’in ta’sir usillarin ozgertip baradi.

Ameliyat qiyal obrazlari durisliginin tiykari.Qiyal protsessinin ozi ameliy xizmet penen baylanisliU`adam ozindegi bar daslepki ayirim waqıtlari juda shiyki,aniq emes pikirlerdi amelge asirip barip obraz doretedi,ogan aniqlik kirgizedi,oni bayitadi,ozgertedi.

Ameliyat pikirlerdi aykinlastiriw mu’mkinshiligin beredi,olardi jane de jaqsirak anigirak etedi,amelge asiriliuina jardem beredi. Doretiwshilik pikir xakiykiy amelge asiriw protsessinde gana bayiydi,tekseriledi ha`m aniqlanadi. Pikir ele tek gana gellede ekenligi waqtinda adam oni akirina shekem saulelendire almaydi. Ha’r bir jana mashina konstruktori mashinani doretiw doretiw protsessinde onin suureti ha`m sizilmalarin sizadi,ayirim waqıtlari modelin jasaydi. Jasalgan modeller qiyaldin bunnan keyingi isi ushin tiykar ha`m turtki boladi. Suuretshi,muzikant,jaziushi,mugallimnin doretiwshilik isinde de qiyal obrazlari amelge asiuinin sogan usas protsessi juz beredi.

Mugallimnin sabagi tek basta(gallede) ekenlik waqtinda barqulla aniq emes,aniq joba ha`m xakiykiy model xalina kelmegen boladi. Sonin ushin mugallimnin,asirese endi gana sabak bere baslagan mugallimnin ha’r bir sabakka puxta tayarlik ko’riw protsessinde oni mustakkil tu’rde oylap shigiui,xatteki ha’r bir sabakti qiyalinda otiui ayriqsha a’h’miyetli boladi. Ozi oylap shikpagan ha`m ozi sezbegen joba, yagniy basqanin jobasi tiykarinda jaqsi sabak okitip bolmaydi.

Qiyal shaxstin barliq qa’siyetleri menen: adam qabil etiwi ha`m oylawinin jeke ozgshelikleri menen,onin o’zine tan emotsiya ha`m sezimleri menen qizig’iwlari ha`m ukipliliklari menen tikkeley baylaniskan. Qiyal shaxstin erkli sipatlari menen de tikkeley baylaniskan.

Bul jagday doretiwshilik miynet protsessinde, yagniy adam ozinin siyasiy pikirine muuapik tu’rde burin payda etken obrazlardi eslep, sanali tu’rde aniq maqsetti gozlep jana obrazlar doretip atirgan waqıtta aniq ko’zge taslanadi. Bunday jagdaylarda kobinese ku’shli erk talap etiledi,ane sonday kushke iye bolg’an tagdiyirde gana qoyilg’an maqsetke erisiledi-haqiyqattan jana narse jaratiladi.

Solay etip qiyal protsessi uliwma shaxsti toligi menen barinsha biylep aladi. Quramali doretiwshilik protsessler shaxstin barliq tareplerin juda ku’shli tu’rde biylep aladi.

g’.Qiyaldin fiziologiyaliq mexanizmleri ele u’yrenilmegen.Qiyal etiw-bul adam burin xeshqashan qabil etpegen zatlardin’ ha`m kubilislardin’ obrazlarin doretiw boladi. Biraq qiyal etiw, aytatug’in siyakli,jok narseden xesh narse isley almaydi. Ol barqulla buringi eske tusiriwlerdin janartilgan,kayta islengen materialinan quraladi. Xatte en ulli jaziushi shayirlar tarepinen doretilgen obrazlar da usinday tabiyatka iye boladi. A.Nauayi,A.kadiriy, ha`m t.b. oz shigarmalarindagi kaha’rmanlardin’ obrazlarin o’zine jaqsi tanis bir neshe adamlardin’ qa’siyetlerin biritkiriw tiykarinda doretken.

Jana aspab-uskenelerdin,mexanizmlerdin ha`m mashinalardin’ obrazlarin doretetug’in oylap tabiwshilarda baqlawlardin’,atap aytkanda janli tabiyatti baqlawlardin’ materiallarina suyenedi. Maselen Antarktida jasawshi pingvinlerdi u’yrene otirip,konstruktorlar «pingvin» degen mashinanin konstruktsiyasin duzip shikti, ol jumsak kardan arkayin jure aladi.Ilimpazlar suu ogizlerinin geypara turleri Jer magnit maydaninin kush bagdarlarina qaray ha’reket etetug’inin baklay otirip, jana,anagurlim jetilisken navigatsiyaliq kurilislardi doretiw tuwrali oylay basladi. Al`batros degen teniz kusinin tumsiginda bir turli duzsizlandirilgish boladi,ol teniz suuin ishiuge jaramli auiz suuina aylandiradi. Ilimpazlar usi «kus duzsizlandirgishin» u’yrene otirip, teniz suwin dushshilawshi jana aspab-uskenelerdi doretiw ustinde jumis jurgizip atir.

Ozi xesh qashan kormegen sholistanliktin obrazin oyinda doretip atirgan mektep oqıwshısı da otkendegi tajiriybege suyenedi, kumnin ne ekenligi ogan jaqsi malim,ol tep-tegis jerde ne baklagani bar,ol tuyeni,jilandi ha`m gesirtkeni zooparkte,kinoda yamasa suurette ko’rgen, kuuragan putalikta ogan tanis. Egerde oqıwshiga bunin barligin baqlawga tuura kelmegen bolsa, maselen ekvatoriallik Afrikada jasawshi adamga kar menen kaplagan Tundrani elesletiw qanshama qiyin bolsa ogan da sholistanlikti ko’z aldina elesletiw sonshelli qiyinga tusedi.

Adette ertektegi obrazlar da barqulla putkilley haqiyqat real` elementlerdin fantastikaliq birikpesi (tauik ayakli kishkene agash jay-auildagi agash jaydin ha`m tauik ayaklarinin birikpesi jane t.b.) boladi. Adamnin qiyali arqali doretilgen narse qanshama jana bolg’ani menen,ol barha`ma haqiyqatlikta bar narsege tiykarlanadi,ogan suyenedi.Sonliktan da qiyal etiw putkil psixika siyakli tek dogerek-atiraptagi dun`yanin miyde sauleleniwi, biraq adam qabil etpegen narsenin sauleleniwi,keleshekte haqiyqatlikka aylanatug’in narsenin sauleleniwi boladi.

Fiziologiyaliq jaginan qiyal etiw protsessi miydin kabiginda alleqashan ak qalipalesken nervlik baylanislardan jana birikpelerdin ha`m kombinatsiyalardin’ payda boliwinan ibarat.

q.Bizin tamanimizdan arnawli maqset bolmagani halinda payda bolatug’in obrazlar qiyaldin juda apiuayi daslepki turi bolip esaplanadi. Adamnin qanday da bir waqiya haqqindagi gurrinin tinlap atirganimizda,ol tariplep atirgan jagdaydi biyiktiyar ko’z aldimizga keltiremiz. Aspanda kalkip jurgen ajayip bultlarga qarap turip biz ayirim waqıtlari oni adamnin juzine yamasa xayuannin duzilisine usatamiz.

Ha’r eki jagdayda da adamnin qabil etken narsesi payda bolg’an elementler qiyal deregi boladi. Ayirmashilik sonda,birinshi jagdayda adam ushin belgili jana obrazlar onin esitken sozleri tasiyrinde payda boladi,ekinshi jagdayda bolsa qabil etilgen narsenin qabil etiw obrazi menen birge kosiliudan payda boladi. Bul ha’r eki jagdayga da tan narse obrazlardin’ arnap payda etilmeytug’inligi.

Qiyaldin tariyiplep otilgen korinisleri-erksiz qiyal boladi.

Erksiz qiyal etiwdin bir turi-tus ko’riw boladi.Koplegen otmish kaldiklari ha`m irimlar barqulla tus ko’riw menen baylanisli bolip kiyatir. Bul tus ko’riwlerdin xarakterinen kelip shigadi,al olar geyde ajeptawir,burin-sonli bolip kormegen al bazibiir waqıtlarda biymani,fantastikaliq,biyparua korinislerden ha`m uaqiyalardan ibarat boladi.Tus ko’riwdin bunday xarakterinin sebebi minadaU`tus ekinshi signal sistemasi irkilip kalgan jagdaylarda miy kabigi nerv kletkalarinin bir-birinen ajiralgan toparlarinin ayriqsha jedellilik ko’rsetiwi boladi. Ekinshi signallik baylanislardin’ irkilip qaliwi uyiklap atirgan adamdi payda bolip atirgan tus ko’riwlerge sin ko’zi menen qatnas jasawdin bolmauina alip keledi.Buringi ta’sirlerdin ha`m tolganislardin’ uzik-julik izlerinen ibarat tan kalarlik,ubijik kombinatsiyalar payda boladi.

Bir qatar kizikli tajiriybeler kobinese tus ko’riw uyiklap atirgan adam anlamaytug’in sirtki qozdiriwshilardin’ tiykarinda oylap shigarilatug’inin ko’rsetti.Uyiklap atirgan adamnin betine atirdi jakin tutkan waqıtta,ol xosh iyisli gullengen bakti tusinde koretug’in bolg’an.Al tap qulaginin tusina kelip,kishkene koniraudi singirlatkan waqıtta,adamlar tusinde ozlerinin moynina kishkene qonirawlar asilgan ush at jegilgen arbada zimirap ketip baratirganin yamasa kolinan ustine shiyshe idis qoyilg’an tabaq tusip ketip pit-shiti shigip,bolek-bolek bolg’anin koretug’in bolg’an. Egerde aldingi bolmede uyiklap atirgan adamnin ayaklari ashilip qalip tona baslasa,ol tusinde ozinin muzdan jurip baratipi ayagi ukige tusip ketkenin koretug’in bolg’an. Biyqolay jatiu dem aliwdi tariltadi ha`m jurekti kisadi-bundayda adam jan turshigerlik korkinishli tus koredi.

«Oninan keletug’in tusler» dep atalatug’in tuslerdin de tabiyati usigan megzes boladi.Bunday tusler keleshekte bolatug’in uaqiyalardi aldin ala bildiredi-mish ha`m sonliktanda olar ha’r qiyli irimlardin’ deregi boladi.Ishki organlari awirganda adamlar jiyi-jiyi kaytalana beretug’in tuslerdi ko’rgenligi tuwrali xadiyseler bir neshe ret baklandi. Bunday tuslerdin mazmunin naukaslik kubilislardin’ xarakteri menen baylanisli boladi.Awiriw aniqlanbastan burin,miy kabigina organlardagi satsizlik tuwrali tek xalsiz signallar kelip turadi,al olar kundiz bilinbeydi,oytkeni basqa ta’sirler olardi irkip turadi. Al tunde miy mine usi xalsiz signallardi qabil etedi,na’tiyjede tiyisli tus ko’riwler payda boladi.Maselen,adam jiyi-jiyi minaday tusler koriediU`ga onin tamagina suyek tigilip kalatug’in,ga oni qandayda bireu buuindirip atirgan boladi. Vrach ol adamdi dikkat penen ko’zden otkerse de xesh narseni aniqlay almaydi.Biraq shamali waqıttan son onin tamaginda isik payda boldi.

Erkli qiyal.Adam qandayda bir belgili aniq narseni qiyal etiwge arnawli tu’rde niyetleniwi na’tiyjesinde jana obrazlar yamasa ideyalar payda bolg’an waqıttagi jagdaylarda juzege keledi.Injener jana mashinanin quramali sizilmasin ko’zden otkerip atir.Ol onin sirtki kelbetin, aniq jumis printsipin ko’z aldina keltiriwge umtiladi,bunin ushin belgili bir kush jumsaladi.Oqıwshi botaniqani u’yrene otirip,anau yamasa minau osimliktin turin ko’z aldina keltiriwge,al tariyxti u’yrene otirip,tariyxiy iskerdin yamasa askerbasinin obrazin eske tusiriwge umtiladi.

Eske tusiretug’in qiyal.Eske tusiretug’in qiyal-adamnin ozi ushin janalik bolg’an soz manisine yamasa jana narsenin(sizilma,sxema,nota jaziui ha`m sol siyaklilardin’)shartli suuretleniwine suyenetug’in narseni eske tusiriw. Qiyaldin bul turinen adam xizmetinin ha’r qiyli turlerinde,asirese talimde ken paydalaniladi.

Oqıwshi soz turinde suuretlengen oqıw materialin (mugallimnin angimesin,sabaklik tekstin) o’zlestirip atirganda ozi tanisip atirgan jana tusinigine nelerdin saykes keletug’inin eske tu’siriw kerek.

Maselen oqıwshilar tabiyatti u’yreniw siyakli oqıw panin u’yrenip atirganda tenizler,koller,taular jana osimlikler ha`m xayuanlardi eske tusiriwleri lazim.

Korkem adebiyatti okip atirganda eske tusiretug’in qiyaldin roli juda ulli-mektep oqıwshısı kitap okip atirip,eske tusiretug’in qiyali jardeminde shigarma kaha’rmanlarin ko’z aldina keltiredi,tap olardi koredi,tabiyat korinislerin koredi,ozin kitapta tariyiplengen uaqiyalardin’ qatnasiushisi dep sezedi.

Soz jardeminde bayan etilgen narseni(kitaptan alingan ta’sirdi,joldasinan esitken angimeni)duris eske tu’siriw ushin jeterli darejede bilimge iye boliwi tiyis. Eske tusiretug’in qiyaldin obrazlari tek gana bilimlerge suyenedi.

Biraq eske tusiretug’in qiyal suyenetug’in bilimler ayteuir eske tusirilmeydi,mu’mkin adamga birinshi martebe aytilip atirgan narsege saykeslestirilip ozgertiledi.

Psixolog A.N.Turpanov 5 klass oqıwshilarinan oqıw jilinin basinda vulkanlar haqqinda neder biletug’inliklarin aytip beriwlerin ha`m vulkannin suuretin salip beriwleri kerekligin aytkan. Oqıwshilardan bireui minaday degen G`Vulkanlar-mamleketimizdin arka ulkelerinde jasawshi korkinishli jabayi xayuanlarG`.Sonnan keyin ol belgisiz bir xayuannin suuretin sizgan. Oqıwshi sonin ushin bunday isledi,ol vulkanlar haqqinda xeshqanday bilimge iye emes,xeshqashan olardin’ korinisin kormegen.Oqıwshida xeshqanday bilim ha`m eske tu-siriwdin jokligi ogan vulkan obrazin duris esleu mu’mkinshiligin bermegen.

Balanin jana narseni qalay eske tusiriwi kopshilik tarepinen jana narsenin qanday tusindiriliuine baylanisli.Sozde endigide belgili narseden jana belgisiz narsenin ne menen ayrilip turiwin ajiratip ko’rsetiw juda

a’h’miyetli. Bolmasa jana narsenin korinisi belgili narse tasiyrinde ansat gana buziliui,jaqsi tanis bolg’an narsege usap qaliwi mu’mkin.

Mugallim sabak materialin aytip berip atirganda yamasa tariyxiy uaqiyalar tariyiplengen adebiy shigarmalardan uzindiler okip berip atirganda balalar kobinese bul uaqiyalardi eske tusire almaydi.Olar tariyxiy materiallardi xazirgi eske tusiriwler ha`m bilimlerge saykes tu’rde eske tusiredi.

Oqıwshilar mugallimnin uris haqqindagi angimesin tinlap atirganinda ayirim waqıtlari: «Oni pulemettan atip taslaw kerek edi». «Kalkan yamasa nayzanin ozi menen urisiu mu’mkinbe,sebebi bizler,balalar uris-uris oynaganda sonday kilamiz»-degen narselerdi aytip turadi.

Xeshqashan xakiykiy biyik taulardi kormegen balalar tusindiriw tiykarinda olardin’ xakiykiy biyikligin u’lken qiyinshilik penen eske tusiredi.Kobinese g’-q klass oqıwshilari xatte tau korinisleri suuretlengen suuretlerdi ko’rgenlerinen keyin de suuretlerde ko’rsetilgen biyik taulardi bir kabatli yamasa eki kabatli uyler menen salistiradi.

Oqıwshilarda jana oqıw materiali haqqinda duris eske tu’siriw payda etiw ushin ol material haqqinda sonday bir emotsional tu’rde angime etiw kerek,bul narse balalarda usi jana narseni xarakterlep beretug’in janli obrazlar payda boliwina mu’mkinshilki bersin.

Sabakta kollanilatug’in ko’rsetpe material mektep oqıwshilarinin sabaklikta yamasa mugallimnin angimesinde suuretlengen jana narseni aniqlap ha`m tusinip aliwlarina jardem beredi. Mazmuni xazirgi turmistan uzaq bolg’an adebiy shigarmalardi u’yrenip atirganda oqıwshilarga usi waqıttagi turmis ha`m tariyxiy da’wirdi saulelendirgen suuretshilerdin shigarmalarin ko’rsetiw jaqsi na’tiyje beredi.

Ko’rsetpe materialga suyengen xalda is tutiu eske tusiretug’in qiyaldin isleuine mudami jardem beredi,eske tusken obraz janede anigirak boladi,ol shinlikti durisirak eske tusiredi.

Mugallim oqıwshilardin’ aldina aniq uaziypalar qoyg’an (maselen oqıwshilarga kitaptagi berilgen yamasa klass mugalliminin angimesi tiykarinda gana malim bolg’an belgili bir zattin suuretin siziu yamasa usi zatti kuriw-jasaw uaziypasi qoyilg’an) jagdaylarda oqıwshilar jana materialdi bir qansha jaqsirak eske tusiredi. Oqıwshilardin’ bunday ameliy xizmeti,bunnan tiskari,olarda eske tusiretug’in qiyal menen isleu tiykarinda jetilisken eske tusiriwlerdi tekseriwdin jaqsi qurali da boladi.

Solay etip eske tusiretug’in qiyal mektep oqıwshilarinin oqıw isleri ha`m turmisinda u’lken a’h’miyetke iye. Mugallim oqıw,suuret,matematika sabaklarinda bul kimbatli psixik ozgeshelikti osirip bariwi (mektep oqıwshısı okilgan narseni obrazlar ha`m sezimlerde eske tusirip atirgan waqıtta) ha`mde mudami balada onin dogerek-atirapindagi ortaliqti duris bilip ha’reket etiwge jardem beretug’in duris ha`m kerekli obrazdin payda boliwina erisiui kerek.

Doretiwshilik qiyal. Eske tusiretug’in qiyaldan doretiwshilik qiyaldi ajirata biliw kerek. Doretiwshilik qiyal protsessinde olardin’ tayin usinisina suyenbegen xalda jana obrazlar jaratiladi. Qiyaldin bul turi adamlardin’ doretiwshilik xizmetinin barliq turlerinde a’h’miyetli rol` oynaydi.

Doretiwshilik-jamiyetlik a’h’miyetke iye bolg’an jana,birinshi martebe jaratilatug’in,orginal na’tiyjeler (jemisler) beretug’in xizmet (pande jana nizamliliqlardin’ ashiliui,jana mashinalardin’ oylap tabiliwi,osimliklerdin jana sortlari yamasa xayuanlardin’ jana paradolarin aliw usillarinin kidirip tabiliwi,sanaat adebiyat shigarmalarinin ha`m sol siyaklilardin’ jaratiliui).

Doretiwshilik xizmet deregi qandayda bir jana na’tiyjege(tabiska) bolg’an jamiyetlik za’ru’rlik. Tap jamiyetlik za’ru’rliktin ozi doretiwshilik tusinik,doretiwshilik pikirdin payda boliwin jetilistiredi (tamiyinleydi),bul jana narsenin jaratiliuina alip keledi.

Doretiwshilik-kop miynet etiwdi,ayirim waqıtlari bolsa awir miynet etiwdi talap etpeytug’in qiyaldin erkin oyini dep oylaw duris emes. Kerisinshe barliq jana,a’h’miyetli,ajayip narseler ulli miynet penen jaratilgan. Ilim ha`m texnika tarauindagi oylap tabiwlar,adebiyat ha`m sanaat tarauindagi ulli shigarmalar u’lken ha`m mashakatli miynet sebepli jaratilgan.

Doretiwshilik-ilha`m na’tiyjesi,bunday ilha`m ap jaziushiga,suuretshige,doretiwshige xesh bir tarauda miynetsiz oz shigarmalarin doretiw mu’mkinshiligin beredi dep oylawshi adamlar kate qiladi. Haqiyqatinda ilha`mnin ozi adamdagi barliq psixik kushlerdin zor berip miynet etiwi. Ilha`m bunday kushlerdi qoyilg’an uaziypani sheshiu ushin maksimal darejede kontsentratsiyalaw menen xarakterlenedi.

Ulli oyshillar,shayirlar ha`m jaziushilar oz eske tusiriwlerinde G`Bir narse jazip atirgan waqtinda da,uyiklap atirgan waqtinda da bireu menen soylesip atirgan waqtinda da sol haqqinda oylaymanG`,G`Isenesizbe xatte uykimda da oz mashinamnan kutila almayman.Ayirim waqıtlari mashinanin suuretleri ha`m esaplari tusime kirediG` G`Doretiwshilik jumis islegen uaktimda (ilha`m kelgende)putkil dun`yani umitip ketemenG` dep jazgan edi.

Adamnin ilha`mlang’an xallarindagi putkil xizmeti doretiwshilik predmettin ustine jamlenedi. Ilha`mdi miynetke qarama-qarsi koyiuga bolmaydi. Ol zor miynet na’tiyjesi.Ulli oyshillar ha`m alimlar erinsheklerge xeshqashan ilha`m kelmeydi dep ko’rsetedi.

Baqlawdin bay tajiriybeleri toplang’an waqıtta gana,shigarmanin tiykargi tusinigi aniqlang’an ilimpaz,jaziushi yamasa kompozitordin putkil barliq oylagan narsesin orinlaw tilegi orap algan tagdirde gana ilha`m kelmey qaliwi mu’mkin.

Daslep tusinik ha`m pikir adette aniq emes,pisip jetilispegen tu’rde payda boladi.

Onnan keyin pikirdi oylap pisiriw da’wiri baslanadi, bul waqıt ishinde tusinik aniqlanadi,ayirim waqıtlari tusiniktin bolegi yamasa xatteki tiykarinanda ozgeredi. Bul ane sol janalik kanaatlandiriliui lazim bolg’an talaplardi aniqlap aliw na’tiyjesinde,jana izleniwler protsessinde yamasa janalik doretiw,doretiwshilik pikirlerdi amelge asiriwda suyeniw kerek bolg’an,alle qashan-ak malim bolg’an materiallardi terenirek u’yreniw waqtinda juz beredi.

Oylap tabiwshi jana mashinani jaratiu pikirin tekserip koredi,mashina isleytug'in jagdaydi u'yrenedi,onin zavodta tayarlaniw mu'mkinshiligin esaplap shigadi. Selektsiyashi osimliklerdin jana sortin jaratiu mu'mkinshiligin tekserip koredi,oni rawajlandiriw mu'mkinshiligin islep shigadi. Ulli pedagoglardin' tili menen aytkan-da,ta'rbiyalaniwshi shaxsti jobalastiradi,oni jetilistiriw jollarin belgilep shigadi,sol maqsette balanin minez qulqin,qizig'iwlari,ukiplilikleri ha`m konlikpeleri xarakterinin belgilerin,turmis ha`m ta'rbiya sharayatin u'yrenedi.

Doretiwshilik is ushin za'ru'r bolg'an materiallar kanshelli kop toplansa janalik jaratiu protsessi de sonshelli na'tiyjeli boladi.

Tusinik,pikir aniq bolg'aninan keyin oylap shigilgan narseni ishte,belgili buyimlarda doretiwshilik na'tiyjelerinde (mashina,shigarma,suuret,xaykel,aspab-uskene ha`m sol siyaklilarda)qanday taripleu kerek degen soraw payda boladi.Pikirdi amelge asiriw protsessi baslanadi.

Ayirim waqıtlari jaqsi ha`m ha'r tarepleme oylap shigilgan pikir ha`mde toplang'an bay dalillik material adamga belgilengen narseni ansat gana jaratiu mu'mkinshiligin beredi.Biraq pikirdi amelge asiriwdin daslepki basqishinda adam kop qiyinshiliklarga dus keledi. Kobinese bunday qiyinshiliklar pikirdin janaliginan yamasa belgilengen narseni jana,sira adetlenilmegen materialda saulelendiriw za'ru'rliginen kelip shigadi. Pikir kanshelli orginal,isenimli bolsa,oni amelge asiriw sonshelli qiyin boladi. Sonin ushin xatte joqari darejedegi sheber adamlar da pikirlerdi saulelendiriw protsessinde qiyinshiliklarga dus keledi. Adam ele jeterli darejede sheberlik iyelemegen,za'ru'rli ameliy konlikpelerge iye bolmagan waqıtlarda orginal pikirdi amelge asiriw juda qiyin boladi.

Doretiwshilik xizmet bir-biri menen baylanisli bolg'an jagdaylardi sheshiuli oz ishine aladi.Bul uaziypalardi duris koya biliw ha`m katan izbe-izlik penen orinlay biliw kerek. Bugan misal etip suuretshinin suuretti saliw protsessin alamiz.

Bul protsesste tomendegi bakishlardi bir-birinen ajiratiu mu'mkinU` a')suuretshinin pikiri ha`m uliwma mazmunin aniqlap aliw,g')birinshi eskizdi siziu,q)eskizde belgilengen narseni aniqlaw ushin etyudlar jaziu,n')kompozitsiya mashkalasin uzil-kesil sheshiu,o')suurette suuretten paydalaniw,u')ren beriw. Biraq suuret siziudin uliwma sxemasi tek ane sonday.Haqiyqatta uaziypalar kutilgeninen kobirek boladi ha`m olar suuretshinin uliwma pikiri ha`m sheberlik darejesine qarap ozgerip turadi.

Adam doretiwshilik xizmet protsessinde ha'r bir uaziypani sheship atirganinda kobinese burin basqa doretiwshilik uaziypalardi sheship atirgan waqıtta ozinde payda bolg'an ha`m o'zlestirip algan qurallardan paydalanadi. Biraq kobinese sonday jagdaylar da ushiraydi,jana narseni aldinan malim bolg'an qurallardan paydalang'an xalda jaratiuga bolmaydi. Ane sonda jana qararlardi kobinese atirapti shuklap u'yreniw joli menen tabiwga tuura keledi. Sonin ushin jaman baqlawshilik ha`m kem bilim korina iye boliw doretiwshilik xizmette jol koyilatug'in katelerdin tiykargi deregi.

Adam oz xizmetine joqari sipatli material aliwi ushin ogan joqari darejede jetilisken baqlawshilik za'ru'r. Aniq maqsetti gozlep, aniq baklay aliw-adamzat jamiyetinin qaysi bir tarauinda janalik jaratiushi adamlardin' xarakterli belgilerinen biri. Baqlawshilardin' bay korlari (zapaslari) doretiwshilik qiyal xizmeti ushin bay material jaratadi.

Baqlaw adamga belgilengen pikirdi amelge asiriw ushin kerekli narseni gana emes, mu'mkin jana mashkalalar koyiuga,jana tusinik ha`m pikirdin payda boliwina turtki beretug'in narselerdi de kore aliw mu'mkinshiligin beredi.

Adamlar doretiwshilik uaziypani sheshiu maqsetinde atirapti u'yrenip atirganinda kobinese doretiwshiliktin basqa taraularinda tabilgan qararlarga usas qararlardan paydalanadi.

Kopshilik tajiriybeli mugallimler ozleri okiytug'in pange putkilley jakin bolmagan panlerden sabak beriwshi kasipleslerinin sabaklarina zor qizig'iwshiliq penen kirip turadi. Qarakalpak tili mugalliminin joqari matematikadan okilgan lektsiyalarga tez-tez qatnasip turganligi malim. Onnan «Ne ushin siz joqari matematikadan okilatug'in lektsiyalarga qatnasasiz»-dep soralganda, ol «Bul lektsiyalarda qatnasiu qarakalpak tilin okitiu metodikasin jaqsirak bilip aliw mu'mkinshiligin beredi»-dep juuap bergen.

Tagi bir pedagog bilay deydi: «Men garri bagman menen taniskanim sebepli xakiykiy ta'rbiyashi bolip jetistim.Men onin tereklerdi ta'rbiyalaw islerin baklap,balalardi ta'rbiyalawdi u'yrendim.»

4.Arman-keleshekke,adam turmisi ha`m xizmetinin turlerine, qaratilgan qiyal.Arman adamnin tilek ha`m umtiliularin keltirip shigaratug'in turmislik za'ru'rliklerge tiykarlanadi.

Jedelli doretiwshilik arman adamlar turmisinda gana emes mu'mkin jamiyet turmisinda da ayiriqsha a'h'miyetli boladi. Bizin mamleketimizde adamlardin' baxti ushin xizmet etiwge qaratilgan en isenimli armanlar amelge asiriladi. Bunday ameliy na'tiyje beretug'in armanlar dalillep beriwdi,teren oylap ko'riwdi talap etedi. Ozbekistan xalkin aldiga qaray mukaddes armannin dangarasi elimizde garezsizlikti bekkemleuge qaray iytermeleushi jenilmes kush penen qiyaldan haqiyqatka alip baratug'in kompaska aylanadi.

Arman adamdi ruxlandiradi,turmista ushirasatug'in qiyinshiliklar menen guresiuge jardem beredi,juda uzaq keleshekke qaray asiu mu'mkinshiligin beredi.

Erte zamanlarda-ak adamlar ushiudi arman etken. Bul arman xalik dastanlarinda,erteklerde,apsanalarda oz korinisin tapkan. Ata-babalarimiz ushar gilem haqqindagi ertekti doretti. Bunday armanlar haqiyqatinda adamnin ushiudi u'yreniwine ta'sir etti.

Bizin zamanimizda adamlardin' armanlari bunnan da uzaqka ketti. Ulli ilimpazlar adamnin planetalarga ushiu haqqindagi armanin amelge asiriw mu'mkin ekenligin ha`m onin amelge asiriwdi teoriyaliq jaqtan dalillep berdi.Bul armandi Yu.Gagarin,G.Titov x.t.b lar amelge asirdi. Adamnin bugin oylap atirgan narsesi erten onin doretiwshilik pikirinde payda boliwi onnan keyin bolsa haqiyqatka aynaliwi da mu'mkin.

Prezidentimiz I.Karimov Ozbekstan jaslarina qarata aytkan sozinde «Jaslarimizdin qiyali uaqiyalardin' tabiyiy» barisinan ozip ketiwi de mu'mkin,yamasa putkilley basqa tarepke, uaqiyalardin' tabiyiy barisi xesh qashan barmaytug'in tarepke qaray ketiwi de mu'mkin. Birinshiden qiyal xeshqanday ziyan keltirmeydi, ol xatteki miynetkesh adamga madet bola aladi,onin gayratin kusheyte aladi.Bul qiyli qiyallar adamnin kushin kaytarmaydi ha`m oni isten shigarip taslamaydi. Al putkilley kerisinshe,eger adamda bunday qiyal etiw ukibi xesh bolmay,ayirim waqıtlari qiyali juuirip aldiga otip kete almasa ha`m kol astinda endi gana orinlanip atirgan istin putkil korinisin oz qiyalinda toliq eske tusire almasa,ol jagdayda adamnin sanaat,ilim ha`m tirishilik tarauinda ogada u'lken ha`m qiyin islerdi baslawga ha`m akirina jetkiziuge ha'reket etiwine ne majbur etkenin men sira tusine almayman. Eger qiyal suriw adam oz qiyalina toliq isense, turmiska dikkat penen qarap,turmista ko'rgenlerin ozinin qiyaliy armanlari menen salistirsa ha`m uliwma oz qiyalin armanlari menen salistirsa ha`m uliwma oz qiyalin juzege shigariw jolinda xakiykiy islese,bul jagdayda qiyal menen haqiyqat ortasindagi baylanis xesh qanday ziyan keltirmeydi. Qiyal menen turmis ortasinda birqansha jakinlik bolsa, ol waqıtta barliq narse oz orninda boladi (I.Karimov «Buyuk maksad yulidan ogishmaylik» T 1994).

Adamdi gureske aylandiratug'in,miynet etiwge iytermeleytug'in jedelli, jamiyetlik bagdardagi armandi xizmetke iytermeleytug'in,mu'mkin ortaliqtan shetke alip shigatug'in,arkayinlastiratug'in,onin shinlik dun`yadagi turmisin qiyaldagi, fantaziyadagi turmis penen,haqiyqatti xesh qashan oz korinisin tappaushi qiyal dun`yasindagi omir menen almastiratug'in bos,na'tiyjesiz,tiyqarsiz qiyalparazlik penen almastirip jiberiwge bolmaydi.

5.Ush jaska kadem qoyg'an balalarda qiyaldin daslepki korinislerin baqlaw mu'mkin. Bul waqıtka kelip balada qiyaldin isleui ushin material beretug'in belgili darejedegi tajiriybe toplang'an boladi.

Qiyaldin daslepki obrazlari bala tajiriybesinin kenligi sebepli ele jarliligi menen ajiralip turadi ha`m olar qabillaw protsessleri menen u'ziliksiz tu'rde baylaniskan boladi.Bala qabil etken narselerdi qiyal menen gana toltiradi.

Dogerek-atiraptagi turmistin,u'lkenlerdin tasiyri bala tajiriybesin-qiyal osiuinin tiykarin aste-akirin bargan sayin kobirek bayitip baradi.

Birinshi qaraganda mektepke shekemgi ta'rbiya jasindagi balalarda qiyal u'lkenirek balalardikine qaraganda jaqsirak oskenge usaydi. Bul jastagi balalarda payda bolatug'in qiyal obrazlari jamlesiuinin ansatligi ha`m o'zine tanligi ayirim sinaushilardi,mektepke shekemgi ta'rbiya jasindagi balalarda qiyal bay boladi degen pikirge alip keledi. Biraq haqiyqatinda bolsa obrazlardi jamlestiriwdin bunday ansatligi qiyaldin azzi ekenligin gana ko'rsetedi. Belgili psixologlar ozi jasap atirgan da'wirde-ak bala ushin ha`mme narsenin bar ekenligin,sebebi ol nenin bar ha`m nenin bar emesligin ele bilmeytug'inin aytip otken edi. Tap sonin ushinda mektepke shekemgi ta'rbiya jasindagi kishi balalar qiyal menen haqiyqatti kobinese bilgastirip jiberedi.

Mektep jasindagi kishi balalarda qiyal endilikte belgili darejede bay turmislik tajiriybege ha`m bargan sayin osip baratirgan bilimlerge suyenedi.

Mektepte oqıwtug'in balada qiyal sonday darejede osip baradi,bunday payda etilgen obrazlar turmistagi obrazlarga bargan sayin kobirek saykes boladi. Eger 3-4 jasar balag'a samolet modelin jasaw ushin 2-3 tayak jetkilikli bolsa, 7-8 jasar mektep oqıwshısına bolsa samolet modelin xakiykiy model etip jasaw za'ru'r bolip qaladi. Suurette mektepke shekemgi ta'rbiya jasindagi bala kobinese ob`ekttin ayirim bir xarakterli belgilerin gana berse, 1-2 klass oqıwshısı o'zine malim bolg'an narsenin barliq detallarin beriwge ha'reket etedi.

1-2 klass oqıwshilarinda olardin' doretiwshilik xizmeti protsessinde payda bolatug'in qiyal obrazlari tap mektepke shekemgi ta'rbiya jasindagi balalardiki siyakli ele juda turaksiz boladi ha`m ayirim waqıtlari tosinnan assotsiatsiya baylanislarinan payda bolatug'in ta'sir qurali na'tiyjesinde ansat gana ozgeredi. Bul obrazlar qabil etiwdin jardemine mutaj boladi.

1-klass oqıwshilari «Bizin klasimiz» temasi tiykarinda suuret salip atirganlarinda ko'z aldilarinda korinip turgan buyimlardi gana payda etken,ozleri tikkeley kore almagan buyimlardin' suuretin bolsa xesh qashan sizbagan.

Baslawish klass oqıwshilarinda qiyal obrazlari payda boliwinin o'zine tan ozgesheliklerin u'yreniw maqsetinde eksperimental tajiriybe otkerildi.

Balalarga mazmunina belgili ob`ektler: jilan,kesirtke,kumirska ha`m sondaylar (ha`mmesi bolip on ush ob`ekt) kirgizilgen qiyaliy suuretler siziu usinis etiledi.

Tajiriybe dawaminda sol narse aniqlandi birinshi klass oqıwshilari ozleri sizgan suuretlerge juda kop buyimlardi kirgizedi (balik kasina zamarriktin suuretin sizadi,baliktin arkasina kalemdi shanship koyadi) ha`m barliq waqıtta da suuretti ne ushin usinday etip sizganlik sebeplerin tusindirip bere almaydi. Tek 4-klasstan baslap balalardin' qiyaliy sizgan suuretlerinde korinistin ayirim elementlerin janba-jan jaylastiriw gana emes,suurettin manis mazmuni da ko'zge taslanadi.

Tema tiykarinda sizilatug'in suuretlerde oqıwshilar adette suuretlenip atirgan narsege jana-jana detallar ha`m toliqtiriwlar kirgizip baradi, biraq juda kemnen-kem jagdaylarda onin turine aniqlik kirgizedi.Bul jastagi balalarda olardin' ozlerinde payda bolg'an pikirdi yamasa u'lkenler jardeminde payda bolg'an pikirdi amelge asiriwga qaratilgan erk kushi ele payda bolmaydi yamasa payda bolsa da juda jetilispegen jagdayinda payda boladi.Tosinarlik assotsiatsiya oylang'an narseni ansat gana buzip jiberiwi mu'mkin.

Bul jastagi mektep oqıwshilarinda oylang'an obraz ustinde isley aliw,oni puxta oylap pisiriw konlikpesi ele payda bolmagan boladi.Kishi jastagi oqıwshilardin' sizgan suuretleri olardin' ele suuretleudin katan pikirlerine jeterli darejede amel eila almaytug'inliklarin ko'rsetedi.

Sonin ushin 1-2 klass oqıwshilarinda payda bolg’an qiyal obrazlari barliq waqıt bul obrazlardi uzaq waqıt dawaminda «puxta oylap pitkeriw» ha`m sonnan keyin oni jaqsilap isleu na’tiyjesi emes,mu’mkin xizmet protsessinde taniw elementlerinin tosinnan kosiliu na’tiyjesi.

1-2 klass oqıwshilarinda eske tusiretug’in qiyal da ayirim ozgeshelikleri menen ajiralip turadi.

1-klass oqıwshilari okilgan teksttegi obrazlardi suwrette yamasa xatteki auiz eki aytip beriwlerde payda ettire almaydi.Bul jastagi balalarda payda bolg’an obrazlar turaksiz, mudami ozgerip turatug’in obrazlar.

Tajiriybeler soni ko’rsetedi,balalardagi qiyal protsessinin bul a’h’miyetli kemshiligin tali protsessinde aste-akirinlik penen jok etiw mu’mkin. Bunin ushin basshi (ata-analar,mugallim) ha’r bir oqıwshiga ayrim buyimlardi eske tusiriwde tikleu shin kishileu tapsirmalar beriwi kerek. Bala bir tapsirmani orinlap bolg’annan keyin basshi ogan quramalirak bolg’an gezektegi tapsirmani beredi.

Balalarda eske tusiretug’in qiyaldi osiriw ushin olardin’ ko’riw tajiriybelerin bayitiu u’lken a’h’miyetke iye. Sonday bir misal keltireyikU` mugallim balalardi togayga kidirtadi,ol jerde balalar ayirim tereklerdi,togayliklar ha`m otlardi dikkat penen ko’zdeni keshiredi,mugallim olar menen gurrin otkeredi. Kelesi kuni mugallim oqıwshilarga togay haqqindagi angimeni okip beredi ha`mde olardan togay korinisin qiyalinda tikleudi,yagniy burin kormegen narselerin maselen,tayga,tropik togay ha`m sol siyaklilardi eske tusiriwin otinish qiladi. Eske tusiriwdin jana magliumatlarinan paydalanbastan,eske tu’siriw protsessin ayteuir shiniktiriw adette balalardin’ eske tu’siriw qiyalin jetilistiriwge bolmaydi.

Ekinshi klass oqıwshilarinin ha`m ayrim ushinshi klass oqıwshilarinin eske tu’siriw qiyali birqansha sapalirak bolsa da,birinshi klass oqıwshilarinin eske tusiretug’in qiyalinan azirak park qiladi,sebebi 2-klass oqıwshısı ha`m azirak 3-klass oqıwshısı kem shalgiydi,endigi sapari onda yadinda saqlanip kalgan ha`m eske tusiretug’in qiyaldan paydalanatug’in ta’sirler kobirek boladi.

3-klasstan baslap qiyal protsessi bargan sayin kobirek jetilisip baradi. Maselen qiyal obrazlari balalardin’ suuretleu xizmetinde buyimlardi tiykarina qarap suuretleu protsessinde olardi jedelli bilip laiu tasiyrinde jaqsilanip baradi.

Balanin jasi osken sayin onin qiyal protsessinde kollanilatug’in usillari jetilisip baradi, bul bolsa qiyal obrazlarin jaqsilaydi,jetilistiredi-obraz jaratiu analitik-sintetik xizmet penen birgelikte juz beredi.

Bala oz qiyalinin tiykari bolg’an materialdi salistiradi,uliwmalastiradi ha`m ol haqqinda pikir jurgizedi: onda doretilgen obrazga degen sin munasibet aste akirin osip baradi,bulardin’ barligi onnan teren pikirleudi talap etedi, biraq bul narse obrazdi anigirak etedi ha`m uzaq waqıtka shekem esinde saqlanip qaladi.

Eger 1 klass oqıwshısında oqıw na’tiyjesinde payda bolg’an obraz xesh qashan takirarlanbasa (eger ol usi tekstin ozin 1-2 aydan keyin kayta okisa barliq waqıt obrazdin korinisi bir qansha ozgeredi), 3-klass oqıwshısında bolsa obraz ekinshi saparda da tap birinshi sapardagiday ak aniq tiklenedi (bas miy kabiginda dinamik stereotip payda boladi).

Mektep jasindagi balalarda qiyal arnawli bilimler tiykarinda rawajlanadi ha`m doretiwshilik xizmettin qaysi bir tarauindagi islerdi texnikaliq usillar menen o’zlestirip aliwg’a suyenedi. Balalarda osip baratirgan qiyal suuret siziu tarauinda suurettin duzilisi texnikasin biliwge,muzikaliq qiyali bolsa atqariw texnikasinan xabardar boliwga tiykarlanadi.

Ha’r bir xizmette qiyal obrazlarinan paydalaniladi,bul obrazlar doretiwshilik xizmetti amelge asiriw ushin za’ru’r bolg’an bilimler ha`m konlikpelerdin elementlerin oz ishine algan boliwi lazim.

Oqıw xizmeti protsessinde balalarda qiyaldi osiriw ha`m ogan albette basshilik etiw za’ru’r.Bul basshilik barliq waqıt balalarga individual qatnastan kelip shigiui kerek.

Qiyaldin osiu protsessine basshilik etiw qiyin is, ol mugallimnen jaqsi dikkat ha`m sezgenlikti talap etedi. Qiyali jaqsi rawajlang’an balalarda qiyaldi osiriwge basshilik etiw qiyin.

Balalardin’ doretiwshilik qiyalinin na’tiyjelerinen quwanish, bir tamannan balanin tapakkir bolip qaliwina alip bariwi mu’mkin.Bunda bala oz doretiwshilik islerine sin ko’z qarasta qaramay qoyadi. Ekinshi tarepten balanin doretiwshilik xizmetine,qiyaldin toktausiz isleuine itibar bermewshilik oqıwshinin adamgershiliklese baslawina alip baradi,ayirim waqıtlari bolsa, onda oz mu’mkinshiliklerine isenim jogaliwi ha`m uliwma onin jedelli doretiwshilik xizmetten shetlep ketiwine sebep boladi.

Mektep jasindagi balalarda qiyaldin osiui estetikaliq ta’rbiya ushin jagday jaratadi,jaqsi jolga qoyilg’an estetikaliq ta’rbiya bolsa oz gezeginde balalar qiyalin osiredi. Korkem adebiyat oqıw,kinolar ko’riw, teatrlarga bariw, ja’ma’a’t bolip muzika tinlaw ha`m tagi sol usaganlardi isleu balalardin’ qiyalin osiriwge ku’shli ta’sir ko’rsetedi. Sanaat penen tanisiu sebepli balalarda qiyal obrazlari janede toligirak ha`m anigirak bolip baradi.

Mektep jasindagi balalarda unamli arman ose baslaydi.Mektep oqıwshilari a’-g’ klass waqıtlarinda ak ozlerinin doretiwshilik xizmetleri haqqinda arman etedi, biraq bul jastagi balalardin’ armanlari turakli xarakterge iye bolmaydi.

Mektep oqıwshilarinin kopshiliginde arman ospirimlik jastan baslanip, belgili maqsetti ko’zleytug’in,na’tiyjeli ha`m turakli xarakterde boladi. Ospirimlerimiz oz turmislarinda keleshekte ozleri albette amelge asiratug’in ulli islerdi arman etedi.

**Ozin ozi tekseriw ushin sorawlar, tapsirmalar ha`m testler**

1.Qiyal degenimiz ne?

2.Qiyaldin fiziologiyaliq mexanizmleri.

3.Qiyaldin qanday turleri bar?

4.Qiyal qanday psixik protsessler menen baylanisli?

5.Eske tusiretug'in qiyal degenimiz ne?
6.Doretiwshilik qiyali qanday boladi?
7.Arman degenimiz ne?
8.Armannin qanday turleri bar?
9.Balalar qiyalin qalay rawajlandiramiz?
10.Balalar turmisinda doretiwshilik qiyaldin a'h'miyeti.

**Tema: Oylaw**

**Joba:**

1. Oylaw haqqında tu`sinik
2. Oylaw protsess sıpatında
3. Oylawdın` tu`rleri
4. Oylaw formaları
5. Oylawdin` operatsiyaları

***Tayanish tu`sinikler***: oylaw, aqil, aqil sipatlari, oylaw formalari, oylaw operatsiyalari, analiz, sintez, konkretlestiriw, juwmaqqa keliw, induktsiya, deduktsiya, Ko`rgizbeli-obrazli oylaw- bul oylawdin` qabil etiwge yamasa ko`z aldina keltiriwge su`yeniwi, abstrakt oylaw- bul biz biletug`inimizday-aq qabil etiwge ha`m ko`z aldina keltiriwge ta`n bolg`an ko`rgizbelilikten jurday bolg`an tu`sinikler

**A`debiyatlar.**


1. Davletshin M.G. Umumiy psixologiyaT., TDPU, 2002.
2. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
3. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
4. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.


**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz

**OYLAW.** Oylaw en` joqarg`i biliw protsessi esaplanadi. Ol jan`a bilim, do`retiwshilik sa`wleleniwdin` jedel formasi ha`m haqiyqatliqti adam ta`repinen qayta islewdi quraydi. Oylaw ya haqiyqatta, ya sub`ektte sol waqitta bolmag`an na`tiyjeni payda etedi. Oylawdi (elementar formada ol haywanlarda da bar) jan`a bilimdi aliw, bar tu`siniklerdi do`retiwshilik tu`rlendiriw sipatinda da tu`siniw mu`mkin.

Oylawdin` basqa psixologiyaliq protsesslerden o`zgesheligi sonnan ibarat, ol barliq waqitta sheshiw kerek bolg`an problemali jag`day, ma`selenin` boliwi ha`m bul ma`sele berilgen jag`daydin` jedel o`zgeriwi menen baylanisli. Oylawdin` qabil etiwden ayirmashilig`i ol sezimli mag`liwmat shegarasinan shig`adi, u`yreniw shegaralarin ken`eytedi. Oylawda sensor mag`liwmat tiykarinda belgili bir teoriyaliq ha`m praktikaliq juwmaqlar islenedi. Ol turmisti tek g`ana bo`lek bir zat, qubilis ha`m olardin'` qa`siyetleri tu`rinde sa`wlelendirip qoymastan, olar arasinda bar bolg`an ko`pshilik jag`dayda tikkeley, qabillawda adamg`a berilmegen baylanislardi belgileydi. Zat ha`m qubilislar qa`siyeti, olar arasindag`i baylanislar oylawda uliwmalastirilg`an tu`rde, nizamlar tu`rinde sa`wlelenedi.

Turmista oylaw o`z aldina psixikaliq protsess sipatinda ha`reket etpeydi, ol basqa barliq biliw protsesslerinde- qabil etiw, diqqat, ko`z aldina keltiriw, este saqlaw, so`ylewde ko`zge ko`rinbey ha`reket etedi. Bul protsesslerdin` joqarg`i formasi a`lbette oylaw menen baylanisli ha`m olardin'` bul biliw protsessinde qatnasiw da`rejesi olardin'` rawajlaniw da`rejesin belgileydi.

Oylaw- zatlardin'` negizin aniqlawshi ideyalar ha`reketi. Onin` juwmag`i obraz emes, al oy, ideya esaplanadi. Oylawdin` spetsifikaliq na`tiyjesi sipatinda tu`siniw- predmetler klassinin` olardin'` uliwma ha`m ayriqsha o`zgesheliklerinde uliwmalasqan sa`wleleniwi shig`iwi mu`mkin.

Oylaw-ayriqsha tu`rdegi *teoriyaliq ha`m praktikaliq* is-ha`reket. Oylawdin` teoriyaliq tu`sinigi- bul sonday oylaw, adam bunin` menen paydalana otirip, ma`seleni sheshiw protsessinde tu`sinikke mu`ra`jat etedi, oyinda ha`reketlerdi orinlaydi, ta`jiriybe menen tikkeley isi bolmay, seziw organlari ja`rdeminde aling`an. Ol tu`sinik, talqilaw, oy juwmag`i tu`rinde basqa adamlar ta`repinen aling`an tayar bilimlerden paydalana otirip ma`seleni basinan aqirina shekem yadta talqilaydi ha`m sheshimin izleydi Teoriyaliq ayqinliq (ug`imliliq) oylaw ilimiy teoriyaliq izertlewler ushin xarakterli.

**Oylawdin` negizgi formalari**. *Tu`sinik*- bul oylaw formasi bolip, onda zatlardin'` ha`m qubilislardin'` uliwma ja`ne onin` u`stine en` a`hmiyetli qa`siyetleri sa`wlelenedi. Ha`rbir zat, ha`rbir qubilis ko`plegen ha`rqiyli

qa`siyetler, belgilerge iye boladi. Usi qa`siyetlerdi, belgilerdi en` a`hmiyetli ha`m a`hmiyetsiz dep, eki kategoriyag`a bo`liwge boladi.

**Tu`sinik-** bilip aliwdin` anag`urlim rawajlang`an ha`m ha`r ta`repleme formasi boladi, ol ko`z aldina keltiriwge qarag`anda haqiyqatliqti a`dewir ken` ha`m toliq sa`wlelendiredi. Bilip aliwdin` ja`miyetlik tariyxiy jaqtan rawajlaniwi protsessinde tu`siniktin` mazmuni ken`eyedi, teren`lesedi ha`m o`zgeredi. Misali, G`atomG` tu`sinigi.

**Pikir.** Pikirlerde do`gerek a`tiraptag`i du`n`yanin` zatlari menen qubilislarinin` ha`m olardin'` qa`siyetleri menen belgileri arasindag`i baylanislar ja`ne qatnasiqlar sa`wlelenedi. Pikir- bul oylaw formasi bolip, onda zatlar, qubilislar yamasa olardin'` qa`siyetleri jo`nindegi qanday da bir reje tastiyiqlanadi yamasa biykarlanadi. Misali, «Oqiwshi sabaqti biledi» pikir, biykarlaw- «Bul so`z feyil emes». Pikir tu`siniklerdin` mazmunin aship beredi. Qanday da bir zatti yamasa qubilisti biliw- ol tuwrali duris ha`m mazmunli pikir ayta aliw yag`niy ol tuwrali pikir ju`rite aliw degen so`z boladi.

**Oydan juwmaq shig`ariw**- sonday oylaw formasi, onin` protsessinde adam ha`rqiyli pikirlerdi salistirip ha`m analiz jasay otirip, olardin'` jan`a pikir keltirip shig`aradi. Mis, geometriyaliq teoremalardi da`lillew- oydan juwmaq shig`ariwdin` tipik misali boladi. Adam oydan juwmaq shig`ariwdin` tiykarinan eki tu`rin induktivlik ha`m deduktivlik juwmaq shig`ariwda paydalanadi.

**Induktsiya**- bul jeke pikirlerden uliwma pikirlerge qarap pikir ju`ritiw usili, ayirim faktlerdi ha`m qubilislardi u`yreniw tiykarinda uliwma nizamlardi ja`ne qa`delerdi aniqlaw boladi.

**Deduktsiya**- bul uliwma pikirlerden jeke pikirge qaray pikir ju`ritiw, uliwma nizamlardi ha`m qa`delerdi biliwdin` tiykarinda ayirim faktlerdi ja`ne qa`delerdi bilip aliw boladi.

**Induktsiya** qanday da bir jag`inan birgelikili bolg`an zatlardin'` ha`m qubilislardin'` mu`mkinshiligi bolg`aninsha ko`birek mug`dari tuwrali bilimdi toplawdan baslanadi, bul na`rse zatlardag`i ha`m qubilislardag`i usas ja`ne pariq etetug`in na`rseni itibarg`a almawg`a mu`mkinshilik beredi. Usi zatlardin'` ha`m qubilislardin'` usas belgilerin uliwmalastira otirip, uliwma juwmaq yamasa na`tiyje shig`aradi, uliwma qa`deni yamasa nizamdi aniqlaydi. Misali, «U`y haywanlari» degen tu`sinikti o`zlestirgen waqitta oqiwshilar siyir paydali, at paydali, qoy, shoshqa da paydali ekenin aniqlaydi. Onnan son` oqiwshilar usinin` tiykarinda «barliq u`y haywanlari paydali- degen juwmaq shig`aradi».

Oydan deduktivlik juwmaq shig`ariw adamg`a uliwma nizamlardi ha`m qa`delerdi biliwdin` tiykarinda ayirim zatlardin'` qa`siyetlerin ja`ne sapalarin bilip aliw mu`mkinshiligin beredi. Misali, barliq deneler qizdirilg`an waqitta ken`eyip ketetug`inin bile otirip, adm jazdin` shijg`irag`an issi ku`ninde temirjol rel`sleri de ken`eyip ketetug`in, al sonliqtan da qurilisshilar temir joldi salg`an waqitta rel`sler arasina belgili bir sanliq qoyip ketetug`inin aldin ala biledi.

**Oylawdin` jeke o`zgeshelikleri**. Adamlardin'` oylaw xizmetindegi ayirmashiliqlar oylawdin` ha`rqiyli sipatlarinda ko`rinedi. Oylawdin` o`z betinsheligi adamnin` ko`binese basqa adamlardin'` ja`rdemine mu`ta`j bolmastan jan`a waziypalardi ortag`a qoyiw ha`m za`ru`rli sheshimlerdi ja`ne juwaplardi tawa biliw uqibi menen sipatlandi.

**Aqildin` ken`ligi** adamnin` xizmetinin` ha`r qiyli tarawlarin qamtiytug`in bilip aliw xizmetinde, oy-o`risinin` ken`liginde, biliwge jan-jaqli qumarlilig`inda ko`rinedi. Oylawdin` sipatli retindegi ken` bilip aliw xizmeti ha`rta`repleme ha`m teren` bilimlerge tiykarlanadi.

**Aqildin` teren`ligi** en` quramali ma`selelerdin` tu`p man`izin` tu`sine aliwda, basqa adamlarda soraw payda bolmaytug`in jerde problemani ko`re almawshiliqta ko`rinedi. Teren` aqilg`a qubilislardin'` ha`m waqiyalardin'` payda boliwi sebeplerin tu`sinip aliw za`ru`rligi, olardin'` bunnan bilay rawajlaniwin aldan ko`re aliwshiliq ta`n boladi.

**Aqildin` epshilligi** pikirdin` waziypalardi sheshiwdin` o`tmshi ta`jriydesinde bekkemlenip qalg`an usillari menen a`dislerinin` qiymildatpaytug`in ta`sirinen erkin boliwinda, jag`day o`zgergen waqitta o`z is-ha`reketlerin tez o`zgerte aliw uqibinda ko`rinedi.

**Aqildin` tezligi**- bul adamnin` quramali jag`daydi tez tu`sinip aliw, oni tez oylap shig`iw ha`m duris sheshimdi qabillaw uqibi boladi.

**Sinshil aqil**- bul adamnin` o`zinin` ha`m basqalardin'` pikirlerin ob`ektiv tu`rde bahalap, ortag`a qoyilip atirg`an barliq rejelerdi ha`m juwmaqlardi puxta ha`m ha`rta`repleme teksere aliw uqibi boladi.

**Oylawdin` tu`rleri.**

**Zatliq-ta`sirshen`lik oylaw**- bul oylawdin` zatlar u`stinde praktikaliq ha`reketlerdi islew menen baylanisli tu`ri boladi. A`piwayi formasi kishi balalarg`a ta`n boladi, olar ushin zatlar tuwrali oylaw zatlar u`stinde ha`reket islew, olardan bir na`rselerdi qurastiriw, sog`iw degendi bildiredi. Rawajlang`an formasinda ol belgili bir qa`sip iyelerine ta`n (ximik-analitik, oylap tabiwshi konstruktor).

**Ko`rgizbeli-obrazli oylaw**- bul oylawdin` qabil etiwge yamasa ko`z aldina keltiriwge su`yeniwi za`ru`r bolg`an tu`ri (jaziwshi, sazendeler).

**Abstrakt oylaw**- bul biz biletug`inimizday-aq qabil etiwge ha`m ko`z aldina keltiriwge ta`n bolg`an ko`rgizbelilikten jurday bolg`an tu`sinikler tiykarinda oylaw boladi.

Oylawdin` basqa protsesslerden ayirmashilig`i, ol belgili bir logika menen a`melge asiriladi. Demek, oylawdin` strukturasinda to`mendegidey- *salistiriw, analiz, sintez, abstraktsiya ha`m uliwmalastiriw siyaqli logikaliq operatsiyalardi* ayriqshalaw mu`mkin.

**Salistiriw-** zatlardin'` ayirmashiliq ha`m uqsaslig`in ashadi. Salistiriw na`tiyjesi, sonday-aq, klassifikatsiya boliwi mu`mkin. Ayirim waqitlari ol teoriyaliq ha`m praktikaliq sananin` birlemshi formasi sipatinda da shig`adi.

Zatlardin'` negizine elede teren`irek kiriw olardin'` ishki baylanislarin, nizamliliqlarin ha`m qa`siyetlerin ashiwdi talap etedi. Bul *analiz ha`m sintez* ja`rdeminde a`melge asiriladi.

**Analiz (tallaw)**-bul predmettin` oni qurawshi elementlerge keyin ala salistiriw menen qiyalda yamasa praktikaliq bo`liniwi.

**Sintez** bul analitikaliq berilgen bo`limlerden bir pu`tinlikti quriw. Analiz ha`m sintez a`dette birge a`melge asiriladi, haqiyqatliqti elede teren`irek biliwge ja`rdem beredi. Analiz ha`m sintez-dep jazg`an edi S.L.Rubinshteyin-barliq bilim beriw protsessinin` «uliwma bo`lekleri».

Olar tek g`ana uliwma oylawg`a emes, al sezimlik u`yreniw ha`m qabillawg`a da tiyisli. Sezimlik biliwde analiz sol waqitqa shekem tiyislisinshe shiqpag`an ob`ekttin` qanday da bir sezimlik qa`siyetin shig`ariwda ko`rinedi. Analizdin` bilim beriw a`hmiyeti, ol en` tiykarg`isin ayirip, «belgilep» ha`m bo`liwi menen baylanisli. Teoriyaliq, praktikaliq, obrazli ha`m abstrakt intellekt o`z qa`liplesiwinde oylaw, birinshi gezekte analiz, sintez ha`m uliwmalastiriw operatsiyasin jetilistiriw menen baylanisli.

**Uliwmalastiriw ha`m konkretlestiriw**. *Abstraktsiya uliwmalastiriwdin`*- zatlardi ha`m qubilislardi abstraktsiyalaniw protsessinde ajiratilip shig`arilatug`in uliwma ja`ne en` a`hmiyetli belgilerine qaray oydan toparlarg`a biriktiriwdin` tiykarin quraydi. Mektep oqiwshilarinin` ta`lim aliw jumisinda uliwmalastiriw a`dette juwmaqlarda, aniqlamalarda, qa`delerde, klassifikatsiya jasawda ko`rinedi. Oqiwshilarg`a geyde uliwmalastiriw jasaw qiyin boladi, o`ytkeni a`ytewir uliwma emes, al en` a`hmiyetli belgilerdi o`z beinshe ajiratip shig`ariw ba`rhama olardin'` qolinan kele bermeydi.

**Konkretlestiriw-** bul oyda uliwma na`rseden usi uliwma na`rsege sa`ykes keletug`in jalg`iz na`rsege o`tiw boladi. Oqiw xizmetinde konkretlestiriw- uliwma teoriyaliq rejeni, qa`deni, nizamdi (grammatikaliq, tariyxiy) da`lilleytug`in misal, illyustratsiya, konkret fakt keltiriw degen so`z boladi. A`hmiyeti- ol bizin` teoriyaliq bilimlerimizdi turmis penen, praktika menen baylanistiradi ha`m haqiqatliqti duris tu`siniwge ja`rdem beredi. Konkretlesiwdin` bolmawi bilimlerdin` formal` boliwina alip keledi, bunday bilimler turmistan ajiralip jalan`ash ha`m paydasiz abstraktsiyalar boladi.

**Abstraktsiya-**bul haqiyqatta o`z aldina o`mir su`rmeytug`in qubilistin` qanday-da bir ta`repi yamasa aspektin belgilew (ayiriw). Abstraktsiyalaw olardi, a`dette aldin ala o`tkerilgen analiz ha`m sintez tiykarinda elede teren`irek u`yreniw ushin orinlanadi. Bul operatsiyalardin'` na`tiyjesi sipatinda jiyi tu`siniktin` qa`liplesiwi shig`adi.

Tek g`ana qa`siyetler emes, al ha`reketler de, sonnan ma`seleni sheshiw usillari, abstraktsiyalang`an boliwi mu`mkin.

**Oylaw menen so`ylewdin` baylanisi.** Egerde, normal` adamnin` oylawi so`ylew menen ajiralmas baylanisli boladi. Pikir tilsiz, so`ylewsiz payda bolmaydi, ju`z bermeydi de, jasay almaydi da. Biz o`zimizdi esittirip yamasa ishimizden aytatug`in so`zler arqali oylaymiz, yag`niy oylaw formasinda ju`z beredi.

**Fiziologiyaliq negizleri**. Miydin` qabig`inda so`zlerdin` ja`rdemi menen payda bolatug`in ekinshi signalliq nervlik baylanislar zatlardin'` arasindag`i en` a`hmiyetli qatnasiqlardi sa`wlelendiredi. I.P. Pavlovtin` ko`rsetkenindey aq, so`zler haqiyqatliqtan alan` boliwdan ibarat ekenliginen ha`m uliwmalastiriwg`a jol qoyatug`inliqtan, al tap bul na`rse ilimpazdin` pikirinshe adamzat oylawinin` tu`p man`izin qurg`anliqtan da zatlar arasindag`i baylanislardi ha`m qubilislardi sa`wlelendiriw mu`mkin boladi.

Usig`an muwapiq tu`rde miydin` sol yarim sharinin` qabig`inda, u`sh so`ylew orayi, esitiw, ha`reket etiwshi ha`m ko`riw oraylari boladi. Usinday oraylardin'` biri (***Vernike degen esitiw orayi***) qabil etilip atirg`an so`zlerdi tu`siniwdi ta`miyinleydi. Onin` jumisi buzilg`an waqitta adamda seslerdi seziw dawam etkeni menen adam so`zlerdi an`g`ariw, tanip aliw uqibin joyitadi, usinin` na`tiyjesinde onin` tu`sinip so`ylew uqibi da joyitiladi. So`ylewdin` ***Broka degen ha`reket etiwshi orayi so`zlerdi aytiwdi*** ta`miyinleydi. Usi orayi buzilg`an waqitta adam esitken so`zlerdi tu`sinsede, bir so`zde ayta almaydi, ol tek baqiriw ha`m so`zsiz qosiq aytiw uqibina iye boladi. ***Ko`riw orayinin` jumisi*** jazilg`an so`zdi tu`siniwdi, oqiwdi ta`miyinleydi. Ol ziyanlang`an waqitta adamda ko`riw saqlanip qalsa da, ol oqiw uqibin joyitadi.

**So`ylew ha`m onin` waziypalari.**

Biri-biri menen qatnas jasay otirip, adamlar so`zlerdi qollanadi ha`m anaw yamasa minaw tildin` grammatikaliq qa`delerin paydalanadi. *Til so`z belgilerinin` sistemasi, adamlardin'` o`z-ara qatnasin a`melge asiriwg`a ja`rdem beretug`in qural boladi. So`ylew- bul adamlardin'` qatnas jasaw ma`qsetinde tildin` paydalaniw protsessi boladi.* Usi ma`nide *til iskusstvonin` jetiskenliklerin bekkemlew ha`m a`wladtan a`wladqa miyras etip qaldiriw qurali boladi.*

Solay etip ***so`ylewdin` waziypalarinin` biri- adamlardin'` arasinda qatnas jasaw qurali retinde xizmet etiw boladi.*** So`ylewdin` basqa bir en` a`hmiyetli waziypasi joqarida qarap shig`arilg`an oylaw- so`ylew formasinda a`melge asiriladi, degen rejede kelip shig`adi. ***So`ylew*** (atap aytqanda ishki so`ylew- biz onin` ja`rdemi menen ishten oylaytug`in ishki sessiz so`ylew protsessi) ***oylaw qurali boladi***.

**Sorawlar.**

- Oylawg`a uliwma sipatlama berin`iz.
- So`ylewge ha`m onin` waziypalarina sipatlama berin`iz.
- So`ylew ha`m oylaw o`z-ara qalayinsha baylanisqan.
- Oylaw operatsiyalari tuwrali aytip berin`.

- Tu`sinik, pikir ha`m oy juwmag`i degen ne.
- Awizeki ha`m jazba so`ylewdin` psixologiyaliq o`zgesheliklerin sipatlap berin`iz.
- Dialogliq ha`m monologliq so`ylewdin` o`zgesheliklerin salistirin`.

**Tema: Sezim ha`m emotsiya**

**Joba:**

1. Sezim haqqında tu`sinik
2. Motivler ha`m ustanovkalar
3. Sezimlerdin turleri.
4. Morallık sezimler.
5. İntellektuallık sezimler.

***Tayanish tu`sinikler***: sezim, sezimnin` tu`rleri, emotsiya, emotsional jag`daylar, affekt, stress, distress, keypiyat, intellektual sezimler, emotsional sezimler, Motiv, motivatsiya, uyaliw, qiynaliw, erk, erktin` tu`rleri, ekr sipatlari.

**A`debiyatlar.**

5. Davletshin M.G. Umumiy psixologiyaT., TDPU, 2002.
6. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
7. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
8. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.

**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz

Estetikaliq sezimler Insannin` ishki o`mirinin` ayriqsha, ju`da` a`hmiyetli ta`repin emotsiya ha`m sezimler iyeleydi. Sub`ekt ushin jeke ishki dun`yasinin` haqlig`i ha`m aniqlig`i, birinshi gezekte, emotsionalliq shinliq, onin` bastan keshiriwleri sipatinda ko`rinedi. Bizin` ha`r birimiz ha`r bir ma`writte belgili bir emotsional jag`dayda bolamiz, anaw yamasa minaw sezimlerdi bastan keshiremiz.

Emotsiyalardin’` ko`p tu`rliligi ha`mmege belgili-quwanish, qapashiliq, ashiw, tan`laniw, tu`skinlikke tu`siw, qa`weterleniw, jek ko`riw h.t.b. Sezimler du`n`yasi bizin` turmisimizdin` barliq ta`replerine -basqalarg`a qatnas, bizin` jumisimiz, sa`wbet ha`m biliwge kiredi. Insan is-ha`reketinin` ayriqsha tarawi-iskusstvo tikkeley insan emotsiyalari ha`m sezimlerine qaratilg`an.

Emotsiyalar su`wretlewshi, fenomenal planda sub`ekttin` qorshag`an ortaliqqa, onin` menen ne ju`z berip atirg`anina naduris qatnasin bildiredi. Bul qatnasti bastan keshiriw emotsiya yamasa sezim esaplanadi, olar adam menen sol waqitta ne, jag`imli yamasa jag`imsizliq ju`z berip atirg`anlig`in bildiredi.

Insan jedelligi deregi, is-ha`reketke iytermelewshi talap ha`m motivler tarawinda jatadi. Olardin’` qanaatlaniwi maqset qoyiw, aniq turmisliq ma`selelerdi sheshiwden ibarat. Talaptin` qanaatlaniwina bag`darlang`an, qoyilg`an maqsetti a`melge asirilatug`in real turmisliq sha`rtler emotsional bastan keshiriwlerdin` ha`r qiylilig`in eskertedi. Talaptin` qanaatlaniw ha`m maqsetke erisiwge ja`rdem etiwshi sha`rt, predmet ha`m qubilislar unamli emotsiyalardi-qanaatlaniw, quwanish, qizig`iwshiliq, qoziw h.t.b payda etedi. Kerisinshe, sub`ekt ta`repinen talap ha`m maqsetlerdin` a`melge asiriliwi ushin tosqinliq etedi dep qabillaniwshi jag`daylar keri emotsiyalardi ha`m uwayimlardi-qanaatlanbawshiliq, qapashiliq, qorqiw, qa`weteleniw h.t.b payda etedi.

Demek, emotsiyalardin’` eki ta`repleme sebepshi boliwin konstatlaw mu`mkin-bul bir ta`repten, talaplar menen (motivatsiya), ekinshi ta`repten jag`daydin` ayriqshalig`i menen. Emotsiyalar bul eki waqiyalar qatari arasinda baylanis ha`m qatnas ornatadi, sub`ektke ha`zirgi jag`dayda onin` talaplarinin` orinlaniwi yamasa orinlanbawi haqqinda signal beredi. «Emotsiyalar-dep jazg`an edi A.N.Leont`ev-ishki signallar funktsiyasin orinlaydi, ishki degenimizde, olar tikkeley sol predmetlik shinliqtin` psixikaliq sa`wleleniwi esaplanbaydi. Emotsiyanin` o`zgesheligi sonnan ibarat, olar motivler (talaplar) ha`m tabis yamasa og`an juwap beriwshi is-ha`reket sub`ektinin` tabisli a`melge asiwi mu`mkinshiligi arasindag`i qatnasti sa`wlelendiredi».

S.L.Rubinshteynnin` aniqlawi boyinsha emotsiyalar talaplar (motivler)din` o`mir su`riwinin` sub`ektiv formasi esaplanadi. Bul demek, motivatsiya sub`ektke og`an ob`ekt a`hmiyetliligi talaplig`i haqqinda signal beriwshi ha`m og`an is-ha`reketti bag`darlawg`a iytermelewshi bastan keshiriw formasinda emotsionalliq jag`day tu`rinde ashiladi.

Bunda emotsiya ha`m motivatsiyaliq protsessler ten`lestirilmeydi. Emotsional bastan keshiriwler motivlerdin` o`mir su`riwinin` juwmaqliq na`tiyjeliliginen ibarat. Olar talaplardi qanaatlandiriw ha`m maqsetke erisiwge tayarlaytug`in ha`m belgileytug`in barliq protsesslerdi sa`wlelendirmeydi.

Solay etip, emotsiyalar-talap ha`m motivler menen baylanisli ha`m sub`ektke ta`sir etiwshi qubilis ha`m jag`daylardin’` a`hmiyetliligin tikkeley-sezimlik bastan keshiriwler formasinda sa`wlelendiriwshi psixikaliq protsess

ha`m jag`daylardin'` ayriqsha klassi. **Insan sezimi**-bul onin` dun`yag`a, onin` ne islep atirg`anina, tikkeley bastan keshiriwlerde onin` menen ne ju`z berip atirg`anlig`ina qatnasi.

Emotsiyalar oyaniw funktsiyasin atqaradi-ju`z berip atirg`anlardi bahalawdan ha`reketke oyaniw payda boladi. Bahalaw belgisine (unamli yamasa unamsiz) muwapiq, ha`reket ya za`ru`rli, kerekli na`rseni o`zinikine aylandiriw, iyelewge, yamasa sa`tsiz ha`rekettin` toqtawina, yamasa basqasin tan`lawg`a bag`darlaniwi mu`mkin.

Oyaniw menen emotsiyanin` nerv kletkalarinin` ha`m uliwma barliq organizmnin` jedellesiwi siyaqli funktsiyasi tig`iz baylanisli. Emotsiyalar orayliq nerv sistemasinin` ha`m onin` ayirim strukturalarinin` is-ha`reketinin` optimal da`rejesin ta`miyinleydi. Emotsional protsesslerdin` ko`p funktsiyali sistemasi tonus regulyatsisi ha`m individtin` jedelligi esaplanadi. Emotsional jag`daydin` is-ha`rekettin` o`nimdarlig`ina-onin` tempi ha`m ritmi- ta`sir etiwi-ha`r birimizge belgili. Quwanish emotsiyalari, is-ha`reket tabisina iseniw adamg`a qosimsha ku`sh berip, elede ko`birek ha`m jedel islewge iytermeleydi.

Emotsiyanin` sintezlewshi funktsiyasi bo`lek, waqit ha`m ken`islikte waqiya ha`m faktlerdi bir pu`tinlikke biriktiriw, sintezlewge mu`mkinshilik beredi. A.R.Luriya ko`rsetken edi, ku`shli emotsional bastan keshiriwdi tuwdirg`an jag`day menen tuwri yamasa tosattan baylanisqan obrazlar jiyindisi, sub`ekt sanasinda bekkem kompleks payda etedi. Onin` elementlerinin` birin aktualizatsiyalaw, ayirim waqitlari sub`ekttin` erkine qarsi, sanasinda onin` basqa elementlerinin` ju`zege shig`iwin keltirip shig`aradi.

Emotsiyalar ekspressiv (ta`sirli) funktsiyani atqaradi. Jiyi jag`dayda olar periferik xarakterdegi (qizariw, ag`ariw, dem aliwdin` tezlesiwi, ju`rek uriwi) organiqaliq o`zgerisler menen ta`sirli ha`reketler (mimikada-bet ha`reketinde, pantomimikada-denenin` ha`reketinde, vokalizatsiya-dawistin` intonatsiya ha`m tembrinda) menen o`tedi. Ku`ndelikli turmista ta`sirli ha`reketlerdi, biz a`dette, a`tiraptag`i adamlar keypiyati, emotsional jag`dayindag`i o`zgerislerdi da`l qabillaymiz ha`m bahalaymiz.

Emotsiyalar ayriqsha funktsiyani atqaradi-olar «ma`niske ma`seleni qoyadi».

Misali, «Ko`plegen tabisli ha`reketler menen toli ku`n, adamnin` keypiyatin tu`siriwi, onda jag`imsiz emotsional iz qaldiriwi mu`mkin. Ku`ndelikli ta`shwishler menen bul iz onsha bilinbey turadi. Biraq, adam keyinine qarap, o`tken ku`ndi qiyalinan o`tkeretug`in payitlarda, onin` keypiyati predmetlik derekke iye boladi-a`yne usi waqiyadan onda emotsional iz qaldirg`anin ko`rsetiwshi affektiv signal payda boladi.

Bunday ma`seleni sheshiw ushin ayriqsha ishki jumis kerek. (A.N.Leont`ev)».

Emotsiyalardin'` atap o`tilgen funktsiyalari uliwma bir funktsiyanin`-is-ha`rekttin` ishki retlesiwinin` ha`r qiyli ta`repleri esaplanadi.

**n'. Sezim tu`rleri ha`m formalari.** Insannin` emotsional du`n`yasi ha`r tu`rli ha`m ha`r qiyili sapada. Emotsional protsessler yamasa bastan keshiriwlerge affekt, a`sirese, emotsiya, keypiyat, qumar, stress, sezimlerdi kiritedi.

**Affekt**-sub`ekt ushin turmisliq a`hmiyetli tosattan o`zgerisler menen baylanisli ha`m sanaliq is-ha`rekette keskin o`zgerisler ha`m ta`sirli ha`reketlik ko`rinisler menen o`tetug`in ku`shli ha`m salsitirmali tu`rde qisqa waqitliq emotsional jag`day. Affektiv jag`day sanali is-ha`rekettin` toqtawshilig`inda, sub`ekttin` minez-qulqi ushin sanaliq qadag`alawinin` buziliwinda ko`rinedi.

Affekt real jag`dayda sub`ekttin` qa`wipli, jiyi tosattan payda bolg`an jag`daylardan shig`iw ushin jol tabiwg`a uqibi bolmag`anda rawajlanadi. Affekt a`ste-aqirin tayarlaniwi mu`mkin-keskin keri emotsional jag`day payda etiwshi jag`daydin` qaytalaniwi, ol ku`shli, basqarip bolmaytug`in affektiv jariliwdi payda etiwi mu`mkin bolg`an affektin` akkumulyatsiyasina alip keledi.

Affekt «tarayg`an sana» dep ataliwshi fenomen menen birge ju`redi, bunda ol pu`tkilley arefleksiv bolip qaladi ha`m payda bolg`an affekt jag`dayi ha`m zorlap ju`klenbegen ha`reket penen o`zine tartadi. Sananin` buziliwi sub`ekt keyin ala bul affektti payda etken ha`m onin` o`tiw barisinin` ayirim paytlarin esley almawina alip keliwi mu`mkin. Affekttin` aldin aliw ushin a`dette, oni payda boliw basqishinda, yag`niy onin` payda boliwina tosqinliq jasaw kerek. Bunin` ushin affekt payda etiwshi jag`daylardan uzag`iraq boliw, shalg`itatug`in ha`reketlerdi orinlaw, buni islese ju`z beretug`in qa`lemegen aqibetlerdi ko`z aldina keltiriw h.t.b

*Fiziologiyaliq ha`m patologiyaliq* affekttin` psixologo-yuridikaliq aspekti, jinayi huqiqta o`z isine juwap bere aliw ha`m juwap bere almaw ma`selesine sud psixiatriyasi kursinda toqtap o`temiz.

Emotsiyalardin'` affektten ayirmashilig`i, uzag`iraq ha`m kem jedelli jag`daydi ko`rsetedi. Emotsiyalar jag`dayliq xarakterge iye, yag`niy adamnin` bar bolg`an yamasa mu`mkin bolg`an jag`dayg`a, o`z is-ha`reketi ha`m o`z ha`reketlerine bahalawshi qatnasin bildiredi. Emotsiyalar idiatorliq xarakterge iye-olar rael payda bolmag`an, bastan keshirgen yamasa ko`z aldina keltirilgen jag`daylar haqqinda ko`z aldina keltiriwge baylanisli payda bolatug`in jag`day ha`m waqiyalardi aldi burin seziw uqibina iye.

Emotsiyanin` a`hmiyetli o`zgesheligi olardin'` uliwmalastiriw ha`m kommunikatsiyag`a uqiplilig`inan ibarat. Adamnin` emotsional ta`jiriybesi onin` jeke bastan keshiriwlerinen ju`da` ken`, ol sonday-aq basqa adamlar menen qatnasta payda bolatug`in emotsional birgelikte bastan keshiriwde qa`liplesedi.

**Keypiyat** degenimiz salistirmali tu`rde a`zzi ko`ringen, turaqli emotsional jag`day. Keypiyat insannin` barliq minez-qulqina emotsional ren` beredi. Eger adamnin` keypiyati jaqsi bolsa, onin` bir na`rseni qabillawi yamasa ko`z aldina keltiriwi de unamli ren`de boladi.

S.L.Rubinshteyn basqa emotsional payda boliwlardan ayirmashiliqli tu`rde keypiyattin` eki tiykarg`i belgilerin atap o`tken. Birinshiden, olar predmetli emes, al jeke shaxsina, adamnin` keypiyati jaqsi bolg`anda, ol tek g`ana quwanishli emes, al og`an quwanishli. Ekinshiden, keypiyat qanday da bir jeke waqiyag`a bag`ishlang`an, arnawli bastan keshiriw emes, al taralg`an uliwma jag`day.

Keypiyat adamnin` a`tiraptag`ilarg`a qatnasi qalay du`ziliwi, ju`z berip atirg`anlardi qalay qabillawi ha`m an`lawi, o`z turmisindag`i waqiyalarg`a qanday ko`z-qarasta ekenligi menen belgilenedi.

**Qumar-ku`shli**, teren`, absolyut u`stem emotsional bastan keshiriw. Qumar diqqatti ja`mlewde, oylardin'` ha`m ku`shtin` jiynaliwinda, olardin'` bir maqsetke bag`darlaniwinda ko`rinedi. Qumarliq adamdi pu`tkilley qamrap aladi, qumarliq seze otirip adam ja`bir shegiwshi, qanday da bir ku`shtin` hu`kimlarlig`indag`ig`a uqsap qaladi. Qumarliq barliq ku`shti jiynap, ja`mlep tek bir na`rsege bag`darlag`ani ushin ziyanli da boliw, biraq sonin` menen birge ulli boliwi da mu`mkin. Du`n`yada ele hesh bir ulli na`rse u'lken qumarlaniwsiz a`melge asirilmag`an.

**Stress** ekstremal turmisliq jag`daylarda payda boliwshi, adamnan nerv-psixikaliq ku`shinin` mobiliziatsiyasin talap etiwshi emotsional bastan keshiriwdin` ayriqsha formasinan ibarat. Ol qa`wip, qorqinish, o`kpelew jag`daylarinda h.t.b payda boladi. Stress psixikaliq protsesslerdin` o`tiwinde o`zgerislerge, emotsional qozg`alisqa, is-ha`rekettin` motivatsion transformatsiyasina, ha`reket ha`m so`ylewdin` buziliwina alip keledi. Ayirim waqitlari napryajenie insan is-ha`reketine unamli ta`sir etedi.

Stress organizmnin` o`mir su`riwinin` o`zgeriwshen` jag`daylarina maslasiwi ushin za`ru`r. Stress haqqindag`i ta`limattin` tiykarin saliwshi «Sel`enin` pikirinshe, stress o`z rawajlaniwinda u`sh basqishtan o`tedi- a') «qa`weterleni reaktsiyasi», bunda organizmnin` qorg`awshi ku`shleri mobilizitsiyalanadi g') «qàrsilasiw basqishi», bunda stressorg`a toliq maslasiw sa`wlelenedi q) «ha`lsirew basqishi» eger stressor ku`shli bolsa ha`m adamg`a uzaq waqit ta`sir etse bunnan qashiw kerek.

Adam stress penen o`zi qalay gu`resiwi memkin degen sorawg`a «Sele bilay juwap beredi» Fizikaliq jedellik ja`rdem beredi, biraq tek bunin` o`zi jetkilikli emes. En` a`hmiyetlisi-jasaw «minez-quliq kodeksi»ne iye boliw. O`zin`izge «maqset port»in tabin`-bul ilaji bolg`ansha ko`birek adamlarg`a miyrimlilik payda etedi, ko`birek dos arttirin`. . .Eger siz adamlarg`a kerek bolsan`iz, za`ru`r boslan`iz, siz qutqarilg`an esaplanasiz».

**Sezim-**adam ta`repinen shinliqtin` predmet ha`m qubilislarina o`z qatnasinin` bastan keshiriwinin` tiykarg`i formalarinin` biri, ol salistirmali tu`rde tu`raqliliq ha`m bekkemlilik penen ajiraladi. Insan sezimi emotsiyalardin'` uliwmalasiwi sipatinda payda boladi-sezimlerdin` payda boliwi ha`m rawajlaniwi turaqli emotsional qatnaslardin'` qa`liplesiwin bildiredi. Aniq du`zilgen jag`dayda predmetlerdin` jag`dayliq a`hmiyetin sa`wlelendiriwshi jag`dayliq emotsiyalar ha`m affektlerden pariqli ra`wishte sezimler turaqli motivatsiyaliq a`hmiyetke iye qubilislardi ayiradi.

Jag`dayliq ha`m turaqli emotsional bastan keshiriwlerdin` sa`ykes emesligi psixologiyada sezimlerdin` **ambivalentligi** degen atalg`an. Bastan keshiriwlerdin` ambivalentligi jiyi ayirim turmis reallarina ha`m o`tkinshi jag`dayg`a emotsional reaktsiyanin` turaqli emotsional qatnaslardin'` say kelmewinde payda boladi (misali, eger unamli bahalanatug`in adamlar, doslar adamg`a diqqatsiz bolsa, ashiwi keliwi).

**A`dep-ikram** (etikaliq) sezimler adamnin` basqa adamlarg`a, Watang`a, shan`arag`ina, o`zine bolg`an qatnasin bildiredi. Moralliq sezimge muhabbat, gumanizm, patriotizm, haqiyqatliq, abiroy, uyat h.t.b kiredi. A`dep-ikram sezimlerinin` ha`r tu`rliligi insan qatnasinin` ko`p tu`rliligin sa`wlelendiredi. A`dep-ikram seziminin` en` joqari formasi-*jaqsiliqqa muhabbat*. Etikaliq sezimler insan minez-qulqin retlestiredi. Eger ol o`zin qa`liplesken minez-quliq normalarina say tutsa, bunnan qanaatlanadi, o`zin isenimli sezedi. Eger onin` ha`reketleri uliwma belgilengen normalarg`a muwapiq kelmese, ol qolaysizliq, uyat sezedi.

**Uyat** tiykarinda an`lanbag`an tu`rde ayipkershilik sezimi jatadi, bunda tek g`ana o`zin`e ashiw emes, al qabillang`an normalardi ha`m ko`rsetpelerdi buziwdan qorqiw bar. Insan minez-qulqinin` joqarg`i a`dep-ikramliliq retlestiriwshisi hu`jdan. Etikaliq emes ha`reketti islegen adamnin` jag`dayi qanday bolatug`inlig`i ha`mmege belgili. Bul uwayimlar «hu`jdan azabi» dep atalip, bunin` tiykarinda gu`na ha`m jat bolip ketiw keselligi, adamnin` basqalardan ajiraliwi jatadi.

**Intellektual (**biliw) sezimi adamnin` du`n`yag`a biliw qatnasi menen payda boladi. Biliw seziminin` predmeti ha`m bilim aliw protsessi ha`m onin` na`tiyjesi de boliwi mu`mkin. Intellektual sezimlerge qizig`iwshilq, biliwge qumar, sirdi seziw, tan`laniwdi jatqariw mu`mkin. Intellektual sezimnin` shin`i muhabbattin` haqiyqatliqqa uliwmalasqan muhabbat sezimi boladi, ol turmis sirina teren` kiriwge mu`mkinshilik beretug`in u`lken ha`reketleniwshi ku`sh boladi.

**Estetikaliq sezimler** ko`rkem baha ha`m talg`amda ko`rinedi. Adam ta`rbiya protsessinde rawajlang`an estetikaliq talg`amg`a iye bolsa, iskustvo shig`armasi, ta`biyat kartinasi, basqa adamdi qabillag`anda o`zi ushin jag`imli yamasa jag`imsiz emotsiyalardi sezedi, onin` diapazoni ju`da` ken`-ra`ha`tleniw sezimi ha`m quwaniwdan-jek ko`riwge shekem.

Sezimlerdin` qa`liplesiwi insan sub`ektivliginin` rawajlaniwinin` za`ru`r sha`rti esaplanadi. Motiv, ideal, minez-quliq normalari biliwdin` o`zi adam onin` menen basshiliq etiwi ushin jeterli emes. Tek g`ana turaqli sezimler predmeti bolip g`ana, bul bilimler real tilek ha`m is-ha`reket retlestiriwshisi boladi.

Insan sezimleri onin` basqa adamlar menen qarim-qatnasina sebepshi, olar ja`miyettin` da`stu`ri ha`m a`deti menen retlesedi. Insan seziminin` qa`liplesiw protsessi onin` ishki du`n`yasinin` du`ziliwi protsessi menen tig`iz baylanisli. Individual rawajlaniw protsessinde sezimler jag`dayliq emotsiyalardan keyin payda boladi.

Insan seziminin` payda boliwinin` ja`ne bir ta`repi-olardin'` modallig`inin` ayirmashilig`i, bastan keshiriwdin` sapasi. Insannin` emotsional o`mirinin` bul aspekti amerikali psixolog K.Izard ta`repinen islep shig`ilg`an differentsiyalli emotsiya teoriyasinda berilgen. Ol on fundamental emotsiyani ayirg`an-qizig`iwshiliq-qoziw, quwanish, tan`laniw, qayg`i-azap shegiw, ashiw-qa`ha`r, jek ko`riw-jerkeniw, jaman ko`riw-mensinbew, qorqiw-za`rresi ushiw, uyaliw-tartiniw, ayip-o`kinish. Da`slepki u`sh emotsiyani K.Izard unamlig`a, qalg`an jetewin unamsizg`a jatqaradi.

**Qizig`iw-qoziw-**jiyi bastan keshiriletug`i unamli emotsiya, ol uqiplar, bilimler, oylawlardin'` rawajlaniwinda motivatsiyanin` en` a`hmiyetlisi esaplanadi. Qizig`iwshiliq-bul ku`ndelikli jumisti normal obrazda uslap turatug`in jalg`iz motivatsiya. Qizig`iwshiliq-qoziw-bul qamtip aliw, biliwge qushtarliq sezimi. Qizig`iwshiliq emotsiyasin seziwshi adamda izertlew, aralasiw, o`z ta`jiriybesin ken`eytiw, qizig`iwshiliq oyatqan adam yamasa ob`ektke jaqinlasiw tilegi payda boladi. Intensiv qizig`iwshiliqta yamasa qoziwda adam o`zin ko`terin`ki ha`m tirishe sezedi.

**Quwanish** isenimlilik ha`m a`hmiyetlilik sezimi menen, qiyinshiliqlardi jen`iwge uqiplilik seziw ha`m o`mirden la`zzetleniw sezimi menen sipatlanadi. Quwanish o`zinen qanaatlaniw, a`tiraptag`ilardan ha`m du`n`yadan qanaatlaniw menen o`tedi. Quwanish jiyi ku`sh ha`m energetikaliq ko`teriliw menen o`tedi. Quwanish-bul o`z mu`mkinshiliklerin`di a`melge asirg`anda payda boladi. O`z mu`mkinshiliklerin a`melge asiriwg`a tosqinliq etiw, bul quwaniwg`a tosqinliq etiw degen. Biraq quwanish o`mirlik maqsetlerge erisiwge bag`darlang`an oy ha`m ha`reketlerdin` tuwri na`tiyjesi bolmawi da mu`mkin. Diniy ko`z-qarastan quwanish-en` joqarg`i danaliq.

**Tan`laniw**-o`tkinshi emotsiya, ol tez payda bolip ha`m tez o`tip ketedi. Basqa emotsiyalardan pariqli ra`wishte, tan`laniw uzaq waqit minez-quliqti motivirovat` etpeydi. Tan`laniwdin` funktsiyasi sub`ekttin` tabisli ha`reketlerge, jan`a yamasa tosattan bolatug`in waqiyalarg`a tayarlawdan ibarat.

**Qiynaliw**-en` ken` tarqalg`an keri emotsiya, ol qayg`i ha`m depressiyada dominant (u`stin) esaplanadi. Qiynaliwdin` psixologiyaliq sebepleri ku`ndelikli turmistag`i ko`plegen problemali jag`daylardi, talap etiwshilik jag`daylardi, basqa da emotsiyalar, ko`z aldina keltiriwlerdi h.t.b o`z ishine qamtiydi. Qiynaliwdi bastan keshiriw qayg`i, keypiyattin` tu`siwi, u`mitsizlik, jalg`izliq, izolyatsiya, tu`skinlik sipatinda su`wretlenedi. Qiynaliw-ha`m qiynalip atirg`an adamg`a, ha`m a`tiraptag`ilarg`a og`an ha`zir jaman ekenligi haqqinda xabar beredi. Qiynaliw-adam qiynaliwdi pa`seytiw ushin, onin` sebeplerin saplastiriw og`an sebep bolip xizmet etetug`in ob`ektke o`z qatnasin o`zgertiw ushin belgili bir ha`reketti a`melge asiriwg`a iytermeleydi. Qiynaliwdin` en` awir formasi bolg`an qayg`inin` deregi jog`altiw boladi. En` awir qayg`i jaqin adamin`di jog`altqanda payda boladi. Qayg`i jag`dayin adam awir bastan keshiredi. Watandarliq psixologiyada adamnin` qayg`ina bastan keshiriwinin` psixologiyaliq mexanizmi u`yrenilgen. Atap o`tiw orinli, adamnin` a`dep-ikramliliq rawajlaniwinda qiynaliw ha`m onin` sarplaniwi joqarg`i ruwxiy tu`siniwdin` sha`rti.

**Qa`ha`r-ku`shli** keri emotsiya, adam qa`legen maqsetine erisiw jolindag`i tosqinliqqa juwap retinde payda boladi. Ashiwdin` maqsetlerinin` bir-jeke namisina tiyiw. Qizig`iwshiliq yamasa quwaniw jag`dayinin` buziliwi, aldaw, erkine qarsi bir na`rseni islewge ma`jbu`rlew. Ashiwdi bastan keshiriwde adam o`z ku`shin sezedi ha`m ashiw deregine taslaniwdi qa`leydi. Ashiw qanshelli ku`shli bolsa, sub`ekt o`zin sonshelli ku`shli ha`m energichniy sezedi, fizikaliq ha`reketke talap sonshelli ku`shli boladi. Qa`ha`rlengende energiyanin` mobilizitsiyasi sonshelli ku`shli, bunda adam eger ashiwin qanday da bir jol menen shig`armasa, jarilip ketetug`inin sezedi. Qa`ha`rlengende ashiw affekt basqishina jetedi.

**Jek ko`riwshilik** siyaqli emotsional jag`day ob`ektti joq etiw yamasa oni o`zgertiw za`ru`rligin bastan keshiriw menen baylanisli jag`day, bul adam sanasinda bahali a`hmiyetli, normal ha`m usi normalliliq fonında qa`siyetsiz-kemshilikli keskin kelispew aqibeti. Materialliq predmetler de, sotsialliq ha`reketler de, basqa adamlardin'` ha`reketleri de jek ko`riwshilik payda etiwi mu`mkin. Jek ko`riwshilik ashiw siyaqli, o`zine qaratiliwi da mu`mkin, bunda o`zin bahalaw pa`seyedi ha`m o`zin ayiplaw payda boladi.

**Jerkeniw** adamg`a o`zin jaman ko`rip atirg`an adamnan ku`shlirek, aqilliraq, qanday da bir qatnasta jaqsiraq seziniw kerek bolg`an jag`daylar menen baylanisli. Jerkeniw-basqa adam, topar yamasa predmetlerden u`stinligi olardi bahasizlandiriw sezimi. Jerkeniwshi adam shetlenedi, o`zi ha`m basqalar arasinda araliq payda etedi. Jerkeniw, ashiw ha`m jek ko`riw siyaqli qaysi bir ma`niste dushpanliliq sezimi esaplanadi. Adam o`zi jaman ko`rgen na`rsege dushpanlarday qaraydi.

**Qorqiw** emotsiyalardin'` ishindegi en` ku`shli ha`m qa`wiplisi. Qa`wip haqqinda xabar beriwshi waqiya, sha`rt yamasa jag`day qorqiw sebebi boliwi mu`mkin. Qorqiw u`lken ku`sh emotsiyasi esaplanadi, ol sub`ekttin` sanasina ha`m minez-qulqina ku`shli ta`sir ko`rsetedi. Qorqiw baxitsizliq, isenimsizlik, toliq qorg`aniwsizliqti aldin ala seziw sipatinda bastan keshiriledi. Adam o`zine qa`wipti sezedi. Qorqiw jag`imsiz sezimnen za`rresi ushiwg`a shekem boliwi mu`mkin. Qorqiw seziminin` rawajlaniwinda kishken waqtindag`i ta`rbiya u`lken rol` atqaradi. Gumanistik ta`rbiya qorqiwdi bastan keshiriwdi joqqa shig`aradi, ata-analar balasin qorqitiwdan tiyip oni qa`wiplerden qorqpawg`a u`yretedi. Qatal, normativ ta`rbiyada ata-ana balag`a o`znin` normalrdi buziw aldindag`i qorqinishin o`tkeredi, qorqiwdin` ziyanlilig`i jiyi ata-analar ta`repinen pa`seytirilip jiberiledi ha`m olar bile tura balani qorqitadi.

**Uyat** emotsiya sipatinda adamdi sonday jag`dayg`a saladi, ol o`zin kishkene, a`zzi, sharasiz, emotsional qapa, hesh na`rsege jaramsizday sezedi. Uyaliw waqtinsha, logikaliq ha`m na`tiyjeli oylaw u`qibinan ayiradi, ayirim jag`daylarda-jen`iliw, sa`tsizlik sezimin payda etedi. Uyaliw o`z-o`zin`e jek ko`riw payda etiwi mu`mkin. Insannin` normal qa`lewleri uyaliw payda etiwshi jag`dayg`a tu`speydi yamasa qorqinishsiz ta`wbe etiwge uqipliliq, ku`shli, erikli shaxstin` rawajlaniwinda a`hmiyetli sha`rt esaplanadi.

**Ayip** naduris ha`reket islegende payda boladi. A`dette adamlar qag`iydani buzip ha`m o`z jeke pikirler shegarasin basip o`tkenligin an`lag`anda ayipli sezedi. Olar o`z moynina juwapkershilikti aliwdan bas tartqanda da ayip sezedi. Ayip a`dette adam o`z ha`reketin o`zi ayiplag`anda, basqalardin'` bug`an qanday qatnasta bolg`aninan biyg`a`rez ju`z beredi. Ayip sezimi o`kiniw, o`zin o`zi ayiplaw ha`m o`z bahasin pa`seytiw siyaqli reaktsiyalardi payda etedi. Ayip adam o`zinin` jeke juwapkershiligin sezgen jag`dayda payda boladi. Ayipti bastan keshiriw, Men qa`telestim, basqalarg`a yamasa o`zime qarata nahaq boldim degen qiynawshi sezimnen ibarat. Ayip sotsialliq

juwapkershilik ta`rbiyasinda uyaliwdi toliqtiradi, biraq a`yne hu`jdannin` oyaniwi ha`m rawajlaniw psixologiyaliq jetiliskenlikke ta`sir etedi.

Ha`r qiyli adamlarda emotsiya ha`m sezimler ha`r qiyli a`hmiyetke iye. Emotsionalliq adam temperamentinin` bir ta`repin quraydi. Yag`niy belgili bir mo`lsherde tuwma ha`m na`sillik negizi menen belgilenedi.

**Insan sezimlerinin` jiyindisi**-bul adamnin` du`n`yag`a, ha`m birinshi gezekte jeke bastan keshiriwlerinin` tu`r ha`m tikkeley formasinda basqa adamlarg`a qatnasi jiyindisi.

Erk haqqinda tu`sinik. Adam aktiv maqluq retinde tek do`gerek a`tiraptag`i du`n`yani qabil etip, tek og`an qanday da bir qatnas jasap g`ana qalmastan, al onin` ta`sirine juwap ta beredi, do`gerek-a`tiraptag`i du`n`yag`a ta`sirin tiygizip, oni o`z maqsetlerinde jan`aratip o`zgertip turadi. Bunday waqitta Adam o`zi azli ko`pli an`g`aratug`in belgili bir maqsetlerdi go`zleydi.

Geyde maqsetke erisiw qiyinshiliq tuwdirmaydi ha`m ku`sh saliwdi talap etpeydi (ma`selen, kitap tekshede jatqan bolsa ha`m adamnin` bos waqti bolsa, ma`qset- kitap oqiw boladi h.t.b). Biraq ko`binese ma`qsetke erisiw qiyinshiliqlardi ha`m tosqinliqlardi jen`ip shig`iw menen baylanisli boladi. Qiyinshiliqlar menen tosqinliqlar eki tu`rli- *sirtqi ha`m ishki* boladi.

*Sirtqi tosqinliqlar* – bul adamnin` g`a`rezsiz emes sirtqi tosqinliqlar, sirtqi kesent, basqa adamlardin’` qarsiliq ko`rsetiwi, ta`biyiy tosqinliqlar boladi.

*Ishki tosqinliqlar* adamnin` o`zine g`a`rezli boladi, bul kerek na`rseni islewdi qa`lemewshilik, qarama-qarsi niyetlerdin` boliwi, adamnin` uyan`lig`i, jaman keyip, oysizliq penen ha`reket etiw a`deti, jalqawliq, qorqinish sezimi, jorta menshenshilik etiwi h.t.b.

**Erk - adamnin` qiyinshiliqlardi ha`m tosqinliqlardi jen`ip shig`iwina baylanisli bolg`an maqsetli ha`reketlerin ja`ne qiliqlarin belgileytug`in onin` psixikaliq xizmeti boladi.**

Tosqinliqlardi ha`m qiyinshiliqlardi jen`ip shig`iw erkli ku`sh saliw dep atalatug`in, adamnin` fizikaliq, intelektualliq ha`m moralliq ku`shlerin mobilizatsiyalaytug`in nervlik- psixikaliq qatti ku`sh jumsawinin` ayiriqsha halatin talap etedi.

### Ta`kirarlaw ushin sorawlar.

1. Sezim haqqinda tu`sinik?
2. Emotsiya degenimiz ne?
3. Emotsional jag`daylardin’` tu`rleri?
4. “Affekt”- so`zinin ma`nisi?
5. Moralliq, intellektualliq, estetik sezimlerdin` tu`sinigi?

## Tema: Erk

**Joba:**

1. Erk haqqında tu`sinik.
2. Erklik sıpatlar
3. Balalarda erkti rawajlandırıw

***Tayanish tu`sinikler***: Erk haqqında tu`sinik, uliwma o`zgeshelikleri, shaxstin`erklik sipati, qiyinshiliklar, toskinliklar, ishki-sirtki qarsiliqlar, maqsetli ha’reketler, ku’shli erk, sezimler, erkli-erksiz ha’reketler, maqsetke erisiu, refleksler, bas miy kabigi, erkke kush saliwlar, motivizatsiyalaw, oz betinshelik, batillik, tabanlilik, ojetlik, sabirlilik, tartiplilik, er jureklilik, tartipsizlik, alsi-jakin maqsetler.

### A`debiyatlar.


1. Davletshin M.G. Umumiy psixologiyaT., TDPU, 2002.
2. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
3. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
4. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.


### Elektron bilim resursları


1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz

a’.Adam jedelli (aktiv) makluk retinde tek dogerek atiraptagi dun`yani qabil etip, tek ogan qanday da bir qatnas jasap gana kalmastan, al onin tasiyrine juuapta beredi, dogerek atiraptagi dun`yaga tasiyrin tiygizip, oni oz maqsetlerinde janartip,ozgertip turadi. Bunday waqıtta adam ozi azli-kopli angaratug’in belgili bir maqsetlerdi gozleydi.

Geyde maqsetke erisiu qiyinshilik tuudirmaydi ha`m kush saliwdi talap etpeydi(maselen kitap tekshede jatkan bolsa maqset kitap oqıw boladi jane t.b.). Biraq kobinese maqsetke erisiu qiyinshiliqlardi ha`m toskinliqlardi jenip shigiu menen baylanisli boladi. Qiyinshiliklar menen toskinliklar eki turli-sirtki ha`m ishki boladi.

Usi ko’z-qarastan eki misaldi salistirip koreyik. Bir jagdayda oqıwshiga uy tapsirmasin orinlaw ushin ozinde jok bolg’an kitap kerek bolip qaladi. Ol kitapxanaga barsa, kitap ol jerde de jok bolip shikti. Ol birinshi,ekinshi,ushinshi joldaslarina barip jolikti, biraq olarda da bul kitap jok eken. Sonday oqıwshi mugallimnin uyine bardi ha`m qalay bolsa da kitapti tauip aldi. Basqa bir jagdayda oqıwshida talap etilgen kitap bar edi, biraq onin dim sabak tayarlagisi kelmedi, al balalarda oni barinsha shakirip ha`m eliktire bergenlikten terezenin aldinda turip,futbol tobinn ko’rsetip,imlap shakira bergenlikten onin futbol oynauga bargisi keldi. Biraq oqıwshi qarama-qarsi tileklerin jenip shigip, ozin uyde qaldiriwga ha`m otirip alip, sabak tayarlawga majbur etti. Anau jagdayda da, basqa bir jagdayda da toskinliklar bolg’ani aniq, biraq, olar putkilley basqa-basqa xarakterge iye boldi.

Sirtki toskinliklar-bul adamnin garezsiz emes sirtki toskinliklar, sirtki qarsiliq basqa adamlardin’ qarsiliq ko’rsetiwi, tabiyiy qarsiliqlar boladi. Ishki toskinliklar adamnin o’zinen garezli boladi, bul kerek narseni isleudi kalemewshilik,qarama-qarsi niyetlerdin boliwi, adamnin uyanligi, jaman keyip, oysizlik penen ha’reket etiw adeti, jalkaulik,korkinish sezimi, jorta menmenshilik etiwi ha`m t.b. boladi.

Adamnin erki ol maqsetke jetiw jolinda toskinliqlardi ha`m qiyinshiliqlardi jenip shigiuga qanshama ukipli ekenliginde, oz minez-qulqin qanshama mengerip ozinin xizmetin belgili bir uaziypalarga qanshama bagindira aliwinin ozinde bilinedi. «Erk-adamnin qiyinshiliqlardi ha`m toskinliqlardi jenip shigiuina baylanisli bolg’an maqsetli ha’reketlerin jane kiliklarin belgileytug’in onin psixikaliq xizmeti boladi».

Toskinliqlardi ha`m qiyinshiliqlardi jenip shigiu erkli ha`m kush saliw dep atalatug’in, adamnin dene (fizikaliq), intelektuallik ha`m morallik kushlerin jumsauga bagdarlanatug’in nervlik-psixikaliq qatti kush jumsauinin ayiriqsha xalatin talap etedi.

Erk tek maqsetke erise aliw ukibinda gana emes, al bir narseden ozin tiya aliw ukibinda da juzege keledi.

«Ku’shli erk-bul tek bir maqsetti gozleu ha`m ogan erise aliw ukibi gana emes, al kerek bolip kalganda kiziktirgan, o’zine tartkan narseden uaz keshe biliw (beze biliw,bas tarta biliw) boladi».

Adam erkinin ob`ektivlik ko’rsetkishi-ol jene alatug’in toskinliqlardin’ kolemi boladi. Ozbekistan Respublikasinin tinishligin korgau waqtinda elimizdin abadanligi ushin xadal miynet etip atirgan kaha’rmanlarimizdin erki ulli(ku’shli).

Erk tek u’lken islerdi gana emes,al kishigirim islerde de juzege kele aladi. Karshaday bala ushin kishigirim iste de jigerlilik ko’rsetiw-erkli kiliqlardi ha`m is-ha’reketlerlerinin jaqsi mektebi boladi. Tayarlap atirgan sabaklarin shala taslay sala, balalar ko’rsetiwin ko’riw ushin televizorga qaray juuirik kumarliginan ozin sanali tu’rde irkip kalgan birinshi klass oqıwshısı usinin menen ozinin erkin shiniktiradi.

Erk adam xizmetinin barliq turlerinde juzege keledi. Maselen erklilik jaginan kush saliwsiz, maqsetti angariwsiz,ob`ektivlik kesentlerdi, ha’rip-sharshaudi jene aliwsiz miynet bolmaydi. Jiger oqıwshinin talim aliw xizmetinde mudami juzege keledi. Ha’r bir sabakta uyge berilgen tapsirmalardi orinlagan waqıtta mektep oqıwshısına en ha’r qiyli qiyinshiliqlardi jenip shigiuga, ozin bekkem tutiuga tuura keledi. Talim aliw jigerlilik jaginan pikirdi bir jerge jamleudi,tiyanakli tu’rde maqsetti gozleudi,ozin tiya aliwdi talap etedi.

Maqsetti belgilep aliw anau yamasa minau jigerlilik ha’reketti iske asiriw neden garezli boladi ozi? Adam putkilley erkin ha`m darkan keuline kelgenin isley alatug’inday, bilay da, basqasha da isley alatug’inday bolip koriniwi mu’mkinU` barligi tek onin xesh qanday sebepsiz xesh narseden kelip shikpaytug’in tileklerinen garezli boladi. Ayirim psixologlar tap usi jigerdin toliq erkinligi tuwrali aytadi.

Ilimiy psixologiya jigerdin bunday erkinligin moyinlamaydi. Adamnin ha’r qanday ha’reketinin daslepki sebebi onnan sirtta boladi, jigerlilik kiliklari adam turmisinin sirtki ha`m ishki sharayatlarinan toliq garezli boladi.

Erkli xizmet adamnin sezimleri menen bekkem baylaniskan. Adam ha’r qanday iske kumarlilik penen umtilar eken, ol qoyilg’an maqsetke jetiw,niyet etiw,niyet etilgen narseni orinlaw ushin ha’r qanday qiyinshiliqlardi,mashakat ha`m kanashiliqlardi jeniwge ilayiq boladi. Atiraptagi turmiska biyparua qaraytug’in adam maqsetke erisiude oz erkine ush saliwg’a iye emes.

Erkli (erki ku’shli) adamdi sezimler basqarmaydi,mu’mkin ol mudami oz sezimlerin basqaradi.

Adamnin belgili maqsetke qaratilgan ha`m sanali xizmeti bolg’an erk oylaw protsesslerine kashik boliwi mu’mkin emes. Oylaw erkli ha’reketler sanali tu’rde maqset belgileude de,sol maqsetke erisiu ushin qurallar tanlawda da payda boladi. Adam iske qalay kirisiuden aldin, ozinin ne islemekshi ha`m ne ushin usi isti orinlawi kerekligin oylap ko’riwi ha`m aniqlap aliwi, oz is-ha’reketlerinin na’tiyjelerin esapka aliwi ha`m maqsetke erisiu jolinda ushiraytug’in qarsiliq (qiyinshilik)lardi ko’zde tutiui kerek.

Putkil erkli ha’reketti orinlaw protsessinde pikir jurgiziu za’ru’r. Adam erkli ha’reket eter eken kobinese aldin ala ko’zde tutilmagan kop gana qiyinshiliklarga, ozgerip ketken sharayatka ushiraydi, bul jagday onnan u’lken pikirleu jumisin, is ha’reketlerdin belgilep qoyilg’an jobasina kirgiziu kerek bolg’an barliq ozgerislerdi abden oylap shigiudi talap etedi. Gumansiz, oylaw qatnaspasa erkli xizmet sanaliliktan ayrilip kalgan bolar edi, ha`m adamdi aldina qoyilg’an maqsetke alip barmas edi.

Adamnin oz xizmeti ha`m minez-qulqin sanali tu'rde tartipke saliwda, oz ustinen, ozinin is-ha'reketleri ustinen xukimdarlikti sanali tu'rde amelge asiriwda, oz tilekleri ha`m sezimlerin sanali tu'rde akilli qabil etiwge boysindiriwda, oylaw ayiriqsha a'h'miyetli rol` oynaydi.

Ha'rekettin maqsetleri adamnin dun`yaga ko'z-qarasi, onin turmislik maqsetleri,mapleri,jeke kelbetinin ozgeshelikleri menen belgilenedi. Al siz bunin barligi sirtki ta'sirlerdin, adamnin turmisinin ha`m xizmetinin na'tiyjesi ekenin bilesiz. Solay etip, tikkeley emes jigerlilik ha'reketleri barha`ma sirtki ta'sirler menen belgilenedi. Biraq adamnin psixikaliq turmisinin quramaliligi, uzaq yamasa tikkeley emes boliwi itimal bolg'an sirtki ta'sirlerdin quramaliligi adamnin anau yamasa minau erklilik ha'reketlerinin sebeplerin aniqlawga kobinese imkaniyat bermeydi. Usinin ozi «erkin erk» adam kiliklarinin sirtki ta'sirlerden garezliligi tuwrali push qiyaldi doretedi.

g'.Erktin fiziologiyaliq mexanizmleri ele jetkilikli darejede u'yrenilmegen ha`m aniqlanbagan. Adamnin erkli ha'reketlerinin tek gana ayirim bir mexanizmlerin gana tusindirip beremiz.

Adamnin barliq sanali ha'reketleri refleks tipinde payda boladi, demek sanali ha'reketler bolg'an erkli ha'reketler fiziologiyaliq tiykari jaginan ha`m bul ha'reketlerdin payda boliw tipi jaginan reflektor protsessler.Bunin manisi sonda barliq adamzat ha'reketlerinin birinshi sebebi adamnan tiskarida boladi, yagniy sirtki ortaliqka baylanisli.

Erkli ha'rekettin fiziologiyaliq tiykari bas miy kabiginda payda bolatug'in shartli baylanislardin' quramali sistemasi.

Sirtki ortaliqtan uzliksiz tu'rde izbe-iz signallar kelip turadi ha`m adamnin analizatorlarina ta'sir etedi, biraq bul ta'sirlerdin barligi da birdey retseptorlardi qozdira bermeydi, tek ayirimlari gana analizatorlarga ta'sir ko'rsetedi ha`m ko'ziuga sebep boladi.

Bas miy kabiginda ha'r turli analizatorlardan kelip turgan impul`sler juda nazik darejede taliklanadi, bul impul`slerdin ayirimlari tormozlanadi, basqalari bolsa shartli reflektor baylanislarinin quramali sistemalarin payda etip, birlesedi. Usi baylanislar kop marte bekkemlengennen keyin waqıtsha baylanislardin' quramali, turakli bolimleri juzege keledi, usi bolimler jalgiz sistema sipatinda ha'reket ete baslaydi.

Ha'reket orinlang'annan son ha'reket organlarinan bas miy kabigina orinlang'an ha'reket haqqinda signallar keledi. Bul xabar oraylik nerv sistemasina keledi, ol jerden impul`sler jane miy kabiginin ha'reketlendiriwshi oraylarina ha`m retseptorlarga joneledi. Ha'reketler xizmetinin ozgergen sharayatlari haqqinda alingan signallarga muuapik ozgere beredi.

Bul oz-ara baylaniskan eki tarepleme nerv baylanisi adamnin ha'reketin tartipke saladi ha`m basqaradi.

Solay etip, ha'reketler basqarilatug'in ha`m qoyilg'an uaziypalarga juuap beretug'in ha'reketlerge aynaladi.

Jagdayga beyimlesiu refleksi yamasa «Bul ne?» dep atalgan janalikka tiyisli refleks, ha'reket baslaniwinan burin-ak juzege keledi.Jagdayga beyimlesiu refleksi juzege kelgennen son, nerv sistemasina jollar ashiladi-nerv impul`sleri jakinda bolatug'in xizmet ushin kerek bolatug'in jollardan otedi, yagniy nerv sistemasinin jakinda bolatug'in xizmetine tap usi jolda ha'reket etiw mu'mkinshiligi ha`m maqsetke muuapikligi yamasa mu'mkinshiligi jokligi aniqlanadi. Mine solay etip daslepki jagdayga beyimlesiuden keyin ya is-ha'reket baslanadi yamasa is-ha'reketten uaz keshiledi biraq ayrim waqıtlari adamda gumanlaniw jagdayi-ha'reket etiw kerek yamasa ha'reket etiw kerek emes degen xalat (yagniy motivler guresi) payda boladi.

Daslepki xizmet tiykarinda burin payda bolg'an waqıtsha nerv baylanislari bul tayarlik da'wirinde jedellesedi (janlanadi). Jakinda bolatug'in is-ha'reketlerdi anlaw xalati payda boladi. Is-ha'reketke tayarlik qarsiliqlardi jeniwge tayarlik xalati juzege keledi, bul xalat adamnin erkine kush saliwina sebep boladi.

Bas miy kabigindagi tormozlaniw protsessleri erkli reaktsiyalardin' fiziologiyaliq mexanizmlerinde u'lken rol` oynaydi. Kop qozdiriwshilar arasinda en a'h'miyetli bolg'an qozdiriwshilar ajiraladi, biyparua qozdiriwshilar ha`m organizm ushin a'h'miyetin jogaltkan qozdiriwshilar bolsa tormozlanadi.

Bir qiyli reflekslerdin tormozlaniw protsessi ha`m sol munasibet penen basqa reflekslerdin kusheyiui erkli ha'reket ushin u'lken a'h'miyetke. Kerekli bolmagan ha'reketti toktatip qaliw, shidamli (sabirli) boliw, bulardin' ha`mmesi sirtki qozdiriwshilardin' tanlanba tormozlaniwi yamasa sirtki ta'sirge juuap retinde ha'reket re-aktsiyalarinin tormozlaniwi menen baylanisli.

Tanlanba tormozlaniw qansha tezirek payda bolsa, adamnin ha'reketin toktatip qaliw ukibi sonshelli ansatirak juzege keledi, impul`siv ha'reketlerge toskinlik etedi. Bul jagday soni ko'rsetedi, adam asigislik penen qararlar qabil etpeydi, ozinin is-ha'reketi ha`m kiliklarin oylap koredi, impul`siv ha'reketlerdi toktatadi.

Adamnin erkli ha'reketlerinin payda boliwinda ekinshi signal sistemasinin(yagniy soz soyleu) a'h'miyeti juda u'lken.

Soz benen makullawdin unamli roli ha`mmege malim. Kobinese is-ha'reketti maktau, makullaw adamnin u'lken qarsiliqlardi jenip otiuine jardem beredi. Is-ha'reketti xoshametleu, makullaw sebepli adamda erkke kush saliw juzege keledi, sol sebepli ol qiyinshiliqlardi jeniw ushin kushinin artip baratirganligin sezedi.

Erkke kush saliwlar waqtinda nerv sistemasinin zorigip isleui ushin nerv kuuati rezervinen-retikulyar sistema dep atalatug'in sistema yamasa retikulyar formatsiyadan kosimsha kush-kuuat alip turadi. Jakinda nerv kletkalarinin shinjirlari oylap tabildi, bul shinjirlar miy sabi ha`m aralik miy boleginde jaylaskan. Ha'r qiyli formada ha`m u'lken-kishi bolg'an kletkalar o'zine tan nerv turin jamlestiredi, bul kletkalar tiykargi nerv sistemasi kletkalarinin toplam-lari ortasina jaylaskan, bul kletkalar oraylik nerv sistemasinin ane sol o'zine tan bolimleri ortasindagi araliqlardi toliqtiradi.

Ilimpazlardin’ tekseriwleri retikulyar formatsiya oraylik nerv sistemasinin barliq bolimleri, yagniy arka miyden baslap, bas miy u’lken yarim sharlarinin kabigina shekemgi bolg’an bolimleri xalatina ha`m xizmetine u’lken ta’sir ko’rsetetug’inligin aniqlagan.

Ko’ziu protsessinin retseptorlarinan keletug’in nerv impul`sleri eki jol menen: tuuri o’zine tan jol menen ha`m retikulyar formatsiyaga baratug’in tarmak jollar menen otedi. Bul impul`sler retikulyar sistemanin xizmetin tamiyinleydi ha`mde oraylik nerv sistemasi ha’r qiyli bolimlerdin ko’zgaliw ha`m tormozlaniw darejeleri xalatina ta’sir ko’rsetedi.

Erkke kush saliw bas miy kabiginin isinde zor gayrat ko’rsetiwdi talap etedi, erkli xizmet nerv bolimlerinde tez kayta ozgeristi kosimsha nerv oraylarinan protsesske kirgiziudi talap etedi. Bas miy kabigi ozinin jedelligin ha`m iskerlik darejesin tamiyinleytug’in bul kuuatti retikulyar sistemanin kosimsha rezervlerinen alip turadi.Eger retikulyar sistema signallari bolmay kalsa, shartli reflekslerdin payda boliwi toktap qaladi: demek miy kabiginin ha’r qanday erkli ha’reket ushin za’ru’r bolg’an jedelliligi pasenleydi.

q.Erkli ha’reketler tek adamga tan ha’reketler.Xayuanlar adamnan ozgeshe bolip, olar tek gana tabiyatka, dogerek-atiraptagi ortaliqka beyimlesediU` olar maqsetti anlap ha’reket ete almaydi, oz is-ha’reketlerinin na’tiyjelerin aldinan kore almaydi, olarda erkli is-ha’reketler jok xayuanlardin’ ha’reketlerin qoyilg’an maqset emes, mu’mkin tap usi jagday, tap usi sharayat belgileydi. Demek xayuanlarda erk bolmaydi. Tek adam gana belgili bir maqsetti gozlep, erkli ha’reket etedi.

Adamnin erki miynet protsessinde jetilisken. Algashki adamnin miynetinde-ak belgili maqset ko’zde tutilgan. Ol auga(anga) shigiu aldinda qural, ha’r qiyli uskeneler tayarlaganU` anga shigiu aldinda jabayi xayuandi aydap kirgiziu ushin adamlardi jaslestirgen ha`m jumislar bolistirilgen-demek adamnin xizmeti anga shigiudan aldin-ak belgili maqsetke qaratilgan.

Anga shigiu protsessinde adamnin erkli ozgeshelikleri jetilisken, sebebi onin qoyilg’an maqsetke erisiu ushin u’lken qiyinshiliqlardi jeniwine ha`m oz xizmetin sol maqsetke ilayiq tartipke saliwg’a tuuri kelgen.

Erkli ha’reketler adam turmisi protsessinde, adamlardin’ otken auladlari jaratkan narselerdi o’zlestiriw protsessinde jetilisedi. Adamnin erki sirtki ta’sirlerge ha`m dogerek atiraptagi ortaliqtin ta’sir etiwine baylanisli.

Erkli ha’reketler jamiyetlik miynet protsessinde juzege keledi, adamlardin’ jamiyetlik munasibetleri protsessinde rawajlanip baradi ha`m belgili nizamliklarga boysinadi.

Adamnin erki dun`yanin nizamlarina baylanisli, biraq adam oz minez-kulki jolin ozi belgileydi ha`mde oz is ha’reketleri ha`m kilmis isleri ushin ozi juuapker boladi. Adam tabiyat ha`m jamiyetlik turmis nizamliklarin biliwge tiykarlang’an ha`m amelge asirilatug’in aniq maqsetlerdi oz aldina koya aladi. Tabiyat ha`m jamiyetlik turmistin ob`ektiv nizamliklarin biliw adamnin malim maqsetke muuapik ha’reket etiwine, turmis uaqiyalarinin barisin jollawga, eger kerek bolsa bul uaqiyalardi o’zlestiriwge mu’mkinshilik beredi. Adam keleshekti aldinan korip ha`m otmishti esapka alip, xazirgi waqıt shenberinen shetke shigatug’in maqsetlerdi oz aldina koyadi.

Adam ja’ma’a’tlik miynette qatnasar eken, ozinin is-ha’reketlerin bilip alingan tabiyat nizamliklari menen sonday-ak ja’ma’a’ttin miynet sharayatindagi miynet munasibetleri na’tiyjesinde juzege keletug’in talaplari menen birlestirip bariwga umtiladi. Bul jagday adamdi oz is ha’reketlerin ja’ma’a’t umtilip atirgan maqsetke boysindiriwga majbur etediU` bul maqsetti ol ozi ushin qabil etedi ha`m oni oz is-ha’reketlerinin maqsetine aylandiradi, usi maqsetke erisiu ushin ol qiyinshiliqlardi jenedi, oz is-ha’reketlerin usi maqsetke erisiu talaplarina boysindiradi.

Joqari a’dep-ikramlilik motivler sebepli is-ha’reket etiwshi adam oz ha’reketlerinde xujdanlik minnet sezimine, uatan suyiushilik, joldasliq sezimleri ha`m basqa joqari a’deplilik motivlerge amel kilar eken, onin shaxsiy umtiliulari jamiyetlik umtiliular menen birlesip a’depli ta’rbiyalang’an erkke iye boladi.

A’dep-ikramlilik jaqtan ta’rbiyalang’an erkli adamnin erkli is ha’rketi qiyinshiliqlardi jeniwde erkke kush saliw menen, erkli ha’reket etiw menen xarakterlenedi ha`m belgilengen maqsetke erisiuge mu’mkinshilik beredi.

Maqset koyiu-erkli ha’rekettin a’h’miyetli basqishi, biraq maqset ele adamnin erkli sipatlarin belgilemeydi. Sonday adamlar bar, olar juda jaqsi maqsetler koyadi ha`m sogan erisiu jollari haqqinda kop aytadi, biraq sogan qaramay is-ha’reketke kirispey kala beredi. Bunday adamlardin’ jamiyet ushin xesh qanday paydasi tiymeydi.

Erkli adamda mudami uzaq motivizatsiyalaw payda boladi. Ol eger sharayat talap etetug’in bolsa erkli ha’reketti darxal orinlamay mu’mkin tek xazirgi payitti gana emes, keleshekti de nazerde tutip, bir qansha waqıttan keyin orinlawi mu’mkin.

n’.Ha’r bir erkli ha’rekette eki basqishti ayirip shigariwga boladi. Birinshisi-bul tayarlik ko’riw basqishi, oydan ha’reket etiw, oylap shigiu basqishi bolip, bunda maqset angariladi, maqsetke erisiudin jollari ha`m qurallari belgilenedi jane sheshim qabil etilediU` ekinshisi atqariw basqishi bolip, bunda qabil etilgen sheshim orinlanadi ha`m orinlang’an ha’rekettin o’zine baha beriledi.

Tayarlik ko’riw basqishi. Ha’r qanday jigerli ha’reket maqsetli ha’reket retinde barha`ma ha’rekettin maqsetin belgileuden ha`m oni aykin angarip aliwdan baslanadi. Ha’reket etiwden burin ne ushin ha’reket etiw kerek ekenin, ha’reket etiw na’tiyjesinde adam nege erisiuge umtilatug’inin angariw tiyis. Sonday ak maqsettin a’h’miyetin angariw ogada u’lken a’h’miyetke iye boladi. Egerda adam ozinin aldina qoyg’an maqseti tek jeke a’h’miyetke emes, al u’lken jamiyetlik a’h’miyetke de iye ekenin angarsa, ol aytarliktay qiyinshiliqlardi jenip shiga alatug’in bolip qaladi.

Maqsettin aniqligin angariw da a’h’miyetli boladi. Usi adamnin kolinan kelmeytug’in maqsetlerdi alga koyiu baslang’an isti akirina shekem jetkeriwshilik adetin payda etedi. Biraq ansat, erisiletug’in maqsetler erkti rawajlandiriwdi, qiyinshiliklarga qarsi gures jurgiziu, toskinliqlardi jenip shigariw ukibin payda etpeydi. Ha’rekettin

maqsetleri adamga attan-aniq boliwi, biraq ogan erisiu ushin u'lken kush saliwdi talap etetug'in boliwi tiyis. Tek usinday maqsetler gana haqiyqat erkti, minez kulikti belgileydi.

Erk ha'reketti duris bahalaw ushin usi maqsetti gozleudi belgilengen adamga ha'reket etiwge kulshindirgan sebeplerdi, niyetlerdi de biliwi tiyis. Adamnin ha'r bir ha'reketi qanday da bir narse ushin(maqset) ha`m qanday da bir sebepke gore islenedi.

q-klass oqıwshilarinan «Sizler ne ushin jaqsi okip atirsiz?»-dep soradi. Berilgen juuaplar ha'r qiyli boldi. Bir oqıwshi «bul menin minnetim-akem menen anam jaqsi jumis islegeni siyakli, men de jaqsi oqıwga tiyispen»-dep juuap berdi. Basqa bir oqıwshi «Xayal mugallimnen maktau esitkim keledi»-dedi. Al ushinshi bir oqıwshi «Men ha`mmeden jaqsi bolgim keledi. Akem magan jaqsi bahalar ushin kinoga bariwga aksha beredi»-dedi. Xizmetti bir turli, onin na'tiyjeleri de bir turli, biraq ha'rekettin sebepleri ha'rqiyli.

Keltirilgen misaldan sebepler ha'rqiyli-pas(ozimshillik niyetleri) ha`m joqari(jamiyetlik tu'rdegi sebepler, minnet sezimi) darejeli bolatug'ini korinip tur. Albette adamnin ha'reketleri qara basinin sebepleri (ozinin aman esenligin tamiyinleuge umtiliu, bireuge jeke tu'rde qatti bawir basiu ha`m t.b.) menen de belgileniwi mu'mkin, biraq bizin adamlardin' jeke sebepleri jamiyetlik maplerge kayshi kelmeydi.

Jigerli ha'rekettin tayarlik ko'riw basqishinin mazmunin maqsetke erisiuge maqsetke erisiuge ishki yamasa sirtki toskinliklar bar ekenine qaray ha'r qiyli boladi. Ishki toskinliklar (korkinish, jalkaulik,sharshau,ha'reket etiwdi kalemewshilik, bar bolsa,basqish sebepler guresi xarakterine iye boladi. Bul bir darejedegi sebepler guresi (keshkurin bir waqıttin ozinde kinoga ha`m teatrga bargin keledi, mektepti pitkergennen son bir waqıttin ozinde shofer ha`m montajlushi kasibin iyelegin keledi) ha`m ha'r qiyli darejedegi sebepler guresi (kinoga bariw yamasa sabak tayarlawga otiriw) boliwi itimal. Ekinshi jagdayda sebeplerdin darejesin angariw ha`m anagurlim joqari darejedegi tanlap aliw tiyis.

Erkli ha'rekettin sebepler guresi-bul kobinese minnet sezimi menen minnetke kayshi keletug'in niyetler arasindagi gures boladi. Jigerdin ozi minnetke kayshi keletug'in niyetlerge jol bermesten, ozindi minnet sezimi buyirgan narseni isleuge majbur etiwde korinedi. Kerek narseni isleu kerek pe yamasa kalegenindi isleu kerekpe degen soraw tuwrali soz bolg'anda, kerek degen sebepti tanlap aliw tiyis. Maselen oqıwshi xayal mugallimnin qatti keuline tiydi ha`m katesin moyinlagisi jane keshirim soragisi kelmedi. Onin joldasi ar-sar bolip tur:ol dostin qaralagisi kelmeydi, biraq minnet ha`m juuapkershilik sebepleri en akirinda ko'zaba doslik jane joldasliq sezimlerin jok etip jiberedi, jane ol ayipkerdi ashiktan-ashik qaralaydi.

Moral`lik jaqtan ta'rbiyalang'an erkke iye bolg'an adamda minnetin orinlap atirgan waqıtta xeshqanday ishki gures bolmaytug'inin atap ko'rsetiw a'h'miyetli boladi. Onin ushin minnet-ha'rqanday ekileniwdi boldirmaytug'in sebep boladiU` ha'rekettin jamiyetlik za'ru'rligin angariw minnetke kayshi keletug'in kilikti isleudin ha'rqanday mu'mkinshiligin jokka shigaradi.

Tek sirtki toskinliklar bolg'an waqıtta sebepler guresi bolmaydi, erk maqsetke erisiudin qurallarin oylap tabiwdan, ha'reket etiwdin usi jagdaylarda en qolayli, aniq usilin tanlap aliwdan ibarat boladi. Maselen, oqıwshi model` sogiudi uygardi. Iske kirispesten burin ol model`di qashan ha`m kay jerde sogatug'inin, kim menen oylasatug'inin ha`m tagi basqalardi oylanip aladi.

Jigerli ha'rekettin tayarlik ko'riw basqishi belgili bir sheshimdi qabil etiw menen pitedi.

Atqariw basqishi. Ha'rqanday erk maqsettin endigi en a'h'miyetli basqishi-qabil etilgen sheshimdi atqariw boladi. Albette, jiger sheshimdi qabil etiwde de juz beredi (bunday sheshim geypara waqıtta u'lken kush saliwdi da talap etiwi itimal) biraq usi bir narsenin ozi-ak adamdi erk dep esaplaw xukikin bermeydi. Oz aldina tek en adiuli, en a'h'miyetli maqsetlerdi koyatug'in, tek sheshimlerdi qabil etetug'in, al olardi turmiska asirmaytug'in isti akirina shekem jetkermeytug'in adam erksiz adam boladi.

Atqariw eki turli formagaU` sirtki ha'reket formasina (sirtki erkli kilik) ha`m sirtki ha'reketten ozin tiyiu formasina (ishki jigerli kilik) iye boliwi mu'mkin. Maselen, oqıwshi bir narseni sibirlap aytiudan (al ol joldasina dim sibirlap aytkisi keledi), jasi u'lkenge turpayi juuap beriwdin ozin tiygan waqıtta, erkli ha'reketti toktatiuda bilinedi.

Egerde adam belgilengen maqsetinen sheginse, ol erki jetkiliksiz ekenin ko'rsetedi. Albette jagdaylar ozgerip ketken qanday da bir jana sharayatlar payda bolg'an ha`m burin qabil etilgen sheshimdi orinlaw akilga muuapik kelmey kalgan jagdaylarda qabil etilgen sheshimnen sanali tu'rde bas tartiu za'ru'r. Erkli adam kerek bolip kalgan jagdayda belgilengen ha'reketten bas tartip, jana sheshimdi qabillay aliwi tiyis, al bolmasa bul erktin juzege keliui emes, al biymani ojetlik boladi.

Erkli ha'rekettin na'tiyjesi maqsetke erisiu boladi. Erkli ha'reketti onin ozin bahalaw menen pitediU` adam maqsetke erisiu ushin ozi tanlap algan usillarin, jumsalgan kushlerin bahalaydi ha`m keleshek ushin tiyisli juumaklar jasaydi.

o'.Adamnin erkli minez-qulqin analiz jasaw bir qatar erkli sipatlardi ayirip shigariwga mu'mkinshilik beredi, al olardin' ha'r birin ayirim erkli korinisleri sipatlap turadi. Erkli sipatlarga maqsetke talpiniwshilikti, oz betinshelikti, jureklilikti, tabanlilikti, sabirlilikti, batillikti, erjureklikti, tartiplilikti jatqaradi.

Maqsetke talpiniwshilik-bul adamnin oz minez qulqin turakli bir turmislik maqsetke boysindiriwi, ogan erisiu ushin barliq kushin ha`m ukiplarin jumsauga tayar turiwshiligi jane tauekel etiwshiligi, oni jobali tu'rde ha`m buljitpastan amelge asiriwi boladi. Usi keleshek maqsetten tiykargi maqsetke erisiu jolindagi za'ru'rli basqishlar retindegi jeke maqsetler kelip shigadi, barliq artikmash, kajetsiz narse ilaktirilip taslanadi.

Elimiz adamlari oz xizmetin demokratiyaliq garezsiz jamiyetti duziu uaziypasina bagdarlanadi. Bul tiykargi uaziypa ogan bagindirilgan kop mugdardagi anagurlim jeke tu'rdegi uaziypalardi tuudirip olar ha`m bir adamnin aniq xizmetin belgilep beredi.

Albette oqıwshilarda maqsetke talpiniwshilik barha`ma joqari jamiyetlik a'h'miyetke iye bolg'an maqsetlerge bagdarlana bermeydi. Sonliktan da belgili bir jamiyetlik kunga (yamasa en bolmaganda jamiyetlik maplerge kayshi kelmeytug'in) iye bolg'an turakli maqseti bar ha`m usi maqsetke qaray jobali jane sistemali tu'rde ha'reket etetug'in oqıwshini maqsetke talpingan oqıwshi dep aytiuga boladi. Maselen, oqıwshi ozinin kon`kide figurali sirganak tebiu boyinsha sport sheberi boliw siyakli maqsetine qaray baradi.

Oz betinshelik-minez kulikti ozinin jeke ko'z-qaraslarina ha`m isenimlerine bagindiriw boladi. Oz betinshe adam ozinin isenimlerine saykes kelmeytug'in ha'reketlerdi isletiwge uriniwlarga kayil bolmaydi. Biraq bul ol ha'rqanday jat pikirdi biykarlaydi degendi bildirmeydi. Oz betinshe adam barha`ma basqalardin' maslaxatlarin ha`m ko'rsetpelerin qarap shigiuga, olardi bahalawga, al egerde olar akilga muuapik kelse qabil etiwge tayar turadi. Al ha'rqanday jat pikir ol jat bolg'anligi ushin gana biykarlang'an, basqa adamlardin' aytkan tiyqarsiz tu'rde qarsiliq ko'rsetiw baklang'an jagdayda jigerdin unamsiz sipati-negativizm (nego biykarlayman degen latin so'zinen alingan) juzege keledi. Qanday bolmasin jat keneslerge qarsi ha'reket etiwge umtilip basqalardin' bergen ha'rqanday, sonin ishinde akilga muuapik ko'rsetpelerinde biykarlay otirip, ol kobinese xatte ozinin jeke ko'z-qaraslarina ha`m isenimlerine kayshi ha'reket etedi.

Erktin negativizmge qarama-qarsi, biraq ol da unamsiz sipatli-kongishlik boladi. Kongish adam basqa bireudin tasiyrine ansat berilip ketedi, al basqa bireulerdin keneslerine kritikaliq qatnas jasap, kerek bolip kalgan jagdayda olarga qarsi tura almaydi,basqa bireulerdin ha'rqanday xatte putkilley tiyqarsiz keneslerin qabil ete beredi. Kongishlik te negativizm de erki xalsizliktin belgisi boladi, oytkeni usi eki jagdayda da adam ozinin ha'reketlerin akildin aniq daliyline bagindira almaydi, eki jagdayda da ol basqalardin' tasiyrin qalay bolsa solay qabil etip yamasa tap solayinsha qalay bolsa solay biykarlay otirip ha'reket etedi.

Batillilik-bul tiykarli ha`m turakli sheshimlerdi oz waqıtnda qabil etiw jane xeshqanday irkilmesten olardi orinlawdi kolga aliw ukibi boladi. Batillilik asirese quramali jagdaylarda, birneshe mu'mkinshiliklerden bireuin tanlap aliwg'a bolatug'in jerde ha`m ha'reket biraz tauekelshilik etiw menen de baylanisli bolg'an jerde de attan aniq korinedi.

Sheshimdi oz waqtinda qabil etiw-sheshimdi za'ru'rli payitta, buni jagdaylar talap etken waqıtta qabil etiwdi bildiredi. Jurekli adam egerde adamlar ogan asikpauga mu'mkinshilik berse, sheshimdi qabil etiwge asikpaydi. Bul ogan jagdaydi en jaqsi tusinip aliwg'a, onin anagurlim duris bahalawga, kosimsha magliumatlar toplawga ha`m tiykarli sheshimdi qabil etiwge mu'mkinshilik beredi. Biraq za'ru'rli jagdaylarda ol jagdayga beyimlesip, darxal akilga en muuapik keletug'in sheshimdi qabillay aladi. Batilsiz adamlar kerisinshe ya xatte oylap ko'riwge ulgermesten-ak sheshimdi asigip-usigip qabil etiwdi, ya sheshimdi oz waqtinda qabil etiwde keshigip qaladi.

Sheshimlerdin tiykarlang'anliginin na'tiyjesi olardin' turakliligi boladi. Al jureksiz adam oz sheshiminin durisligina isenbeydi. Ol qabil etilgen sheshimdi mudami kayta qaraydi, keyinge qaldiradi, biykarlaydi. Batilliktin za'ru'rli belgisi-sheshimdi orinlawdi qatti kolga aliw boladi. Al batilsiz adam xatte sheshimdi qabil etkennen son da geyde oz ha'reketlerin keyinge qaldiriwdin ha'r bir mu'mkinshiligine jarmasip alip, sheshimdi orinlawga asikpauga boladi dep ozin isendire otirip, sheshimdi amelge asiriwga kirisiuge ozin majbur ete almaydi.

Batillik en akirinda egerde buni jana jagdaylar talap etse, qabil etilgen sheshimnin orinlaniwin irkiudi yamasa putkilley toktatip taslawdi nazerde tutadi.

Oqıwshilarda batilsizliktin ha'rqiyli turlerinin derekleri ha'r turli boladi. Bular juuapkershilikten, kutilmegen akibetlerden korkiu, buringi bir qatar satsizliklerdin tiykarinda oz kushlerine ha`m mu'mkinshiliklerine degen isenimin joytip aliw jane tagi basqalar boliwi mu'mkin.

Tabanlilik-bul qabil etilgen sheshimlerdi akirina shekem jetkeriw, alga qoyilg'an maqset jolindagi ha'r qanday toskinliqlardi jenip shigip, ogan erisiu ukibi boladi. Tabanli adam satsizlikke ushiragan waqıtta onin ruuxi tuspeydi, al kerisinshe, ol belgilengen narsege erisiu ushin belin tagi da qattirak buuadi ha`m bunin ushin jana jollardi jane qurallardi izleydi. Tabanlilik asirese qiyin, zeriktirerli, awir jumisti orinlagan waqıtta attan-aniq korinedi.

Tabanlilik-oqıwshilardin' talim aliw xizmetinin tabisli bolip shigiuinin za'ru'rli shartlerinin biri boladi ha`m sonliktanda tabanlilikti ta'rbiyalaw-mugallimnin en a'h'miyetli minnetlerinin biri boladi. Mine usi sipatka iye bolmagan, kishigirim satsizlikke ushiraudan-ak uskini kuyilip kalatug'in qiyinshiliqlardi jenip shigiu ushin aytarliktay kush jumsamastan qiyinshiliklardan aulak boliwga umtilatug'in oqıwshilarga mugallim tarepinen ayriqsha dikkat audariliui tiyis.

Erktin unamsiz sipati-ojetlikti, tabanliliktan ayirip taniy biliw kerek. Egerde tabanli adam unamli xarakteri attan aniq bolg'an maqsetke umtilsa, ojet adam akilga muuapik bolmagan maqsetlerdi gozleydi. Ojet adam kobinese ozinin xak emes ekenin angaradi, islep atirgan ha'reketleri akilga muuapik kelmeytug'inin tusinedi, biraq qalay bolsa da ha`mme narseni oz bildiginshe isleuge, oz aytkanin boldiriwga barinsha umtila otirip, ol naduris ko'z qarasti korgauin dawam ete beredi. Ojetlik tek bosanlikti burkep turadi, oytkeni O'zin-o'zi tiyiu, kate ekenin kobinese ozi de tusinetug'in ha'reketlerden bas tartiu ojet adamnin kolinan kelmeydi.

Ojetlik kobinese mektep oqıwshilarinda gezlesip turadi. Onin sebepleri ha'r qiyli boladi. Geyde ol okpelegen balanin o'zine jasalgan itibarsiz, adilsiz qatnaska kirsigip qaliwinin o'zine tan turi boladi. Kobinese bul asa maktau, mapelep osiriw, talapshanliktin bolmaui jagdayinda osken erketay balanin injikligi boladi. Kobinese ojetlik asirese jas ospirimlerde olardin' mine usi sipatti naduris tusiniwinin akibeti, olardin' ojetlikti tabanliliktin, kaysarliktin, oz betinsheliktin korinisi dep bahalawinin na'tiyjesi boladi. En akirinda ojetlik asa sharshaudin akibeti boliwida itimal.

Sabirlilik (ozin tuta biliw) oz minez-qulqin mudami kadagalap bariw ukibi boladi. Bul sipat usi jagdaylarda kajetsiz yamasa ziyanli dep angarilgan ha'reketlerden ozin tiyiu, xatte quramali ha`m qiyin jagdaylarda da sabirli

boliw ukibin nazerde tutadi. Sabirli adam shidamli ha`m tozimli boladi. Ol za'ru'r bolip kalgan jagdayda ogan qolaysizliqlar tuudirip atirgan kemtarliqlardi bastan keshiriwge, awiriwdi bastan keshiriwge, kerek bolip kalgan waqıtta oz mutajliklerin (ashlik,sholleu,dem aliwg'a x.t.b. mutajlik) kanaatlandiriwdi irkip turiwga ukipli boladi.

Bugan qarama qarsi unamsiz sipat-impul`sivlik (impul`sus-turtki,tilek degen latin so'zinen alingan)-daslepki tilekke qaray, asigis tu'rde, oz is-ha'reketlerin oylap shikpastan ha'reket etiwge beyimlilik boladi. Usi ko'rsetilgen sipat kobinese kishi mektep oqıwshilarinin minez-qulqinda korinedi. Minekey, maselen Azat. Ol ogada kulshingish, sabaklarda xatte ozi ushin kutilmegende sibirlap aytip jiberedi. Koterinkiliktin tasiyri astinda ol oysizlik ha'reketti islep koyiui itimal. Juda ha'reketshen, kollari tinish tappaydi. Sozlerdin jalgauin jutip jiberip, asigip usigip soyleydi. Awiriwga shiday almaydiU` meditsinalik jaqtan iyne menen shanishkan waqıtta azin-aulak awiriwdi basinan keshiriwge tuura kelgende klassta onin tek bir ozi kuuarip ketti ha`m jilap jiberdi.Mugallim bunday balalarga ayriqsha keuil boliwi, olarda sabirlilikti ta'rbiyalaw boyinsha sistemali tu'rde jumis jurgiziu pedagogtin arnawli maqseti bolip qaliwi tiyis.

Sabirlilik mugallimge de za'ru'r boladi. Sabirli o'zine isengen, kajetsiz bakira bermeytug'in, ha'r qanday jagdaylarda albirap kalmaytug'in, ozin tuta bilmeytug'in mugallim, kade bolg'aninday-ak oqıwshilar arasinda u'lken xurmet izzetke iye boladi.

Er jureklilik ha`m batillik ozinin omirine ha`m den sawlig'ina kauip tuuip turiwina qaramastan, kemtarlikti, azap-akiretti, jokshilikti jenip shiga otirip, adamnin oz gozlegen maqsetine erisiuge bel baylaganligi boladi. Usi eki qa'siyet ushin bir uliwmalik narse kauip-katerli is-ha'reketlerdi orinlawga tayar turiwshilik boladi. Er jureklilik degen bul anagurlim quramali tusinik, ol tek batil boliwdi gana emes, al xatte olim qa'wipine betpe-bet kelgen waqıtta kaysar, sabirli ha`m ozin tuta biliwshilikti, o'zine oz isinin xak ekenine iseniwshilikti nazerde tutadi. Bizin Uatanimizdin iygiligi ushin janinan keshken kaha'rman jauingerlerdin er jurekliligi tap usilay boldi. Er jureklilik miynette de pidakerlik penen jumis isleude de juzege keliui itimal.

Al bugan kayshi keletug'in unamsiz qa'siyet korkaklik boladi. Oz qara basin, oz jani ushin korkiu adamnin is-ha'reketlerin biylep aladi, bunday adam usinin na'tiyjesinde oz minnetine kiyanet etiwi mu'mkin.

Tartiplilik-bul oz minez qulqin sanali tu'rde jamiyetlik kadelerge bagindira aliwshilik boladi.

Tartiplilik-bul erktin kisenlep koyiliui emes, kerisinshe kadelerdi saqlaw, rejelerdi orinlaw adamnin jigerin rawajlandiradi, oni gozlegen maqsetine erisiu jolinda sirtki ha`m ishki toskinliqlardi jenip shigiuga «tiyis» degendi isleui ushin ozinin «islegim kelmeydi» degen kosjakpasligin jenip shigiuga u'yretedi. Albette bul jerde soz korkiuga tiykarlang'an tartiplik, qalay bolsa solay bagina beriwshilik tuwrali emes, ala adam ogan bagina otirip, bunday baginiwdin za'ru'r ekenin tusinetug'in tartip tuwrali bolip otir.

Tartipsizlik, aytkandi islemewshilik kobinese mektep oqıwshilarinda, asirese jas ospirim ul balalarda baklanip turadi. Geyde bul ko'rgensizliktin akibeti boladi. Biraq, bir qatar jagdaylarda tartipsizlik jas ospirimlerde ha'reketshenliktin uliwma kusheyip ketiwi, jigerlilik ha`m aktivlilik darejesinin joqari darejede boliwinin saldarinan kelip shigadi. Olarda sonday kop kush toplanadi deysen, xatte kushin nege jumsauinda bilmey qaladi. Egerde aktiv-lilik, erklilik qalayinsha jumsaudi bilmegen jagdayda, bul narse kobinese erketaylikka, tenteklikke aytkandi islemewshilikke barip taqaladi. En kishkentay oqıwshilardin' tartipsizligi olardi ozinin minez-qulqin mektep kadelerine bagindira aliwg'a adetleniwdin bolmauinan kelip shigadi.

u'.Erk is-ha'reketlerdi isleuge degen ukipti qaliplestiriw ha'reket etiwdi iyelegennen son, ol oyinshiklardi ha`m kolinan keletug'in basqa zatlardi kishi jaslarinda paydalaniwdan baslanadi.

Bala tayin erk penen tuuilmaydi. Erk turmis protsessinde aste akirin jetilisip baradi. Mektepke shekemgi ta'rbiya jasindagi da'wirde bala erkin osiriwde shanarak ha`m atiraptagi qorshag'an ortaliq ayriqsha u'lken rol` oynaydi. Bala turmisinda kobirek onin oz baslamasi menen sholkemlestiretug'in oyin ha'reketleri tiykargi orin aladi.

Balalar mektepte okiy baslawlari menen olardin' xizmeti, xarakteri ozgeredi. Oqıw tiykarinan mugallim tarepinen berilgen ha`m orinlaniwina keyin baha koyilatug'in tapsirmalarga tiyisli xizmet bolip tabiladi. Klasstagi ha`m uydegi tapsirmalardi individual orinlawlari protsessinde oqıwshilarda oz-ozin kadagalaw, jamlesiu, oz betinshelik ha`m basqa erkli qa'siyetler jetilisedi. Mugallimler oqıwshilardin' barliq erkli ha'reketlerinde qizig'iw kanshelli u'lken rol` oynaytug'inligin biledi ha`m bul qizig'iwshiliqti mudami arttirip bariwga ha'reket etedi.

Oqıw protsessinde oqıwshilarda minnet motivleri osedi ha`m differentsiyalanadi. Oqıwshini mugallim ha`m ata ana aldindagi minnet gana emes, mu'mkin klass ja'ma'a'ti ha`m putkil mektep aldindagi minneti de ha'reket etiwge, isleuge iytermeleydi.

Tomengi klass oqıwshilarinda erk ele onsha ospegen boladi. Erkli ha'reketler shanarak ha`m mektep ta'rbiyasi na'tiyjesinde birqansha jetilisken bolsa da, ele impul`slik ozgesheligin jogaltpagan boladi. Balalar u'lken jastagilar basshiliginda qandayda bir is islep atirganlarinda, olardagi joqari motivler tomen motivlerdi toktatip koyadi. Biraq oqıwshi qandayda bir isti oz betinshe baslawga kirisiui menen ak, onin joqari motivke boysiniwina xesh qanday ukipli emesligi kobinese sezilip qaladi. Bala oz minnetin oteu ushin ha'reket etiwi za'ru'rligin sezedi, biraq tiykarinda kobinese minut sayin ozgerip turatug'in kaleuine boysinadi. Tomengi klass oqıwshısı mugallimnin erkin jaqsi atqaradi, biraq sonday bolsada ol oqıwda oz betinshelikti ha`m baslamani kem ko'rsetedi. Balalar oz turmisinin maqsetleri haqqinda juuapkershilikli oylamaydi, olarda ele turakli tusinikler jok. Bul erk kemshilikleri ospirimlik jaslarinda aste-akirin jogalip ketedi.

Kishi jastagi balalarda xakiykiy, turakli erk motivleri tek gana ta'rbiya na'tiyjesinde gana kusheyip baradi. Kishi jastagi oqıwshi bala asirese bir qiyli xizmette uzaq waqıt erkine kush sala almaydi, sol sebepli erkti ta'rbiyalap bariwda balanin sol ozgesheligin nazerde tutiu ha`m ogan uzaq waqıt talap etetug'in bir qiyli jumis tapsirmau kerek.

U’lken ha`m uzaqtagi maqsetler kishi jastagi oqıwshi balag’a ele awirliq etedi, ol tek gana jakin, aniq maqsetlerdi gana tusinedi. Xatteki sabak baslaniwinda oqıwshilardin’ aldina qoyilg’an maqset te ayirim waqıtlari olar ushin a’h’miyetli bolip korinbeydi, oni yadinan shigarip koyadi ha`m oz jumislari protsessinde sol maqsetke amel etpeydi.

Oqıw jumisi oqıwshinin barliq psixologik xizmetin kayta kuradi, juuapkershilik ha`m uaziypa sezimlerin ta’rbiyalaydi, bul narse onin oqıw-u’yreniw qiyinshiliklarin jenip bariwina, oz tileklerin uaziypa ha`m qoyilg’an maqset talaplarina boysindiriwga jardem beredi.

Solay etip oqıwshinin ha`m mekteptegi ha`m uydegi barliq oqıw xizmeti-erkti ta’rbiyalawdin tiykari.

Bul jastagi balalarda unamli erkli qa’siyetler menen bir qatarda, ayirim waqıtlari shaxstin unamsiz qa’siyetleri de osedi, bul qa’siyetler u’lkenlerdin tasiyrine qarsiliq ko’rsetiwge ha`m qarsi ha’reket etiwge umtiliuda payda boladi.

Ayirim psixolog ha`m pedagoglar bul unamsiz qa’siyetlerdin payda boliwi balanin oz betinsheligine toskinlik etiliuine qarsi naraziliginin o’zine tan korinisi dep dalilleydi. Bala oz maqsetine jetiwge, oz tilegin orinlawga umtiladiU` oz aytkaninda turip, aytkanin kildirmakshi boladi, eger ol bugan bir neshe martebe erisse, bunday minez-kulik turi bekkemlenedi ha`m adet bolip qaladi. Kaysarlik sol qalipte kusheye beredi.

Mugallim ta’rbiya jumisinda ata analar menen jakin baylanista boliwi za’ru’r. U’lken jastagi balalarda kishi mektep jasindagi balalarga unamli ta’sir ko’rsetiwleri, ha`m bunin menen mugallimnin ta’rbiyaliq jumislarina jardem beriwleri mu’mkin.

**Ozin ozi tekseriw ushin sorawlar, tapsirmalar ha`m testler**

**S O R A U L A R**

1.Erk degenimiz ne?
2.Ku’shli erk dep qanday erkke aytamiz?
3.Erki azzi adamlar qanday boladi?
4.Ishki ha`m sirtki qarsiliqlar degenimiz ne?
5.Olardi qalay jeniw mu’mkin?
6.Erkli ha’reketler kimlerge tan?
7.Erkke kush saliw balalarda qanday sezimler payda etedi?
8.Balalarda erkti ta’rbiyalawdin a’h’miyeti?
9.Erktin qanday unamsiz sipatlari bar?
10.Ojetliktin sebepleri neden?

**T e s t l e r**

1.Erkke kush saliw adamda kobinese qanday sezimler oyatadi?
a) quwaniw
v) qanaatlaniw
s) biyparualik
d) keuilsizlik
e) uyaliw
2.Erki azzi adamlar qanday boladi?
a) uyalshak,tartinshak boladi.
v) barqulla basqalardin’ jardemine mutaj boladi.
s) is jakpaytug’in erinshek boladi.
d) kop soylemeytug’in awir minezli boladi.
e) soylemshek, tinimsiz boladi.

## Tema: Temperament

**Joba:**

1. Temperament haqqında tu`sinik
2. Joqarı nerv xızmetinin` tipleri
3. Temperament tu`rleri
4. Miynet ha`m oqıw xızmetinde temperamenttin` roli

***Tayanish tu`sinikler***: temperament, temperamen ttipleri, xolerik temperamenti, sangvinik temperamenti, melanxolik temperamenti, flegmatik temperamenti, temperament teoriyalari, gumoral teoriya, konstitutsional teoriya, nerv sistemasi xizmeti teoriyasi

**A`debiyatlar.**


1. Davletshin M.G. Umumiy psixologiyaT., TDPU, 2002.
2. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
3. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
4. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.

## Elektron bilim resursları

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz
6.www. psychology.net.ru

**Temperament haqqinda tu`sinik.** Barliq adamlar o`z minez-qulqinin` o`zgeshelikleri menen ayriqshalanadi-birew shaqqan, jigerli, emotsionalli, basqalar bolsa-a`ste ha`reket etetug`in, jay, kimdur-tuyiq, qapa ha`m indemes. Sezimlerdin` payda boliw tezligi, teren`ligi ha`m ku`shi, ha`rekettin` shaqqanlig`i, adamnin` uliwma jigerligi- onin` temperamenti- jeke shaxs qa`siyetinde ko`rinedi.

**Temperament-** bul adamnin` psixikaliq is-ha`reketi ha`m minez-qulqi dinamikasin belgileytug`in onin` individual o`zgesheligi.

**Temperament-** bul intensivliktin` dinamikaliq sipatlamasi ha`m reaktsiya tezligi. Emotsional qoziwdin` da`rejesi ha`m saldamlilig`i, qorshag`an ortaliqqa maslasiw o`zgesheligine sebepshi bolatug`in adamnin` tuwma o`zgesheligi.

B.M.Teplov temperamentke to`mendegidey aniqlama beredi «Sol adam ushin xarakterli, emotsional qoziw menen, yag`niy bir ta`repten sezim payda boliwinin` tezligi, ekinshi ta`repten-olardin’` ku`shi menen baylanisli psixikaliq o`zgeshelikler jiyindisi temperament dep ataladi». Solay etip, temperament eki komponentke iye-jedellik ha`m emotsionalliq. Minez-quliqtin` jedelligi, jigerligi, umtiliw, tezlik yamasa kerisinshe jay basarliq ha`m qos jaqpasliq da`rejesin xarakterleydi. O`z gezeginde emotsionalliq belgini (unamli yamasa unamsiz) ha`m modalliq (quwaniw, qayg`i, qorqiw, ashiw h.t.b) aniqlay otirip emotsional protsesslerdin` o`tiwin xarakterleydi. S.L.Rubinshteyin temperament ushin adamnin` ta`sirshen`ligi ha`m onin` impul`sivligi (erksizligi) a`sirese a`hmiyetli, ta`sirshen`lik sol adamg`a ta`sir etiwshinin` ku`shi ha`m turaqlilig`i menen, al impul`sliq-oyaniw ku`shi ha`m oyaniwdan ha`reketke o`tiw tezligi menen sipatlanadi dep atap o`tken edi.

A`yyemgi Gretsiyada vrach Gippokrat temperament kontseptsiyasin using`an edi. Ol temperament organizmnin` to`rt suyiqlig`ina-qan (latin tilinde sangve), silekey (grekshe flegma), qizg`ish-sari o`t (grekshe xole), qara o`t (grekshe melayn xole) ha`m olardin’` qaysi birinin` qanda ko`pligine baylanisli dep u`yretken edi. Bul suyiqliqlardin’` aralaspasi, dep tastiyiqlag`an edi Gippokrat, sangvinik, xolerik, melanxolik ha`m flegmatik temperamentleri tiplerinin` tiykarinda jatadi. «Temperament» termininin` o`zi latin tilinen «*bo`leklerdin` tiyisli o`z ara qatnasi*» degen ma`nini an`latadi.

Temperamenttin` bul tiykarg`i tu`rleri emotsional jag`daylardin’` payda boliw dinamikasi ha`m intensivligi boyinsha o`z ara ayirmashiliqlanadi. Xolerikler ushin tez payda bolatug`in ha`m ku`shli sezimler ta`n, sangvinikler ushin-tez payda boliwshi, biraq a`zzi sezimler, melanxolikler ushin-a`ste payda boliwshi, biraq ku`shli sezimler, flegmatikler ushin-a`ste payda boliwshi ha`m ku`shli sezimler ta`n. Sonday-aq, xolerik ha`m sangvinikaliq temperamenttegiler ushin ha`reket shaqqanlig`i, uliwma ha`reketshen`lik ha`m sezimlerdi sirtqa ku`shli shig`ariw (ha`rekette, so`ylegende, mimikada) xarakterli. Melanxolik ha`m flegmatikaliq temperamenttegilerge, kerisinshe, a`ste aqirin qiymildaw ha`m sezimlerin a`zzi ko`rsetiw ta`n.

Turmisliq psixologiya ko`z-qarasinan temperamentler tipin to`mendegidey sipatlaw mu`mkin.

**Xolerik-** shaqqan, ayirim waqitlari shalt, ko`rse qizar, so`z, mimika, ha`reketlerinde aniq ko`rinetug`in ku`shli, tez alisatug`in sezimlerge iye, ayirim waqitlari-ku`ygelek. Ku`shli emotsional reaktsiyalarg`a beyim adam.

**Sangvinik-** shaqqan, jedel, oynaqshig`an. Barliq ta`sirlerge emotsional juwap beretug`in, onsha ku`shli bolmag`an ha`m birin ekinshisi tez almastiratug’in sezimleri sirtqi minez qulqinda ko`rinetug`in adam.

**Melanxolikte**- emotsional ta`shwishlerinin` ha`r tu`rliligi az biraq, u`lken ku`sh ha`m olardin’` uzaqlilig`i menen ayirmashiliqlanadi. Ol barliq na`rsege juwap bere bermeydi, al eger juwap berse, o`z sezimlerin onsha ko`rsete bermese de ku`shli bastan keshiredi.

**Flegmatik-** a`ste qiymildaytug`in, saldamli ha`m ken` peyil, emotsional kewline tiyiw ha`m o`zinen shig`ariw ju`da` qiyin adam. Ol sezimlerin derlik sirtqa shig`armaydi.

Biraq barliq adamlardi usi to`rt tiykarg`i temperament boyinsha ayiriw mu`mkin dep oylaw qa`te bolar edi. Tek ayirim adamlar g`ana sol tiptin` taza wa`kili esaplanadi, basqa ko`pshilikte bolsa bir neshe temperamentlerdin` belgilerinin` birigiwin ko`remiz. Bir adamnin` o`zi ha`r qiyli jag`daylarda, ha`r qiyli temperamenttin` belgilerin aniqlawi mu`mkin.

***Qaysi temperament jaqsi degen soraw qoyiwg`a bolmaydi***. Olardin’` ha`r biri o`zinin` unamli ha`m unamsiz ta`replerine iye.

Xoleriktin` qumarliq, jedellik, energiyasi, sangviniktin` shaqqanliq, tireshelik, haq kewilligi. Melanxoliktin` sezimlerinin` teren`ligi ha`m turaqlilig`i, flegmatiktin` o`zin uslawi ha`m asig`isliqtin` bolmawi- jeke shaxstin` qa`siyetlerinin` bahali misallari, olardin’` iyelewi ayriqsha temperament penen baylanisli. Sonin` menen birge temperamentlerdin` qa`legen birinde jeke shaxstin` qa`lemegen belgileri payda boliw qa`wipi bar. Misali, xolerik temperamenti adamdi shidamsiz, shalt, ba`rha G`jariliwG`larg`a beyim qilip taslawi mu`mkin. Sangvinik temperamenti jen`ilteklik, pitiran`qi, sezimlerdin` teren`ligi ha`m turaqlilig`inin` jetispewshiligine alip keliwi mu`mkin. Melanxoliyaliq temperamenttegi adamda ju`da` tuyiqliq, o`z bastan keshiriwlerine toliq shu`n`gip ketiw,

ju`da` uyalshaqliq payda boliwi mu`mkin. Flegmatikaliq temperament adamdi uyan`, qos jaqpas, o`mirdin` barliq ta`sirlerine qatnassiz qilip taslawi mu`mkin.

Temperament- adamnin` nerv is-ha`reketinin` joqarg`i tipinin` sirtqi ko`rinisi sonliqtan da, ta`rbiya, o`zin-o`zi ta`rbiyalaw na`tiyjesinde bul sirtqi ko`rinis burmalaniwi, o`zgeriwi, haqiyqiy temperamenttin` «maskirovkasi» ju`z beriwi mu`mkin.

**Temperament haqqinda bilimnin` qisqasha sholiwi.** Temperament haqqinda bilimnin` do`retiwshisi a`yyemgi grek vrachi **Gippokrat** esaplanadi. Ol adamlar to`rt tiykarg`i «organizmnin` shireleri»-qan, flegma, sari o`t ha`m qara o`t o`z-ara qatnasi menen ayirmashiliqlanadi dep tastiyiqlag`an edi. «Organizm shirelerinin`» o`z-ara qatnasi grekshe «krasis» so`zi menen belgilengen, son` bul so`zdi latin tilindegi «sa`ykes» «duris ilaj» so`zi menen o`zgertken. Gippokrattin` ilimine su`yene otirip, ja`ne bir belgili antik da`wirdin` vrachi ***Klavdiy Galen*** temperamentler tipologiyasin islep shig`ip, oni o`zinin` belgili «--« traktatinda bayanlag`an. Onin` ta`limatina muwapiq temperament organizmde qaysi bir shirenin` ko`pligine baylanisli. Ol temperamenttin` a'q tu`rin ajiratqan, biraq son` olar to`rtewge keltirilgen. Temperament tu`rlerinin` bul to`rt atamasi ha`mmege jaqsi tanis sangvinik (latin tilinen qan), xolerik (grek tilinen o`t), melanxolik (grek tilinen qara o`t) ha`m flegmatik (grek tilinen silekey).

***Immanuil Kant,*** aytqan edi, fiziologiyaliq ko`z-qarastan, temperament haqqinda so`z ketkende fizikaliq konstitutsiyani (ku`shli yamasa a`zzi) ha`m komplektsiyani (suyiq, o`mirlik ku`sh ja`rdeminde denede nizamli ha`reketleniwshi, bug`an sonday-aq bul shirelerdi qayta islewde issi yamasa suwiqti kiritedi) na`zerde tutadi.

Biraq psixologiyaliq ko`z-qarastan, jannin` temperamenti sipatinda (sezim ha`m qa`lewler uqiplilig`i), bul qan qa`siyetine tiyisli ko`rinisler sezim ha`m tilek oyinlari analogiyasi boyinsha denelik ha`reketleniwshi sebepler menen (bunda qan en` a`hmiyetlisi) belgilengen.

Temperamentler haqqinda ilimnin` basli bo`liniwi-sezim temperamenti ha`m ha`reket temperamenti bolip ekige bo`linedi, uliwma to`rt temperamentti beredi.

Sezim temperamentlerine **Kant** to`mendegilerdi kiritken A) sangvinik ha`m V) onin` qarama-qarsisi-melanxolik. Birinshisi o`zgeshelikke iye, sezimge tez ha`m ku`shli ta`sir etedi, biraq sezim teren`ge kirmeydi (uzaq bolmaydi), ekinshi temperamentte bolsa sezimler kem ko`ringen, biraq tamirin teren` jiberedi. Bunda qayg`i yamasa kewil xoshliqqa beyimlilikti emes, al sezimler temperamenti ayirmashilig`in an`law kerek.

Zamanago`y psixologiyaliq ilimde ko`pshilik konstitutsion kontseptsiyalar onda adamnin` psixikaliq qa`siyetlerinin` qa`liplesiwinde qorshag`an ortaliq ha`m sotsialliq jag`daylardin'` roline jeterlishe baha berilmegenligi o`tkir sing`a alinadi.

***Pavlovtin`*** izertlewlerinin` arqasinda watandarliq psixologiyada temperament haqqinda belgili da`rejede adamnin` tuwma minezlemesi sebepshi bolg`an jeke shaxstin` qa`siyeti sipatindag`i tu`sinik payda boldi. Misali B.G.Anan`ev Xomo sapiens tu`ri wa`kili sipatinda adamnin` tiykarg`i qa`siyetleri tek g`ana zeyinde emes, al temperamenttede ko`rinedi dep esaplag`an.

Watandarliq psixologiyada temperament teoriyasinin` rawajlaniwina ***B.M.Teplov*** u`lken u`les qosti. Onin` temperament qa`siyetlerin u`yreniwge arnalg`an jumislari, tek g`ana temperament mashqalasina zamanago`y ko`z-qarasti belgilep qoymastan, temperamentti ja`ne de eksperimental izertlew islep shig`iwi ushin tiykar boldi. Teplov temperament qa`siyetlerine psixikaliq is-ha`rekettin` dinamikasin xarakterlewshi turaqli psixikaliq qa`siyetlerdi kiritken. Temperamenttin` individual o`zgesheliklerin ol temperamenttin` anaw yamasa minaw ha`r qiyli rawajlaniw da`rejesi menen tu`sindirgen.

**Temperamenttin` fiziologiyaliq tiykarlari.** I.P.Pavlov iytlerde sha`rtli reflekslerdin` islep shig`iliwi o`zgesheliklerin u`yrene otirip, olardin'` minez-qulqindag`i ha`m sha`rtli-reflektorli is-ha`rekettin` keshyiwindegi individual ayirmashiliqqa diqqat awdarg`an. Bul ayirmashiliqlar birinshi gezekte sha`rtli reflekslerdin` payda boliw aniqlig`i, sonday-aq, olardin'` o`shiwi o`zgesheligi siyaqli minez-quliq aspektlerinde ko`ringen. Bul jag`day atap o`tilgen ayirmashiliqlar tek g`ana eksperimental jag`daydin` ha`r qiylilig`i menen tu`sindirilmeytug`ini ha`m bunin` tiykarinda nerv protsesslerinin` birneshe fundamental qa`siyetleri jatirg`anlig`inda degen gipotezani alg`a su`riwge mu`mkinshilik berdi. Pavlovtin` pikirinshe, bul qa`siyetlerge qoziw, toqtaw, olardin'` sabirlilig`i ha`m shaqqanlig`i ku`shi kiredi.

Nerv protsessleri ku`shi- bul nerv kletkalarinin` ku`shli qoziw ha`m uzaq waqitliq toqtawdi bastan keshiriw uqiplilig`i, yag`niy nerv kletkalarinin` shidamlilig`i ha`m miynetke jaramlilig`i. Nerv protsessinin` ku`shi ku`shli qozdiriwshilarg`a-ku`shli qozdiriwshilar ku`shli nerv sistemasinda, ku`shli qoziw protsessin payda etedi, a`zzi nerv sistemasinda-qoziwdin` a`zzi protsessin ha`m toqtawdi payda etetug`in tiyisli reaktsiyada ko`rinedi.

Saldamliliq bul nerv protsesslerinin` proportsional o`z-ara qatnasin na`zerde tutadi. Qoziw protsessinin` toqtawdan basimlilig`i sha`rtli reflekslerdin` payda boliw tezligi ha`m olardin'` o`shiwinin` a`steliginde ko`rinedi. Toqtaw protsessinin` qoziwdan basimlig`i sha`rtli reflekslerdin` a`ste payda boliwi ha`m olardin'` o`shiwinin` tezligi menen belgilenedi.

Nerv protsesslerinin` shaqqanlig`i-bul nerv sistemasinin` sirtqi ortaliq jag`daylari talabi menen tez juwap retinde qoziw protsessin toqtaw protsessi menen ha`m kerisinshe almastiriw (o`zgertiw) uqiplilig`i.

Pavlov ta`repinen belgilengen nerv protsessleri qa`siyetleri nerv sistemasinin` tipi, yamasa joqari nerv is-ha`reketi tipin belgilewshi belgili bir kombinatsiyalardi payda etiwi mu`mkin. Bul tip individ ushin xarakterli bolg`an nerv sistemasinin` tiykarg`i jiyindilarinan-ku`sh, saldamliliq ha`m jedellikten, qoziw ha`m toqtawdin` o`z-ara qatnasinan quraladi. Pavlovtin` pikirshe, nerv sistemasinin` Gippokrat ta`repinen atap o`tilgen temperament tiplerine jaqin bolg`an to`rt tiykarg`i tipi bar. Nerv protsesslerinin` ku`shinin` ko`riniwinin` ayirmashiliqlarina qarap ku`shli ha`m a`zzi, olar o`z gezeginde saldamli ha`m shalag`ay bolip bo`liniwi mu`mkin. Bunda shalag`ay tipte

qoziw toqtawdan u`stem boladi. Sonday-aq, en` son`g`isi ku`shli saldamli tipler shaqqan ha`m qos jaqpas bolip bo`linedi

Pavlov ta`repinen belgilengen nerv sistemasi tipleri tek g`ana sani emes, al tiykarg`i sipatlamasi boyinsha da temperamenttin` klassikaliq to`rt tipine say

1.Sangvinik-ku`shli, saldamli, shaqqan tip

2. Flegmatik-ku`shli, saldamli, az ha`reketlenetug`in (qos jaqpas) tip

3. Xolerik-ku`shli, biraq shalag`ay, qoziwg`a salistirg`anda toqtaw protsessleri a`zzi

4. Melanxolik-qoziw ha`m qoziwdin` a`zzi protsessleri (a`zzi tip).

Solay etip, nerv sistemasi tipi degende Pavlov nerv sistemasinin` qorshag`an ortaliq ha`m ta`rbiya ta`sirinde az o`zgergen ha`m tuwma qa`siyetlerin tu`singen. Nerv sistemasinin` bul qa`siyetleri nerv sistemasinin` uliwma tipinin` psixikaliq ko`rinisi esaplang`an temperamenttin` fiziologiyaliq tiykarin quraydi.

**Temperament tipleri ha`m olardin'` psixologiyaliq sipatlamasi.** Temperament tiplerinin` konkret ko`rinisleri ha`r qiyli. Insan temperamenti o`zgeshelikleri tek g`ana minez-quliqta ko`rinip qalmastan, biliw is-ha`reketi dinamikasi ha`m sezim tarawi o`zgesheligin belgileydi, insannin` ha`reket ha`m qa`lewlerinde, sonday-aq, intellektual is-ha`reketi, so`ylew o`zgesheligi h.t.b sa`wlelenedi.

Ha`zirgi waqitta biz barliq temperamentler tiplerine toliq psixologiyaliq sipatlama beriw mu`mkinshiligine iyemiz. Da`stu`riy to`rt tipke psixologiyaliq sipatlama du`ziw ushin a`dette temperamenttin` tiykarg`i qa`siyetleri paydalaniladi. Bul qa`siyetlerdin` ko`pshiligi B.M.Teplov ha`m onin` sha`kirtlerinin` miynetlerinde aship berilgen, son` watandarliq ilimpazlar izertlewlerinde keyingi rawajlaniwin tapqan. Bul izertlewler barisinda Teplov ta`repinen usinilg`an atamalardin'` ayirimlari o`zgergen, sonday-aq jan`a qa`siyetler ashilg`an. Misali, Teplov ta`repinen «emotsional qoziw» dep atalg`an temperament qa`siyeti, psixologiyaliq a`debiyatta jiyi senzitivlik (sezimlilik), al sirtqi ta`sir payda etken erksiz ha`reketlerdin` reaktivligi-reaktivnosit` dep ataladi. Temperamenttin` basqa da qa`siyetlerinin` atamalari o`zgergen. Sonin` menen birge temperament qa`siyetlerine ekstraversiya-introversiyani kirite baslag`an. Bul tu`sinikler adamnin` is-ha`reketi ha`m reaktsiyasi neden-(sol waqitta (ekstraversiya) payda bolatug`in sirtqi ta`sirlerden be yamasa keleshek ha`m o`tmish penen baylanisli (introversiya) oy, tu`sinik ha`m obrazlar menen baylanisli bolg`an ko`pshilik g`a`rezli bolg`an) payda bolg`anlig`in aniqlaydi.

**Xolerik**- bul nerv sistemasi toqtaw u`stinen qoziwdin` basimlilig`in aniqlanatug`in adam, na`tiyjede ol tez, jiyi oylanbay ha`reket etedi, o`zin toqtata almay, irke almay qaladi, ha`reketlerinde shalt, shaqqan shidamsizliq ko`rsetip, ku`ygeleklik, biybasliq, o`zin uslay almaw ko`rinedi. Onin` nerv sistemasinin` saldamli bolmawi onin` jedelligi ha`m jigerliliginin` o`zgeriwinde tsikllikti belgileydi, qanday-da is penen qizig`ip ketip, ol jan-ta`ni menen berilip isleydi, biraq og`an ku`shi uzaqqa jetpeydi, ku`shi tawsilg`an waqitta ol ha`mme na`rsege qoli suwip qaladi. Ku`ygeleklik jag`day, jaman keypiyat, ku`shtin` pa`seyiwi ha`m uyan`liq payda boladi.

**Sangvinik-** ku`shli, saldamli, shaqqan nerv sistemasina iye, shaqqan reaktsiya iyesi, onin` ha`reketleri oylang`an, quwnaq, usinin` na`tiyjesinde ol turmis qiyinshiliqlarina ku`shli qarsiliq ko`rsete aladi. Onin` nerv sistemasinin` shaqqanlig`i sezimlerdin`, qizig`iwshiliqlardin'`, ko`z-qaraslardin'` o`zgeriwshen`ligine, jan`a jag`daylarg`a an`sat beyimlesiwge sebepshi boladi. Bul jaqsi sa`wbetles adam, jan`a adamlar menen tez til tabisip ketedi, sonliqtan da onin` tanislari ko`p, biraq ol qarim-qatnas ha`m su`yiwshilikte turaqliliq penen ayriqshalanbaydi. Ol ba`rha qoziwda, qizig`arli jumislar ko`p bolg`an jag`dayda g`ana o`nimdarli xizmetker, keri jag`dayda ol zerigerli, uyan` bolip basqa na`rsege alan` bolip ketedi. Stressliq jag`daylarda «arislan reaktsiyasi» payda boladi, yag`niy o`zin oylap, jedel qorg`aydi, sharayattin` normallasiwi ushin gu`resedi.

**Flegmatik**- ku`shli, saldamli, biraq qos jaqpas nerv sistemasina iye, aqibetinde ju`da` a`ste ta`sirlenedi, onsha ko`p so`ylemeydi, emotsiyalar a`ste-aqirin payda boladi (quwantiw ha`m ku`ldiriw qiyin), joqari miynet su`ygishlikke iye, ku`shli ha`m uzaq dawam etiwshi shimirkendiriwshilerge jaqsi qarsiliq ete aladi, biraq ku`tilmegen, jan`a jag`daylarda tez reaktsiya qaytariw uqibina iye emes. Barliq u`yrengenlerin bekkem yadta saqlap qaladi, arttirilg`an stereotip ha`m uqiplarinan waz keshiw qolinan kelmeydi, jumisin, doslarin, turmis ta`rizin ha`m a`detlerin o`zgertkendi jaqtirmaydi, jan`a jag`daylarg`a qiyin ha`m a`ste ko`nligedi. Keypiyati turaqli ha`m bir tegis. Awir kewilsizlikler bolg`an jag`dayda flegmatikler sirtqi ko`rinisinen tinish bolip qaladi.

**Melanxolik-** nerv sistemasi a`zzi, ha`tteki ku`shli bolmag`an qozdiriwshilarg`a da joqari ta`sirshen`likke iye, al ku`shli turshiktiriwshi «u`zilis» «bo`get» «qoyan stressi» payda etiwi mu`mkin, sonliqtan da stressliq jag`daylarda (imtixan, jaris, qa`wip h.t.b) melanxioliktin` is-ha`rekinin` na`tiyjeleri ku`ndelikli turmistag`idan pa`s boliwi mu`mkin.

Joqari sezimtalliq tez sharshaw ha`m iskerliktin` pa`seywine alip keledi (ko`birek dem alis talap etiledi). A`ytewir sebepler de ko`z jas, kewil qaliwdi payda etedi. Keypiyati ju`da` o`zgeriwshen`, biraq a`dette melanxolik o`z sezimlerin ko`rsetpey, jasiriwg`a urinadi, o`z ta`shwishlerin hesh kimge aytpaydi, ko`pshilik jag`dayda qapa, tu`skin, o`zine isenimsiz, qa`weterli, onda nevrotikaliq buzilislar ju`z beriwi mu`mkin. Biraq nerv sistemasinin` joqari sezimtallig`ina iye bola otirip, melanxolikler jiyi jaqsi rawajlang`an ko`rkem ha`m intellektualliq uqiplarg`a iye boladi.

Anaw yamasa minaw eresek adam temperamenttin` qaysi tipine iye ekenligin aytiw qiyin. Nerv sistemasinin` tipi na`silden o`tetug`in bolsa da, absolyut o`zgermeytug`in bolip qalmaydi. Waqittin` o`tiwi menen, sonday-aq sistemali shinig`iwlar, ta`rbiya, turmisliq jag`daylar ta`sirinde nerv protsessleri a`zzilewi yamasa ku`sheyiwi, olardin'` o`tiwi tezlesiwi yamasa pa`seyiwi mu`mkin. Misali, balalardin'` arasinda xolerik ha`m sangvinkiler ko`p (olar shoq, kewilli, tez ha`m jen`il ta`sirlenedi, jilag`annan son` bir minuttan keyin basqa na`rsege alan` bolip,

shaqalaq atip ku`ledi, yag`niy nerv protsesslerinin` ha`reketshen`ligi joqari). Jasi u`lken adamlar arasinda kerisinshe flegmatik ha`m melanxolikler basim.

Temperament- bul adamnin` joqari nerv sistemasinin` sirtqi ko`rinisi, sonliqtan da ta`rbiya, o`zin-o`zi ta`rbiyalaw na`tiyjesinde bul sirtqi ko`rinis burmalaniwi, o`zgeriwi, haqiyqiy temperamenttin` «maskirovka»si ju`z beriwi mu`mkin. Sonliqtan da temperamenttin` «taza» tipleri siyrek ushirasadi, anaw yamasa minaw tendentsiyanin` basim boliwi insan minez-qulqinda barliq waqitta da ko`rinedi.

**1-tablitsa. Temperamentler tipleri ha`m ulli adamlar.**

| Gippokrat boyinsha temperament tipleri | Qisqasha minezleme | I.P.Pavlov boyinsha nerv sistemasi qa`siyetleri | Ulli insanlar |
|---|---|---|---|
| Flegmatik | Pasiv, ju`da` miynetkesh, a`ste maslasiwshi, emotsiyalar a`ste ko`rinedi | Tinish, ku`shli, saldamli, kem ha`reket | I.A. Krilov<br>M.I. Kutuzov<br>I. N`yuton |
| Sangvinik | Jedel, shaqqan, an`sat maslasadi | Tirishe, ku`shli, saldamli, shaqqan | M.Yu. Lermontov<br>Napoleon I<br>V.A. Motsart |
| Xolerik | Jedel, shaqqan, aytqaninda turatug`in, emotsiyalarin basqara almaydi | Tez qoziwshi, ku`shli, shalag`ay, shaqqan | Petr I<br>A.S. Pushkin<br>A.V. Suvorov<br>M. Robesp`er |
| Melanxolik | Passiv, tez sharshaydi, qiyin maslasadi, ju`da` sezimtal | A`zzi, shalag`ay, shaqqan yamasa kem ha`reket | N.V. Gogol`<br>P.I. Chaykovskiy |

**Is-ha`rekette temperamenttin` roli.** Ha`r bir is-ha`reket insan psixikasi ha`m onin` dinamikaliq o`zgesheliklerine belgili bir talap qoyadi, barliq is-ha`reket ushin jaramli temperamenttin` o`zi joq. Obrazli tu`rde su`wretlew mu`mkin, xolerikaliq temperamenttegi adamlar jedel, ta`wekelshilikli (jawinger), sangvinikler-sho`lkemlestiriwshilik jumislari ushin (siyasatshilar), melanxolikler-ilim ha`m iskusstvoda, do`retiwshilik jumislar ushin (oyshillar), flegmatikler-joba menen isleytug`in ha`m o`nimdarli is-ha`reketler ushin (do`retiwshi) jaramli. Bir neshe ka`sip ha`m jumislar ushin adamnin` belgili bir qa`siyetleri qadag`an etilgen, misali, ushiwshi-istrebitel` ushin jay basarliq, qos jaqpasliq, nerv sistemasinin` a`zziligi. Demek, flegmatik ha`m melanxolikler bunday jumis ushin jaramsiz.

Miynet ha`m oqiwda temperamenttin` roli sonnan ibarat, onnan ha`r qiyli qolaysiz jag`day, emotsiogen faktor, pedagogikaliq ta`sir payda etetug`in psixikaliq jag`daylardin'` jumisina ta`sirine baylanisli. Temperamentten nerv-psixikaliq basim (misali, jumisqa baha beriw, jumisti qadag`alawdi ku`tiw, jumis pa`tin jedellestiriw, ta`rtip-intizamliq ta`sirler h.t.b) da`rejesin belgilewshi ha`r qiyli faktorlardin'` ta`sirine baylanisli.

Temperamenttin` is-ha`reket talaplarina maslasiwinin` to`rt joli bar.

*Birinshi* joli-ka`siplik tan`law, onin` waziypalarinin` biri-bul jumisqa za`ru`rli temperament qa`siyetlerine iye bolmag`an adamlardi jolatpaw. Bul jol tek g`ana jeke shaxsqa ku`shli talap qoyatug`in ka`sipke tan`lawda a`melge asiriladi.

Temperamenttin` is-ha`reketke maslasiwinin` *ekinshi joli* adamg`a qoyilip atirilg`an talaptin`, jumistin` jag`daydi ha`m usillarinin` individuallig`inan ibarat.

*U`shinshi joli*-temperamenttin` is-ha`reketke unamli qatnasin qa`liplestiriwi ha`m tiyisli sebepler arqali temperamenttin` keri ta`sirin jen`iwden ibarat.

Temperamenttin` is-ha`reket talaplarina maslasiwdin` to`rtinshi, tiykarg`i ha`m en` ken` tarqalg`an joli-onin` individual stilin qa`liplestiriw. Jumistin` individual stili degenimizde ha`rekettin` sol adam ushin xarakterli ha`m is-ha`rekettin` na`tiyjeli juwmag`ina erisiwdi ta`miyinleytug`in jeke o`zgeshelikke iye usillar sistemasi ha`m ha`reketler usili tu`siniledi.

Temperament minez-quliq ha`m qarim-qatnas usillarinda iz qaldiradi, misali sangvinik derlik barliq waqitta sa`wbette initsiator boladi, tanis emes adamlar arasinda o`zin erkin sezedi, jan`a o`zgeshe jag`day oni tek qozdiradi, al melanxolik bolsa kerisinshe qisinadi, jan`a jag`day, jan`a adamlar arasinda albirap qaladi. Flegmatikler de jan`a adamlar menen qiyin til tabisadi, o`z sezimlerin az ko`rsetedi ha`m uzaq waqitqa shekem kimdur onin` menen tanispaqshi ekenligin an`lamaydi. Ol muhabbat qatnaslarin dosliqtan baslawg`a beyim ha`m aqiri, biraq jildam metamorfozlarsiz su`yip qaladi, o`ytkeni onda sezimler ritmi pa`seygen, sezimler turaqlilig`i oni bir adamdi jaqsi ko`riwshi etip qoyadi. Xolerik, sangviniklerde bolsa, kerisinshe, muhabbat jiyi jariliw siyaqli, bir qarastan payda boladi, biraq ju`da` turaqli bolmaydi.

Insan jumisinin` o`nimdarlig`i onin` temperamentinin` o`zgesheligi menen tig`iz baylanisli. Eger jumista bir talap tu`rinen ekinshisine tez-tez o`tip turiw, sheshim qabillawda operativlik talap etilse, sangviniktin` ayriqsha shaqqanlig`i qosimsha na`tiyje beriwi mu`mkin. Flegmatik ha`m melanxolikler kerisinshe, xolerik ha`m

sangviniklerge salistirg`anda qatal reglamentatsiya ha`m bir qa`liptegi jumista u`lken o`nimdarliq ha`m sharshawg`a qarsiliqqa iye.

Minez-quliqliq qatnasta temperamenttin` ha`r qiyli tipindegi adamlardin'` reaktsiyasi o`zgesheligin aldin ala ko`riw ha`m olarg`a adekvat diqqat qaratiw mu`mkin ha`m sha`rt. Atap o`tiw kerek, temperament minez-quliqtin` mazmunliq emes, al tek g`ana dinamikaliq sipatlamasin belgileydi. Bir temperament tiykarinda ha`m «ulli» ha`m sotsialliq sanda joq shaxs boliwi mu`mkin.

I.P.Pavlov joqari nerv is-ha`reketinin` ja`ne u`sh «haqiyqiy insaniyliq tippler»in atap o`tken, olar-oylawshiliq, ko`rkem, ortasha. Oylawshi tip wa`killeri (shep yarimsharinin` ekinshi signalliq sistemasi basim) aqilli, turmisliq qubilislardin'` toliq analizine, konkret emes abstrakt oylawg`a beyim. Bul tiptegi adamlar a`dette matematika, filosofiya menen qizig`adi, olarg`a ilimiy jumislar unaydi.

Ko`rkem tiptegi adamlarda (shep yarimsharinin` birinshi signalliq sistemasi basim) oylaw obrazli, og`an joqari emotsionalliq, qiyaldin` ayqinlig`i, haqiyqatliqti qabillaw tirisheligi ha`m tikkeleyligi iz qaldiradi. Olardi birinshi gezekte iskusstvo, teatr, poeziya, muzika, jaziwshiliq ha`m ko`rkem o`neri qiziqtiradi. Olar qarim-qatnastin` ken` shen`berine tirisadi. Al oylawshi tiptegi adamlardi, skeptikaliq tu`rde «qurg`aq» sipatinda bahalaydi. Ko`pshilik adamlar (h'0 protsentke shekem) «artin ortaliq»qa, ortasha tipke jatadi. Olardin'` minezinde azg`ana ratsional yamasa emotsional baslama bar ha`m bul kishkene balaliq da`wirindegi ta`rbiyag`a, turmisliq jag`daylarg`a baylanisli. Bul a'g'-a'u'-jaslarda ko`rine baslaydi, biraz o`spirimler waqtinin` ko`pshiligin a`debiyat, muzika, iskusstvog`a bag`ishlasa, basqalar-shaxmat, fizika, matematikag`a bag`ishlaydi.

Zamanago`y izertlewlerdin` tastiyiqlawinsha, on` ha`m shep yarim sharlar spetsifikaliq funktsiyalarg`a iye ha`m anaw yamasa minaw yarim shardin` basimlig`i insan shaxsinin` individual o`zgesheligine anag`urlim ta`sir ko`rsetedi.

**<u>w. Temperamenttin` ekstraversiya-introversiya menen o`z-ara qatnasi.</u>** Ayzek basqa avtorlardin'` ko`plegen jumislarina izertlewler ha`m analizler o`tkeriw na`tiyjesinde jeke shaxs strukturasinin` fundamental parametrleri «**nevrotizm»** ha`m **«ekstraversiya-introversiya»** ekenligin ko`rsetken.

Belgili psixolog K.Yung adamlardi jeke shaxs skladi boyinsha ekstravert («sirtqa murajaat etken») ha`m introvertlerge («o`z ishine murajaat etken») dep bo`lgen. Ekstravertler sa`wbetles, jedel, optimist, shaqqan, olarda JNH tipi ku`shli, temperamenti boyinsha olar sangvinik yamasa xolerikler. Introvertler az so`yleytug`in, basiq, ha`mmeden ajiralg`an, o`z ha`reketlerinde tek o`z tu`sinigine tiykarlanadi, sheshim qabillawg`a shintlap qaraydi, o`z emotsiyalarin qadag`alaydi. Introvertlerge flegmatik ha`m melanxolikler kiredi. Biraq o`mirde taza ekstravert yamasa introverler siyrek ushirasadi. Bizin` ha`r birimizde bul ekiwinin` de ko`rinisleri bar, bul nerv sistemasinin` tuwma qa`siyetlerinen, jas, ta`rbiya, turmisliq jag`daylarg`a baylanisli. Tan` qalarlig`i, ekstravertlerde on` yarimshari baslawshi esaplanadi, buni biraz sirtqi pishininen de an`law mu`mkin-olardin'` shep ko`zi ko`birek rawajlang`an, shep ko`zi ashig`iraq ha`m ma`nilirek (adamnin` nervi atanaq ta`rizinde ju`redi, yag`niy on` yarimshardan denenin` shep ta`repine ha`m shep yarimshardan-denenin` on` ta`repine). Introvertlerde shep yarimshar baslawshi esaplanadi.

Ekstraversiya joqari nevrotizm menen birge xolerik temperamentinin` payda boliwina sebepshi, «introversiya+nevrotizm» melanxolik temperamentin belgileydi, nevrotizmnin` qarama-qarsisi-emotsional turaqliliq, salmaqliliq ekstraversiya menen birgelikte sangvinistikaliq minez sipatinda ko`rinedi, al introversiya menen birge flegmatikaliq siyaqli.

Tan` qalarlig`i, qarama-qarsi temperamenttegi adamlar bekkem ha`m kelisimli shan`araq quradi, misali, qoziwshi xolerik ha`m tinish flegmatik, sonday-aq qapa melanxolik ha`m kewilli sangvinik-olar bir-birin tolqtiradi, biri-birine kerek. Dosliq qatnasiqlarda ko`binese bir temperamenttegi adamlar til tabisadi (eki xolerikten tisqari olar, ekewinin` de shidamsizlig`i sebepli tez-tez urisadi).

Sonday-aq, flegmatikler en` universal partner sipatinda aniqlang`an, o`ytkeni olardi qa`legen, o`zinikinen basqa temperamentler (ko`pshilik avtorlardin'` pikirinshe, eki flegmatik jubi ju`da` sa`tsiz shiqqan) qanaatlandiradi.

Ayzenk «ekstraversiya-introversiya» parametrleri tiykarinin` fiziologiyaliq parametrlerin aniqlawg`a uring`an, ol Pavlov gipotezasina tiykarlanip, ekstravertlengen minez-quliq qoziwdin` ku`shli toqtaw potentsialinin` payda boliwi menen belgilenedi, sol waqitta introvertler bolsa minez-qulqi toqtaw potentsial a`zziliginin` ha`m qoziw potentsiali ku`shinin` na`tiyjesi dep esaplag`an. Ayzenk usinin` tiykarinda ekstravert ha`m introvertlerge bo`linetug`in eksperimental belgilerdi aniqlag`an.

| | **Introvert** | **Ekstravert** |
|---|---|---|
| Qabillaw rigidligi | Ku`shli | a`zzi |
| O`jetlik | U`lken | Kishkene |
| Umtiliwshiliq da`rejesi | Biyik | Pa`s |
| U`yirseklik | Pa`seygen | Joqarilag`an |
| Sha`rtli baylanislardin'` payda boliwi | Tez | A`ste |
| Qabillawdag`i konstantliq | Pa`s | Joqari |

Atap o`tkenimizdey, faktorliq analizdin` basqa wa`killeri faktorlardin'` ko`pshilik sanin-jeke shaxs belgilerin aniqlag`an.

Adamlardin'` normal psixologiyaliq sipatlamasi siyaqli faktorlarg`a (jeke shaxs belgileri) bir neshe misallar keltiremiz. A faktori emotsional bastan keshiriwler dinamikasinin` o`zgesheligin su`wretleydi. Bul faktor boyinsha joqari bahali adamlardi emotsional ko`rinislerdin` baylig`i ha`m ayqinlig`i, minez-qulqinin` ta`biyg`iylig`i ha`m erkinligi, birge islesiwge tayar turiwshiliq, a`tiraptag`ilarg`a diqqatli ha`m jaqsi qatnas, ken` peyillik ha`m kewilshen`lik ayiriqshalaydi. Olar ja`ma`a`tte jaqsi kelisedi, qatnaslar du`ziwde jedel. Qarama-qarsi polyusta (faktor boyinsha pa`s baha) affekttin` uyan`lig`i, tirishe emotsiyalardin'` bolmawi siyaqli belgiler a`hmiyetke iye. Bul adamlar suwiq, qatal, qarim-qatnasta formal. Olar adamlardan bo`leklenedi, kitap ha`m zatlar menen qatnasta bolg`andi ta`wir ko`redi, bir o`zi islegendi unatip, ja`ma`a`tlik ilajlarg`a qosilmaydi. Iste da`l, wazipasin aniq orinlaydi, biraq jeterlishe iykemshil emes. E faktori-dominantliq (o`jetlik, qaysarliq)-konformnost` (pokornost`, g`a`rezlilik). Faktor boyinsha joqari bahalar ha`kimshilik, o`z betinshelikke (erkinlik), g`a`rezsizlikke umtiliwshiliq, sotsialliq jag`daylar ha`m «abiroylilar»di mensinbewdi ko`rsetedi. Bul adamlar qoriqpay, energiyali ha`m jedel ha`reket etedi. O`z jeke nizamlari ha`m tu`sinikleri menen, agressiv tu`rde erkin huqiqlarin qorg`ay otirip jasaydi ha`m a`tiraptag`ilardan da o`z betinshelik ko`rsetiwin talap etedi. Bul faktor boyinsha to`men baha aliwshi adam, aytqang`a ju`retug`in, komfortli, o`z ko`z-qarasinda tura almaydi, ku`shlirek adamnin` izine eredi, o`zine o`z uqibina isenbeydi, sonliqtan jiyi g`a`rezli bolip qaladi, ayipti moynina aladi, barliq waziypalarg`a bag`inadi.

Meditsina tarawi qa`nigeleri ha`m islep atirg`an shipakerler ta`repinen temperamenttin` ha`r bir tipi ushin adamlardin'` awqatlaniw tiykari islep shig`ilg`an. Biraq soni da aytip o`tiw kerek, aling`an izertlewler ilimiy-tastiyiqlang`an emes, al ko`birek statistikaliq xarakterge iye. Ha`r bir adam o`zi tipin aniqlap alip, bul mag`liwmatlardi ha`m o`zinin` gastronomiyaliq qa`lewlerin salistrip ko`riwi mu`mkin.

Xolerik ha`m sangviniklerge paydali

- ❖ Spetsiyalar koriandr, koritsa, ukrop, sel`derey, semechkalar (as qabaq ha`m ayg`abag`ar), reven`, izyum, chernosliv, maslina, zamarriqlar.
- ❖ Miyweler qara ju`zim, mazali alma, almurt, qa`reli, anar, figi, a`njir, ananas, qawin.
- ❖ Palizlar ko`k noqat, salat, bryussel` kapustasi, sparja, kabachki, qiyar, ren`li kapusta, tu`rpi, jas kartofel`, shpinat, az-g`ana pomidor, gorox, ma`sh, lobiya (chechevitsa emes).
- ❖ Da`n o`nimleri aq ha`m sur nan, manna ha`m suli botqasi, lapsha, makaronlar.
- ❖ Jarmalar arpa, gu`rish.
- ❖ Maylar duzlanbag`an sari may, olivkya, soya maylari.
- ❖ Su`t o`nimleri tvorog, su`t.
- ❖ Go`sh qara mal, eshki, sho`je, tawiq, tu`ye tawiq, g`az.
- ❖ Baliq sel`d`, ten`iz, ha`wiz ha`m da`r`ya balig`i.

Eger xolerik yamasa sangvinik deni saw bolsa, olarg`a piyaz, chesnok (ju`da` ko`p emes, may menen birge, jaqsisi vinegret, kotletler menen), g`ozalar (az mug`darda), grecha (ko`p emes), qara nan (biraq biyiday nannan az), shoshqa go`shi (arasinda), qatiq (keshqurin bir stakan), kolbasa (jiyi), limon (tek chayda), ashshi alma, kapusta (az mug`darda), geshir (jaqsisi salatta), g`arbiz (ha`r ku`ni emes), bal (tek chayg`a).

Eger sangvinik yamasa xolerik awirip qalsa, ol qatal dietag`a o`tedi.

<u>Flegmatik ha`m melanxoliklerge paydali</u>

- ❖ Spetsiyalar gvozdika, koritsa, imbir`, shafran, tmin, lavr japirag`i, qizil ha`m a`sirese qara burish, gorchitsa, xren, ko`k chay, izyum, chernosliv, suxofrukti, reven`, g`ozalar (az mug`darda), zamarriqlar, maslina (az mug`darda), sel`derey, petrushka, piyaz, chesnok.
- ❖ Mazali zatlar bal.
- ❖ Miywler almalar (antonovka, gol`den), almurt, anar, xurma, jemisler (a`sirese jabayi o`siwshi), erikler, shiye.
- ❖ Palizlar bryussel` ha`m ren`li kapusta, kabachki, geshir, baklajan, jas kartofel`, rediska, shpinat, la`blebi, jas tu`rpi, salg`am, gorox, chechevitsa.
- ❖ Da`nler arpa, suli.
- ❖ Da`n o`nimleri manna botqasi, lapsha, makaron, tari, suli pechen`esi (biraq suli botqasi emes, ol flegmatiklerge qadag`an), grecha (az mug`darda), ma`kke, gu`rish (az mug`darda), sonday-aq ma`yek sari uwizi.
- ❖ Go`sh jas mal, mal bawiri, sho`je.
- ❖ Baliq sel`d` az duzli (suwda jibitilgen), ten`iz balig`i, ikra.
- ❖ May ku`ydirilgen, duzlanbag`an, ayg`abag`ar, ma`kke (az mug`darda).
- ❖ Sir qa`legen, biraq taza tayarlang`an emes
- ❖ Su`t-qatiq o`nimleri (az mug`darda) eshki su`ti, irimshik.

**Ta`kirarlaw ushin sorawlar.**

- Adam nerv sistemasinin` tiykarg`i qa`siyetlerin ha`m tiplerin sipatlap berin`iz.
- Temperamenttin` ne ekenin tu`sindirin`.
- Adamlar temperamentinin` tiplerin sipatlap berin`iz.

- Balalardin’` temperamentin ta`lim-ta`rbiya beriw jumisinda qalayinsha esapqa aliwg`a boladi.

**Tema: Xarakter**
**Joba:**

1. Xarakter haqqında tu`sinik.
2. Xarakterin` belgileri
3. Xarakterdin’` qa`liplesiwi.
4. Xarakterdin’` du`zilisi

**Tayanish tusinikler:**

Xarakter, minez-kulik, u’yrenshikli minez-kulik, materiallik ha`m madeniy bayliklar, sadiklik, xadallik, adamgershilik, haqiyqatlik, tuurilik, tipik,demokratiyaliq,sanali tartip,reximsizlik,tuyiklik, sir saqlagishlik.

**A`debiyatlar**


7. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
8. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
9. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.
10. Xaydarov F.İ. Xalilova N., Umumiy psixologiya. T.: 2009
11. Yugay A.X. Laboratorno-prakticheskie zanyatiya po psixologii. T.: TDPU, 2008.
12. G`oziev E. «Ontogenez psixologiyası»-T.: Noshir. 2010.


**Elektron bilim resursları**

1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz

Xarakter degen soz galaba kollaniladi. Biz oni qaysi waqıtta kollanamiz? Birinshiden adamnin minez-qulqin bahalagan waqıtta. Ekinshiden usi adamnin minez-qulqinin ne ushin tosinnan payda bolg’an ozgeshelikleri tuwrali emes, al onin ushin turakli u’yrenshikli bolip kalgan minez-kulik formalari tuwrali soz bolg’an waqıtta. Korkak adam bir kuni batil is-ha’reketti isleui mu’mkin: alpayim adam ashiulaniwi, ha`m turpayi sozdi aytip jiberiwi itimal, biraq biz minez-kuliktin tiyisli formasi onin ushin tosinnan bolg’an yamasa kutilmegen forma emes, al adettegi ha`m turakli formasi bolip kalgan adamdi gana batil yamasa turpayi dep atay alamiz. Ushinshiden, biz adamnin jeke kelbetin, onin dun`yaga degen qatnasin bildiretug’in minez-kulik formalari tuwrali soz bolg’anda «xarakter» degen sozdi kollanamiz (al ha’r kuni tisin tazalaw yamasa azangi gimnastika menen shugillaniw adetin ol adam-minez qulqinin u’yrenshikli formasi bolsa da xarakter dep atau xeshkimnin miyine de kirip shikpaydi-goy akiri).

Solay etip, soz minez-kulik bolg’anda da u’yrenshikli minez-kulik ha`m adamni jeke kelbetin bildiretug’in minez-kulik tuwrali bolip otir. Endi xarakter degen tusinikti aship beriwge otiuge boladi.

Adamlar dogerek-atiraptagi dun`yaga: basqa adamlarga, ja’ma’a’tke, miynetke O’zin-o’zi ha’rqiyli qatnas jasaydi ha`m usinin menen biri-birinen parik etedi. Usi qatnas adamnin minez-qulqinda, is-ha’reketinde bilinedi. Egerde haqiyqatlikka degen belgili bir qatnaslar ha`m olarga saykes keletug’in minez-kulik formalari usi adam ushin tosinnan emes, al kop yamasa az darejede turakli ha`m mudami bolsa, demek olar onin jeke kelbetinin qa’siyetleri bolip kalgan boladi.

Adamnin haqiyqatlikka jasaytug’in qatnasin bildiretug’in jeke kelbetlik qa’siyetleri barha`ma geypara o’zine tan birikpeni kuraydi, al usi birikpe usi adamnin ayirim ozgesheliklerinin jiyindisinan emes, al adamnin xarakteri dep atalatug’in bir putin narseden ibarat boladi. «Xarakter» sozi grek tilinen kelip shikkan ha`m audargan waqıtta qa’siyet, alamat, belgi, ozgeshelik degendi bildiredi.

Xarakter-bul shaxstin en a’h’miyetli qa’siyetlerinin dara birikpesi bolip, ol adamnin dogerek-atiraptagi dun`yaga jasaytug’in qatnasin ko’rsetedi ha`m onin minez-qulqinda, is-ha’reketlerinde bilinedi. U’yrenshikli formalarinda bekkemlengen qatnas boladi. Biz adamnin ha’rakeri anaday yamasa minaday dep atap ko’rsete otirip, usinin menen onin haqiyqatlikka jasaytug’in qatnasin ha`m bir waqıttin ozinde belgili bir jagdayda bekkemlenip, u’yrenshikli bolip kalgan minez-kulik obrazi usi qatnaslardi amelge asiriwdin usili retinde aship beremiz. Maselen, egerde biz kayirxomlik usi adamnin xarakterinin ozgesheligi dep atap ko’rsetsek, usinin menen biz onin adamlarga jasaytug’in qatnasi qanday ha`m bir waqıttin ozinde belgili bir jagdaydagi onin minez-kulki qanday ekenin demek, tiyisli jagdaylarda onnan qanday kiliqlardi kutiuge bolatug’inin ko’rsetip beremiz.

Xarakter shaxstin basqa tarepleri atap aytkanda temperamenti ha`m ukiplari menen oz-ara baylanisli boladi. Temperament xarakterdin’ juzege keliu formasina ta’sir jasay otirip, onin yamasa minau belgilerin o’zine tan tuske engizedi. Maselen, xoleriktin tabanliligi gajja-gaj xizmetinde, flegmatiktin saldamli isshenliginde bilinedi. Miynet suygishlikte usilay boladi: xolerik jedelli, kumarlanip flegmatik bir qalipte ha`m asikpastan miynet etedi. Basqa

jaginan, temperamenttin ozi de xarakterdin’ tasiyri astinda kayta duzilediU` ku’shli xarakterli adam oz temperamentinin geypara unamsiz tareplerin tiyip, onin juzege keliuin kadagalap tura aladi.

Ukiplar da xarakter menen ajiralmas baylanisli boladi. Joqari darejedegi ukiplar xarakterdin’ ja’ma’a’t penen birlik sezimi ha`m onin iygiligi ushin jumis isleu tilegi, o’zine qatti talapshan boliwshilik, oz isine sin ko’zi menen qatnas jasay aliwshilik siyakli belgileri menen birigip ketedi. Ukiplardin’ darejesi qiyinshiliqlardi tabanli tu’rde jenip shiga aliwshilik, satsizliklerdin tasiri astinda ruuxi tusip ketpeushilik, sholkemleskenlik penen islep, baslama ko’rsete aliwshilik penen baylanisli boladi.

g’.I.P.Pavlov taliymatina muuapik, adamnin u’yrenshikli minez-kulki-bul adamnin dogerek atiraptagi jamiyetlik ortaliqtin kayta-kayta takirarlana beretug’in ta’sirlerine beretug’in, qatti bekkemlenip kalgan juuaplarinin sistemasi boladi.

Xarakterdin’ fiziologiyaliq negizleri nerv sistemasi tipinin belgilerinin ha`m jeke turmis tajiriybesinin, ta’rbiyanin na’tiyjesinde qaliplesken waqıtsha baylanislardin’ quramali turakli sistemalarinin kosindisi boladi.

Mine usi kosindida waqıtsha baylanislar sistemasi nerv sistemasinin tipine qaraganda anagurlim a’h’miyetli rol` atqaradi, oytkeni tip uliwma alganda xarakterdi de, onin ayirim belgilerin de aldin ala belgilemeydi. Nerv sistemasinin ha’r qanday tipinin negizinde shaxstin jamiyetlik jaqtan bahali barliq sipatlarin qaliplestiriwge boladi. Al tiptin tasiyri bolsa joqarida ko’rsetilgen baylanislar sistemalarinin qa’liplesiwi nerv sistemasinin ha’rqiyli tipleri uakillerinde turli-turli juz beretug’ininda, al usi baylanislar sistemalarinin ozi de tipke qaray ha’rqiyli juz beretug’ininda korinedi (maselen, batillik ozin biyley alatug’in ha`m sabirli tiplerde ha’r qiyli bilinetug’in boladi).

Ekinshi signal sistemasi, Pavlovtin atap ko’rsetkenindey-ak adamnin minez-qulqin joqari darejede tartipke salip turatug’in tetik bolg’anliktan, usi ko’rsetilgen baylanislar sistemasi tek tikkeley signallardin’ tasiyri astinda gana emes, al ekinshi signallik, yagniy sozlik qozdiriwshilardin’ (basqa adamlardin’ ko’rsetpelerinin, talaplarinin ha`m o’zine tan o’zine-ozi buyrik beriwdin) tasiyri astinda qaliplesetug’inin atap ko’rsetiw tiyis.

q.Ha’r bir tariyxiy da’wir turmistin belgili uliwma duzilisi ha`m jamiyetlik-ekonomikaliq munasibetleri menen suuretlenedi. Bular ob`ektiv tu’rde, yagniy adamnin o’zine baylanisli bolmagan tu’rde, sol da’wirge tan bolg’an xarakter belgilerin jetilistirip, adamlardin’ dun`ya qarasina ta’sir etedi. Jamiyetlik munasibetlerdin ozgeriwi menen adamlardin’ ruuxiy korinisi, xarakteri de ozgeredi.

Ha’r qiyli jamiyetlik-tariyxiy da’wirlerde ha’r qiyli xarakter belgileri payda boladi.

Materiallik ha`m madeniy bayliqlardin’ duris bolistiriliui, adamlardin’ siyasiy tenligi ha`m azatligin, sonday-ak jamiyet islerin basqariwda barliq adamlardin’ qatnasiuin tamiyinleushi, islep shigariw qurallarina jamiyetlik mutajlikti shartlep qoyg’an miynettin demokratiyaliq formalari, demokratiyaliq islep shigariw munasibetleri xarakterinin demokratiyaliq belgilerinin ob`ektiv tiykarin payda etedi ha`m olardin’ jetilisiwi ushin tiykargi derek esaplanadi.

Demokratiyaliq jamiyet sharayatinda elimiz adamlari xarakterinin o’zine tan belgileri jetilisedi. Bularda jana jamiyetlik munasibetlerdin gone, olip baratirgan, jamiyetlik rawajlaniwdin alga bariwina xadal baratirgan, aldingi pikirlerdin osiui ha`m xarakterdin’ jana ajayip belgilerinin jetilisiwine irkinish jasap atirgan narseler menen guresi saulelenedi.

Uatanga muxabbat, haqiyqatlik, adamgershilik, doslik, tuurilik, mexribanlik demokratiyaliq da’wir adami xarakterinin tipik belgiler bolip tabiladi.

Xarakter adamnin bugingi kunde ne islep atirganligi tasiyrinde gana jetilispeydi, xarakter adamnin keleshekke qaratilgan ameliy isleri tasiyrinde osedi. Keleshek ushin molsherlengen xizmet, xazirgi zaman adaminin emes, mu’mkin keleshek jamiyet adami xarakterinin de unamli belgilerin jetilistiredi.

Xarakterdin’ aniq belgilerge iye bolg’an shaxsti jetilistiriw jamiyet sheship atirgan maselelerge ha`m sol da’wirdegi jamiyetlik rawajlaniw belgileytug’in tiykargi, juda a’h’miyetli talaplarga baylanisli.

Elimiz adamlari xarakterinin o’zine tan belgilerge tomendegiler jatadiU`

Xukikiy demokratiyaliq jamiyet kuriw isine sadiklik, miynetke xadallik, baslamalilik, jedellilik, doretiwshilik, miynet suygishlik, keuillilik, sanali tartip, jamiyetlik uaziypa, is bilermenlik, jamiyet maplerinin buziliuina jol koymau, joldasliq, adamgershilik, adalatsizlikka reximsizlik, barliq xaliklar menen doslik, elimiz dushpanlarina reximsizlik ha`m tagi basqalar.

Zamanlaslarimiz buringi waqıtlari payda etilgen xarakterdin’ unamli sipatlarin saqlap qalip, ogan jana, o’zine tan belgiler kirgizbekte. Xalkimiz umtilip atirgan ha`m oz islerinde, omirinde, turmisinda ha`m miynetinde saulelendirip atirgan biyik maqsetler xarakterinin jana, demokratiyaliq belgilerin (miynetke, ja’ma’a’tke, oz-o’zine) jetilistiriwge mu’mkinshilik bermekte.

Adamlar turmisinin o’zine tan sharayatlari olar xarakterinin tipikliginde payda etedi. Sonin menen birge ha’r bir adam turmis jagdaylarinin o’zine tan ozgesheligi, ta’rbiya, miynet ha`m turmis spetsifikasi adam xarakterinin individual belgilerine oz tasiyrin tiygizedi. Individuallik uliwmalik ha`m tipiklikten ajiralmaydi, tipiklik de ha’r dayim ayirim bir individuallikka iye boladi.

Ha’r bir adamda turmisi ha`m xizmeti protsessinde onin erikli, emotsional ha`m akiliy sipatlarga ta’sir etetug’in xarakterdin’ individual belgileri jetilisedi ha`m payda boladi.

Xazirgi xukikiy demokratiyaliq jamiyette xarakterdin’ individual belgilerin osiriw ushin, ha’r bir adamnin erkin keleshegi ushin barliq sharayatlar jaratilgan. Elimiz dushpanlari kollektivizm individuallikti jok etedi, sebebi jeke belgiler jamiyetlik belgiler menen kosilip ketedi, individual pariwlar jok boladi, sonin menen xarakterdin’ individual belgileri de jok bolip ketedi dep isendiriwge ha’reket etedi.

Xarakterdin’ individual belgileri toliq xarakter tipik belgilerinin o’zine tan belgilerinde saulelenedi. Maselen, xarakterdin’ doslik ha`m joldasliq siyakli belgileri elimiz adamlarinin tipik belgileri, biraq ha’r bir adamda xarakterdin’ bul belgileri o’zine tan ozgeshelikte, individual tarizde payda boladi. Bir qiyli adamlarda doslik ha`m joldasliq sonday saulelenedi, adam dostina u’lken talaplar koyadi, ogan talapshan, onin kemshiliklerine biyparik qarap turmaydi. Basqa bireu dostina xarakterinin bul belgilerin basqasha munasibette ko’rsetedi: ol mexirban, gamxor, jan kuyer ha`m dostinin is ha’reketinde unamsiz belgilerdin payda boliwina jol koymauga ha’reket etedi yamasa olardi saplastiriwga jardem beredi. Oz xarakteri individual belgilerinin kushine qaray birinshi adam ekinshi adamday is kila almaydi (ha`m kerisinshe).

Xarakterdin’ individual belgileri adamnin oqıw xizmeti ozgesheliklerinde, onin pikir jurgiziui, dikkati zeyni ha`m baqlawshiliginin o’zine tanliginde, miynetke munasibetinde, miynet suygishliginde, erikli sipatlarinda-sabirliligi, ozin tuta biliwshiligi, qandayda bir maqsetke qaratilganliginda payda boladi.

Ayirim bir adamlardin’ unamsiz tasiyri, naduris ta’rbiya ha`mde dun`yadagi ayirim jaramas ta’sirler na’tiyjesinde elimiz adamlarinda ayirim jagdaylarda xarakterdin’ unamsiz individual belgileri jetilisiwi mu’mkin.

Adamdi kayta ta’rbiyalaw ha`m onin xarakterindegi unamsiz belgilerdi ozgertiudin tiykargi qurali ja’ma’a’tshiliktin ta’sir etiwi ha`m ja’ma’a’ttin abaylawi, ja’ma’a’ttin tasiyri ha`m miynet xizmeti bolip tabiladi.

Mugallim ozinin talim-ta’rbiya jumisinda oqıwshi xarakter belgisinin individual tarizde payda boliwin esapka aliwi xarakterdin’ unamli belgilerinin osiui ha`m unamsiz belgilerdin kayta ta’rbiyalaniwi ushin jagday jaratiui lazim.

Balanin xizmeti ha`m is-ha’reketinde xarakterdin’ individual qa’siyetlerin ha`m olardin’ payda boliw belgilerin u’yreniw balag’a individual qatnas jasawdi ha`m onin menen alip barilatug’in individual islerdi aniqlaw mu’mkinshiligin beredi. Balalardin’ individual qa’siyetlerin esapka alip ta’rbiya maqsetlerine erisiudin en jaqsi jollarin tamiyinleydi.

Bala xarakterinin individual ha`m tipik qa’siyetlerin birge osirip bariw ha’r tarepleme ha`m garmonikaliq er jetken shaxsti jetilistiriw ushin qolay sharayat jaratip beredi.

n’.Xarakter ajiralmas bir putinlikten ibarat boladi. Biraq xarakter siyakli usinday quramali bir putinlikti aniq ayirim tareplerin yamasa tipik qa’siyetlerin (xarakterdin’ belgilerin) ayirip shigarmay turip u’yreniw ha`m tusiniw mu’mkin emes. Adamnin haqiyqatlikka qatnas jasawi juzege keletug’in adam minez-qulqinin jeke u’yrenshikli formalarin xarakterdin’ belgileri dep tusinedi.

Xarakterdin’ belgilerin olardin’ biri-biri menen oz-ara baylanisinda qarap shigiu ha`m bahalaw za’ru’r. Xarakterdin’ ha’r bir belgisi onin basqa belgiler menen oz-ara qatnasina qaray oz a’h’miyetine, kobinese putkilley turli-turli a’h’miyetine iye boladi. Maselen, batillik xarakterdin’ belgisi retinde ol saklik yamasa kizbalilik, joqari morallik sezimler yamasa mayda dankparazlik sezimi menen birigiuine qaray sapa jaginan ha’rqiyli a’h’miyetke iye boladi. Tabanlilik tek joqari ideyalilik ha`m kritikalilik penen birigip ketkende gana unamli a’h’miyetke iye boladi, al olarsiz ol ojetlikke aylanip ketiwi itimal. Jureklilik penen birikpegen saklik adamdi biyparua etip koyiui mu’mkin.

Xarakterdin’ belgilerin tiykargi eki toparga boliw qabil etilgen.

Birinshi toparda xarakterdin’ shaxstin bagdarlaniwshiligin bildiretug’in belgileri, yagniy haqiyqatlikka jasalatug’in qatnaslar sistemasi (jamiyetke, ja’ma’a’tke, ja’ma’a’ttin agzalari retindegi basqa adamlarga qatnas jasawU` o’zine-ozi, ozinin jeke kelbetine qatnas jasaw) kuraydi.

Bagdarlaniwshilik adamnin maqsetlerin ha`m umtiliularin belgileydi, biraq usi maqsetler menen umtiliular turmista amelge asirilip atirma yamasa jokpa, adam gozlegen maqsetine erisiu jolindagi toskinliqlardi jenip shiga alama yamasa jokpa degen masele de ogada a’h’miyetli boladi. Usigan muuapik tu’rde xarakterdin’ belgilerinin ekinshi toparin-erklilik belgilerin ayirip shigaradi. Adamda xarakterdin’ erklilik belgilerinin rawajlaniwina qaray ku’shli ha`m xalsiz xarakter tuwrali soz etedi. Bosanlik uliwma alganda xatte unamli bagdarlaniwshilik bolg’an jagdayda da xarakterge unamsiz baha beredi. Egerde joqari, iygilikli maqsetler turmista iske asirilmasa, bunday maqsetlerdi gozleudin ozi de biypayda boladi. Usinin menen bir waqıtta otirik bagdarlaniwshilik bolg’an jagdaydagi ku’shli xarakter de shaxstin bahali sipati bolmaydi.

1.Jamiyetke, ja’ma’a’tke, basqa adamlarga qatnas jasawdi bildiretug’in xarakterdin’ belgileri.

Bul belgilerge barinende burin kollektivizm jatadi. Kollektivizm-xarakterdin’ bir belgisi bolip, ol adamnin ja’ma’a’tte boliwga, onin turmisina qatnasiwg’a, ol gozlegen maqsetler ushin guresiuge ja’ma’a’ttin barliq agzalarina joldasliq jardem ko’rsetiwge umtiliuin bildiredi. Xarakterdin’ usi belgisi jaqsi rawajlang’an oqıwshi ja’ma’a’tke, oz joldaslarina bauip basip qaladi. Ol artta kalganlarga shin keuilden jardem beredi, joldaslarinin tabisina quwanadi, olardi ha’r bir minutta kollap-kuuatlawga tayar bolip turadi. Bunday oqıwshiga tek onin o’zine gana payda keltiretug’in yamasa lazzetke boleytug’in, al joldaslarina ziyan keltiretug’in kiliklardan bas tartiu ansat boladi.

Xarakterdin’ kollektivizmge kayshi keletug’in unamsiz belgisi ozimshillik boladi. Ozimshil adamnin is-ha’reketin oz qara basinin maplerin gozleushilik, birinshi gezekte oz qara basinin paydasi tuwrali gamxorlik etiwge umtiliushilik bagdarlap turadi.

Ozimshilliktin baslangish belgilerine iye bolg’an oqıwshilar geyde mektepte ushiratiuga boladi. Maselen Roza degen kizdi alip qarayik. Ol adamlarga putkilley biyparua qarawi menen ajiralip turadi. Ol klasslaslarinin jaman baha alganina ashiktan-ashik quwanadi, al olardin’ tabislarina qatti kuyip pisedi. Klasstin maplerin mensinbeydi. Kade bolg’aninday-ak, balalardagi ozimshillik balani xadden tis erkeletip jiberetug’in, ol ne dese soni isley beretug’in, oni miynetke u’yretpeytug’in ata-analardin’ naduris minez-qulqinin na’tiyjesi boladi. Mugallim oz

waqtinda usinday oqıwshilarga ayiriqsha keuil boliwi ha`m olar joninde arnawli tu’rde ta’rbiyalaw jumisin jurgiziudi belgiliui tiyis.

Qayirqomlik siyakli belgi kollektivizm menen baylanisli boladi. Qayirqomlik-adamlarga olardin’ sezimlerine mashkalalarina dikkatli, miyirmanlik, abaylilik penen qatnas jasaw, adamga jardem beriwge mudami tayar turiwshilik, anau yamasa minau jagdayda qanday jardem kerek ekenin pamley aliwshilik boladi.

Qayirqomlik, bosanliq, adamnin rayina keuline qarawshilik penen xeshqanday uliwmalilikka iye emes. Adamga dikkatli ha`m miyirmanlik penen qatnas jasaw, oni xurmetleu, ogan ozinin katelerin, kemshiliklerin, unamsiz qa’siyetlerin duzetiwde jardem beriwge umtiliuda bilinedi. Sonliktan da tikkeley xak niyet penen ha`m adil tu’rde joldasliq kritikalaw adamga kayirkomlik penen qatnas jasawdin ayiriqsha formasi, oz-ara jardem beriwdin qurali boladi.

Adamlarga jaramas, kayirkomliksiz qatnas jasawda bildiretug’in xarakterdin’ unamsiz belgisi-turpayilik-mektep jasinda minez-kuliktin ken taralgan kemshiligi boladi. Usi belginin payda boliw sebepleri ogada turli-turli boladi. Ta’rbiyalawdin katelikleriw` u’lkenlerdin oqıwshilarga, asirese jas ospirimge qatnas jasawda a’dep-ikramli bolmaui, onin jeke ar-namisin jetkilikli darejede xurmetlemewshilik, anau yamasa minau formada onin jeke ar namisin jetkilikli darejede xurmetlemewshilik, anau yamasa minau formada onin oz betinsheligin tiyip koyiuga umtiliushilik, biyzar etetug’in kadagalaw ha`m ayteuir bir mayda-shuyde kauenderlik ete beriwshilik bilinedi de turadi. Jas ospirimler u’lkenlerdin ozlerine adilsiz qatnas jasawina kobinese turpayilik penen juuap beredi. Mugallim haqiyqat adilsiz qatnas penen bir qatarda oqıwshi o’zine jasagan qatnasti adilsiz dep katelesip isene beretug’in jagdaylarda gezlesip turatug’inin bilip koyiui tiyis.

Geyde oqıwshilardin’ turpayiligi olarda naduris moralliq pikirlerdin boliwinan kelip shigadi. Geypara balalar turpayilikti ha`m kopal sozdi eseygenliktin, erjetkenliktin, xarakterdin’ tikliginin belgisi dep esaplaydi.

Oqıwshilardin’ turpayiligi geypara egedelerge ha`m joldaslarina eliklewdin na’tiyjesi boliwi itimal. Sonday turpayilik bosanliktin na’tiyjesi boliwi da itimal: jas ospirim ele kobinese ozinin sezimlerin, qatti kulshiniwshiligin tiya almaydi, kizbalilikka ha`m adette kizip ketken payitta ne bolg’anin bilmey qaliwshilikka beyim boladi.

Adamnin jamiyetke ha`m basqa adamlarga jasaytug’in qatnasin bildiretug’in xarakterdin’ en a’h’miyetdi belgilerinen biri xadallik boladi. Is-ha’rekettin minsiz taza boliwi xadal miynet ushin xarakterli boladi. Xadallik tek basqa bireudin menshigin ha`m asirese mamleketimizdin ha’r bir adami talan-taraj etiwden jane buziliudan korgap turatug’in mamleketlik menshikti xurmet etiwde gana biline bermeydi. Xadal adam oz miynetlerin xak niyet penen orinlaydi, basqalardin’ iske biyparua ha`m juuapkersizlik penen qatnas jasawina toze almaydi. Bunday adamnin is-ha’reketleri irasgoyligi, xak niyetliligi ha`m tuuriliiligi menen ajiralip turadi. Ol xeshqashan otirik soylemeydi, xiylekerlik etpeydi, aldamaydi, eki juzlilik islemeydi, uadesine qatti opadar boladi, ha’ramilik isleuge batinbaydi, xeshqashan oz xujdanina qarsi shikpaydi, eki juzlilik etpeydi.

Xarakterdin’ adamlarga qatnas jasawdi bildiretug’in unamli belgisi jatirkaushilik boladi. Alibette, ol oz qara basinin maplerinen kelip shikpastan, al kollektivizm sezimine tiykarlang’an jagdayda usinday boladi. Xeshkimdi jatirkamaytug’in adamlar basqa adamlar menen oz-ara qatnas jasawdan ha`m birge xizmet isleuden quwanishka bolenip, kanaatlanadi ha`m ja’ma’a’tten sirtta kalgan jagdayda qatti kaygiriw sezimin bastan keshiredi.

Xarakterdin’ tuyiklik, sir saqlawshilik siyaqli qarama-qarsi belgilerine iye bolg’an adamlarda gezlesip turadi. Tuyiklik ha`m sir saqlawshilik oqıwshida ha’r qiyli dereklerge iye boladi. Kobinese bul melanxolik temperamenttin juzege keliui, geyde jaziksiz jazalang’ani yamasa u’lkenler tarepinen unamsiz baha algani ushin okpe-giynenin turakli juzege keliui, geyde satsizlikke kabirgasi qayisiw boladi.

2.Xarakterdin’ miynetke qatnas jasawdi bildiretug’in belgileri. Xarakterdin’ miynet etiw tilegin bildiretug’in belgisin miynet

suygishlik dep ataydi. Usi tilek miynet protsessinen ha`m onin na’tiyjelerinen alatug’in qanaatlaniw, quwanish, lazzetleniw sezimi menen baylanisli boladi. Miynetke degen haqiyqat suyiushilik, xak niyetlilik ha`m puxtalik, jumisti ayteuir orinlap gana koymastan, al oni mudami en jaqsi etip orinlaw za’ru’rligi menen birigip kete-di.

Bizin elimiz onin barliq agzalarinin jamiyetlik iygilik ushin iktiyarli tu’rde miynet etiw siyakli ishki tilegine tiykarlang’an boladi. Sonliktan da mamleketimiz jamiyettin barliq agzalarinda miynetke, xurmetli qatnas jasawdi rawajlandiriwdi, ta’rbiya jumisinin orayina qoyip otir. Elimizdin ha’r bir aldingi adami haqiyqat inta menen miynet etedi, is kosjakpaslardi, jalkaulardi jek koredi, miynetke juzeki qatnas jasawga tozbeydi. Xarakterdin’ bizin adamlarimizga jat jalkaulik, itibarsizlik siyakli belgileri miynetke unamsiz yamasa biyparua,nemkuraydilik penen qatnas jasawda, tapsirmalardi ayteuir bir ko’zabaga orinlawda bilinedi.

Miynet suygishlik xarakterdin’ baslamalilik siyakli belgisi menen birigip ketken waqıtta ayriqsha kunlilikka iye boladi. Baslama ko’rsetetug’in adam-janani seze biliwshiligi rawajlang’an adam boladi. Ol miynetke jamiyetlik xizmetke doretiwshilik qatnas jasaydi, jumistin anagurlim jetilisken, anagurlim onimdarli usillarin tabiwga umtiladi, al tap usi narsenin ozi bizin miynetkeshlerimizdin kolxozshilarimizdin arasinda kennen en jaygan novatorlik ha’reketinin tiykarin kuraydi.

Xarakterdin’ baslamalilikka kayshi keletug’in belgileri-artta qaliwshilik, konservatizm-jana aldingi qatardagi narsege unamsiz qatnas jasawda, keri tartiushilikka beyim boliwda, dasturlerge qalay bolsa solay qatnas jasay beriwshilikte korinedi.

Miynet protsessinde xarakterdin’ unemlilik siyakli kunli belgisi de rawajlana baradi,al ol adamnin oz jumisinin ha`m basqa adamlardin’ xizmetinin na’tiyjelerine degen qatnasin bildiredi. Adam miynetti xurmetley otirip, adamnin akili ha`m miyneti menen doretilgen narsege unemshillik jaginan qatnas jasay baslaydi, materi-

allardi, qural-saymanlardi ha`m miynettin onimlerin artikmash, akilga ugras bolmagan tu'rde jumsaudan aulak boliwga umtiladi. Unemshillik isirapshiliktin yamasa materiallik bayliklarga talan-tarajlik qatnas jasawda da, sonday-aq ziqnalik penen sikmarliktan da birdey kashik boladi.

3.Xarakterdin' o'zine-ozi qatnas jasawdi bildiretug'in belgileri.

Adam xizmeti protsessinde basqa adamlar menen belgili darejede munasibette boladi.

Adam xizmet protsessinde basqa adamlar menen bolg'an baylanis protsessinde ha`m miynet protsessinde basqa adamdi biledi ha`m ogan degen oz munasibetin belgileydi.

Adam basqa adamlar menen jamiyetlik munasibette bolip xizmet protsessinde ozin jamiyet agzasi sipatinda, jamiyetlik tiri jan sipatinda biledi. Adamnin oz xizmetine qarap munasibette boliwi ha`mde adamnin xizmetine baylanisli xalda ha'reketlerinin ozgeriwi oz-o'zine bolg'an munasibetti de ozgertedi. Ozin miynet adami, ja'ma'a'ttin agzasi, garezsiz mamleketimizdin jaratiushisi, xukikiy demokratiyaliq jamiyet kuriwshi sipatinda anlaw miynet protsessinde payda boladi. Bular adamda o'zine bolg'an jana munasibet payda etedi.

Oz-o'zine bolg'an belgili munasibet amelde bekkemlenip, xarakter belgisine aylanadi.

Jeke o'zine bolg'an munasibetti saulelendiriwshi xarakter belgilerine tomendegiler kirediU` kishipeyillik, O'zin-o'zi kritikalaw, oz qadirin biliw.

Xarakter belgileri sipatinda kishipeyillik sonday payda boladi, adam oz xizmetleri, tabislarin ha`m shaxsiy sipatlarin xesh qashan borttirip jibermeydi. Ol ozi qanday is islese, onin orninda bolg'an basqa adamda sonday is isleuin esapka alip, ozin ha`m oz islerin basqa adamlarga qarama-qarsi koymaydi. Kishipeyil adam basqa adamlar menen munasibette apiuayi ha`m tabiyiy, biraq sonin menen birge oz qadir qimbatin ha`m oz kushine isenimdi saqlap qaladi.

Adamda ayirim waqıtlari xatte korkiuga aylanatug'in kishipeyillikten o'zine jeterli baha bermewshilikti ajirata biliw kerek, bunday waqıtta adamlar ozlerine ha`m oz kushlerine isenimdi jogaltadi.

Oz kadirin biliw sezimi-ozin xurmet etiw sezimi, oz mu'mkinshiliklerin duris tusiniw, adamnin kimbatli sipati-oz kushine isenimdi payda etedi. Oz kadir-kimbatin saqlawshi adam ozin kemsitiu ha`m garemetleuge jol koymaydi, ozin korgaydi ha`mde oz namisin saqlay biledi. Biraq xarakterdin' bul belgilerin menmenlik mara-patlaniw ha`m maqtanshaqliq penen almastirip jibermew kerek.

Oz qa'dirin biliw sezimi miynette qashan bolsada adam oz miynetinin jamiyet ushin paydali ekenligin korip, oni xurmet etkenliklerin bilgende ta'rbiyalanadi. Sol adam ushin itibarli, taliklawga turarlik adamlardin' ulgi ko'rsetiwi u'lken a'h'miyetke iye boladi.

Oz qa'dirin biliw sezimin ta'rbiyalaw kishipeyillik ha`m O'zin-o'zi kritikalawdi ta'rbiyalaw menen tikkeley baylanisli.

4.Xarakterdin' eriklilik belgileri.

Xarakterdin' jigerlilik belgileri oz minez-qulqin sanali tu'rde tartipke sala biliwde ha`m usigan adetleniwde gozlegen maqsetine erisiu jolindagi toskinliqlardi jene biliwde bilinedi.

Shaxstin bagdarlaniwshiligin esapka almastan turip xarakterdin' jigerlilik belgilerin bahalawga ha`m ta'rbiyalawga bolmaydi. Xamelparazdin maqsetke qaray talpiniwshiligi ha`m tabanliligin jalataydin batilligi xesh qanday unamli belgiler bolmaydi. Xarakterdin' jigerlilik belgileri moral`lik jaqtan ta'rbiyalang'an erk bolg'an jagdayda gana bahali boladi.

Xarakterdin' eriklilik belgilerine maqsetke umtiliushilikti, oz betinshelikti, jureklilikti, tabanlilikti, sabirlilikti, er jureklilikti ha`m batillikti, tartiplilikti jatqaradi.

5.Shaxstin kamal tabiwin xarakterdin' jetilisiwinin baslaniwi dep esaplaw kerek. Duris biz mektepke shekemgi ta'rbiya jasindagi ha`m mektep jasindagi kishi balaliq da'wirinde xarakterdin' turaksiz belgileri jetilisedi dep ayta alamiz, biraq xarakterdin' jetilisiwi ushin jagday, onin tiykarlari balanin tap mine usi jas da'wirinde payda bola baslaydi.

Bala omirinin mektepke shekemgi da'wiri shaxstin kamal tabiwindagi en a'h'miyetli basqish. Bala mektepke is-ha'reketlerinin o'zlestirilgen, adetlengen formalari menen, atirapka bolg'an aniq munasibeti menen, o'zlestirilgen a'dep-ikram normalari menen keledi.

Mektepke kiriw, bala omiri ha`m xizmeti balada is-ha'reketlerdin belgili jamlesken formalarin osirip, onin xizmeti ha`m onin dogerek atiraptagi adamlar menen bolg'an munasibetlerine u'lken ozgerisler kirgizip, balag'a degen oz talaplarin koyadi. Bul jastagi bala ozin belgili a'h'miyetke iye bolg'an xizmet penen shugillaniwshi (bul dogerek-atiraptagilar tarepinen de tan alinadi) ja'ma'a'ttin agzasi sipatinda seze baslaydi.

Oqıw xizmeti balani joldaslari, mugallimler, ata-analar ha`m basqa adamlar menen jana munasibette boliwga majbur etedi. Bulardin' barligi mektepke kelgenshe jetilisken ha`m adetlengen munasibetlerge ozgerisler kirgizedi.

Bala o'zine, onin xizmetine u'lkenler ha`m ata-analar tamaninan islenetug'in munasibetlerdin ozgergenligin tusinedi, jana xizmet onin joldaslari menen bolatug'in munasibetlerdi ha`m onin oz-o'zine bolg'an munasibetinde ozgertedi.

Mektep oqıwshısının' oqıw isleri protsessinde, adamlar menen munasibetinin quramalasiwi protsessinde mugallim alip baratug'in ta'rbiyaliq jumislar oqıwshilarda za'ru'r sipatlardi jetilistiriw mu'mkinshiligin jaratadi, bunday sipatlar bara-bara oqıwshi xarakterinin tiykari bolip qaladi.

Ta'rbiya protsessinde bala xarakterin jetilistiriw, onin xarakterindegi unamsiz belgilerdi ozgertiu ha`m tamamlaw ha`mde unamli sipatlardi sindiriw mu'mkin. Ta'rbiyalaw ha`m kayta ta'rbiyalaw mu'mkin bolmagan balalar xarakteri jokU` bunin ushin tek gana ta'rbiyaga sharayat jaratiu ha`m balanin individual ozgesheliklerin albette esapka aliw kerek.

Mektep oqıwshısının' is-ha'reketindegi unamli ha`m unamszi tareplerin esapka alip oqıwshinin neni biliwi ha`m qanday biliw, aniq sharayatta ozin qalay tutiuin bilip, dogerek-atiraptagilardin' oqıwshilarga ta'sir ko'rsetiwlerin esapka alip mugallim oqıwshi aldina shartler qoyip ha`m onin xizmetin jolga salip, xarakterinde unamli belgilerdin jetilisiwine ta'sir etiwi mu'mkin.

Mektep oqıwshısının' xarakterin ta'rbiyalawdin tiykargi jollari tomendegishe belgilenediU`

1)Xarakterdin' tiykari sipatinda ilimiy dun`ya qarasti, iklasti jetilistiriw.

Shaxstin ilimiy dun`ya qarasta bagdarlang'anligi bilimler ha`m ameliy xizmettin bayligi menen belgilenip, adamnin turmislik umtiliularinda saulelenedi.

Shaxsta ilimiy dun`ya qaraska bagdarlang'anlikti ta'rbiyalawda okitiu, ilimiy-siyasiy ta'rbiya, adamlardin' turmistagi duris munasibetleri u'lken a'h'miyetke iye. Bular xarakter belgileri jetilisiwinin ob`ektiv tiykarin payda etedi.

2)Xizmetti (oqıw, oyin, miynet xizmetin) sholkemlestiriw. Bul protsesste adam is-ha'reket kagiydalarin ameliy tu'rde iyelep aladi. Ta'rbiyashilar jamiyetlik a'h'miyetke iye bolg'an doretiwshilik miynette, shiniktiriwlar ha`m duris a'dep-ikram formalari ha`m is-ha'reketlerinin bekkemleniwi ushin arnawli sharayat jaratadi.

3)Bir maqsetke qaratilgan ja'ma'a'tti ha`m adamlar ortasinda jaqsi ja'ma'a'tshilik munasibetlerdi juzege keltiriw. Ja'ma'a'ttin aldina qoyg'an maqsetlerine erisiu ushin gureste qiyinshiliqlardi jeniwde shaxs xarakterinin unamli belgileri jetilisedi.

4)Insan birge jasaytug'in, okiytug'in ha`m isleytug'in adamlardan ornek aliwinin ta'rbiyaliq a'h'miyeti. Kaha'rmanlik da'wir adamlarinin ulgisi, korkem shigarma kaha'rmanlari, joldaslar, ata-analar ha`m ta'rbiyashilardin' ulgisi arnap islengen yamasa arnap islenbegen taliklawdin psixologik tiykari bolip adamnin islerinde, munasibetlerinde ha`m is-ha'reketlerinde payda boladi.

5)Oz-ozin ta'rbiyalaw-qashandur adam oz xarakterinin ku'shli yamasa kushsiz tareplerin bilse ha`m ozinde xarakterdin' unamli belgilerin jetilistiriw jollarin belgiley alsa-bul xarakterdi ta'rbiyalaw ushin u'lken a'h'miyetke iye.

Mektep oqıwshısının' xarakterin ta'rbiyalaw jollari ha`m formalari haqqinda toktap otemiz.

Baslawish talimnin ta'rbiyaliq xarakteri balag'a jamiyet agzasi sipatinda sindiriw za'ru'r bolg'an a'dep-ikram talaplarin aste-akirin o'zlestirip bariw mu'mkinshiligin beredi. Belgili darejede unamli sezimler okitiushi jarkin ha`m kizigarli formadagi oqıw protsessi ha`mde gurrin dawaminda bala (oz jasina ilayiq tu'rde) jamiyetlik a'dep-ikram ha`m jamiyetlik munasibetlerdin belgili normalarin o'zlestirip aladi. Oqıwshi elimiz adamlarinin dankli miynetleri, kilgan isleri, miynet tarauindagi martlikleri menen tanisadi, olardan gayratlanadi ha`m ozi de sonday boliwdi kaleydi, ol ozi esitken ha`m okigan narselerin juda teren sezedi ha`m bul narse onin yadinda saqlanip qaladi. Bala adamlar xizmetinin nege qaratilganligin biledi, onda sol adamlarday boliw tilegi payda boladi, biraq ele konlikpe ha`m ameliy tajiriybe jetispeydi.

Balalar tarepinen o'zlestirip alingan a'dep-ikram talaplarin, olardi tusiniwdi mektep oqıwshilarinin a'dep-ikram ameliy tajiriybeleri baylanistiriw kerek. Balalar birinshi klasstan baslap tomendegi a'dep-ikram printsiplerin jaqsi o'zlestirip almaktaU` adam adamga dos joldas ha`m tuuiskan.

Balani ameliy is (uy-ishleri, joldaslarina jardem beriw)ke qatnastiriw, olardin' orinlaniwi ustinen kadagalaw, bul islerdi taliklaw balalar tarepinen a'dep-ikramli tajiriybe arttiriw ushin jagday jaratadi, bul aste akirin adetlengen xarakter belgisine aylanadi. A'dep-ikram tajiriybenin bul daslepki tiykarlari keleshekte xarakterdin' jetilisiwi ushin juda a'h'miyetli.

Basqa adamlardin' ulgi ko'rsetiwi xarakterdin' jetilisiwi ushin u'lken a'h'miyetke iye: balalar u'lkenlerge uksauga ha'reket etep, kop narselerdi u'lkenlerden u'yrenip aladi. Aniq maqsetti gozlep is isleushi a'dep-ikramlilik jaqtan ta'rbiyalang'an adamnin is-ha'reketi mektep oqıwshilarinda duris is-ha'reketler jetilistiriw ha`m olar isleytug'in jaqsi islerdi keltirip shigariw ushin kop gana unamli narseler beredi.

Jamiyetlik paydali miynette mektep oqıwshilari xarakterin ta'rbiyalaw ushin birqansha qolay jagday jaratiladi. Jamiyetlik a'h'miyetke iye bolg'an, tuuri jolga qoyilg'an, miynet oqıwshilarda kop gana unamli keshirmelerdi payda etedi. Bular miynetke, miynet islep atirgan adamga tuuri munasibet payda etedi.

Ja'ma'a'tte kishi jastagi oqıwshi balalardin' xarakterin ta'rbiyalaw na'tiyjeli tu'rde alip bariladi: balada ja'ma'a'tlik xizmette xarakterdin' basqa belgileri menen birge xarakterdin' ja'ma'a'tlik belgileri ta'rbiyalanadi.

Balada ja'ma'a'tlik sezimleri daslep mektepke shekemgi ta'rbiya jasinda ak payda boladiU` ol oz qatarlari menen birge boliwga, ja'ma'a't oyin ha`m shinigiularda qatnasiwg'a, ja'ma'a'ttin talaplarina (maselen oyinda) boysiniwga ha'reket etedi.

Oz qatarlari ja'ma'a'tinen ajiralip qaliw balag'a jaman ta'sir etedi: u'lkenler arasinda ta'rbiyalaniw na'tiyjesinde balalarda xarakterdin' unamsiz belgileri (adam jaktirmau, ja'ma'a'tten korkiu, egoizm ha`m basqa ayirim bir xarakter belgileri) osip bariwi mu'mkin.

Jeti-segiz jasar balalarda ja'ma'a'tshillik belgileri onshelli jetilispegen boladi. Mekteptegi turmis jagdayi ha`m shinigiulardin' jolga koyiliui shaxsta ja'ma'a'tshillik sipatlarinin ta'rbiyalaniwina mudami mu'mkinshilik bere bermeydi.

Oqıwshi oqıw isi protsessinde individual tu'rde okiydi ha`m oz miyneti ushin individual baha aladi. Oqıwshi klasstagi shinigiular waqtinda joldaslari ja'ma'a'tinde boladi, biraq ol ayirim waqıtlari sonday jagdayga dus keledi, onda oqıw xizmeti protsessinde ja'ma'a'tlik munasibetleri juzege kelmeydi.

Mugallim uliwma miynet xizmetin jolga qoyg'anda, putkil klass aldina uliwma maqsetler qoyip, birgelikte ha'reket etiw tilegin oyatkan tagdirde gana ja'ma'a'tshil sezimin ta'rbiyalaw baslanadi. a'-g' klass oqıwshilarinda

is-ha’reketlerdin adetlengen formalari ja’ma’a’tte juzege keltiriledi. Bular ja’ma’a’tlik miynet, oyin ha`m oqıw sharayatlarinda jetilisedi.

Kishi jastagi oqıwshilarda basqa adamlarga itibarli ha`m mexribanlik penen munasibette boliw kobinese jeterli darejede ta’rbiyalanbagan boladi. Bul jastagi balalardin’ psixologik ozgeshelikleri sonnan ibarat, olar basqa adamlarga ozlerin qalay tutiu kerekligine juuap bere alsa da, bul sipatlardi aniq sharayatta ata-analar, mugallim qatnasiuinda payda etedi. Bul jastagi balalar bir ozin yamasa joldaslari arasinda bolg’anda ozin qalay tutiu kerekligin umitip koyadi.

Sonday-ak psixik qa’siyet (bunin ustine quramali, teren qa’siyet) bolg’an mexirbanlik kishi jastagi oqıwshilarda darxal ta’rbiyalanbaydi, biraq onin ayirim korinisleri bul jastagi balalarda boliwi ha`m mugallimnin belgili ta’rbiya jumislarinda olar ushin is-ha’reketlerdin adetlengen formalarina aylaniwi mu’mkin.

Mektep oqıwshilarinda basqa adamlarga bolg’an munasibetti saulelendiretug’in xarakter belgisi sipatinda adamgershilikti ta’rbiyalaw olardin’ ja’ma’a’tlik xizmetinen ajiralmaydi. Ja’ma’a’t bolip islenetug’in miynetlerde joldasliq sezimlerin osiredi, adamga bolg’an teren xurmet ha`m muxabbat ta’rbiyalanadi.

Kishi mektep jasindagi balalarda adamgershilikti ta’rbiyalawdi olardin’ mektepke kelgen kuninen baslaw kerek. Daslep bul qa’siyet ayirim bir ameliy islerde payda boladi. Maselen klassta oqıwshi kesel bolip kaldi, klasstagi joldaslari ogan gamxorlik etedi, onin xalinan xabar aladi, oqıwga jardem beredi-ane solay etip is-ha’rekettin jana tajiriybesi payda etiledi ha`m xarakterdin’ jana belgisi mexribanlik jetistiriledi.

Bunnan keyingi sonday waqiya joldaslarina itibarli ha`m mexribanlik penen munasibette boliwga majbur etedi, sonala adamlarga bolg’an bul munasibet adetke aylanadiU` tek gana naukas bolg’an joldasina emes, mu’mkin gamxorlik etiw ha`m jardemge mutaj adamlarga mexirbanlik ha`m itibar menen munasibette boliw tilegi payda boladi.

Adamnin o’zine bolg’an munasibetti ko’rsetiwshi xarakter belgileri ta’rbiyalawdi mektepke shekemgi ta’rbiya jasindagi balaliq da’wirden baslaw kerek. Ta’rbiya islerin dawam ettirip, baslawish mektep oqıwshilarinda kishipeyillikti ta’rbiyalaw za’ru’r.

Balalarda kishipeyilliktin jokligi ja’ma’a’tte, klassta, u’lkenler arasinda, jamiyetlik orinlarda ozin tuta biliwshilikte payda boladi. Bul narse oqıwshinin basqalardin’ sozin boliwde, u’lkenlerdin soylesiuine mu’mkinshilik bermewinde, gurrinlesiu waqtinda orinsiz eskertiuler beriwde, ozin oz is ha’reketleri maqtawda payda boladi.

Balada kishipeyilliktin jok boliw sebebin daslep shanaraktan qaraw kerek. Eger birinshi klass oqıwshısı shanarakta uydegilerdin dikkat orayinda bolip oz islerinde ayirim waqıtlari joqari baha aliwg’a adetlengen bolsa, bunday oqıwshi klassta da mugallim ha`m oqıwshilardan o’zine sonday munasibetti talap etedi.

Mugallim oqıwshilar tarepinen oz jeke basina artiqsha baha beriliuine shidam menen gures alip bariwi kerek. Bunday oqıwshilardin’ aste-akirin oz isine ha`m is-ha’reketlerine duris baha beriwge u’yretip bariw, olarda ozin tuta biliw adetin, ozin ja’ma’a’tke qarsi koymau, u’lkenler ha`m joldaslarinin pikirlerin xurmet etiwdi ta’rbiyalaw za’ru’r.

Mugallim balalarga kishipeyil adamlar haqqinda aytip beredi, olardin’ is-ha’reketlerinin gozzalligi nede ekenligin tusindiredi. Bul maqset ushin mugallim balalarga makalalar, kitaplar okip beredi,kishipeyillik adamdi gozzal etetug’inligin aytip beredi. Gurrinlesiu waqtinda kishipeyil adamlardin’ islerin kishipeyilliligi bolmagan adamlardin’ isleri menen salistiriw ha`m tiyisli juumaklar shigariw mu’mkin. Mine sonday gurrinler oqıwshilarda kishipeyil, miynet suygish adamlarga eliklew tilegin payda etedi.

Mugallim oqıwshilardin’ kishipeyilligin xoshametlep barip xarakterdin’ belgisi sipatinda kishipeyilliktin jetilisiwi ushin jagday jaratadi. Kishipeyillik shanarak sharayatinda da ta’rbiyalanadi-ata-analarinin ulgi ko’rsetiwi olardin’ ozlerine ha`m balarina munasibeti, ata-analarinin kishipeyilligi, balalarda kishi peyilliktin ta’rbiyalaniwinin en jaqsi faktori.

Baslawish mektep oqıwshilari kobinese basqalardin’ kemshiliklerin na’tiyjelilik penen abaylaydi ha`m olardi ashqara qiladi, biraq oz kemshiliklerin jaman sezedi ha`m olar haqqinda aytiudi kalenkiremeydi de. Mektep oqıwshısında O’zin-o’zi kritikalawdi osiriw ushin mugallimnin bahasi ayriqsha a’h’miyetke iye. Bul oqıwshini o’zine birqansha duris baha beriwge majbur etedi. Mugallim oqıwshini oz isindegi kemshiliklerdi, katelerdi ha`m jaqsi tareplerin tabiwga ha`mde oz miynetine duris baha beriwge u’yretip, oni oz-o’zine baha beriwge u’yretedi.

Oz-o’zine duris baha beriw shaxstin uliwma kamalga jetiwine jardem etedi. Eger oqıwshi o’zine jeterli baha bermese, bul xalda ol basqa adamlarga artiksha baha beredi, oqıwdagi qiyinshiliqlardi juda arttirip ko’rsetedi. Adette bunday oqıwshilardan «men isley alamanba?!», «men buni bilemenbe?!»-degen sozlerdi esitiu mu’mkin. Haqiyqatinda bunday oqıwshilar kop narseni isley aladi ha`m kop narselerdi biledi,biraq oz kushine isenbeushilik o’zine jeterli baha bermewshilikke sebep boladi.

Kerisinshe, o’zine shennen tiskari baha beretug’in oqıwshi basqalarga ha`m ushiraskan qiyinshiliklarga jeterli darejede baha bermeydi. Oqıw ha`m istegi katelikler ane sonnan kelip shigadi.

Ojetlik xarakterdin’ unamsiz belgisi esaplanadi. Kishi mektep jasindagi balada ojetlik kobinese shanarakta ta’rbiyalang’an is-ha’rekettin adetlengen formasi sipatinda payda boladi: ayrim waqıtlari ojetlik, adilsizlik, kapashilik ha`m tagi basqalarga juuap sipatinda payda boladi.

Balalardagi ojetlikti jeniw sonin ushin da qiyin, olar bul qa’siyetti unamli, jaqsi dep esaplap, kobinese ojetlikti talapshanlik penen aralastirip jiberedi.

Kishi jastagi oqıwshilarda ozin tuta biliw ele bos rawajlang’an boladi: olar keypiyatka tez beriledi ha`m oz sezimlerin ashik-aydin, geyde bolsa ashiuli saulelendiredi. Eger u’lkenler shanarakta ozlerin tuta almaytug’in bolsa,

bul narse balada da payda boladi-ol da ozin tuta bilmeydi kop bakiradi, shaukim saladi. Bunday balanin keypiyati tez-tez ozgerip turadi. Bul narse shanarakta u’lkenler keypiyatinin ozgeriwine tasir etedi.

Balada ozin tuta biliwdin jokligi kobinese onin ruuxiy kesellikleri, jarakatlaniwi menen baylanisli boladi. Bul balalardi unamsiz ta’sirlerden saqlaw ha`mde ozin tuta bilmewshiliktin payda boliwi ushin jagday jaratpau kerek. Biraq balalarga olardin’ keselligi, ashiushakligin tusindiriw de kerek emes, sebebi bul balada ozin tuta bilmewshiliktin janede kobirek osiuine sebepshi boladi.

Mektepte talim aliw dawaminda xarakter belgisi sipatinda sanali tartiplilik jetilisedi. Shennen tiskari qatti kollik ha`m ko’z koreki tartip-bul balalardan mugallim tarepinen balege duushar etiwU` olar bir narseni seziudi ha`m isleudi u’yretedi, korikkaninan bolsa olar basqa narse isleydi. Kishi mektep jasindagi balalarda ayirim bir a’dep-ikram adetlerin payda etiw a’h’miyetli.

Balalarda xarakter belgisi sipatinda tartiplilikti ta’rbiyalawdin za’ru’r shartlerinen bir mektep ha`m shanarakti birlesip islesiui.

Mektep jasindagi kishi balalar martlik ha`m batirlik ko’rsetiwge ilayiq. Biz kobinese: Bul bala suuga igip baratirgan balanin omirin saqlap kaldi, Togiz jasar kiz ot ishinde qalip qoyg’an balani alip shikti-degen xabarlardi radiodan esitemiz yamasa gazet-jurnallardan okiymiz. Bul kah’armanlik isler balalardin’ bunday isler etiwge tayarliklarinin zorliginan xabar beredi. Bulardin’ barligi elimiz mektebinin ha`m shanaraginin ta’rbiya jumislarinin na’tiyjesi bolip tabiladi.

Mektep oqıwshısın biliw ha`mde onin xarakterine tan individual ozgesheliklerin esapka alip ta’rbiyalaw ushin oni teren ha`m ha’r tarepleme u’yreniw kerek. Mektep oqıwshısının’ xarakteri ozgesheliklerin tez aniqlaw mu’mkin emes. Xarakter quramali, kop kirli ha`m ha’rqiyli, sonin ushin oni ha’r qiyli jagdayda uzaq waqıt ha`m ha’r tarepleme u’yreniw za’ru’r.

Bala xarakterin u’yreniw uzaq dawam etetug’in protsess. Eger mugallim qaysi bir oqıwshini uzliksiz baklar eken, ol balanin xizmeti ha`m is-ha’reketi onin miynetke, atiraptagi adamlarga, joldaslarina, oz-o’zine bolg’an munasibetleri haqqindagi ha’r qiyli materiallardi toplap, oz baqlawlarin jazip bariwi kerek.

Oqıwshilardi u’yreniw protsessinde olar xarakterdin’ unamli ha`m unamsiz ozgesheliklerin jaqsilap aniqlaw ha`m keleshekte oni ta’rbiyalaw yamasa kata ta’rbiyalawga ilayiq individual ilajlardi belgileu kerek.

**O’zin-o’zi tekseriw ushin sorawlar, tapsirmalar ha`m testler**

1.Xarakterge aniqlama berin ?
2.Xarakter temperamentten ne menen ayirilip turadi?
3.Adamnin xarakterinin tipik ha`m jeke belgileri neden kelip shigadi?
4.Adam xarakteri qalay jetilisedi ha`m xarakterdi ozgertiu mu’mkinbe?
5.Xarakterdin’ jana belgilerin jetilistiriw mu’mkinbe?
6.Adam xarakterin jetilistiriw ushin erikli sipatlarinin a’h’miyeti need?
7.Qalay etip adam xarakterin biliw ha`m u’yreniw mu’mkin?
8.Xarakterdi ta’rbiyalaw jollari qanday boladi?

**Tapsirmalar**

Bir oqıwshiga minezleme duzin ha`mde keleshekte onin xarakterinde unamli belgilerdin jetilisiwi ha`m unamsiz belgilerdin kayta ta’rbiyalaniwina ilayiq ta’rbiyaliq ilajlar belgilen.

**T e s t l e r**

1.Xarakter shaxstin basqa tarepleri, atap aytkanda neleri menen oz-ara baylanisli boladiW
a)qiyali ha`m qabillawi menen
v)temperamenti ha`m ukipliligi menen
s)erki ha`m seziui menen
d)oylawi ha`m sezimi menen
e)este saqlawi ha`m dikkati menen

2.Baladagi kishipeyilliktin jokligin daslep kayaktan izleu kerekW
a)mektepten
v)doslarinan
s)u’lkenlerden
d)mugallimnen
e)shanaraktan

## Tema: Uqıplılıq

**Joba:**

1. Uqıplılıq haqqında tu`sinik.
2. Uqıplılıqtın` sıpat ha`m mug`dar minezlemesi.
3. Uqıplılıq strukturası. Uqıplılıq ha`m xızmet.
4. Ulıwma ha`m arnawlı uqıplılıq.

5. Talant ha`m onın` payda bolıwı

***Tayanish tu`sinikler***: uqipliliq, uqipliliqtin` tu`rleri, arnawli ha`m arttirilg`an uqipliliq tu`rleri, talant, zeyin, na`sillik, talant tu`sinigi, geniy adamlar

**A`debiyatlar.**


5. Davletshin M.G. Umumiy psixologiyaT., TDPU, 2002.
6. Davletshin M.G., Dustmuha`medova Sh.A., Mavlonov M.M., Tuychiev S.M. «Yosh va pedagogik psixologiya» T. TDPU, 2004 .
7. İvanov İ., Zufarova M. Umumiy psixologiya. Wz.FMJ., 2008.
8. G`oziev E. Umumiy psixologiya. 1-2 tom. T.,Fan, 2002.


**Elektron bilim resursları**


1.www.childpsy.ru
2.www.edu.uz
3.www.flogiston.ru
4.www.pedagog.uz
5.www.psychology.uz
6.www. psychology.net.ru


**Uqip.** Adamnin` qanday da bir xizmetke uqibi bar ekeni tuwrali aytiwg`a ne tiykar bola aladi. Bug`an eki ko`rsetkish, xizmetti men`geriw tezligi ha`m jetiskenliklerdin` sapasi tiykar boladi. Egerde adam, birinshiden, qanday da bir xizmetti tez ha`m tabisli men`gerse, tiyisli uqiplardi ha`m ko`nligiwlerdi basqalarg`a qarag`anda an`sat iyelep alsa, al, ekinshiden, ortasha da`rejeden anag`urlim joqari jetiskenliklerge erisse, oni uqipli dep esaplaydi.

Bul neden g`a`rezli boladi. ne ushin basqa da barliq ten` jag`daylarda bir adamlar basqa bir adamlarg`a qarag`anda qanday da bir xizmetti tezirek ha`m an`satiraq men`gerip aladi ja`ne onda ko`birek tabislarg`a erisedi. Ma`selen ha`rbir xizmet adamnin` psixikaliq protsesslerine analizatorlardin’` jumisina, ta`sirshen`lik tezligine, jeke kelbetinin` qa`siyetlerine belgili bir talaplardi qoyatug`ininda bolip otiradi. Bir adamlar tiyisli sipatlarg`a iye boliwi, al basqa birewlerinde olar bosan` rawajlang`an boliwi itimal. Egerde adamlar tiyisli xizmettin` talaplarina en` ko`p da`rejede juwap beretug`in jeke-psixologiyaliq o`zgesheliklerge iye bolsa, usi na`rsenin` o`zi olar usi xizmetke uqipli degendi bildiredi.

Uqipliliq - bul adamnin` usi xizmettin` talaplarina juwap beretug`in ha`m oni tabisli tu`rde orinlap shig`iwinin` sha`rti bolatug`in jeke-psixologiyaliq o`zgeshelikleri boladi.

**Shaxstin` uqiplari ha`m zeyinleri.** Ziyreklik haqqinda tiykarg`i tu`siniklerdi belgilewde «uqipliliq» tu`siniginen kelip shig`iw qolayliraq. «Uqipliliq» tu`siniginde oni praktikaliq aqilli kontekstte qollang`anda menin`she u`sh qa`siyet kiredi.

**Birinshiden,** uqipliliq degen bir adamdi ekinshisinen o`zgeshelendiretug`in *jeke-psixologiyaliq ayirmashiliqlar* ko`zde tutiladi, barliq adamlar ten`dey bolg`an qatnasta, qa`siyetler haqqinda is ju`rgen jerde hesh kim uqipliliq haqqinda so`z aytpaydi. **Ekinshiden,** uliwma barliq jeke o`zgesheliklerdi uqipliliq dep atamaydi, al tek *qanday da bir is-ha`reketti yamasa ko`plegen is-ha`reketlerdi* orinlawda tabisliliqqa qatnasi barlarin na`zerde tutadi. Qizbaliq, uyan`liq, asiqpay ha`reket etiw siyaqli ayirim adamlardin’` jeke o`zgesheligi bolg`an qa`siyetler uqipliliq dep atalmaydi, sebebi qanday-da bir is-ha`rekettin` orinlaniwinin` tabislilig`i sha`rti dep qaralmaydi.

**U`shinshiden**, «uqipliliq» tu`sinigi sol adamda burinnan islep shig`ilg`an bilim, ko`nlikpe yamasa bilimnen ibarat emes. Biraz waqitlari ustaz oqiwshisinin` jumisina kewli tolmaydi, al bul oqiwshinin` bilimi basqa oqiwshilardikinen kem emes, biraq ustaz basqa balalardin’` usinsha bilimine de qanaatlanadi. O`z narazilig`in ustaz bilayinsha tu`sindiredi, oqiwshi jeterlishe shug`illanbay atir, eger ol ko`birek shug`illansa «usinday uqiplarin diqqatqa alip» ol bunnanda ko`birek bilimge iye bolar edi.

Bul misal, turmista uqipliliq degenimizde a`dette bar ko`nlikpe, bilim ha`m uqiplardan ibarat bolmag`an, biraq bul bilim ha`m ko`plikpelerdi iyelewdin` an`sat ha`m tezligin ko`rsetedi.

Bizler uqipti individtin` (jeke shaxstin`) tuwma mu`mkinshilikleri sipatinda tu`sine almaymiz, sebebi uqipti biz «adamnin` jeke-psixologiyaliq o`zgesheligi» dep aniqlama berdik, al bul keyingisi bolsa o`z-o`zinen tuwma bola almaydi. Tek anatomo-fiziologiyaliq o`zgeshelikler g`ana yag`niy uqiplardin’` rawajlaniwi tiykarinda jatirg`an tuwma bola aladi, uqiplardin’` o`zi bolsa barliq waqitta rawajlaniw na`tiyjesi boladi.

Solay etip, uqipti adamnin` tuwma o`zgesheligi sipatinda tu`sinigi biykar etildi, biraq uqipti rawajlandiriwdin` ko`pshilik jag`daylarinda bir neshe tuwma o`zgeshelikler bar ekenligin biz biykarlamaymiz.

Ayirim waqitlari «ta`biyg`iy», «ta`biyattan berilgen» h.t.b so`zler menen bildiriletug`in «tuwma» tu`sinigi-jiyi praktikaliq analizde uqip penen baylanistiriladi.

Barliq jag`daylarda bizler uqiplardin’` o`zinin` tuwmalig`in emes, al olardin’` rawajlaniwinin` tiykarinda jatirg`an zeyinlerdi na`zerde tutamiz. Tuwma zeyinler haqqinda so`z ete otirip bizler na`silden o`tetug`in zeyinler haqqinda aytpaymiz. Bul eki tu`sinikti uqsasliqta bar bolg`an ka`teshilikler ju`da` ken` tarqalg`an. «Tuwma» so`zin aytiw, «na`silden o`tken» degen so`zdi aytqan menen ten` dep shamalaydi. Bul a`lbette qa`te. O`ytkeni tuwiliwdan aldin jatirda rawajlaniw da`wiri bar. «Tuwmaliq» ha`m «tuwma» so`zleri psixologiyaliq a`debiyatta usi belgi

qa`siyet na`silden o`tiw joli menen ata-babalarinan o`tken ekenligine haqiyqiy tiykar bolg`an jag`dayda, bunda da tek g`ana bul qa`siyet ta`rbiya yamasa u`yretiw na`tiyjesi emes ekenligin ko`rsetiwdi qa`legende yamasa bul qa`siyet organizmnin` ayirim biologiyaliq ha`m fiziologiyaliq o`zgesheliklerine barip taqalatug`inlig`in ko`rsetiwdi qa`legende qollaniladi. Solay etip, «na`silden o`tken» so`zi tek g`ana «tuwma» emes, al «biologiyaliq», «fiziologiyaliq» h.t.b. so`zlerdin` sinonimi boladi.

«Tuwma zeyinler» tu`sinigi hesh bir jag`dayda da «na`silden o`tken zeyinler» tu`sinigi menen bir ma`niste emes. Uqipliliq o`z negizi boyinsha dinamikaliq tu`sinik. Uqipliliq tek ha`rekette, tek rawajlaniwda bar. Psixologiyaliq planda uqipliliq haqqinda, ol o`z rawajlaniwina shekem qalay jasawi haqqinda, sonday-aq, o`z rawajlaniwin toqtatqan, o`zinin` toliq rawajlaniwina jetkenligi haqqinda aytip bolmaydi.

Absolyut esitiw balada dawis ba`lentligin biliw ma`selesine shekem uqip sipatinda bolmag`an. Bug`an shekem tek anatomo-fiziologiyaliq fakt sipatinda zeyin bolg`an.

O`zine ta`n muzika uqiplilig`i- absolyut esitiw dep ataladi, yag`niy bunday uqipqa iye adam ba`lentliligi belgili bolg`an basqa dawislar menen salistirmay-aq, ayirim dawislardin’` ba`lentliligin bile aladi. Absolyut esitiwde «tuwma uqipliliq» yag`niy tiykarinda tuwma zeyinler jatirg`an tipik misalin ko`riw ko`riwge tiykarlar bar. Biraq absolyut esitiw bolmag`anda, basqa uqiplarg`a-salistirmali esitiw, tembrli esitiw h.t.b su`yene otirip basqa jag`daylarda absolyut esitiw tiykarinda a`melge asirilatug`in sonday bir uqipti islep shig`iwdi an`latadi. Dawis ba`lentligin biliwdin` psixologiyaliq mexanizmi eki jag`dayda eki tu`rli boladi, biraq praktikaliq na`tiyjeleri ayirim jag`daylarda birdey boliwi itimal.

Sol waqit yamasa da`wir de bul tu`siniklerge biraz o`zgerisler kiritedi. Misali «muzikali talantliliq» tu`sinigi bir dawisli muzikadan basqasin bilmegen xaliqlardikine salistirg`anda bizler ushin basqasha ma`nige iye. Tariyxiy rawajlaniw muzikaliq talantliliqti o`zgertiwdi de ko`rsetedi.

Demek «talantliliq» tu`sinigi oni ja`miyetlik-miynet praktikasinin` konkret, tariyxiy rawajlanip atirg`an formasi menen o`z-ara baylanispay ma`nige iye emes.

Ja`ne bir en` a`hmiyetli jag`daydi atap o`temiz. Talantliliqtan tabis emes, al usi tabisqa erisiw mu`mkinshiligi g`a`rezli. Ha`tteki ma`selenin` psixologiyaliq ta`repi menen sheklene otirip soni aytip o`tiwimiz kerek, qa`legen is-ha`reketti tabisli orinlaw ushin tek g`ana talantliliq emes, al tiyisli ko`nlikpe ha`m uqiplilqlarg`a iye boliw talap etiledi. Adam qanshelli fenomenal ha`m muzikaliq talantqa iye bolmasin, eger ol muzikag`a oqimasa ha`m muzikali is-ha`reket penen turaqli tu`rde shug`illanbasa, ol opera dirijeri yamasa estrada pianisti funktsiyasin atqara almaydi.

To`mendegi eki jag`day arasinda u`lken ayirmashiliq bar «bul adam o`z talanti menen minanday is-ha`reket tu`rlerin tabisliraq atqariw mu`mkinshiligine iye» ha`m «bul adam o`z talanti menen minanday is-ha`reketke beyim». Talant is-ha`reketti tan`lawdin` aniqlawshi belgilewshi birden-bir faktori esaplanbaydi (al klassliq ja`miyette ol ko`pshilikte uliwma saylag`a ta`sir etpeydi), sonday-aq is-ha`reketti orinlawda tabisliliqti belgilewshi birden-bir faktor bolip ta esaplanbaydi.

**Uqipliliq** - bul adamnin` usi xizmettin` talaplarina juwap beretug`in ha`m oni tabisli tu`rde orinlap shig`iwinin` sha`rti bolatug`in jeke-psixologiyaliq o`zgeshelikleri boladi.

Ta`biyi, tuwma faktorlar uqiplardi rawajlandiriwda qanday da bir rol` atqaradi ma.

Ayirim ilimpazlar adam uqiplarinin` tuwma, tuqim quwip kelip shig`iwin moyinlaydi. Olar uqiplardin’` tu`ri de, olardin’` tuwilg`an ku`ninen baslap aldin-ala belgilengen boladi, bul ta`biyattin` o`zine ta`n siylig`i dep esaplaydi. Ilimiy psixologiya bul naduris ko`z-qarasti pu`tkilley biykarlaydi. Ta`lim-ta`rbiya beriw, adamnin` turmis ha`m xizmet sha`rayatlari onin` uqiplarin aktiv tu`rde qa`liplestiredi. Biraq bul, ta`biyi, biologiyaliq faktorlar uqiplardin’` qa`liplesiw protsessinde uliwma hesh qanday rol` atqarmaydi, degendi bildirmeydi. Uqiplardi rawajlandiriwdin` bunday aldin-ala ta`biyi sha`rtlerin zeyin dep ataydi.

Zeyin-adamlar arasindag`i jeke ta`biyi ayirmashiliqlardi ju`zege keltiretug`in miydin`, nerv sistemasinin`, analizatorlardin’` geypara ta`biyi anatomiyaliq-fiziologiyaliq o`zgeshelikleri boladi. Qolayli zeyinler ha`m en` qolayli turmis ja`ne xizmet sharayatlarinda balanin` uqiplari, ma`selen, sazendelik, a`debiy ko`rkemlik-su`wretlew, matematikaliq uqiplari og`ada erte qa`liplesiwi ha`m og`ada tez rawajlanip ketiwi itimal (al bul na`rse geyde uqiplardin’` ta`biyi bolip ko`riniwine alip keledi) V.A.Motsart da`slepki muzikaliq p`esalarin q-n` jasinda do`rete basladi. Ataqli su`wretshi K.P.Bryullov 9 jasar shag`inda su`wretshilik Akademiyasina oqiwg`a kirdi, A.S.Pushkin h’ jasinan, N.A.Nekrasov 9 jasinan qîñûq jaza basladi.

Uqiplardin’` joqari da`rejede rawajlaniwin talant dep ataydi. Talant-bul bir jag`inan, belgili bir xizmetti ayriqsha tabisli, tvorchestvoliq tu`rde orinlawg`a mu`mkinshilik beretug`in uqiplardin’`, ekinshi jag`inan, usi xizmetke beyimliktin`, og`an degen o`zine ta`n za`ru`rliktin`, u`shinshi jag`inan, qatti miynet su`ygishliktin` ha`m tabanliliqtin` en` qolayli birigiwi boladi. talant tek ilim ha`m iskusstvo tarawinda g`ana emes, al insannin` ha`rqanday xizmetinde ju`zege keliwi itimal. Sonliqtan emlewshi vrach ta, mug`allim de maman rabochiy da talantli bola aladi.

**Ta`kirarlaw ushin sorawlar.**

1. Uqiplarg`a aniqlama berin`iz ha`m oni tu`sindirip berin`iz.
2. Uqiplardin’` qa`liplesiwinin` ha`m rawajlaniwinin` uliwma jag`daylarin atap ko`rsetin`iz.
3. Zeyin degen ne ha`m onin` uqiplardi rawajlandiriwdag`i roli qanday boladi.
4. Siz uqiplardin’` qanday tu`rlerin bileziz.

**5.** Arnawli uqiplardin’` tu`rlerinen birinin` tu`p ma`nisin (o`zin`izdin` qa`niygeligin`izge qaray) ashiр berin`iz.
**6.** Qizig`iwshiliqlardin’` ha`m beyimliliktin` uqiplardi rawajlandiriwg`a roli qanday boladi.
**7.** Uqiplardi qa`liplestiriwdin` sha`rtleri neden ibarat boladi.